



- 1 Ki Sali ing Laweyan nglajêngakên katrangan bab Jangka Jayabaya, wiwit jaman Kalawisesa ing jaman Pajajaran dumugi jumênêngipun turun Sultan Erusakra ing Ngamartalaya ngantos dumuginipun Kiyamatkobra ... kaca 1-6

Jilid 4 - Kaca : 1

### SÊRAT CÊNTHINI IV

#### 257. Pocung

1. Pitung kraton Pajajaran awitipun |  
praptèng akir jaman |  
nanging kang nênm nagari |  
lawan ingkang jumênêng sri naraswara ||
2. Dhèdhèh sirik lamun kawêdharing wuwus |  
kalawan sumadya |  
dadya moncèring pambudi |  
yèn wus dhaup narima takdiring Suksma ||
3. Têmah datan waonan nanacad gunggung |  
mring samèng tumitah |  
miwah jantraning nagari |  
tyas priyawak kang eling lawan waspada ||
4. Ironing jaman Kalawisesa puniku |  
apan ana jaman |  
dènarani Andêrpati |  
nagrinira ingaranan Pajajaran ||
5. Tanpa adil sêpên udanagarèku |  
wong cilik wadal mas |  
sirnaning karaton awit |  
lalawanan lawan kadangnya priyangga ||
6. Êndi ingkang rosa andadra dalurung |  
(ng)gènni mangunyuda |  
mung ing dalêm satus warsi |  
rusaking kang karaton ngalih nagara ||
7. Kang kapindho araning jaman winuwus |  
ing Sri Kalaraja |  
patih Dewaraja nênggih |

isih anèng jro jaman Kalawisesa ||

8. Awit ana udanagara lumaku |  
wong cilik wadalnya |  
arupa salaka putih |  
laminira mung ing dalêm satus warsa ||
9. Amungkasi agama Buddha puniku |  
sirnaning agama |  
jalaran saka ing nagri |  
lalawanan lawan putranya priyangga ||
10. Kaping têlu nèng sajroning jamanipun |  
Kala-awisaya |  
aran jaman Adiyati |  
awit ana kukum adil udapraja ||
11. Sumêbaring agama Islam linuhung |  
myang nagara krama |  
dene wadale wong cilik |  
amaligi bau lawan sukunira ||
12. Sirnaning kang karaton jalaranipun |  
lawan lèlawan |  
pitadosing sri bupati |  
ingkang pinarcaya (ng)gadhuh pêngadilan ||
13. Kaping catur ana ing sajêronipun |  
jaman Kalajangga |  
iku lakuning nagari |  
awit ana pirukune kang prakara ||
14. Wadaling wong cilik sarupanipun |  
pawêdaling desa |  
sirnaning karaton margi |  
wawan-wawan lawan ingkang putra angkat ||
15. Ingkang kaping lima ana sajronipun |  
Kalasakti jaman |  
awit mranata agami |  
lawan awit pranataning wiryèng praja ||
16. Wawadaling wong cilik pan tinartamtu |  
sareyal salaka |  
tan antara laminèki |  
ana pêrang gawe orêging nagara ||
17. Tinulungan nangkoda kulitnya pingul |  
prakosèng ranangga |  
sugih rajabrana pranti |  
lah ing kono lèrêping mungsuh sadaya ||
18. Sirnaning kang karaton jalaranipun |  
wawan-wawan lawan |

Jilid 4 - Kaca : 2

- risang Rajaputra nanging |  
asakuthu wusana dumadya mêngsah ||
19. Ping nêrn jroning jaman Kalajaya iku |  
ana jamaning sang |  
Kuthila angkara budi |  
wahananing wong cilik padha (ng)garangsang ||
20. Pindha munyuk amarga ing waktu iku |  
bangêt larang pangan |  
dene wadale wong cilik |  
mêtu reyal uwang salaka têngbaga ||
21. Ing antara dahat tan lami karatun |  
kasundhang ing rowang |  
têngêse kang madêg aji |  
ginantênan padha sanake priyangga ||
22. Tan antara kawit tibaning bêbêndu |  
kêh jalma kasrakat |  
ilang barêkating bumi |  
akêh jalma kang wisma marga papasar ||
23. Sirnaning kang karaton jalaranipun |  
wawan-wawan lawan |  
bangsa sabrang kulit kuning |  
mawa srana tutunggul turun narendra ||
24. Kaping pitu jroning jaman Kalabêndu |  
ana jamanira |  
ingaran ratu Hartati |  
wêrdinipun sarupaning kang manungsa ||
25. Kang kaèsthi tan lyan arta sadayèku |  
kono ananira |  
kraton kêmbat tanah Jawi |  
wawadale wong cilik mawarna-warna ||
26. Ana mêtu wang slaka têngbaga santun |  
ing ngantara mangsa |  
mundhak pajêge wong cilik |  
warna pangan pitik iwèn rajakaya ||
27. Karananya saya lawas saya maju |  
musibating praja |  
têngmah nir adiling aji |  
darunanya wonge cilik pada jawal ||
28. Wong agunge padha jail kurang tutur |  
marma (n)jêng pamasa |  
tanpa paramartêng dasih |  
dene datan ana wahyu kang sanyata ||

Jilid 4 - Kaca : 3

29. Kèh wahyuning eblislanat kang tumurun |  
apngaling kang jalma |  
dumrunuh salin sumalin |  
wong wadon kèh kang sirna wiwirangira ||
30. Tanpa kangên mring mitra sanak sadulur |  
tanna warta nyata |  
akèh wong mlarat mawarni |  
daya deye kalamun tyase nalangsa ||
31. Krêp paprangan sujana kapontit nurut |  
durjana dursila |  
sayarda (n)dadra andadi |  
akèh maling malandang marang ing marga ||
32. Bandhol tulus mëndhosol rinamu puguh |  
krêp grahana surya |  
kalawan grahana sasi |  
jawah awu lindhu gêlap clèrèt warsa ||
33. Prahara gung salah mangsa drêsing surur(?) |  
agung prang rusuhan |  
mungsuhe boya katawis |  
tangèh lamun sênêng têntreming wardaya ||
34. Dalajading praja kawuryan wus suwung |  
lêbur pangrèh tata |  
karana tanpa palupi |  
pan wus tilar silastuti titi tata ||
35. Pra sujana sarjana satêmah kèlu |  
klulun Kalatidha |  
tidhêm tandhaning dumadi |  
hardayèngrat dening karoban rubeda ||
36. Sitipati nareprabu utamèstu |  
papatih nindhita |  
pra nayaka tyas basuki |  
panêkare bêcik-bêcik cakrak-cakrak ||
37. Nging tan dadya paliyasing Kalabêndu |  
mandar sangkin (n)dadra |  
rubeda angrurubêdi |  
beda-beda hardaning wong sanagara ||
38. Katatangi tangising mardawa-lagu |  
kwilêt tyas duhkita |  
kataman ring rèh wirangi |  
dening angupaya sandi sumaruna ||
39. Anarawung mangimur sanubarèku |  
mèncèng pangupaya |  
ing pamrih melik pakolih |

têmah suha ing karsa tanpa wiweka ||

40. Ing Paniti sastra wawarah sung pemut |  
ing jaman musibat |  
wong ambêg jatmika kontit |  
kang mangkono yèn nitèni lalampahan ||
41. Nawung kridha kang mênangi jaman gêmlung |  
iya jaman edan |  
ewuh aya ing pambudi |  
yèn mèluwa edan yêkti nora tahan ||
42. Yèn tan mèlu anglakoni wus tartamtu |  
boya kadumanan |  
melik kalling donya iki |  
satêmahe kalirên wêkasanira ||
43. Wus dilalah karsane kang Among tuwuh |  
kang lali kabêgjan |  
ananging sayêktinèki |  
luwih bêgja kang eling lawan waspada ||
44. Wêktu iku wus parêk wêkasanipun |  
jaman Kaladuka |  
sirnaning ratu amargi |  
wawan-wawan kalawan memaronira ||
45. Ya ta wau kang samya miyarsa tutur |  
ngêrês ing wardaya |  
malongo gorokan salit |  
manthuk-manthuk tanapi goyang mastaka ||
46. Mas Cêbolang sêrêt ririh aturipun |  
jaman ngudubilah |  
punapa sampun mungkasi |  
punapinggih taksih wontên malih jaman ||
47. Ki Sali ngling jêbèng ingkang iku dudu |  
pungkasaning jaman |  
isih ana jaman maning |  
ingkang ora dadi girising wardaya ||

### **258. Girisa**

1. Saka marmaning Hyang Suksma |  
jaman Kalabêndu sirna |  
sinalinan jamanira |  
mulyaning (n)jênêngan nata |  
ing kono raharjanira |  
karaton ing tanah Jawa |  
mamalaning bumi sirna |  
sirêp dur angkaramurka ||
2. Marga sinapih rawuhnya |  
nata ginaib sanyata |  
wiji wijiling utama |

ingaranan naranata |  
kang kapisan karananya |  
adêge tanpa sarana |  
ngadam makduming srinata |  
sonya ruri kadhatonnya ||

3. Lire sêpi tanpa srana |  
ora ana kara-kara |  
duk maksih kinêkêr Sukma |  
kasampar kasandhung rata |  
kèh wong katambêhan ika |  
karsaning Suksma kinarya |  
buwana salin alamnya |  
jumênêng sri pinandhita ||

Jilid 4 - Kaca : 5

4. Luwih adil paramarta |  
lumuh maring brana-arta |  
nama Sultan Èrucakra |  
tanpa sangkan rawuhira |  
tan ngadu bala manungsa |  
mung sirrolah prajuritnya |  
tungguling dhikir kewala |  
mungsuw rêrêp sirêp sirna ||
5. Tumpês tapis tan na mangga |  
krana panjênêngan nata |  
amrih kartaning nagara |  
harjaning jagat sadaya |  
dhahare jroning sawarsa |  
dènwangêni kathahira |  
pitungèwu reyal ika |  
tan karsa lamun luwiha ||
6. Bumi sakjung pajêgira |  
amung sadinar sawarsa |  
sawah sèwu pamêtunya |  
suwang ing dalêm sadina |  
wus rêsik nir apa-apa |  
marmane wong cilik samya |  
ayêm enake tyasira |  
dene murah sandhang tédha ||
7. Tan na dursila durjana |  
padha martobat nalangsa |  
wêdi wilalating nata |  
adil asih paramarta |  
bumi pêthik akukutha |  
parêk lan kali Katangga |  
ing sajroning bubak wana |  
panjênênganing sang nata ||
8. Mung turun kapindho nulya |  
tri maring bumi Katangga |  
-kacêpit ing Karangbaya |

tumêka ing putra sirna |  
lawan nêpsune priyangga |  
gya na kang mandhirèng nata |  
ing warna nora kuciwa |  
Asmarakingkin parabnya ||

9. Luwih bagus warnanira |  
dadya kidunganing wadya |  
ing Kadhiri kuthanira |  
turun têlu ngalih praja |  
ana ing nagri Mandura |  
nora lawas banjur sirna |  
dene kang dadya daruna |  
wawan lawan kakasihnya ||
10. Gya na panjênêngan nata |  
tri-tunggal padha jamannya |  
kang sawiji akukutha |  
bumi Kapanasan ika |  
dwi Gêgêlang kuthanira |  
tri Têmbêlang kuthanira |  
duk antuk tridasa warsa |  
sulaya sirna sadaya ||
11. Ing kono banjur tan ana |  
panjênêngan naranata |  
pra bopati mangka raja |  
padha angratu priyangga |  
wit tan nana kang sinewa |  
ing antara taun nulya |  
ana ratu sabrang saka |  
Nungswa Srênggi prajanira ||
12. Jumênêng sri tanah Jawa |  
kukutha nêng lorwetannya |  
girindra nama (n)Drêkila |  
suku wukir Candramuka |  
ing antara taun nulya |  
ana wira saking praja |  
ing Rum nglurugi sang nata |  
Nungsa Srênggi kang Ngajawa ||
13. Sang nata kasoran yuda |  
sirna sawadyabalanya |  
ing kono sang jayèngrana |  
wira ing Rum karya nata |  
têrah Sultan Èrucakra |  
mungguh dènnira kukutha |  
ana tanah sawetannya |  
ing kali Opak sanyata ||
14. Linuwih arjaning praja |  
aran ing Ngamartalaya |  
turun têlu dhumawuhnya |

Jilid 4 - Kaca : 6

ing ari kiyamat kobra |  
umure kang tanah Jawa |  
kalihèwu-satus warsa |  
etang saking taun surya |  
walahualam wus purna ||

15. Cêbolang lêga ing nala |  
manêmbah alon turira |  
lêpata ing ila-ila |  
kamipurun tan wrin krama |  
wit sampun sêbêl graita |  
muhung samangke kewala |  
kalêbêt jaman punapa |  
Ki Sali mèsêm lingira ||

16. Saka pangira manira |  
jaman iki bokmanawa |  
apan kalari tumêka |  
jaman Kalasakti nama |  
isih durung paja-paja |  
tumêkane jaman glura |  
uwis samene kewala |  
ora arus yèn dinawa ||

17. Ki Antyanta mèsêm lingnya |  
basa yayi acarita |  
ulun kêngêtan sakala |  
Kadis pangandikanira |  
(n)Jêng Nabi dinil mustapa |  
ing ari kiyamat kobra |  
besuk manawa wus ana |  
kang ngalamat caturdasa ||

18. Ki Sali matur sumangga |  
prayogi kawêdharêna |  
ing mangke sami rinasa |  
dhaupe kalawan jangka |  
Mas Cêbolang duk miyarsa |  
suka amarwatasuta |  
matur amangayu-bagya |  
lir mastumimbuling toya ||

### **259. Maskumambang**

1. Ingkang pangandika (n)Jêng Nabi sinêlir |  
mring para sahabat |  
kawruhana dèn-atiti |  
têkaning dina kiyamat ||
2. Têmbe lamun wus ana ngalamat kèksi |  
patangpuluh nglamat |  
wijange sawiji-wiji |  
lah iki ta kawruhana ||



3.     Ingkang dhingin akèh masigit gêng alit |  
pan padha kinarya |  
bicara sakèh prakawis |  
dunya nèng jro masjid ika ||
4.     Kang kapindho akèh ngulama wong ngalim |  
karone tan ana |  
nêtêpi ngalimirèki |  
myang nêtêpi ngulamanya ||
5.     Kaping têlu akèh wong tinggal salati |  
lan akèh manungsa |  
padha (ng)gêgampang ngabêkti |  
wêktuning salat sêmbahyang ||
6.     Kaping catur akèh wong kang tan nglakoni |  
jakat sakadarnya |  
awit panyananing ati |  
nora kêna ing patrapan ||
7.     Kaping lima marêngi Ramêlan sasi |  
kèh wong tan puwasa |  
tur ngèdhèng dènnira bukti |  
nora wêdi nora wirang ||
8.     Kaping nêmmè akèh wong kang tinggal maring |  
kabêcikan lawan |  
akèh wong kang anglakoni |  
maring pakaryan piala ||
9.     Kaping pitu akèh wong padha ngrasani |  
ing alaning liyan |  
sabên kumpulan kawijil |  
binabar angandhar-andhar ||
10.    Kaping wolu akèh wong kang padha wani |  
ngêdêgakên wisma |  
utawi sêsaminèki |  
dumunung anèng kuburan ||
11.    Kaping sanga akèh wong jalu nyrupani |  
ing wong wadon ika |  
ngangge mas slaka sutra di |  
wadone nyrupani priya ||
12.    Ping sapuluh akèh wong ngilangkên maring |  
katrisnaning sanak |  
lan kèh wong nglarakkên ati |  
mring sasama angganira ||
13.    Ping sawêlas kèh wong ujubriya kibir |  
ing ngibadahira |

lali yèn nêtêpi wajib |  
têngah têtakabur sumêngah ||

14. Kaping rolas kèh wong padha pasèk yêkti |  
amaido marang |  
parentahing sarak nabi |  
ngaku wong adil (n)dêladag ||
15. Ping têtulus kèh saksi goroh nyungkêmi |  
lawan akèh jalma |  
têmên-têmên angrawruhi |  
nanging ngaku tan uninga ||
16. Ping patbêlas kèh wong sathithik kang yêkti |  
akèh doranira |  
lawan kaduga ngrungkêbi |  
supata agêgorohan ||
17. Ping limalas kèh wong tan mulyakkên marang |  
ing bapa biyungnya |  
lan jalma kèh datan apti |  
sisinau maca Kur'an ||
18. Ingkang akèh bêtengkrakan sukak ati |  
sinau sindhènan |  
nêmbang lagu warni-warni |  
ing sawanci-wancinira ||
19. Ping nêmbêlas akèh wong jalu manut ring |  
ing wadonne ika |  
lawan wadon boya bêtkti |  
iya marang priyanira ||
20. Ping pitulas kèh wong sugih nora adil |  
sêngit mring wong mlarat |  
gêthing marang pèkir miskin |  
kukum malah ngalap opah ||
21. Ping wolulas akèh ratu ingkang lalim |  
tekading tyas sasaran |  
mundhut duwèking wong cilik |  
tangèh darbeya tyas harja ||
22. Ping sangalas akèh wong mulyakkên mring |  
wong pasèk jalaran |  
saking bangêt (ng)gonne wêdi |  
taha lamun mulyakêna ||
23. Mring wong luhung mring satuhu-tuhu ngadil |  
lan mring pra ngulama |  
para salèh para ngalim |  
têka tyase kurang rêna ||

Jilid 4 - Kaca : 8

24. Ping rongpuluh akèh wong kang tan ngrêksa mring |  
titipaning liyan |  
malah-malah kumawani |  
doracara gawe cidra ||
25. Ping salikur akèh wong kang padha bukti |  
ing rabining liyan |  
ngèdhèng nora wigah-wigih |  
nir ing lingsêm nora nyamar ||
26. Ping rolikur kèh jalma matèni jalmi |  
tur kinaniaya |  
sarta akèh wong nglakoni |  
nênung-tinênungan mangga ||
27. Ping trilikur akèh wong kang anglakoni |  
padha ngombe arak |  
sasamine kang ngêndêmi |  
kang pancèn kudu cinêgah ||
28. Ping patlikur akèh wong padha nglakoni |  
ing panggawe ala |  
tan wirang samèng dumadi |  
lan tan wêdi maring Allah ||
29. Ping salawe akèh wong ngalap artaning |  
anak yatin ika |  
myang artane pêkir miskin |  
tanpa wêlas tan riringa ||
30. Ping nêmlikur akèh wong kang anglakoni |  
sabarang pakaryan |  
kang ala sakalir-kalir |  
nora was-was nora wang-wang ||
31. Pitulikur akèh lare sadurunging |  
ngumur kalihdasa |  
warsa wus anandhang sami |  
dhawuk malêtuk wannira ||
32. Kaping wolulikur akèh wong andalih |  
jina maring jalma |  
ingkang anglakoni bêcik |  
tinêtêpkên lamun jina ||
33. Kaping sangalikur akèh wong nglakoni |  
jina jinajarak |  
lan wong marang dhêmên maring |  
padha lanang asahuwat ||
34. Ping tridasa akèh wong mêrdhukun maring |  
wong ahli petungan |  
nganggo tambane wong kapir |

kèh wong manut marang setan ||

35. Kang kaping tridasa-sawiji sathithik |  
wong asih-sinihan |  
lan akèh jalma nglakoni |  
sêsatron samèng tumitah ||
36. Tridasa-dwi akèh dhumawahing riris |  
nyulayani mangsa |  
katiga lir rêndhèng nriwis |  
rèndhènge kadya katiga ||
37. Ping tridasa-tri kèh jalma tan gumati |  
mulyakakèn Kur'an |  
malah punika kinardi |  
kasab angupaya boga ||
38. Kaping katridasa-catur amarèngi |  
tanggal Ramêlannya |  
dhumawah Jumuwah ari |  
Riyadi uga Jumuwah ||
39. Kaping katridasa-panca akèh jalmi |  
ayu bagus mudha |  
ora wirang anglakoni |  
mring pakaryan ala nistha ||
40. Kaping katridasa-sad sangsaya luwih |  
atambah-matambah |  
panggaweyan tan prayogi |  
durmala maksiyat ngrêda ||

## **260. Durma**

1. Ana ratu saka nagara Ngajêrah |  
Sri Ashab awawangi |  
langkung lacutira |  
tumuli ana raja |  
saka Yahman tuhu kapid |  
Kahani nama |  
santosa gung nglangkungi ||
2. Ngèndhih marang jalma kèh tur nganiaya |  
tumuli ana aji |  
Juhèmi kyatingrat |  
saka Damsik nagara |  
tumuli ana narpati |  
nama Malguna |  
Ibnu Ngisiah nênggih ||
3. Rai ciyut miring dawa irungira |  
atas suwaranèki |  
netra ingkang kanan |  
pêcah rêmêk lir wuta |  
klakuhan pindha têtèki |  
lawan danarta |

marang sakèhing jalmi ||

4. Dadya padha suyud mandar darbe cipta |  
jalma pêkir myang miskin |  
lan para ngulama |  
iku mal srinata |  
bêcik-bêciking narpati |  
antara lama |  
raja Malngun ngêmasi ||
5. Gya na ratu paparab Malngun Ngasiyah |  
nora darbe agami |  
nora darbe wirang |  
matèni pra ngulama |  
lan matèni wong têtèki |  
uga angrusak |  
mring agama Islami ||
6. Sri narendra Malngun Ngasiyah anulya |  
nglurug maring nagari |  
Ngêrum lawan Ngêsam |  
angambah nagri Ngerag |  
kalawan nagri Karsani |  
nagri Rum ingkang |  
jumênêng narapati ||
7. Prabu Kapti tumanggap magut ngayuda |  
kasoran angêmasi |  
nulya Kang Kuwasa |  
paring babêndu marang |  
Raja Malngun sawadyèki |  
sirna sakala |  
wong Islam samya lair ||
8. Kang kaping tridasa nawa ana raja |  
Sri Karamès wêwangi |  
wuwuda kewala |  
amung rarainira |  
ingkang nganggo dèntutupi |  
ngêndhih prajaslami |  
wong Islam pinisakit ||
9. Nanging ningkah Sri Karamès mring wong Islam |  
wong Islam anggarbini |  
binêkta mring ngarga |  
binêdhèl pinatènan |  
yèn si jabangbayi urip |  
iku wiwitnya |  
kabungahan lêstari ||
10. Yèn palastra ingsun awit karusakan |  
binêdhèl wong (ng)garbini |  
jabang bayi mèdal |  
urip sakbabunira |

Jilid 4 - Kaca : 10

- waktu iku sakèh jalmi |  
Islam kumpulan |  
ngungsi mring Kumpah nagri ||
11. Kang jumênêng natèngslam Prabu Kès nama |  
Ki Ngabas kang sisiwi |  
praptanirèng Kumpah |  
sagung wong gama Islam |  
tinampèn marang sang ngaji |  
tandya samêkta |  
arsa ngrabasèng kapir ||
12. Sri Karamès myarsa arsa linurugan |  
tandya utusan aglis |  
prajurit kathahnya |  
tridasa-èwu ika |  
ing marga datan winarni |  
prapta ing Kumpah |  
wong Islam anadhahi ||
13. Campuhing prang wong Islam karoban mêngsah |  
yudanira kalindhih |  
lumayu sarsaran |  
wadya Karamès mulat |  
lamun mungsuhira picis |  
anulya budhal |  
maring Madinah nagri ||
14. Arsa ngrusak astanane mring Madinah |  
Sri Kès sawadyanèki |  
sisane kang pêjah |  
sangêt prihatin dahat |  
munajat maring Hyang Widdhi |  
kasirnakêna |  
sakathahing prajurit ||
15. Ingkang arsa ngrabasèng makam Madinah |  
kamurahaning Widdhi |  
wadya Kramès sirna |  
cinakot ing bantala |  
amung kari wong kakalih |  
kang nora pêjah |  
supaya tur udani ||
16. Mring ratune tan cinatur lampahira |  
mangkana tan winarni |  
Prabu Kès duk myarsa |  
sirnane mêngsahira |  
suka amarwata siwi |  
asru (n)dodonga |  
suka sihing Hyang Widdhi ||
17. Nglamat ingkang kaping kwandasa pungkasan |  
yèku jumênêngnèki |

- ratu kang minulya |  
Sri Imam Mahdi tama |  
kalamun anuju sasi |  
Ramêlan ana |  
grahana kaping katri ||
18. Ping têtulus patbêlas myang gangsalwêlas |  
tumêdhak Imam Mahdi |  
anèng antaranya |  
rukun kalawan makam |  
Ibrahim Mêkah nagari |  
yuswane lagya |  
sakawandasa warsi ||
19. Ingkang dadya pangarêping wadyabala |  
Malekat Jabarail |  
dene pamburinya |  
Malekat Mingkailla |  
jumênênge Imam Mahdi |  
lir Hyang Suleman |  
kadi Dulkarnaèni ||
20. Wus samono bae kacêkap kinarya |  
anglimbang jangka nagri |  
supayane padha |  
ngêgungkên panarima |  
rèhne wus kasêbut Kadis |  
kalawan jangka |  
kang padha amênangi ||
21. Dhumawahing jaman ing sajamanira |  
yèn waspada lan eling |  
kang samya miyarsa |  
samy (m)bungkuk sadaya |  
Ki Antyanta angling malih |  
wis-wis prayoga |  
carita liyanèki ||
22. Ingkang kêna kinarya têpa tuladha |  
rèhning winêngku aji |  
bawaning bawana |  
jumênêng Ngèksiganda |  
ratuning wong tanah Jawi |  
Kalipatolah |  
bêcik ngupaya tamping ||
23. Ing panganggêp wêdi sihe sang nata |  
rikala lawan Sayid |  
Markaban mardika |  
jroning Mêsir nagara |  
Cêbolang matur wotsari |  
ingkang punika |  
èstu langkung prayogi ||

24. Inggang mugi-mugi kaparêng mêdharna |  
cariyosing utami |  
kang tumrap korasan |  
Antyanta locitèng tyas |  
nyata luwih bocah iki |  
wus kawistara |  
ing sêmu amumpuni ||

25. Solahbawa dhèmês luwês mêrakati |  
wèh rêsêping sasami |  
mèsêm lon ngandika |  
hèh jêbèng pamintanta |  
caritaning jalma luwih |  
Sayid Markaban |  
satuhu mawèh kingkin ||

### 261. Asmaradana

1. Bubuka nagari Mêsir |  
inggang jumênêng narendra |  
sang Ngabdurahman namane |  
kotamaning narèswara |  
kalamun dènuçapna |  
têlung bêngi boya uwus |  
cinêndhak inggang carita ||

3 Ki Atyanta dongèngakên lèlampahanipun Sèh Markaban ing Mêsir inggang sêtya dhatèng rajanipun minangka têpa tuladha, ngalami cobu mawarni-warni, nanging têtêp sêtya tuhu, wêkasan kadodosakên patih ... kaca 11-42

Jilid 4 - Kaca : 12

2. Sri Ngabdurahman ing Mêsir |  
ngluluri caritotama |  
sabên ratri sang akatong |  
nalêngsêng wismaning wadya |  
amrih ayuning bala |  
nahên wontên kang winuwus |  
makluk pardikaning Suksma ||

3. Sayid Markaban winarni |  
nganèh-anèhi kang tindak |  
bèrbudi nyuda rundahe |  
kang harda dinadya darwa |  
kaharjan kang jinangkah |  
pakaryane adol kayu |  
sinungan kaot karosan ||

4. Sabarang kang dipun cangking |  
sami lawan wong sadasa |  
sabên sadina-dinane |  
mikul glondhong klar tri gangsal |  
sinade saadêgan |  
gangsal dukat pajêngipun |



kalih dukat dadya nipkah ||

5. Tri dukat pinèt pribadi |  
dèn-(ng)go tutuku mring pasar |  
ngundang-undang pakaryane |  
wong sapuluh wong limalas |  
prapta dènajak mangan |  
wusing mangan gya nyalêmpung |  
mênjanya lawan jogedan ||
6. Surak-surak sabên ratri |  
anuju Sayid Markaban |  
katarbuka rahayune |  
êbère kudu andadra |  
nuju ratri sajuga |  
Prabu Ngabdurahman nuju |  
langkung ana surak-surak ||
7. Dangu anginjên sang aji |  
tan ana rêrasan ala |  
mung bungah kalawan (n)jogèd |  
sang nata manjing pandhapa |  
Sayid Markaban wikan |  
sang prabu sigra rinangkul |  
sinamudana ngancaran ||
8. Dènajak satata linggih |  
Sayid Markaban dêlingnya |  
dhuh wong bagus ariningngong |  
payo adhi amamangan |  
sira sun arsa-arsa |  
iki barêkahing ratu |  
kang anyar lan ingkang lama ||
9. Kamurahaning Hyang Widdhi |  
saanane dipunpangan |  
lon ngandika sang akatong |  
kakang apa ana paran |  
susukan surak-surak |  
Sayid Markaban sru muwus |  
ingsun iki asung hurmat ||
10. Iya lawan ratumami |  
kang lawas lawan kang anyar |  
sang Prabu Ngabdurahmane |  
sang nata malih ngandika |  
kurmatmu pirang dina |  
sandhingnya lungguh sumaur |  
adhi lamun raka (n)dika ||
11. Dèn-(ng)go samuwaning lathi |  
ngurmati prabu adêgnya |  
sajatine sabên sore |  
awit kala bocahira |  
rêmên ngurmati raja |

12. Rikalane salah warni |  
dadi rêca rakanira |  
pan sinêrang sabên sore |  
pinuji inggal mulya-a |  
ing mangke wus katêkan |  
Gusti Sayid madêg ratu |  
sangsaya (n)duduk kinarya ||

### **262. Mêgatrüh**

1. Ingkang mindha warna angandika arum |  
Sayid Markaban sirèki |  
apa santananing ratu |  
apa trah bupati Mêsir |  
apa trahing sulup kono ||
2. Apa trahing santana saka njêng ratu |  
Sayid Markaban nauri |  
dudu trahing rota-ratu |  
dudu trah mantri bupati |  
dudu trahing sulup ingong ||
3. Sira iku ujug-ujug ngajak padu |  
akèh tèmên kang pinikir |  
sun iki têdhaking pikul |  
tapi ana bêsar ati |  
ampir sama trahnya katong ||
4. Beta lain pamili dari kèsêr gung |  
sang prabu ngandika malih |  
mangka sira sabên dalu |  
raramèn ngingon-ingoni |  
apa unggyanira nyolong ||
5. Anauri Sayid Markaban satuhu |  
dudu têka (ng)gonku maling |  
barkahe sang Prabu Ngabdul |  
kamurahaning Hyang Widdhi |  
ngandika malih sang katong ||
6. Wus sumurup lamun barêkahing ratu |  
kamurahaning Hyang Widdhi |  
dene sira nglindhung-nglindhung |  
dhuwit golèk têka ngêndi |  
anjabane (ng)gonmu nyolong ||
7. Lintang runtik Sayid Markaban (m)basêngut |  
sira iku buta-tuli |  
lamun Gusti Maha Agung |  
anggêlar murahirèki |  
kabèh murahing Hyang Manon ||

8. Tanpa netra Gusti Allah lamun (n)dulu |  
miyarsa tan lawan kuping |  
yèn paparing nora mulung |  
kabèh barèkahing aji |  
kamurahane Hyang Manon ||
9. Ingkang sinung gusti sang Aprabu Ngabdul |  
sun iki dènbarèkahi |  
sabên enjing ngambil kayu |  
alas kidul iki yayi |  
sang nata ngungun ing batos ||
10. Angecani sasarak dhaharan tumut |  
anut tumuruning kapti |  
sigra kondur sang aprabu |  
(ng)gobyak rêkyana apatih |  
sang nata ngandika alon ||
11. Bapa dhawuhêna sesuk ingkang esuk |  
sêngkêran alas pra sami |  
tan kêna wong ngambil kayu |  
sandika rêkyana patih |  
sang nata kondur ngadhaton ||
12. Kyanapatih enjing undhangnya misuwur |  
tan kêna maring wanadri |  
Sayid Markaban winuwus |  
enjing wadunge pinundhi |  
têpis iring alas ngadoh ||
13. Arsa madung kang darbe rêksan tan asung |  
mijil wadunge cinangking |  
jèngklèk-jèngklèk ngikal wadung |  
angguguk samargi-margi |  
praptèng praja buruh (n)dhêplok ||
14. Rikat rêsik pan antuk opah sapuluh |  
nulya mampir wisma kaji |  
santrine arsa cinukur |  
sawidak kathahing santri |  
Kya Kaji wêgah tumonton ||
15. Gupuh Sayid Markaban tumandang nyukur |  
rong jam sawidak wong rêsik |  
wènèhan opah tripuluh |  
gya mampir jarum kulambi |  
atrap dulman tur kinaot ||
16. Mung sadhela kalihdasa epahipun |  
katanggungan arsa mulih |  
mampir buruh bubut-bubut |  
amalu garendra ngikir |  
lohung olèhe sawiyos ||

Jilid 4 - Kaca : 14

17. (n)Dungkap opah sawidak siji kinandhut |  
 gya-agya dènnira mulih |  
 marang garwa kang salikur |  
 patangpuluh dipun kardi |  
 marang pasar ambêborong ||
18. Olèh pirang-pirang piring dipun tumpuk |  
 nèng ngarsa lajêng mênyanji |  
 angêrbab nulya nyêlêmpung |  
 sèlèh calêmpung gya ngibing |  
 bakda Ngisa sang akatong ||
19. Têdhak mring wismanya Sayid Markabanu |  
 tundhuk rarangkulan sami |  
 gupuh dera tata lungguh |  
 sang aprabu ngandika ris |  
 kakang iki saya wuwoh ||
20. Wingi ika sathithik saiki agung |  
 Sayid Markaban nauri |  
 yayi barêkahing ratu |  
 kamurahaning Hyang Widdhi |  
 luput kene kêna kono ||
21. Karsanipun Gusti Sayidina Ngabdul |  
 dèn-eman manira yayi |  
 Sayid Markaban puniku |  
 yèn awèt saba wanadri |  
 bokmanawa pinangan mong ||
22. Dadi ingSun yayi amalantên buruh |  
 sapuluh dukat sunolih |  
 insun banjur buruh nyukur |  
 tridasa sun dènopahi |  
 banjur buruh dondom-dondom ||
23. Ingsun dipun-opahi dukat rongpuluh |  
 banjur buruh angukubi |  
 mung sadukat opahipun |  
 marma akèh yayi iki |  
 sang nata ngandika alon ||
24. Ratunira iku kakang cupar rusuh |  
 matèni wong golèk asil |  
 ratu kapengin mimikul |  
 Sayit Markaban nauri |  
 hèh adhi ywa cocot lonyot ||
25. Ywa maido marang karsane sang prabu |  
 ujêr ratu wus majibi |  
 rumêksa barang tumuwuh |  
 lan gunggung umating Nabi |  
 iya sabên-sabên uwong ||

Jilid 4 - Kaca : 15

26. Darbe mata masthi yèn bisa (n)dudulu |  
nyata murahing Hyang Widdhi |  
luput ika kêna iku |  
wis aja pijêr cariwis |  
payo yayi padha nyaplok ||
27. Prabu Ngabdurahman angêtut sakayun |  
byar wanci kondur sang aji |  
praptèng pura adhadhawuh |  
tan kêna wong buruh mutih |  
kalawan wong nyukur uwong ||
28. Lan wong buruh (n)dondomi pasthi sinapu |  
lawan wong buruh ngukubi |  
warata dhawuhing prabu |  
Sayidin Markaban enjing |  
maring (ng)gon wong tukang (n)dhêplok ||
29. Pan kinuya-kuya aris unduripun |  
aburuh datanpa olih |  
lajêng mring pasisir nuju |  
ana juragan gya prapti |  
dènnira sung-usung repot ||
30. Sayidina Markaban umanjing buruh |  
lajêng bikut angusungi |  
dèn-ijèn ènting saprau |  
sèkêt dukat dènopahi |  
nglamusi kêmasan gupoh ||
31. Buruh nglamus kalih dukat opahipun |  
mring (n)gon wong sayang umanjing |  
buruh malu dhapêt satu |  
olèh buruhan sèkêt tri |  
kang trilikur marang bojo ||

Jilid 4 - Kaca : 16

32. Ingkang tigangdasa dèn-anggo tutuku |  
antuk pirang-pirang piring |  
gya mênyanyi myang nyalêmpung |  
ngalêtêr dènnira ngibing |  
pacak gulu gela-gelo ||
33. Bakda Ngisa prabu Ngabdurahman rawuh |  
tundhuk nulya dènciyumi |  
pan lajêng kinèn nyalêmpung |  
anut miturut sangaji |  
anêmbang Durma sang katong ||

### 263. Durma

1. Angandika sang Aprabu Ngabdurahman |  
kakang caosn iki |  
têka sabên dina |  
kabèh awarna-warna |  
iki (n)gonmu buruh mutih |

Sayid Markaban |  
asru dènnya nauri ||

2. Karsanipun sang aprabu Ngabdurahman |  
adhi pakaryan mami |  
kabèh sinalinan |  
panggawe wingi ika |  
dadi ingsun mring pasisir |  
angusung barang |  
lawan buruh nglamusi ||
3. Lawan malu unggyanne wong padha sayang |  
barêkahing narpati |  
murahing Hyang Suksma |  
tinrap munggèng ing karna |  
sabab yèn wong buruh mutih |  
mênèk tan tahan |  
ambêlangkên dariji ||
4. Buruh nyukur yèn katanggor sayid gumbal |  
gawe malarat pasthi |  
lamun (n)domdomana |  
yèn jarum iku patah |  
nalusup marang dariji |  
anggawe barah |  
lamun wong mandhe wêsi ||
5. Mênèk kêna gêni malênthung adadya |  
gugudhig marang rai |  
sang nata ngandika |  
he kakang ratunira |  
kasêsêr sasare sisir |  
ratuning setan |  
akèh dipun-dhèwèki ||
6. Iku layak kapengin mutih priyangga |  
samakeyan narpati |  
ingnging Sayid Markaban |  
aywa cariwis sira |  
lah payo padha angêmil |  
angêmal-êmal |  
panganan piring iki ||
7. Prabu Ngabdurahman anurut sakarsa |  
ganti nyalêmpung ngibing |  
mênjanya narêbang |  
enjing sang nata jêngkar |  
parentah larangan malih |  
wong ngusung barang |  
sing palwa dênlarangi ||
8. Myang wong buruh kêmasan myang buruh sayang |  
samyã dipun-larangi |  
Sayidin Markaban |

Jilid 4 - Kaca : 17

- enjing ambanda tangan |  
malancong marang pasisir |  
arsa babêrah |  
angusung barang malih ||
9.     Inkang darbe palwa lintang kipa-kipta |  
      guguk mèsèm Sayidin |  
      mampir ing kêmasan |  
      lawan mampir wong sayang |  
      pan arsa buburuh malih |  
      kinuya-kuya |  
      Sayid Markaban malih ||
10.    Buruh ngangsu ngarit lawan angon unta |  
      lawan nyaponi margi |  
      olèh kawan dukat |  
      gya-agya ulihira |  
      rong dukat winèhkên rabi |  
      ingkang rong dukat |  
      dèn-nggo atuku saji ||
11.    Gangsal piring tinata anèng bantara |  
      gya nyalêmpung mênyanyi |  
      wanci bakda Ngisa |  
      sang Prabu tédhakira |  
      ningali panganan kédhik |  
      suka ing driya |  
      iki sintrèngu dadi ||
12.    Tundhuk lawan Sayidin Markaban sigra |  
      arasan jangga kering |  
      lajêng jajogedan |  
      sang prabu angandika |  
      kadingarèn kakang iki |  
      têka malarat |  
      panganan limang piring ||
13.    Anauri alon Sayidin Markaban |  
      barokahe sang aji |  
      murahe Hyang Suksma |  
      caritan kurang-kurang |  
      karsane sri narapati |  
      pan linarangan |  
      buruh ngusung-usungi ||
14.    Myang nglamusi kêmasan myang malu sayang |  
      dinukan sri bupati |  
      ing samêngko ingwang |  
      buburuh angon unta |  
      ngangsu nyapu lawan ngarit |  
      mung olèh opah |  
      patang dukat sun yayi ||
15.    Sri Sayidin Ngabduhrahman sru ngandika |  
      ratu diksura sirik |

kuthane drubiksa |  
sabên-sabên akarya |  
niaya sikarabudi |  
ratu kaparat |  
Sayid Markaban runtik ||

16. Hèh wong apa sira iku wani nacat |  
marang ing ratu-mami |  
sira kênèng sebat |  
nyuk-nyukan nunjang-nunjang |  
naruthuk gawemu ngêmis |  
lambene (n)dobla |  
(ng)gambèhèh dèklèh lir parji ||
17. Sira amung adarma mangan kewala |  
lawan darma ningali |  
surak-surak mrina |  
e e rekane apa |  
lambe (n)gandhul kurang isi |  
yèn sira nora |  
mari ingsun-taboki ||
18. Prabu Ngabdulrahman ngandikèng wardaya |  
Sayid Markaban iki |  
lah uwong punapa |  
bangêt trêsnèng narendra |  
iku durung dadi abdi |  
trêsna kabina |  
yèn padha harja benjing ||
19. Iki (ng)gonsun antuk papatih prawira |  
kêna ingsun-pasrahi |  
bangbang lum-luming-wang |  
sun katogne tyasira |  
sang nata lajêng mênyanyi |  
nyalêmpung bêksa |  
kundure gagat enjing ||
20. Rawuh pura lajêng parentah larangan |  
tan kêna buruh ngarit |  
tuwin angon unta |  
ngangsu nyapu tan kêna |  
rata dhawuhe sang aji |  
kunêng ratrenjang |  
Sayid Markaban aglis ||
21. Buruh ngangsu kinuya-kuya ing kathah |  
mèsêm murahing Widdhi |  
lajêng buruh nyamak |  
mragat lêmbe maesa |  
kambing banyak menthog pitik |  
ingkang pinragat |  
ngrêsiki got pan olih ||

Jilid 4 - Kaca : 18



22. Opah limang dukat sigra ulihira |  
loro pinaring rabi |  
tri dèn (ng)go tutumbas |  
angsal gangsal lancarana |  
ingadhêp nulya mênyanyi |  
kalawan ngrêbab |  
sèlèh rêbab gya ngibing ||
23. Bakda Ngisa rawuh Prabu Ngabdulrahman |  
mèsêm dènnya ningali |  
tundhuk ciciyuman |  
sang nata angandika |  
ajêg cacaosan iki |  
(ng)gonmu abêrah |  
angon unta lan ngarit ||
24. Anauri Sayid Markaban (ng)goningwang |  
buburuh (m)bêlèh sapi |  
kêbo wêdhus sarta |  
menthog ayam myang banyak |  
ngrêsiki got nglamus kulit |  
barkahing nata |  
kamurahaning Widdhi ||
25. Karsanipun iya kangjêng sri narendra |  
pakaryan pan sinalin |  
saking bangêt ngeman |  
aja kadawa-dawa |  
sang prabu ngandika ris |  
lah payo kakang |  
minggat têka ing Mêsir ||
26. Dudu Mêsir kae kang aran nagara |  
yèn lunga sira pasthi |  
sun panci sawidak |  
dukat ing sabên dina |  
ênggonên ramèn lan jalmi |  
Sayid Markaban |  
mèsêm dènnya nauri ||
27. Tobat eram ingsun miyat marang sira |  
baud ayun mèdehi |  
e e têka ana |  
uwong anguntal tuma |  
bocah cilik pun jagongi |  
têka rêrewa |  
arsa angingu sayid ||
28. Pirang êbab kang katêmu dhapurira |  
kapengin ngingu mami |  
sabên sore sira |  
prapta maring wismèngwang |  
kumaki arsa ngingoni |  
angakèn minggat |

**264. Maskumambang**

1. Ingsun iki cilik mula wong ing Mêsir |  
dudu ngulandara |  
seje lawan sira darwis |  
ngayawara nora pakra ||
2. Kamurahaning Allah kang ing sun-èsthi |  
sun pining asta |  
mêsthi dèn-(ng)go golèk asil |  
nora dèn-(ng)go lincak-lincak ||
3. Ngolah-ngalih salin praja ping sakêthi |  
kèsi sinangsara |  
marma sira kèsi-èsi |  
ujar tyasmu nora lana ||
4. Yèn ngabani mring ratuku tanpa pikir |  
ya asal mijila |  
marma sira tan lir mami |  
kinêthip maring Hyang Suksma ||
5. Sang aprabu nyalêmpung lawan mênyanyi |  
ngling Sayid Markaban |  
ngur ngrêbaba sira yayi |  
sunalêm sunwèhi sêga ||
6. Sang aprabu manthuk-manthuk amênyanyi |  
Markaban gya bêksa |  
suraknya sora saratri |  
enjinge kundur sang nata ||
7. Gya dhadhawuh larangan malih sang aji |  
tan kêna maragat |  
samubarang wutah gêtih |  
ngrêsiki got nora kêna ||
8. Nglamus nyamak tan kêna dipun-larangi |  
Sayidin Markaban |  
enjing lunga nyangking bodhing |  
arsa buruh mragat menda ||
9. Inggang darbe tan awèh sarwi (ng)gitiki |  
Sayidin Markaban |  
suka sukanya tan sipi |  
lajêng marang panjaitan ||
10. Gya manjait satiwêl sêpatu tuwin |  
pampus myang canela |  
tuwin baranging turanggi |  
bêcik rikat rêsik tata ||

11. Untung olèh dukat kalihdèsi |  
 gya tumut dhikiran |  
 sacêngkèngan olèh siji |  
 lajêng buruh (n)dêrês Kur'an ||
  
12. Rikat cêtha patang jam tamat barêsih |  
 gya mênyanyi barang |  
 sawlas dukat dènopahi |  
 olèh tridasa dwi dukat ||
  
13. lajêng mantuk kang limalas marang rabi |  
 dene kang pitulas |  
 dèn(ng)go tutuku wus olih |  
 nênggih sawidak lancar ||
  
14. Gya tinata ing ngarsa lajêng mênyanyi |  
 lawan calêmpungan |  
 sèlèh calêmpung gya ngibing |  
 narpa tédhak bakda Ngisa ||
  
15. Sayid Markaban (n)dulu amalajêngi |  
 adhi bêgja (n)dika |  
 barêkahe sri bupati |  
 kamurahaning Hyang Suksma ||

Jilid 4 - Kaca : 20

16. Payo padha ngêmil dipun-mil-êmil |  
 kinêmil-kinêmal |  
 sang nata tatanya aris |  
 sira kakang kauntungan ||
  
17. Dene akèh têmên kakang saka ngèndi |  
 ngling Sayid Markaban |  
 (ng)gih-(ng)gihane adhi-adhi |  
 barêkahe sri narendra ||
  
18. Murahing Hyang tan kèndhat sahari-hari |  
 karsane sang nata |  
 wingi kabèh dèn-larangi |  
 dadi ingsun mring jaitan ||
  
19. Buruh jait mèlu dhikir myang mênyanyi |  
 nulya (n)dêrês Kur'an |  
 iku rupaning narpati |  
 têtêp sugih bae barkah ||
  
20. Gusti Allah murahe sinèlèh lathi |  
 asal bisa ngucap |  
 datan kèndhat kang rijêki |  
 sanggyan praptaning nugraha ||
  
21. Nora milih sang nata ngandika aris |  
 bènêr wuwusira |  
 ratumu rêgêding bumi |

asugih tēmên larangan ||

22. Nora bisa gumlawat dipun-larangi |  
layak ratunira |  
têdhake wong dama miskin |  
dudu têdhaking narendra ||
23. Têdhak nistha Prabu Ngabdulrahman iki |  
ngling Sayid Markaban |  
ratuku gusti sang aji |  
putra Prabu Daniswara ||
24. Dhasar dipun-pundhut putrangkat sri Mêsir |  
mangsa kurangana |  
saking rumêksa nagari |  
wajib kang para narendra ||
25. Kang ngawruhi sabarang ingkang dumadi |  
wis payo mamangan |  
(n)dadawa catur tan bêcik |  
angur mangana panganan ||
26. Sang aprabu anut miturut sakapti |  
saratri kasukan |  
enjing kondur sri bupati |  
rawuh pura dyan dhadhawah ||
27. Aparentah larangan pan nora kêni |  
buruh mring jaitan |  
dhikiran (m)barang mênyanyi |  
tan kêna wong opah-opah ||
28. Wus warata dhawuhipun sri bupati |  
Sayidin Markaban |  
mundhuk-mundhuk arsa jaid |  
lurah jaid datan suka ||
29. (ng)Guyu (ng)guguk Sayid Markaban umijil |  
ana wong palastra |  
lajêng buruh andhudhuki |  
kaluwat sakala dadya ||
30. Gya marani ênggone jalma kang mati |  
pinikul priyangga |  
lajêng pinêtak ing bumi |  
opahnya nyadasa dukat ||
31. Nulya buruh nêgor kayu agêng wiwit |  
opahe sadukat |  
lajêng buruh ngusung panti |  
ingopahan gangsal dinar ||
32. lajêng buruh ngawinkên wong laki-rabi |  
angsal kalih dukat |

Jilid 4 - Kaca : 21

- sigra-sigra dènnya mulih |  
sapta dukat marang garwa ||
33. Dipun angge tutuku ingkang sadèsi |  
winadhah lancar |  
ingadhêp lawan mênnyani |  
nyalêmpung lawan jogedan ||
34. Bakda Ngisa têdhakira sri bupati |  
tundhuk gya rangkulan |  
Sayid Markaban nyarani |  
payo adhi padha mangan ||
35. Sang aprabu pangandikanira aris |  
kakang kauntungan |  
Sayid Markaban lingnya ris |  
barêkahe sri narendra ||
36. Pakaryèngong duk wingi dipun-larangi |  
dadya kauntungan |  
(n)dhudhuk kruwat ngusung jisim |  
nêgor kayu ngusung wisma ||
37. Angawinkên marang wong salaki-rabi |  
sang nata ngandika |  
sida gêcul raja Mêsir |  
mèt jarwa sutaning praja ||
38. Anglêmêsi sabarang kang dadya sir |  
nanging sir kang sasar |  
Sayid Markaban sru angling |  
aywa cariwis tukang was ||
39. Sira iku marmane katoring-toring |  
ujêr murang tata |  
gawene maon-maoni |  
karsane kang mutêr jagat ||
40. Layak sira têdhake kere gugudhig |  
marma tyasmu wadhag |  
gêgêdhêg rêgêding bumi |  
nora wêruh kabêcikan ||
41. Diingoni salawase lan sang aji |  
(n)dadak nyatur ala |  
dene dhapurira sigid |  
nanging budimu rasêksa ||
42. Sang aprabu mèsêm angandika aris |  
sun nora ngawula |  
kakang mring ratumu iki |  
durung nate kêmanisan ||

## 265. Dhandhanggula

1. Sathithika ingsun nora wêdi |  
mring ratumu Prabu Ngabdulrahman |  
Sayid Markaban wuwuse |  
dadine sira iku |  
tan rumangsa angancik bumi |  
kasorotan ing surya |  
kauban ing luhur |  
apa sira tan miyarsa |  
kang gumrêmêt kang rumangkang kang marêlip |  
kabèh kagungan nata ||

Jilid 4 - Kaca : 22

2. Jangan nyomèl mulutmu bêrnanti |  
beta marah pasthi kau beta |  
pukul kêpalamu londhong |  
jangan sêtori gandhul |  
ngur nyênyamik biyar lu baik |  
sang nata nut sakarsa |  
susukan sadalu |  
kondure sang nata enjang |  
rawuh pura amangun larangan malih |  
tan kêna wong bêbêrah ||
3. Dhudhuk kaluwat myang ngusung mayit |  
laya mukram pasthi pinêjahan |  
ngusung omah ngawinake |  
tuwin wong nêgor kayu |  
nora kêna lamun (m)buruhi |  
warata wong sapraja |  
winursita esuk |  
Sayid Markaban ngupaya |  
padamêlan mangsuli pakaryan nguni |  
kinuya-kuyèng jalma ||
4. Mèsêm ing tyas sigra buruh nulis |  
rikat dadya ngrampung prakara |  
wusnya lajêng buruh ngécèt |  
sèkêt dukat wus antuk |  
maksih awan buburuh nyungging |  
sarwi amulas gambar |  
papat opahipun |  
sigra-sigra ulihira |  
pan kapapag wong mikul dipun gèntèni |  
ingopahan rong dukat ||
5. Nulya lunga gogo marang kali |  
olèh mina dadi sarèntèngan |  
didol sadukat payune |  
dadya lèh sèkêt pitu |  
nulya mulih angandhut dhuwit |  
ingkang patlikur dukat |  
marang garwanipun |  
ingkang tigangdasa tiga |  
dipun angge tutuku ring pasar olih |

pirang-pirang rampadan ||

6. Tinata ngarsa nulya mênnyanyi |  
lan nyalêmpung sarta jêjogedan |  
nyandhaki wong liwat sore |  
ingajak (ng)guyu-(ng)guyu |  
lan mamangan sarwi mênnyanyi |  
gumanti-ganti bêksa |  
sang aprabu rawuh |  
tundhuk lan Sayid Markaban |  
gya ciyuman sang nata lajêng mênnyanyi |  
pan sarwi calêmpungan ||
7. Sang aprabu angandika aris |  
iki kakang dene luwih kathah |  
seje lan wingi-wingine |  
Sayid Markaban muwus |  
murahing Hyang barkahing aji |  
adhi tan kurang-kurang |  
sari-ari wuwuh |  
karsane Sri Ngabduhrahman |  
pagaweyan wingi kae dênlarangi |  
dadya ingsun babêrah ||
8. Ngêcèt-êcèt ngêmbani prakawis |  
mulas gambar mikul marang pasar |  
gogo kali olèh srèntèng |  
adhi yèn maksih idhup |  
darbe pikir tuwin pinasthi |  
rijêkine tan kirang |  
ngandika sang prabu |  
ratunira Ngabduhrahman |  
tyas muthakil darêngki kalêngki-lêngki |  
ratu têdhaking kompra ||
9. Brêkasakan ambêsisik busik |  
cecebuca buthak ngêndhak-êndhak |  
dipunthothok papantêse |  
Sayid Markaban muwus |  
hus wong baring katoring-toring |  
tanpa kering tan ringa |  
cocot gatêl (ng)gandhul |  
sundhupak muncrat wadhuknya |  
drubiksa dêgsa rêrêgêding bumi |  
sikêthêr kuthèthèran ||
10. Hèh ta ngêndi (ng)gonmu satrumami |  
lamun tan mari nacat ratyèngwang |  
kang (m)barkahi mêngko tême |  
tan wêdi gon katêmu |  
dadi musuh sampe ngêmasi |  
cubluk sira tan myarsa |  
kalamun raningsun |  
iya Sayidin Markaban |

Jilid 4 - Kaca : 23

ing tégèse Markaban iya kang mēsthi |  
maknane ya kuleyang ||

11. Pan kuleyang yèn wus tibèng siti |  
basa bisa bali mandhuwura |  
ngarsa kluhuran sabdane |  
(n)dhêku aminta maklum |  
lah ta uwis kakang ywa runtik |  
ingsun nut karsanira |  
sigra sang aprabu |  
nyalêmpung nulya jogèdan |  
bangun enjing kondur kanjêng sri bupati |  
sarawuhirèng pura ||
12. (n)Dhawuhakên lalarangan malih |  
nora kêna nulis padu bêrah |  
mulas gambar lawan ngêcèt |  
lawan wong buruh mikul |  
gogo mina dipunlarangi |  
warata dhawuhira |  
wau sang aprabu |  
enjangya Sayid Markaban |  
klênthung-klênthung arsa buruh ngêcèt malih |  
kang darbe kipa-kipa ||
13. lajêng buruh angusungi wêdhi |  
ngusung bata lajêng macul gaga |  
matun lan tatampingane |  
dhadhangir kêbon agung |  
ngêtrap gêndhèng angêtrap jobin |  
angêtrap babalungan |  
opah dukat pitu |  
sigra-sigra ulihira |  
ingkang têlu kinarya nipkahing rabi |  
dèn-(ng)go tutuku papat ||
14. lajêng dènadhêp lawan mênyanyi |  
bakda Ngisa sang narendra têdhak |  
gapyuk ingaras janggane |  
sang nata ngandika rum |  
iki kakang têka sathithik |  
muwus Sayid Markaban |  
barêkahing ratu |  
kamurahaning Hyang Suksma |  
nora kurang-kurang yèn wong sugih budi |  
karsane sri narendra ||
15. Dènlarangi pagaweyan wingi |  
dadi ingsun angêtokkên akal |  
pasang bata ngêtrap gêndhèng |  
dhadhangir kêbon agung |  
tamping macul matun gagi |  
ngêtrap balungan wisma |  
ngusung wêdhi ngusung |  
bata olèh sapta dukat |



sang aprabu pangandikanira aris |  
kapriye iki kakang ||

Jilid 4 - Kaca : 24

16. Puluh kapênging ngumêl-umêli |  
wong mangkene karsane sang nata |  
salin-salin larangane |  
gawe kuwuring kalbu |  
ya yèn kaya sira pra sami |  
tan iki kêna ika |  
luput iki iku |  
luput iku kae kêna |  
luput kae kabèh-kabèh jinajahi |  
sasat awak bawana ||
17. Sayid Markaban aris nauri |  
uwis padha ayo amêmangan |  
asal karaharjan bae |  
tutug sakayun-kayun |  
amung aja jail mathakil |  
sumarah karsa Allah |  
ujêr ratu iku |  
dadi sulihing Hyang Suksma |  
darma bae kawula padha nglakoni |  
wus gambuh ing kawula ||

### **266. Gambuh**

1. Aja kakèhan tutuh |  
uwis ayo padha mangan nginum |  
sang aprabu anut miturut sakapti |  
lajêng dènnira nyalêmpung |  
enjang kondure sang katong ||
2. Saprapting kadhatun |  
andhawuhkên larangan winangun |  
nora kêna ngusung bata ngusung wêdhi |  
macul gaga lawan matun |  
tamping sawah dhangir kêbon ||
3. Apasang jobin buruh |  
ngêtrap gèndhèng myang ngêtrap babalung |  
ingkang kanthi opah dènlarangi sami |  
ing sapraja wus misuwur |  
dhawuhira sang akatong ||
4. Sayid Markaban esuk |  
badhe (n)dugèkakên dènnya buruh |  
nora nana ingkang awèh dènburuhi |  
tyasnya kaku lajêng mangsuk |  
dadi prajurit ing jêro ||
5. Olèh patukon gulu |  
tigang atus dukat lajêng mantuk |  
ingkang satus winèhkên nipkahing rabi |  
dwiatus dèn-nggo tutuku |

pirang jodhang pirang gotong ||

6. lajêng tinata ngayun |  
bak (m)bêlèbèr palataran kêmput |  
andhèr kongsi prapta sajabaning kori |  
têpung sawêngkoning lurung |  
Sayidin Markaban gupuh ||
7. Undang-undang sadulur |  
prasanakan myang wong kang wus wanuh |  
nadyan ingkang satriya mantri bupati |  
ingatan lamun purun |  
lajêng wong liwat inguwoh ||
8. Watara têtung èwu |  
ingkang samya inguwuh kang rawuh |  
suka-suka calêmpungan kinèn ngibing |  
sarêng ngêbyak nyandhak gulu |  
gela-gelo sarwi ngêmplok ||
9. Atanjak manthuk-manthuk |  
sarwi (m)bêlik sora surakipun |  
lagi rame-rame rawuhe sang aji |  
sumlêngêrên dènnya (n)dulu |  
lawan Markaban tan panggoh ||
10. Amiyak lurung-lurung |  
têngah dalu dènnya sagêd pangguh |  
lawan Sayid Markaban sri narapati |  
tundhuk gya ciyum-cinyum |  
sang nata angandika lon ||
11. Hèh kakang sadulurku |  
bêgja tèmèn kakang sira iku |  
ngambra-ngambra panganan ngèbêki panti |  
lubèr anglubèri lurung |  
untung unggyanmu buburoh ||
12. Sayid Markaban muwus |  
murahing Hyang barêkahing ratu |  
nora kurang ing sadina-dina prapti |  
luput ika kêna iku |  
ana kanthong nganthong-nganthong ||
13. Yayi karsaning ratu |  
panggaweyaningsun winginipun |  
dènlarangi dadya sun manjing prajurit |  
olèh patukoning gulu |  
triatus dinar mancorong ||
14. Balanja-ngong rongatus |  
sabên sasi aja purun-purun |  
ing saiki ingsun wus dadi priyayi |  
abdidalêm jro soldhadhu |

Jilid 4 - Kaca : 25

kang pasthi anggulang pupoh ||

15. Sang nata ngandika rum |  
manjing prajurit ngêndi sirèku |  
sinauran umanjing prajurit wuri |  
mèsêm ngandika sang prabu |  
ing mêngko sira binêndon ||
16. Iya lawan sang prabu |  
dene sira surak-surak umung |  
mêr-gumêmêr pakumpulan sabên ratri |  
panarkane sang aprabu |  
bokmanawa dadi mungsoh ||
17. Angraman sira besuk |  
Sayid Markaban anyêntak asru |  
sêlak nora gustiku asangga-runggi |  
aja kaya dhadhapurmu |  
sugih mênèk dadi blênto ||
18. Jaba ratuning tikus |  
nora kêna amis dipunambus |  
yèn ratune Sayid Markaban puniki |  
pasthi nora kurang maklum |  
sapratingkah sampun wêroh ||
19. Layak kaya dhapurmu |  
yèn dadiya ratu tyas blêkuthur |  
kêthêr nora kêna wong bangsa nyalumik |  
pasthi sira sêngguh mungsuh |  
jirèh saking tyasmu rusoh ||
20. Lan mendah piyangkuhmu |  
ngêbuk wong mêtêng anguntal gunung |  
ingkang ora-ora pasthi dênrasani |  
yèn sira dadiya ratu |  
wong sapraja dhêlog-dhêlog ||
21. Sabab ratu tyas diyu |  
nora kêna rame binabêndu |  
ing mangkono maning bisaa basuki |  
dahwèn opèn murang wadu |  
tyas muthakil ting pandhosol ||
22. Lamun iki ratuku |  
sang aprabu Ngabdulrahman maklum |  
mot mangga mot mêngku sakaptining dasih |  
tajêm para singgah-singgun |  
tyas sagara ratuning-ngong ||
23. Witne (n)jêng sang aprabu |  
yèn mirsaa kabèh pakaryanku |  
pasthi ingsun kinasihan dipun pilih |  
dadya gagal ngong besuk |

Jilid 4 - Kaca : 26

pinisah lan kancaning-ngong ||

24. Sang nata ngandika rum |  
sumangkeyan kang dadi suldhadhu |  
nadyan sira alêma têka ing cilik |  
ujêr nyatane tan patut |  
antarane wus katongton ||
25. Yèn ratumu kêmaruk |  
têdhaking miskin jumênêng ratu |  
cupar drêngki mêmêti pokaling abdi |  
antarane pakaryanmu |  
kabèh linarangan katong ||
26. Apa bécik puniku |  
ratu sugih larangan tan mêngku |  
yèn bènêre ratu díbya nguni-uni |  
kang kaonang dadi wuwus |  
pratingkah ora mangkono ||
27. Mung saking pangalêmmu |  
dhewe nora kêna dipun wuwus |  
sira iku kakang kêna diaranni |  
manungsa kêna dèn-blithuk |  
blékêthêk nora non tinon ||
28. Saking kédah-kédahmu |  
kanggo ngabdi ngalêm dudu-dudu |  
ya sapuluh ko(k)-alêm satêngah mati |  
nyatane wong ora patut |  
lir wong ngalêm tai lodong ||
29. Rupane kuning ajur |  
nging gandane ngêbêki praja gung |  
sira tanpa kusur kurangajar pikir |  
Sayidin Markaban muwus |  
hus aja carèwèt mring ngong ||
30. Sirèku budhêg bisu |  
lamun ratu wajib wruh sadarum |  
kabèh-kabèh iki kudu angrawuhi |  
rèhning anyar madêg ratu |  
kudu wruh untuning uwong ||
31. Myang tunanipun makluk |  
yèn wus kapirsan pêcahe iku |  
pasthi dipun undhangakên maring abdi |  
ambuwang laranganipun |  
piningkên sakèhing wong ||
32. Ratu mung kudu wêruh |  
iku durung witne iku besuk |  
nacahakên dunyane wong sugih-sugih |  
lan (n)dangu pawitanipun |

Jilid 4 - Kaca : 27

(n)dangu pakaryaning uwong ||

33. Kaya pawitan satus |  
dadi pira ing dalêm sataun |  
dadi pirang tancêp kang pari sawuli |  
dadining bras pirang êpun |  
pirang las saêpun bobot ||

34. Lan mungguh sawah iku |  
banyu têka ngêndi sangkanipun |  
kang amêtu sudhêtaning kali tuwin |  
apa mêtu saka êtuk |  
mangkono sri nata kaot ||

### 267. Sinom

1. Lawan duwit satus dukat |  
kang dèn (ng)go waragat sami |  
dadi olèh pirang sawah |  
dadi pira dèn(ng)go grami |  
di(ng)go gadhe sawarsi |  
ya sapira bathinipun |  
kang nganggar untung pira |  
sotyèku pira kang warni |  
ing sarupa kang gêdhe rêgane pira ||

2. Iku kanggoning narendra |  
marma aja sira angling |  
prakara larangan praja |  
sang prabu graitèng galih |  
sinamur lan mênyanyi |  
gya bêksa nulya nyalêmpung |  
enjing sang nata jêngkar |  
Sayidin Markaban nuli |  
angghèkkên anggon pêdhang prajuritan ||

Jilid 4 - Kaca : 28

3. Linolos sing wrangka myang krang |  
dadya wilah kang kinardi |  
pêdhang sarwi ing ngarêngan |  
pêdhange payu dukat tri |  
sawiji marang rabi |  
kang kalih dèn(ng)go tutuku |  
tinata munggèng ngarsa |  
lajêng jèngklèkan mênyanyi |  
calêmpung bakda Ngisa nata têdhak ||

4. Tundhuk nulya rarangkalan |  
sang nata ngandika aris |  
kakang dene luwih mlarat |  
tukon (n)dhas apa wus ênting |  
Sayidin Markaban angling |  
wus ênting tan nganti wayu |  
wus mangkono karsèngwang |  
tan kurang barkahing aji |

murahing Hyang ing sadina-dina prapta ||

5. Kagungan-dalêm gadhuan |  
pêdhang ngong-gadhèkkên yayi |  
amung payu têtung dukat |  
sang nata ngandika aris |  
iku kakang matiri |  
kapriye lamun dinangu |  
paranta aturira |  
matura blaka kang pasthi |  
dipunukum anèng ngalun-alun sira ||
6. Sira pasthi ukum pêjah |  
Sayid Markaban nauri |  
kudu mati lan pasaja |  
golèk pati apa maning |  
dhasar dipun-jênêngi |  
iya marang sang aprabu |  
lah ing kono sidanya |  
katrima dening Hyang Widdhi |  
mati dipunpatèni sri naranata ||
7. Apa maning dènupaya |  
mati dènadhêpi aji |  
pinasthi munggah suwarga |  
dènaksama mring sasami |  
aywa uwas sira ri |  
saka kaêngêtaningsun |  
gajêgne durung ngambah |  
nasekat tigang prakawis |  
iku ingkang dadi cacading agêsang ||
8. Kang anyalamur lon tatanya |  
kakang paran ingkang dêling |  
nasekat limang prakara |  
Sayid Markaban marpêki |  
jangga pinêkul sarwi |  
angling de dhapurmu bagus |  
tan wrin rungsiding basa |  
jêr sira wong kandhang langit |  
gêgobogmu jèrèngên lah piyarsakna ||
9. Anitèni kang kawruhan |  
ananing Ma limang sahid |  
ingkang dadi kalakuwan |  
awit Ma madat kang dhingin |  
antuke makolèhi |  
ing jasat tanapi kahyun |  
utawi ceda cuba |  
ujar lumrah dalêm lair |  
èstu tumraping patrap kang linampahan ||
10. Naracak kang padha rêna |  
nadhah madat mangkya nguni |

dayaning nistha kang warna |  
sêring cipta kangsayani |  
nanging medaning nguni |  
nala lit lumuh supênuh |  
sat kala kasêpênan |  
nir ing barang dèn-rêmêni |  
sêdya nêmpuh nora nana dèn-emanna ||

11. Cêpake madat cinacat |  
cinarita nora bêcik |  
camah batin yèn wus kocap |  
cecege ginawe bêcik |  
campure bangsa bincil |  
cumèplês sinambi nucup |  
cagak lèn nalar mênear |  
cumêplong nora kacicir |  
ciptâ moncèr tyas padhang sarira rêncang ||
12. Ragane karasa pêra |  
rahsaning rah rêrêm aris |  
rumangsa sranduning waras |  
rênguning manah pan aring |  
rusake saking ririh |  
rada suwe rada surud |  
raga saru asarang |  
rêgêd biru ri kang dhiri |  
riyak jlagra gora godha dadi lara ||
13. Kapindho ma madon ingkang |  
kinidung dèrèng kintèki |  
kang bêcik kalawan mokal |  
kinawruhan lawan pikir |  
karasa srêgêp ngikis |  
kakênan ing nala sêkung |  
kumanthil angrêreka |  
katiti nala mèt kingkin |  
kinulitan tanduking sabda ngrumpaka ||
14. Darapon asmaradana |  
daladag sêdya bèr budi |  
dasa ulat gung ginandan |  
dinulu katonna adi |  
dalèdèr mondar-mandir |  
datan tanggon barang tanduk |  
doyanan palancudan |  
dorane ginawe sandi |  
dêlap ulat (m)balêre sugih rubeda ||
15. Tarike wong karêm batal |  
talendho mring ulah niti |  
tuhune kêrêp kliwatan |  
tuman linyok barang warti |  
tarkadhang tuwuh juti |  
toging (n)don tinaman rêtu |  
tumibal badan rata |

tumuli madêg narpati |  
têkèng muka tênggran rajasinga durta ||

16. Sumêrang mahsah marwasa |  
rupane bangsa lir jisim |  
sinalinan sipat siksa |  
saking rajasinga sangsri |  
saru sipate kongsi |  
sisip lêmber nungsiung sungsum |  
supênuh kang nanah basah |  
sayêkti gêlis ngêmasi |  
simpangana aja nêrak raga rusak ||
17. Watêke wong minum tuwak |  
waragang tanapi awis |  
wite kawuryan samuwa |  
wani wantêr samukawis |  
wêdharing wuwus awig |  
wignya buwang rikuh ewuh |  
wigar niwêring awak |  
wadhèh wadi datan mawi |  
winawêran wantuning wuru jinarwan ||
18. Limpat têtêg barang polah |  
lalu lumuh lamun lilih |  
lali ngaraling kawula |  
lacude tanpa kêkêlir |  
lir sang kukila angling |  
lukita katon (m)balilu |  
lena lir lodrakala |  
lèke sura suka julig |  
luhur bae asore nora winilang ||
19. Puwara dasate lupa |  
parusaning naya tipis |  
pugut parabote kaprah |  
prapta camahe nanggapi |  
pêndhak jalma nyurupi |  
pinindha padhaning rapuh |  
padharan rêmpu-rêmpak |  
pulang rah utama tapis |  
papas pêpês sarira anandhang papa ||
20. (n)Dhêdhêg dhêndhane tumêdhak |  
(n)dharêdhêg kaya kajodhi |  
dhonging ngarak lamun têdhak |  
(n)dharêdhêg anglir badhidhing |  
dhadhakane angêndhil |  
dhudhukuh laraning wadhuk |  
dheke apulang kandhang |  
dhuh pra mudha kang asandhing |  
dhêngêrêna min minum dipun kadhadha ||

Jilid 4 - Kaca : 30



21. Jêjêr main kang pinajar |  
jalènrèhing ujar wajib |  
juju mujur ingkang bêgja |  
jinurung prasasat aji |  
jugruge lamun rujit |  
jalojogan tanpa traju |  
jungkung kang ngajap-ajap |  
jayananing main pinuji |  
jumênêng adêging badan antuk jajan ||
22. Yayah angudi-udiya |  
yèn mênang klimênge pyayi |  
yatrane siniya-siya |  
yak-yuk sasat slawat mayit |  
yèn kalah poyang-paying |  
yungyun nguyu-uyu tayuh |  
yangyanging tyas tangiya |  
yoga wasita kang takyin |  
yèn wus rohyat mangsah mungsuh tanpa sayah ||
23. Nyuprih pulihing jayanya |  
nyanane nora malênyik |  
nyatane linyok tur sonya |  
nyinyilih ginawe tabir |  
nyaut anunyik-unyik |  
nyêngkut nyêngka budi lunyu |  
nyamah lair batinnya |  
nyat-nyut tyase monyar-manyir |  
nyaba tangga buwang dhiri satekatnya ||
24. Murang margane utama |  
mung marsudi dènnira mrih |  
mênang main wuwuh mamak |  
mêjanani marang bumi |  
miwah tuturing umi |  
mawut kang kaetung namung |  
main sire utama |  
manungsa kaprah sasami |  
marènana mamain ambuwang lumrah ||
25. Gantya mamaling ginagas |  
ginupita lawan anggit |  
gunane maling tan wêgah |  
gêgêmpur omah tan wigih |  
gumêrgut ngunggih-unggih |  
(ng)gènni barang ingkang agung |  
golèk gunêm jujugan |  
gêgolonganing wong sugih |  
ginagapan pagêr lawang kang tinêngga ||
26. Barêng antuk guru kabar |  
baranging wong dènrêrumbing |  
binasmi miwah binabah |  
babar ji ginawe kibir |

Jilid 4 - Kaca : 31

(m)bodhokkên sarak Nabi |  
(m)barêngkut abubut-bubut |  
bandhane wong binebas |  
barêng kacandhak (n)jêbimblik |  
binuwang mring sabrang brung ragane bubrah ||

27. Thèthas-èthèse wus brastha |  
thilang-thilung kêthip-kêthip |  
thok-thêle manthêng wus wistha |  
thukule pakarti nisthip |  
thir yatna anrang wèsthi |  
thik-ithik dadya bêkthuthu |  
thuskarda mring kanisthan |  
thik lumêksa misih ngêthip |  
thênthasura babar tanduke rèh dhustha ||
28. Ngingêr wênganing kelangan |  
ngancut ngarah rina wêngi |  
ngulatake (ng)gon cèlèngan |  
mangka ngukup sabên sasi |  
ngrurusak ngêngis-êngis |  
nguruti praja winangun |  
ngampak mamalaningrat |  
ngeja angaji ngilangi |  
ngruwal jalma duskarti yoga ilanga ||
29. Apa wus mangêrti sira |  
poma wêkasingsun yayi |  
upama ingsun kinisas |  
dhigus kariya basuki |  
ning aja anglakoni |  
sang prabu micarèng kalbu |  
lah ta iki wong apa |  
gathok sabarang dèn-angling |  
tan nyalinthut wani tatanggoran kitab ||
30. lajêng kondur sri narendra |  
daludalu angundhangi |  
sagung para wadyabala |  
kinèn siyaga ing jurit |  
sang prabu enjing-enjing |  
arsa angisas wong luput |  
kalêbu kukumolah |  
rata dhawuhe sang aji |  
enjing kumpul baris agung wadyabala ||
31. Munggèng alun-alun aglar |  
satriya mantri bupati |  
sumewa nêng pagêlaran |  
tuwin sang rêkyanapatih |  
sagung para narpati |  
wus lênggah ing palowadu |  
sang Prabu Ngabdulrahman |  
wus miyos sing kênyapuri |

pan ingayap sagung pacara wanudya ||

32. Sapraptaning panangkilan |  
lênggah dirgamana rukmi |  
wadya gung-gung (n)dhêdhêp sadaya |  
sang nata ngandika aris |  
paman patih dèn-aglis |  
têtêpining tarub agung |  
golèkana dhampar mas |  
loro singupana sami |  
lah piyakkên singupe ing sawatara ||
33. Ingsun bakal ngukumolah |  
kawulaningsun pawèstri |  
bocah manggung kukum pêjah |  
sagung kang para prajurit |  
majuwa siji-siji |  
bocah sikêp pêdhang sagung |  
ingkang andhinginana |  
sandika rêkyanapatih |  
ngarêp tratag sampun pinasangan dhampar ||
34. Wadyagung sampun ngundhangan |  
sang nata ngandika aris |  
hèh bocah wadon matura |  
mring gustimu yayi dèwi |  
ingsun mundhut pawèstri |  
abdine wong loro manggung |  
Dèwi Kalpikarêtna |  
lan Dèwi Kalpikamurti |  
dipun inggal sun-pundhut mring pagêlaran ||
35. Arsa ing sun ukum kisas |  
wotsari duta pawèstri |  
lumèngsèr saking byantara |  
prapta ngarsane sang putri |  
matur saha wotsari |  
amba gusti dipun utus |  
rakadalêm sang nata |  
amundhut manggung kakalih |  
Kalpikadimurti Kalpikadirêtna ||
36. Kagyat kangjêng narèswara |  
pangandikanira aris |  
kapriye ingkang dhadhawah |  
di(ng)go apa mundhut èstri |  
umatur cèthi tuding |  
inggih badhe dipun-ukum |  
wontên ing pagêlaran |  
mrêbêng kangjêng pramèsuari |  
waspa mijil nanging lintang jrih ing raka ||
37. Mangangên-angên wardaya |  
apa dosane kakalih |

Jilid 4 - Kaca : 32

suningu duk cilik mula |  
tan duwe dosa samênir |  
diwasa durung mukti |  
wasana arsa dènkum |  
sêrêt kang pangandika |  
yayi Kalpikadimurti |  
iya lawan kusuma Kalpikarêtna ||

38. Sira pinundhut sang nata |  
yayi ywa mandhêg tumolih |  
dudu sira ingkang dosa |  
saking gunging dosamami |  
sunatêrkên pribadi |  
putri kalih sarêng matur |  
gusti sampun sumêlang |  
karsanipun sri bupati |  
sabab rakadalêm pangawak banawa ||

Jilid 4 - Kaca : 33

39. Wruh obah osiking kwula |  
rakadalêm namung darmi |  
nglanturkên karsaning Suksma |  
pramèswari nabda malih |  
duta matura aglis |  
iya marang sang aprabu |  
rèhne sri naranata |  
karsa anglunas pawèstri |  
dadi ingsun nyuwun idin paring hurmat ||

40. Mring bocah ingkang kinisas |  
sunatêr marang satinggil |  
(m)bok duta sarêng umentar |  
prapta ngarsane sang aji |  
katur aturing sori |  
mèsêm ngandika sang prabu |  
dènenggal angatêrna |  
wus wajibing pramèswari |  
angatêrkên wanudya kang kukum kisas ||

41. Nêmbah nyai duta mentar |  
praptèng ngarsane (n)jêng sori |  
dhawuh timbalan narendra |  
gusti tuwan dèntimbali |  
ngatêrna putra kalih |  
pramèswara gupuh-gupuh |  
nganthi Kalpikarêtna |  
Tejaswara sang suputri |  
Dyah Kalpikadimurti kinanthi sigra ||

42. Tandya mijil pramèswara |  
ginarêbêg para putri |  
gupita Prabu Kosarsah |  
myarsa kabaring pra putri |  
kalamun pramèswari |  
têdhak marang sitiluhur |

(n)jênêngi dènnya nglunas |  
putra pamanggung kakalih |  
sang Aprabu Kosarsah nusuh kewala ||

43. (n)Jêng Sori Ayansabitah |  
sapraptanira sitinggil |  
lajêng lênggah anèng dhampar |  
lawan sagung para putri |  
putri manggung kakalih |  
sampun katur sang aprabu |  
wus lajêng kinèn lênggah |  
nèng dhampar kang dènsingubi |  
putri kalih sampun nèng sisingub lênggah ||
44. Dhawuh sang Prabu Kosarsah |  
Prabu Ngabdulrahman aglis |  
hurmat mudhun saking dhampar |  
myang sagung para narpati |  
wus samya tata linggih |  
ngandika Kosarsah Prabu |  
hèh kaki prabu dibya |  
punapa gupitèng ati |  
sira asra nglunas jrudêmunging pura ||

### **268. Jurudêmung**

1. Dosa apa karo ika |  
lawan dyah jroning kadhatun |  
Sri Ngabdul manêmbah matur |  
kalintang wados dosanya |  
ulun datan kenging matur |  
mangke tamtu kauningan |  
Prabu Kosarsah sru ngungun ||
2. Sri Ngabdul alon ngandika |  
hèh patih dhawuhna gupuh |  
para lurah prawira-nung |  
timbangana mring ngarsèngwang |  
kya patih manêmbah laju |  
(n)dhawuhkên timbalan nata |  
marang lurah prawira-nung ||
3. Wus prapta byantara nata |  
pangandikanira arum |  
padha majuwa sadarum |  
sêdaya sigra anyêlak |  
bisik-bisik sang aprabu |  
lajuwa sajuga-juga |  
ngunusa pêdhang sadarum ||
4. Sirèku anjênêngana |  
nanging ing saliyanipun |  
Sayid Markaban sadarum |  
pamêdhange wurungêna |  
mung Sayid Markaban tamtu |

Jilid 4 - Kaca : 34

êkonên mêdhang têmênan |  
nêmbah sandika wus mundur ||

5. lajêng anindhihi wadya |  
tambur brang-brangan gumuruh |  
sajuga-juga gya maju |  
pêdhang liniga kumêclap |  
pramèswari tyas kumêpyur |  
nir-ênir tarataban |  
marawayan mêdaling luh ||
6. Para lurahe prawira |  
(n)jênêngi pamêdhangipun |  
sabên prapta ngarsanipun |  
ing dyah kalih kang kinisas |  
wurunging pamêdhangipun |  
mangkana sadangunira |  
pêdhang tan ana dhumawuh ||
7. Kabênêr Sayid Markaban |  
praptêng ngabyantara prabu |  
asruning pamuwusipun |  
hèh sagung kang para lurah |  
mugi sêksênana ulun |  
wanudya kalih punika |  
sêpên ing dosa sadarum ||
8. Ingkang minangka pratandha |  
pêdhang-ulun niki lamun |  
dadya wilah wujudipun |  
yêkti botên dados dosa |  
milih pêdhang maksih wutuh |  
pawèstri ro têtêp dosa |  
tartamtu katrap ing kukum ||
9. Sêbrak tinarik pêdhangnya |  
lêmês warni wilah wulung |  
Sayid Markaban angguguk |  
latah angling dhasar nyata |  
sêpên dosa wanodyèku |  
para lurah sarêng nyêlak |  
sarênging pamuwusipun ||
10. Lah ta inggal tamakêna |  
ywa têlangke pamêdhangmu |  
Markaban mathênthêng matur |  
paran yèn ulun-lajêngna |  
lan napa wontên ratu |  
mêjahi wong tanpa dosa |  
ulun purun praptêng kukum ||
11. Nêtêpkên wadon punika |  
nir dosa saking saglugut |  
yèn kinisasa saèstu |

Jilid 4 - Kaca : 35

- nandhang babênduning Suksma |  
awit kang mêngku kaprabun |  
kurang titi pamariksa |  
tan adil natrapkên ukum ||
12. Ingang minangka pratandha |  
asalipun pêdhang ulun |  
wêsi kimpling landhêp ampuh |  
mangkya pêdhang nandhang walat |  
dadya wilah gopok kluwus |  
pra lurah ngungun ing driya |  
nulya munjuk ing sang ulun ||
13. Wus katur sasolahira |  
mèsêm suka sang aprabu |  
wasana ngandika arum |  
hèh bocah wadon dèn-enggal |  
manggung loro boya kukum |  
ingsun wus paring aksama |  
aturêna nimbok-ratu ||
14. Wus katur putri kalihnya |  
sukèng tyas dayita prabu |  
myarsa (ng)gyanning dara arum |  
paglaran kang winarsita |  
sang nata ngandika arum |  
Si Markaban timbalana |  
sumiwi ing ngarsaningsun ||
15. Wus kerit Sayid Markaban |  
praptèng ngarsa makidhupuh |  
sasêdhokan sêmbahipun |  
tumungkul konjêm pratala |  
sang prabu ngandika arum |  
apa sira si Markaban |  
kang sinung ling nêmbah matur ||
16. Nuwun inggih pun Markaban |  
sang nata ngandika arum |  
hèh apa sababirèku |  
dene sira tuhu karya |  
ing kalingsêmaning ratu |  
ngêndi ana prawirèng prang |  
têka wilah pêdhangipun ||
17. Markaban umatur nêmbah |  
abdidalêm prawiranum |  
pêdhangnya tosan sadarum |  
inggih mung ulun priyangga |  
ingkang malih warnanipun |  
wit pukulun ingkang karya |  
jêr badhe ngisas dyah ayu ||
18. Tan nandhang dosa satuma |  
pukulun wajib katêmpuh |

ulun dhêndha sababipun |  
damêl susah wirang-amba |  
ngapusi wadya sawêgung |  
lêdhok ilining kang toya |  
dhawah kawula kang kojur ||

Jilid 4 - Kaca : 36

19. Sang prabu aris ngandika |  
bocah wadon loro mau |  
padha anandhang dosa gung |  
tan ala nganggur karsèngwang |  
Sayid Markaban umatur |  
(n)jêng panduka tan sanyata |  
ingkang dados cihnanipun ||
20. Sabêt-ulun dados wilah |  
Pangeran kang maha luhur |  
ri kang sipat Ngalimun |  
datan kenging ginorohan |  
sakêdhap dosanya konus |  
sang prabu suka kalintang |  
mèsêm angandika arum ||
21. Sira iku jalma apa |  
nora sêmbada ing atur |  
nanging tan nlisir sarambut |  
têka dadi sukaningwang |  
hèh patih sira wus sêpuh |  
samêngko sun-junjung pangkat |  
raja ngêmonga putumu ||
22. Ki pangeran adipatya |  
sarta mêngkuwa sirèku |  
ing wong kaputran sadarum |  
kya patih nêmbah sandika |  
ing kono pan wus misuwur |  
patih jinunjung lênggahnya |  
madêg raja among sunu ||
23. Ngandika malih sang nata |  
hèh saguning para ratu |  
kalawan kawulaningsun |  
wong Mêsir sadayanira |  
rèhning paman patih uwus |  
ingsun-adêgake raja |  
nging tan darbe suta jalu ||
24. Ingang minangka atmaja |  
si Sayid Markaban iku |  
sun sêngkakkên maring luhur |  
gumantiya dadi patya |  
lêstariya arannipun |  
manindya-mantri Markaban |  
mangayubagya pra ratu ||



25. Ngandika malih sang nata |  
 patih Markaban sirèku |  
 wus têtêp warangkaningsun |  
 kang sun-gadhuhkên mring sira |  
 parentah lan pangrasèngsun |  
 ngêtrapkên hwa taha-taha |  
 mring sagung nayakaningsun ||
26. Miwah mring santananingwang |  
 ywa wang-wang dumèh wong agung |  
 kawimbuhan santanèngsun |  
 lawan aywa anggêgampang |  
 cilik dèn(ng)go ala nganggur |  
 sadhengah kawulaningwang |  
 kang apadha alaku dur ||
27. Ingkang sisip lakunira |  
 gêdhe cilik asor unggul |  
 patrapana dhêsthanira |  
 jêjêging kang pangadilan |  
 kang kalayan dhêndha iku |  
 iya dhêndhanên ywa wang-wang |  
 tan susah konjuk maringsun ||

Jilid 4 - Kaca : 37

28. Wis sah ing sira pribadya |  
 sanadyan santanatingsun |  
 nanasar nalisip laku |  
 ywa talangke tumindaknya |  
 manawa wus pancèn kukum |  
 iku banjur êtrapêna |  
 timbange lan dosanipun ||
29. Kabèh prakaraning praja |  
 kang mrih widadaning ayu |  
 ingsun wus tan mèlu-mèlu |  
 sarah pracayèng ing sira |  
 samanèku dèn aemut |  
 ywa ngêgungkên panguwasa |  
 kanthinên lan adilingsun ||

### **269. Kinanthi**

1. Sanadyan saduluringsun |  
 tuwin putraningsun sami |  
 yèn nasar tindak lakunya |  
 sisip pakaryaning patih |  
 nora manut sarèhira |  
 myang bawanta kang prayogi ||
2. Ywa taha-taha sirèku |  
 marang panjênêngan-mami |  
 têka sira patrapana |  
 ing sapatrapanta patih |  
 lawan timbanging panasar |

tuwin panisiping patih ||

3. Anadene iku mungguh |  
tatrapan ingkang awarni |  
bang-bang alum-alumingwang |  
kang mring abdingong wong cilik |  
ya ingkang amawa dosa |  
lah iya ingkang kawajib ||
4. Nayaka santananingsun |  
sunparingkên sira patih |  
atas sun nora uninga |  
kang patut sira-bêloki |  
bêlokkên ywa taha-taha |  
kang patut dènsupatani ||
5. Sampurnakna supatèku |  
ya supatanana patih |  
sarupaning kwulaningwang |  
pan ingkang katrap umiring |  
bang-bang alum-alumingwang |  
lir duk mau iku patih ||
6. Kajaba nayakaningsun |  
lan putra santanamami |  
uwisa ana ing sira |  
aywa kongsi konjuk maring |  
iya panjênênganingwang |  
unggyannira anglakoni ||
7. Angukum iku duk mau |  
nèng wismanira pribadi |  
yèn sira matrapi jalma |  
ingkang dosa lan prakawis |  
para padu marganira |  
anulya êsahna patih ||
8. Dènkêbat kalawan kukum |  
kukumolah ingkang uwis |  
ingsun gadhuhakên marang |  
sipangulu lawan maning |  
yèn ana kawulaningwang |  
kang padha padu prakawis ||
9. Sakèhe aywa sirèku |  
kapitayan ngandêl jalmi |  
dènlumintu pamriksanta |  
marang kwulaningsun sami |  
jaksa kalawan pradata |  
dene yèn ana prakawis ||
10. Prakara kang para padu |  
yoga munggah ukum aglis |  
sira aparentaha |

Jilid 4 - Kaca : 38

- ngunggahkên kukumolahi |  
ing kang sun-gadhuhkên marang |  
sipangulu lamun uwis ||
11. Êsah kalawan ing kukum |  
para padu iku patih |  
sira ing kang sunpitaya |  
sunwênangakên ngêtrapi |  
wong kang katrap kukumolah |  
mung kukum kisas anjawi ||
12. Iya lawan raja-lampus |  
apadene sakathahing |  
kawulaningsun sadaya |  
kang manjing bawahngong Mêsir |  
gêdhe cilik (n)jêro jaba |  
yèn ana ing kang katrap ing ||
13. Iya mring kukumolahu |  
atas sira sunpasrahi |  
ngêtrapêna saukumnya |  
ana ing sira apatih |  
iya ta Sayid Markaban |  
aja êsah sabên ari ||
14. Mupangatan sipangulu |  
sasulah-bawanta patih |  
dipun-mupakat kalawan |  
ukumingsun kang pinundhi |  
ya lawan panguluningwang |  
ing samangsa ana jalmi ||
15. Ing kang kapatraping kukum |  
dipun-kêbat sira patih |  
angêtrapi saukumnya |  
aja kongsi kunjuk maning |  
marang panjênênganingwang |  
kajaba kang kukum pati ||
16. Lan kisas ngêtokkên marus |  
atas panjênêngan mami |  
pribadi ing kang ngêtrapna |  
apadene dhawuhmami |  
mring sira Sayid Markaban |  
sira patih ingsuntuding ||
17. Ngêtrapkên kawasaning sun |  
sarta parentahsun iki |  
dèn-bênêr lawan prayoga |  
anadene sira patih |  
yèn ana kawulaningwang |  
amurang yudanagari ||
18. Utawa dêgsurèng laku |  
tingkah siriking nagari |

anarajang prentahira |  
ing kang wus sirawalêri |  
anuli sira trapana |  
kang bènêr prentahmu patih ||

19. Uwisa ana sirèku |  
aja kongsi kunjuk maring |  
marang panjênênganingwang |  
sira aywa tungkul patih |  
(ng)gyanta baurêksèng praja |  
ywa kandhêg (ng)gonmu (n)dumbani ||

Jilid 4 - Kaca : 39

20. Sakèhing kawulaningsun |  
kang padha angrèhkên amrih |  
kamulyanirèng nagara |  
unggyannira angêtrapi |  
ngêtrapkên kawasaningwang |  
kèh parentahingsun patih ||
21. Têtêpana ing sadarum |  
saulahbawane patih |  
satindak lakuning kula |  
papatih kang dhingin-dhingin |  
kang wus kalakon prayoga |  
padha têtêpana patih ||
22. Pacuhan-pacuhan iku |  
hèh Sayid Markaban patih |  
sira sun-gawe papatya |  
barang gawe dènkasanggi |  
sapakaryaning papatya |  
aja ewah kaya nguni ||
23. Kang wus kalakon sadarum |  
pacuhan-pacuhan kyèhning |  
kawulaningsun sadaya |  
padha angèstokna sami |  
sakèhing pangwasaningwang |  
kang sunparingkên sipatih ||
24. Taha yèn datan miturut |  
datan ngèstokakên maring |  
tanapi yèn maidoa |  
kaplaksana prentahmami |  
sun-gawe pangewan-ewan |  
munggèng ngalun-alunmami ||
25. Mashur dhawuhe sang prabu |  
Sayid Markaban anangis |  
lon umatur pègat-pègat |  
gusti pun patik tan ngimpi |  
kalamun dadya warangka |  
kabina bodhoning dasih ||

26. Sang nata ngandika arum |  
 nadyan bodho ujêr uwis |  
 dadi sênêng parêngingwang |  
 wis aja akèh pinikir |  
 lungguha mor para raja |  
 patih Markaban wotsari ||
27. lajêng nunggil para ratu |  
 sang nata ngandika aris |  
 sagung para raja-raja |  
 punggawa mantri bupati |  
 satriya paratmajendra |  
 padha malungsunga sami ||
28. Iya marang patihingsun |  
 dènpantês lawan watawis |  
 sarta karyakêna wisma |  
 dènpadha wismaning patih |  
 inggal padha lêkasana |  
 milungsi lan karya panti ||
29. Sang prabu jêngkar ngadhatun |  
 kang rama lajêng kinanthi |  
 ginarêbêg para kênya |  
 ing sapraptaning sitinggil |  
 gantya nganthi pramèswara |  
 Sayid Markaban winarni ||
30. Kondur marang wismanipun |  
 jinajaran ing prajurit |  
 ginarêbêg para raja |  
 dharat sagung para aji |  
 maksih ngangge prajuritan |  
 Sayid Markaban papatih ||
31. Cingak ingkang samyandulu |  
 jinêjêl samargi-margi |  
 andulu Sayid Markaban |  
 ingkang anyar madêg patih |  
 dadya tontonan samarga |  
 jajaran wus notog panti ||
32. Mire kiwa têngên pintu |  
 Sayid Markaban kang èstri |  
 gupita (n)dulu pra raja |  
 bojone nora kaèksi |  
 anulya ênêp sênthongan |  
 (n)dharodhog kalangkung ajrih ||
33. Ki Antyanta (ng)gènnya (ng)galur |  
 criyose Markaban Sayid |  
 kèndêl mangkya winursita |  
 sadaya kang samya myarsi |  
 ing sadanguning carita |

Jilid 4 - Kaca : 40

suka rênane tan sipi ||

34. Gumuyu ambatarubuh |  
kêkêl nganti (m)brêbêsmili |  
ana gèdhèg-gèdhèg eram |  
Cêbolang umatur aris |  
kala wau kyai mêdhar |  
kados sanès têmbung Jawi ||
35. Janganlah comèl mulutmu |  
bèrnanti beta marahi |  
mung punika kang kèngêtan |  
kathah panunggilannèki |  
punika têmbung punapa |  
Jawènipun kadospundi ||
36. Jêbèng iku têmbung Mlayu |  
dene ta têmbunge Jawi |  
jangan aja comèl ngomyang |  
mulut cangkêm bèrnanti |  
Jawa mêngko beta kula |  
marah nêpsu pukul gitik ||
37. Kêpalamu êndhasmu |  
biyar cikbèn baik bêcik |  
Mas Cebêlang duk miyarsa |  
sukèng tyas umatur aris |  
sumangga kalajêngêna |  
kang mocung mring sênthong cilik ||

### **270. Pocung**

1. Langkung ajrih yèn jinarah sang aprabu |  
gya Sayid Markaban |  
umanjing wisma pribadi |  
para raja (n)dhêdhêg sajawining lawang ||
2. Nganti dhawuh Sayidin Markaban pangguh |  
lawan garwanira |  
sampun sinungan udani |  
sukaning tyas andhudhah pêpencènira ||
3. Antuk kalih dukat sigra dènyya tuku |  
mijil pupungkuran |  
lajêng marang pasar apti |  
atutuku sagung kang olèh-olèhan ||
4. Tangganipun warata ana wong satus |  
wus samya miyarsa |  
yèn Sayid Markaban dadi |  
patih mêngku sagung kang para narendra ||
5. Samya dandan sumewa ngladèni bikut |  
ana mênyang pasar |  
sasanakane kèh prapti |

Jilid 4 - Kaca : 41

samya atur-atur sakawasanira ||

6. Nyai patih dènnya tutuku wus rawuh |  
pirang-pirang jodhang |  
nulya tinata ing ngarsi |  
para raja wus samya ngaturan lênggah ||
7. Wisma sêsak dhasar papanipun ciyut |  
(m)bêdhah pagêr karang |  
andadak dipuntarubi |  
godhong jati têtasing buntêl tumbasan ||
8. Bak (m)balèbèr prapta sajabaning lurung |  
datan dangu prapta |  
kakalih duta narpati |  
wong anggandhèk sarwi ngampil patadhahan ||
9. Lawan ngirit pipikulan sèwu pikul |  
jodhang pirang-pirang |  
wong gandhèk ngadêg sru angling |  
hèh ki patih dhawuhdalêm pakênira ||
10. Pinaringan busana lorodan prabu |  
myang (n)jêng pramèswara |  
paparing panganan nangsi |  
matur nuwun kyapatih Sayid Markaban ||
11. Nulya sagung paparing tinampan sampun |  
gya Sayid Markaban |  
mangangge agêming patih |  
pangan sêkul ulam wus tinata samya ||
12. Datan dangu ana jajaran kadulu |  
gumrêdêg pacara |  
wanodya sèwu kaèksi |  
gugup para raja linggar sing lênggahan ||
13. Hurmat mêtù sang nata kang arsa rawuh |  
lawan pramèswara |  
tuwin sagung para putri |  
gumarêdêg gumuruh swaraning kênya ||
14. lajêng lênggah ing ngèmpèr sang Prabu Ngabdul |  
lawan pramèswara |  
sagung kang para narpati |  
lênggah munggèng tatarub gêdhong-gêdhongan ||
15. Kyanapatih makidhupuh lênggahipun |  
sang nata ngandika |  
patih garwamu nèng êndi |  
kinèn marak mring gustimu pramèswara ||
16. Mundur aris kyana patih awotsantun |  
panggih garwanira |

Jilid 4 - Kaca : 42

- pinardi marêg sang sori |  
nyai patih mopo pinêksa ing priya ||
17. Gya umarêk pramèswari ngandika rum |  
iki garwanira |  
kakang patih yu linuwih |  
maksih kêncêng apa durung darbe putra ||
18. Lon umatur Sayidin saha wotsantun |  
gusti (ng)gih punika |  
warnipun ingkang abdi |  
kidhung dèrèng sumêrêp ing tatakrama ||
19. Inggih dèrèng sapisan gadhaha sunu |  
pramèswari nabda |  
hèh kakangbok nyai patih |  
amajua ywa wêdi ywa taha-taha ||
20. Pramèswari Tejaswara nyandhak gupuh |  
payo-payo kakang |  
linggiha jajar lan mami |  
pan ginèndèng anulya tata alênggah ||
21. Baranarta (n)dalêdêg saking kadhatun |  
myang saking pra raja |  
tuwin saking para putri |  
saking para punggawa paratmajendra ||
22. Saking mantri bupati angundhung-undhung |  
lajêng abujana |  
anutug sagung para ji |  
sukan-sukan sang Aprabu Ngabdulrahman ||
23. Bakda Ngisa sang Prabu Kosarsah rawuh |  
lawan pramèswara |  
lajêng samya tata linggih |  
patih Sayid Markaban anguswa pada ||
24. Bangun enjing kundurira sang aprabu |  
wusing lama-lama |  
adêgnya Markaban patih |  
langkung harja tata tèntrêming nagara ||
25. Isih (ng)galur Markaban caritanipun |  
yèn tutugêna |  
têlung dina durung uwis |  
sabanjure mung kaya dongèng kewala ||
26. Mung daktutur pangrasaku wus kacukup |  
Ki Sali turira |  
inggih sampun anyêkapi |  
apa iya mangkono jêbèng Cobolang ||
27. Nêmbah matur kasinggihan ingkang dhawuh |  
raosing tyasamba |



kadyangganing tampi wangsit |  
sakalangkung lêga tampi sih nugraha ||

4 II. Ing Majasta; sawatawis papan sujarah  
Mas Cêbolang nglajêngakên lampah dumugi ing Majasta kapanggih Ki  
Jayamilasa jurukunci pasareyan Jaka Bodho putra raja Majapait ingkang  
ngrungkêbi agami Islam, nyêkabat Sunan Têmbayat kadhawuhan dêdunung  
ing rêdi Majasta dumugi ing sedanipun. Lajêng sami jiyarah ing pasareyan  
Majasta ...  
kaca 43-47

Jilid 4 - Kaca : 43

28. Lir anggyaning sasangka kataman mêngdhung |  
mangkya kapawanan |  
jaladara tan nglabêti |  
sagung candra anyunari sabawana ||
29. Dhuh sang luhung aksamanta ingkang agung |  
benjing-enjing amba |  
sakanca anyuwun pamit |  
badhe lajêng nuhoni sêdyaning nala ||
30. Ki Antyanta mèsêm angandika arum |  
rasaning tyasingwang |  
saupama wong abukti |  
durung tuwuk anggonku tamuwan sira ||
31. Nanging paran yèn ulun ngêguli laku |  
jêbèng nora liwat |  
muhung ing pandonga mami |  
lastariya salamêt sasêdyanira ||
32. Kang sinung ling mangênjali matur nuwun |  
kapundhi mastaka |  
dumadya jajimat pripih |  
gya mangarsa ngaras pada gantya-gantya ||
33. Myang Ki Wisma mring Ki Sali lingira rum |  
jêbèng yèn sambada |  
mampira ing dhukuhmami |  
Mas Cêbolang matur nuwun pangaksama ||
34. Mugi sampun andadoskên cuwèng kalbu |  
rèhning lampah-amba |  
sampun sawatawis lami |  
dèrèng paja dumugi ingkang sinêdya ||
35. Kyai Sali (ng)guguk pangandikanipun |  
jêbèng insa Allah |  
nora dumadya tyasmami |  
ulun uga nyangoni puja raharja ||
36. Matur nuwun Ki Antyanta ngandika rum |  
lah wawi bibaran |  
wus awanci lingsir ratri |

tan cinatur ing dalu warnanên enjang ||

37. Bakda Subuh samêkta sarapanipun |  
wus samya manadhah |  
tandya sasalaman sami |  
maring para santri kang jagi nêng langgar ||
38. Bang-bang wetan Hyang Surya arsa jumêdhul |  
madhangi bawana |  
Cêbolang sarecangnèki |  
wus alinggar saking astana Nglaweyan ||
39. Ngidul-ngetan ngambah sawah têngal talun |  
mlipir padhusunan |  
nyabrang lèpèn agung alit |  
yèn kadalon nyipêng anèng padhusunan ||
40. Enjang laju lumaku sasambèn wuwus |  
Cêbolang lingira |  
kakang Saloka Nurwitri |  
dimèn nora krasa sayah ing lumampah ||
41. Ulun (ng)gilut ngandikane pra linuhung |  
nagri Ngèksiganda |  
tanapi saurutnèki |  
wantahane ginêlung pirang prakara ||
42. Kang sinung ling ulun èstu dèrèng (ng)gayuh |  
kang dèndhar cêtha |  
pami sêkul lam kabukti |  
ulam munggèng rampadan wus ngandhar-andhar ||
43. Kang anyuguh anggêlarkên namanipun |  
ing satunggal-tunggal |  
lan pikantuke mring dhiri |  
sukalila nuntên dipunraosêna ||
44. Sampun malih raosipun yèn kacakup |  
namung namanira |  
satunggal kewala lali |  
têmah kadho-kadho botên sagêt nêdha ||
45. Dongong jangur kadi tiyang gêtun ngungun |  
mila kawêdharna |  
wantahing piwulang Jawi |  
panggêlunge rema mêngtas jinamasan ||
46. Kakang ingkang dhingin jalma wruh ing kukum |  
iku watêkira |  
adoh mring kanisthanèki |  
pamicara wèh rêsêpe kang miyarsa ||
47. Tatakrama ngêdohakên ing panyêndhu |  
kagunan kinarya |

Jilid 4 - Kaca : 44

- ngupaboga ing ngaurip |  
kalakuwan bêcik wèh ayuning raga ||
48. Ki Nurwitri Ki Salaka manthuk-manthuk |  
e e ora jamak |  
gangsal têngbung wus nyêkapi |  
nora rapal nora kawi (ng)gugu jarwa ||
49. Paran kakang mungguh raose galihmu |  
têka mupus rosan |  
kula ngêmbang-bolo yêkti |  
wangsalane Ki Panjangmas Ngèksiganda ||
50. Kadèk mau ngêmbang-nipah nir pamuwus |  
banjur kawistara |  
ngêmbang-salak sêmunèki |  
baleatma wangsalane Ki Panjangmas ||
51. Ki Nurwitri Saloka saya angguguk |  
Pala Kartipala |  
anut gumuyu nyêkikik |  
angling kula bêlo nut sêton kewala ||
52. Lampahipun wus awis mrangguli dhusun |  
ngambah ngara-ara |  
wana rancah suku wukir |  
jurang pèrèng runggut bondhot ngêmbak-êmbak ||
53. Lamun dalu sipêng planggrongan wana gung |  
trêbange tinatab |  
buron galak nyingkir têbih |  
têkèng enjang ganti-ganti kang narêbang ||
54. Purnamaning surya bidhal ngancas gunung |  
Kêndhêng ing duksina |  
saking mandrawa kaèksi |  
wukir alit wingit astana Majasta ||
55. Sinêrang wus praptèng sukuning kang gunung |  
miyat patêgalan |  
pasitrèn tumruna sami |  
tatanêman mawarna pinantha-pantha ||
56. Maraseba rajasèwu kusta talun |  
walingi sriwulan |  
garaita mas bêcici |  
kluthuk kêpok êbyar sidak pulut saba ||
57. Pala pêndhêm kênthang (m)bili talês kimpul |  
gêmbolo gêmbela |  
uwi suwêg bêstul linjik |  
kaspè tela pêthak rêta wungu pita ||

Jilid 4 - Kaca : 45

58. Jwawut otèk canthèl jèpèn jagung têbu |  
 timun pare ayam |  
 waloh labu bligo krai |  
 terong kopèk galathik lobak sê mangka ||
59. Cipir kara boncis kacang bayêm-sêkul |  
 lombok krupuk cagak |  
 tampar wudêl uprêt jêmprit |  
 dhapuran pring papagêring pakarangan ||
60. Rampal ori pêting pêtung wulung tutul |  
 ampèl gadhing jawa |  
 gêsing anggêndani lêgi |  
 ki cêndhani nyêkêl apus nyèngklak kuda ||
61. Mas Cêbolang lawan rencangira catur |  
 praptèng têtinira |  
 lèpèn Dèngkèng nèng ngandhaping |  
 witing kamal pinggêt tilasing pusara ||
62. Samya cawuk cawuk toya raup wisuh |  
 wênèh awak-awak |  
 nahên ta ingkang winarni |  
 pradikaning Majasta Jayamilasa ||
63. Wus wruh lamun ana dhatêngan linuhung |  
 parentah mring semah |  
 sadhiya sasêgah bukti |  
 gya mring lèpèn mèt toyastuti yun Ngasar ||
64. Tumurun sing arga nèng lèpèn wus tundhuk |  
 lawan Mas Cêbolang |  
 sasalaman gênti-gênti |  
 Ki Milasa wirangrong amanêmbrama ||

Jilid 4 - Kaca : 46

### 271. Wirangrong

1. Tigas kawuryan kang prapti |  
 manilakrama kaptèng-ngong |  
 sintên sinambat miwah ing pungkur |  
 tanapi kinapti |  
 masputu sadayanya |  
 Mas Cêbolang lon turira ||
2. Kyai (n)dangu nama mami |  
 pun Cêbolang rare ngloyong |  
 asli Kilènpraga tlatah Kêdhu |  
 yun mring Pranaragi |  
 rencang catur namanira |  
 pun Nurwitri Ki Saloka ||
3. Kartipala Palakarti |  
 ulun duk mahawan anon |  
 wukir alit pelag angunguwung |  
 kadêrêng yun uning |

- tan etang bahyèng marga |  
dhuh risang wrêdha ujwala ||
4. Sintên sinambating kang sih |  
tanapi namaning dhepok |  
Milasa duk myarsa lingira rum |  
masputu pun kaki |  
nama Jayamilasa |  
pradikaning Ngèksiganda ||
5. Sinungan pakaryan aming |  
rumêksa tilas dhêdhepok |  
kang sumare arga Majastèku |  
atmajèng narpati |  
Majapait pamungkas |  
Dyan Jakobodho namanya ||
6. Sabêdhahe Majapait |  
tambuh solaha sang anom |  
lajèng anyêkabat (n)jèng sinuwun |  
ing Têmbayat nguni |  
manjing agama Islam |  
sinung ran Sutawijaya ||
7. Tinuduh dhêdhepok wukir |  
Majasta praptaning layon |  
ran Kyagêng Majasta kang kinubur |  
nèng anggraning wukir |  
dene ta raganingwang |  
lamat-lamat taksih (ng)ganda ||
8. Kaprênah canggahirèki |  
Kyagêng ing Majasta dhepok |  
Cêbolang duk myarsa lon umatur |  
kyai yèn marêngi |  
ulun arsa jiyarah |  
mring astanèng sang minulya ||
9. Masputu langkung prayogi |  
bakda Ngasar lajèng mawon |  
maring pasareyan sun tumutur |  
wus samya wuluking |  
gya maring masjid wêkdal |  
bakda lajèng mring sareyan ||
10. Binuka kontênirèki |  
samya atur salam gupoh |  
maesan kalihnya manthuk-manthuk |  
tandha yèn tinampi |  
mila panggraitèng tyas |  
dudu santri sabarangan ||
11. Cêbolang sarencangnèki |  
nulya tahlil rêmpêg alon |

- tahlil wus paragat samya mêtû |  
atur salam malih |  
maesan dwinya ebah |  
manthuk-manthuk lir duk prapta ||
12. Sapraptanira ing jawi |  
Jayamilasa lingnya lon |  
masputu sadaya yèn saarju |  
lêrêm wismamami |  
gampil benjang-enjang |  
lajêng (n)dumugèkkên lampah ||
13. Sêdhêng nir rapuhing dhiri |  
tan wontên winalangatos |  
Cêbolang sukèng tyas aturipun |  
sumangga ing kapti |  
sakarsa tan lênggana |  
nulya binêkta mring wisma ||
14. Sapraptanira ing panti |  
sasêgah sampun mirantos |  
tinata pandhapa munggèng salu |  
wusing tata lênggah |  
sumangga sawontênnya |  
wedang tanapi nyamikan ||
15. Sawontêne tiyang ardi |  
lumayan jampining kator |  
yèn wus minum wedang saenipun |  
kewala abukti |  
kang sinung-ling sadaya |  
rumahab mring sasêgahnya ||
16. Pakantuk sadayanèki |  
wus dumugi gya linorot |  
wedang ingêjogan dharanipun |  
lah-olahan tuwin |  
wowohan pinuliyen |  
katungka suruping surya ||
17. Mèt hêr kadas ayun Mahrib |  
kênthongan tinatap thong-thong |  
para tamu miwah santrinipun |  
sadaya mring masjid |  
bêdhuge wus tinêmbang |  
Ki Nurwitri tandya adan ||
18. Lagu lalagon Mantawis |  
kang miyarsa samya gawok |  
bantasing suwara êmpuk arum |  
cêp adan sunati |  
Mahribi bakda sunat |  
Cêbolang anulya kamat ||

19. Swara rênyah muluh rujit |  
 ingkang myarsa samya lamong |  
 nyênyêsing wardaya mawêtu luh |  
 Milasa ngimami |  
 tumêkanirèng Ngisa |  
 bakda Ngisa pupujiyan ||
20. Dhikiran sêsêg mêlingi |  
 paragat salaman gupoh |  
 maring Kyai imam pra santri wus |  
 mudhun saking masjid |  
 ki wisma mring tamunya |  
 ulun sumarah sakarsa ||
21. Punapi wangsul mring panti |  
 punapi ngriki kemawon |  
 kang sinung ling matur ulun nyuwun |  
 sipêng wontên srambi |  
 Ki Milasa parentah |  
 hèn bocah santri dikêbat ||

5 Ing sapinggiring lèpèn Dêngkèng wontên wit asêm ing têngahipun mênggik alit. Miturut Ki Jayamilasa wit asêm wau ing jaman kinanipun kangge nancang gèthèkipun Jaka Tingkir. Lajêng kabèbèrakèn babadipun Jaka Tingkir nalika badhe suwita dhatêng Dêmak, numpak gèthèk. Lêrêm ing Majasta, gèthèk kacancang wit asêm ingkang tilasipun taksih katingal pinggêt alit ing têngah wau ...  
 kaca 48-55

Jilid 4 - Kaca : 48

22. (n)Jupuka kalasa lêmpir |  
 wedang kinang sata klobot |  
 nyamikane pisan sak-nanipun |  
 lan sunggata bukti |  
 pra rencang gya tumandang |  
 ngusung-usung wus tinata ||
23. Sampating panatanèki |  
 anulya manadhah royom |  
 rahab sadayanya wusnya tutug |  
 ingundurkên aglis |  
 anulya pamangsêgan |  
 wedang sês miwah wawohan ||
24. Gantya tinata ing ngarsi |  
 ki wisma lingira alon |  
 suwawi rinurah dharanipun |  
 pambirating amis |  
 ginontor wedang kahwa |  
 Cêbolang sakancanira ||
25. Wus mên dhêt sasukanèki |  
 sambèn matur tatanya lon |  
 sintên kang kagungan têngal talun |  
 myang pasitèn tuwin |

- kêbon tanêman samya |  
tumruna (n)dados wohira ||
26. Iba papajêngannèki |  
saundhuhan slawe kêton |  
Milasa angling aris inggih ulun |  
ingkang andarbèni |  
satirahing tinadhah |  
tatangga mancapat prapat ||
27. Sintên-sintêna kang apti |  
mêndhêt kang wus wanci ngundhoh |  
ulun sukalila nrusing kalbu |  
pramila basuki |  
kalis dursila ngrusak |  
malah tumut (n)dhangir ngrêksa ||
28. Kamirahaning Hyang Widdhi |  
bêrkahdalêm sang akatong |  
tiyang sa-Majasta samya cukup |  
têntrêm tyase sami |  
kalis dursila murka |  
sumungkêm maring agama ||
29. Cêbolang umatur inggih |  
kang makatên kacariyos |  
jakat ingkang êsah trusing kukum |  
mupangat dunya-kir |  
anjawi kang punika |  
kamal têtèping narmada ||
30. Wit Gêrêt têtèpunglang ngulit |  
ngarompyoh wingit kang sinom |  
paran suwadinya critèng dangu |  
Milasa mèsêm ngling |  
punapa dèrèng myarsa |  
cariyosing kala kina ||
31. Duk jaman ing Dêmak nagri |  
bilih dèrèng mirêng criyos |  
ulun badhe (ng)gêlar gotèkipun |  
rama duk suwargi |  
kamirêngakên lawan |  
lèlèh-lèlèh sasareyan ||
32. Cêbolang umatur aris |  
èstu dèrèng mirêng criyos |  
mugi kawêdharna ingkang turut |  
(ng)gih kula wiwiti |  
ingkang supados têtang |  
wit Dipati Dayaningrat ||
33. Inkang kêkitha ing Pêngging |  
pinundhut mantu sang katong |



- Prabu Brawijaya Majalangu |  
dhaup lan sang putri |  
Rêtna Pambayun ingkang |  
ibu putri saking Cêmpa ||
34. lajêng puputra kakalih |  
jalu abagus kinaot |  
awit timur gêntur tapanipun |  
ingkang sêpuh nami |  
Dyan Kêbokanigara |  
kang anèm Kêbokênanga ||
35. Sang dipati nulya lalis |  
putra kakalih padudon |  
pradondi agami ingkang sêpuh |  
Buda dènênggahi |  
lajêng martapa marang |  
kawah-kawahing kang arga ||
36. Sabêdhahing Majapait |  
kilap taksih kilap layon |  
Dyan Kêbokananga amiturut |  
agami Islami |  
sarak (n)Jêng Rasullolah |  
nèng Pêngging ngadêg Jumuwah ||
37. Gurunipun Sèh Sitibrit |  
sudara tunggil paguron |  
Kiyagêng ing Ngêrang Kyagêng Butuh |  
Kiyagêng ing Tingkir |  
catur saekapraya |  
kacriyos (n)Jêng Sultan Dêmak ||
38. Miyarsa putra ing Pêngging |  
Dyan Kêbokananga mirong |  
sanggarungining tyas tandya ngutus |  
pinisêpuh nami |  
Kiyagêng Wanapala |  
sarta binêktanan sual ||
39. Pan namung tigang prakawis |  
sapisan paran kang dados |  
kaniyatannira tulusipun |  
angibadah aming |  
punapi melik marang |  
mandhirèng karaton Dêmak ||
40. Ping kalih Sultan wus uning |  
yèn maksih santanèng katong |  
kaping tri punapa sababipun |  
tan purun sumiwi |  
atuse kang dhadhawah |  
Ki Wanapala gya mentar ||

41. Sapraptanipun ing Pêngging |  
lawan Kiyagêng wus panggoh |  
sasalaman samya sukèng kalbu |  
tanya tinanya ris |  
Ki Wanapala blaka |  
ingutus risang (n)jêng Sultan ||
42. Sinamar dhawuh narpati |  
dangu bêbantahan kawroh |  
suraos wus wikan niyatipun |  
Kiyagêng ing Pêngging |  
Ki Wanapala nulya |  
pamit mantuk marang praja ||
43. Matur mring (n)jêng sri bupati |  
wigatining kang wawados |  
Kyai Pêngging èstu malih-kayun |  
ing lair nêtêpi |  
anggènipun ngibadah |  
ananging batos sumêdya ||
44. Jumênêng sri narapati |  
sru bangkit nyamur lalakon |  
kathah aturira kang mrih lipur |  
dukaning narpati |  
Ki Pêngging winangênan |  
dwi warsa tartamtu sowan ||
45. Kacriyos kiyagêng Pêngging |  
mantuke utusan katong |  
lajêng katamuwan kadangipun |  
Ki Butuh Ngrang Tingkir |  
sabab mirêng pawarta |  
yèn Ki Pêngging tinimbangan ||
46. Mring Dêmak mopo tanapti |  
kadang tri samya kuwatos |  
bobolèh mrih ayu paksa puguh |  
sipêng kadang katri |  
tinanggapakên wayang |  
-bèbèr anyarêngi mangsa ||
47. Garwanipun Kyai Pêngging |  
wawrat wus sêpuh gya miyos |  
jalu langkung pelak angunguwung |  
nyarêngi drês riris |  
kinèn kèndêl ki dhalang |  
jabang-yi binarsiyan ||
48. Katur ing Kiyagêng Tingkir |  
pinangku ngandika alon |  
adhi anak para tuhu bagus |  
luhur dlajalnèki |  
bêgjane kang uninga |

Jilid 4 - Kaca : 50

si kulup dakwèhi aran ||

49. Mas Karèbèt sutamami |  
kadang tri dènnya mardhayoh |  
ngantya sadasa ri nulya mantuk |  
tan lami Ki Tingkir |  
dumugi jangji seda |  
Kya Pangging sru susahira ||
50. (n)Jêng Sultan Dêmak winarni |  
lami dènnira angantos |  
sowannya Kyai Pêngging dwi taun wus |  
tan ana sumiwi |  
(n)jêng Sultan graita |  
kalamun têtêp (m)balela ||
51. Kangjêng Sultan tandya nuding |  
ngêmban dudukaning katong |  
ingkang lumaksana Sunan Kudus |  
bêkta bëndhe nami |  
Ki Bicak kang wasiyat |  
saking marasêpuhira ||
52. Dipati Têrung ing nguni |  
tranging dhawuh nulya bodhol |  
praptanira Pêngging wus apanguh |  
lajêng bantah ngèlmi |  
Kya Pêngging kacêthikan |  
dènnya ngrangkêp pikajêngan ||
53. Ananging dipunandhêmi |  
Susuhunan Kudus gupoh |  
nyandhak sikutira kyagêng laju |  
binêlèk ngêmasi |  
(n)Jêng Sunan nulya linggar |  
saking Pêngging tinututan ||
54. Sagung kulawarga Pêngging |  
bramantya yun bela layon |  
sabar tyas narimah napsu larut |  
awit kataman ing |  
prabawanya Susunan |  
sadaya mundur kasmaran ||

Jilid 4 - Kaca : 51

### **272. Asmaradana**

1. Kulawarganya Ki Pêngging |  
ngrukti layonnya pinêtak |  
lor-wetan dalêm prênahe |  
antawis sapta ri garwa |  
nusul sedaning raka |  
Mas Karèbèt kawlasayun |  
ingopenan pra sêntana ||

2. Binêkta nyi randha Tingkir |  
dadya katêlah namanya |  
Ki Jaka Tingkir namane |  
diwasa gung tarakbrata |  
nyi randha sung pitêdah |  
kinèn pruwita mukmin gung |  
Ki Jaka anulya mangkat ||
3. Dumugi Sela pinanggih |  
kalayan Ki Agêng Sela |  
kalangkung rêsep driyane |  
sang Jaka pinundhut wayah |  
Ki Agêng nalikanya |  
nênêpi Ki Jaka tumut |  
siyang ratri tan apisah ||
4. Anuju sajuga ratri |  
Ki Agêng (n)dangu Ki Jaka |  
ing saelingamu thole |  
kowe tau ngimpi apa |  
Ki Jaka matur blaka |  
nalika tirakat ulun |  
dhatêng arga Telamaya ||
5. Supêna katiban sasi |  
anyarêngi ardi gograg |  
gumaludhug suwarane |  
sanalika kula kagyat |  
paran wahananira |  
lah jêbèng bêcik impènmu |  
iku ratuning supêna ||
6. Babo suwita-a maring |  
kangjêng sultan nagri Dêmak |  
kono wahananing impèn |  
ingsun asung pandongarja |  
lawan pamintaningwang |  
wuri turun-turuningsun |  
kaparênga nyambungana ||
7. Marang wahyunira kaki |  
Ki Jaka matur sumangga |  
Kyagêng sru lêga galihe |  
wus linggar saking ing Sela |  
mampir Tingkir apanggya |  
lan kang ibu wus tinutur |  
dhawuhe Kiyagêng Sela ||
8. Kang ibu suka ngamini |  
kulup dakgawani rewang |  
supaya anuduhake |  
aku duwe kadang lanang |  
lurahing Suranata |  
aranne Kiyagêng Ganjur |

bakal daktitipi sira ||

9. Mêngko lagi matun gagi |  
Ki Jaka gya mring pagagan |  
tumuntur matun gagane |  
dupi praptèng wanci Asar |  
mêndhung grimis dhumawah |  
Sunan Kalijaga langkung |  
cakêt têping pagagan ||
  
10. Sarwi angandika aris |  
jêbèng ywa katungkul (ng)gaga |  
[ . . . ] |  
sabab sira bakal raja |  
amêngku tanah Jawa |  
wusing ngandika sang ulun |  
mentar datan katingalan ||
  
11. Ki Jaka gya mantuk aglis |  
cariyos mring ibunira |  
kamantyan suka galihe |  
bêja bangêt sira nyawa |  
olèh wahyu pitêdah |  
de kang angandika mau |  
Jêng Susunan Kalijaga ||
  
12. Dhuh nyawa mangkata aglis |  
Ki Jaka nêmbah wus mangkat |  
kêkalih kang ngiringake |  
praptèng Dêmak wus pinanggya |  
lawan Ki Ganjur tandya |  
mahyakkên wawêlingipun |  
kang ibu katur sadaya ||
  
13. Nagri Dêmak kang mandhiri |  
sampun putrane Rahadyan |  
Trênggana de jujuluke |  
(n)Jêng Sultan Jimbun Pamêkas |  
Ki Jaka wus suwita |  
kanggêp langkung sihing prabu |  
pinacak lurah tamtama ||
  
14. Kang sarta pinundhut siwi |  
winênangkên ngambah pura |  
karsadalêm sang akatong |  
mêwahi wira tamtama |  
nanging mawi cinoba |  
nabok sirah banthèng rêmuk |  
kalêbêt wira tamtama ||
  
15. wontên tiyang Kêdhu Pingit |  
Dhadhungawuk namanira |  
warna sigug kau awon |  
wus komuk têguh digdaya |

Jilid 4 - Kaca : 52

- mring Dêmak yun suwita |  
dadya tamtama wus katur |  
lurahing wira tamtama ||
16. Ki Dhadhungawuk tinari |  
punapa purun cinoba |  
sinuduk sagah ature |  
Ki Jaka lajêng anyêlak |  
sarwi anyuduk sadak |  
ing dhadhane Dhadhungawuk |  
pêcah dhadha wus palastra ||
17. Tamtama kang anèng ngarsi |  
kinon namakakên katga |  
wus arang kranjang jisime |  
kauningan ing sang nata |  
bêndu mawinga-winga |  
Ki Jaka Tingkir tinundhung |  
saking ing nagara Dêmak ||
18. Wus mentar saking nagari |  
asru kaduwunging nala |  
ing solah kang wus kalakon |  
kalangkung kawêlasarsa |  
lampah tumbuh sinêdya |  
praptèng rêdi Kêndhêng pangguh |  
lawan Kiyagêng ing Bêtah ||
19. Kiyagêng lingira aris |  
warnamu mèmper si kakang |  
Kyagêng Pêngging kang wus layon |  
namung bagus brêgas sira |  
ing ngêndi kang pinangka |  
Ki Jaka mên dhak rawat luh |  
wus katur sadayanira ||
20. Ki Jaka rinangkul aglis |  
nulya binêkta ing wisma |  
angaturi ing kadange |  
Kiyagêng Ngêrang praptanya |  
wus ingaturan wikan |  
Kyagêng Ngêrang ngrangkul gapyuk |  
kalara-lara karuna ||
21. Rapihing sadayanèki |  
Kyagêng Butuh Kyagêng Ngêrang |  
pitutur piwulang kasok |  
sarêng sampun pitung wulan |  
kinèn wangsul mring Dêmak |  
utawi mring Tingkir wangsul |  
Ki Jaka anulya mangkat ||
22. Praptèng (n)jawi Dêmak nagri |  
mêlingkên wira tamtama |

- tinanya punapi katong |  
sampun andangu ragèngwang |  
tamtama wangsulannya |  
sultan dèrèng wontèn (n)dangu |  
Ki Jaka ngrêsing wardaya ||
23. Mring kancanya (n)dum basuki |  
kesah malih saking Dêmak |  
praptèng ing Pêngging lampahe |  
ing dalu sare dèdagan |  
pasareyaning rama |  
dupi antuk kawan dalu |  
miyarsa swara têtela ||
24. Jêbèng umentara aglis |  
ngidul-ngetan yèn wus prapta |  
ing Gêtasaji cakête |  
kono ana wong dhêdhêkah |  
kaloka ing bawana |  
Kyagêng Buyut Banyubiru |  
sadhawuhe lakonana ||
25. Kagyat dènnira aguling |  
pungun-pungun lumaksana |  
gantya ingkang kacariyos |  
Ki Buyut lan putra angkat |  
kang nama Kimas Manca |  
asal saking ing Talpitu |  
sukuning kang Lawu arga ||
26. Dene ingkang asisiwi |  
anama Ki Jambaleka |  
kang gêntur kasutapane |  
inggih trahing Majalêngka |  
Mas Manca sinung wikan |  
têmbe dadya wrangkèng ratu |  
bakal ratumu mèh prapta ||
27. Padhepokan Toyawilis |  
têmbe yèn wus tigang candra |  
ênggonne nèng dhepokingong |  
iku kulup wus andungkap |  
jumênênging narendra |  
tanah Pajang kuthanipun |  
ratu sêkti mandraguna ||
28. Kineringan kanan kering |  
wingit singit karatonnya |  
kulup iku sajatine |  
têdhak Pêngging Dayaningrat |  
de pêpatihe sira |  
ingsun kang angreka besuk |  
tumuline madêg nata ||

29. sarêng sampun kalih ari |  
Radyan Jaka Tingkir prapta |  
ing Banyubiru inggale |  
pinundhut pinutra-putra |  
langkung ingêla-êla |  
sinadhèrèkkên satuhu |  
dadya rayine Mas Manca ||
30. Ki Buyut ing Toyawilis |  
trêsna sih ing kalihira |  
nêlas tapis piwulange |  
ing rèh jaya kawijayan |  
madêg ji kasampurnan |  
wusing jangkêp tigang têngsu |  
Ki Buyut ngandikèng putra ||
31. Ênggèr wus mangsa sirèki |  
ngaton marang ramanira |  
ing (n)Jêng Sultan Dêmak rêko |  
mumpung rêndhêng sri narendra |  
tartamtu nêng Parwata |  
sun-gawani sarat kulup |  
kang bakal dadi jalaran ||
32. Wawuhan lan sri bupati |  
Ki Buyut gya ngruwêg kisma |  
katêlah praptèng samangke |  
tilasing kang pakruwêkan |  
gya mêdal tirtamaya |  
pinêndhêtan rintên-dalu |  
toya botên lukak-lukak ||
33. Siti pinaringkên maring |  
Dyan Jaka miwah winêkas |  
yèn wus parêk praja anggèr |  
lan kadhaton ing Prawata |  
kisma iki jêjêlna |  
kupinge maesa-danu |  
masthi ngamuk mring Parwata ||
34. Wong sa-Dêmak datan bangkit |  
matèni maesa krura |  
iku margane sang katong |  
andangu maring ing sira |  
yèn kinèn matênana |  
mring maesa-danu mau |  
buwangên dhingin sitinya ||
35. Tamtu kêna ko(k)patèni |  
lan dakwêhi kanthi tiga |  
Mas Manca dwi kadang ingong |  
Ki Wuragil namanira |  
katrine ran Ki Wila |  
iku kaponakaningsun |



anake Buyut Majasta ||

36. Katêlu poma ywa nganti |  
pisah lawan sira nyawa |  
Ki Jaka langkung suka |  
manêmbah nuwun turira |  
Ki Buyut gya parentah |  
damêl gèthèk ingkang ayun |  
tinumpakan mring Ki Jaka ||
37. Wêdal samantên marêngi |  
Kiyagêng Majasta prapta |  
Banyubiru atitinjo |  
sarêng gèthèk sampun dadya |  
Ki Jaka kinèn mangkat |  
kanthi kadang tri tan kantun |  
anyarêngi kondurira ||
38. Kyagêng Majasta gya pamit |  
wus linilan tandya budhal |  
Kyagêng Buyut ngatêrake |  
winantu-wantu ing donga |  
wus numpang gèthèk samya |  
toya lèpèn nuju agung |  
gèthèk milir nir sangsaya ||
39. Tan antawis dangu prapti |  
lèpèn Dêngkèng ing Majasta |  
lampahnya pininggirake |  
kèndêl sangandhanya kamal |  
gèthèk lajêng cinancang |  
wontên ing wit kamal wau |  
Kiyagêng nulya tumêdhak ||
40. Ki Jaka sakanthinèki |  
umiring mring padhepokan |  
tigang dintên dènya rèrèh |  
lajêng (n)dumugèkkên lumpah |  
Jaka Tingkir Mas Manca |  
Wilatigta Wragil sampun |  
munggèng ing gèthèk sadaya ||
41. Kiyagêng ngatêr têtèping |  
lèpèn sangandhaping kamal |  
sampun pamit sadayane |  
Kiyagêng nêngèng ngawiyat |  
(n)dédonga ing Hyang Suksma |  
miwah aparing pangèstu |  
pusara wus inguculan ||
42. Dhinadhung kang gèthèk milir |  
Kyagêng miyat witing kamal |  
pangandikanira alon |  
singgêt kupêng witing kamal |

Jilid 4 - Kaca : 55

tabête kang kandharat |  
têkèng mangke taksih wujud |  
makatên gotèking bapa ||

43. Sadaya suka miyarsi |  
Mas Cêbolang aturira |  
Kyagêng Pêngging ing sedane |  
binêlèk sikut kang kiwa |  
Jaka Tingkir kadukan |  
linorod darajadipun |  
wit saking ampuhing sadak ||
44. Radi nyêmu raos wadi |  
Ki Milasa mèsêm lingnya |  
sumangga kang pramèng maos |  
Mas Cêbolang malih turnya |  
Ki Buyut kang minulya |  
dhêdhepok ing Banyubiru |  
sintên ingkang apuputra ||
45. Tuwin sinambating wangi |  
baya trahing witaradya |  
samantên kalangkungane |  
masputu criyosing bapa |  
risaking Majalêngka |  
putra angka wolulukur |  
nama Radyan Ariwangsa ||
46. wontên ing Pilang têtèki |  
anama Kiyagêng Pilang |  
nyêkabat (n)Jêng Sunan Lèpèn |  
kabudan sampun sampurna |  
nandhang agami mulya |  
(n)Jêng Susunan Lèpèn dhawuh |  
jêbèng sunlilani sira ||

6 Ki Jayamilasa nyambêt cariyos bab Ki Buyut Banyubiru muridipun Sunan Kalijaga. Turunipun, i.p., Sèh Hèrcaranu sampun aragasukma. Jurukunci Banyubiru pakaryanipun êmpu dhuwung mawi toya wantah ingkang rumêmbês saking sela ing sêndhang Selakapa, Mas Cêbolang lajêng dhatêng Banyubiru.  
Ing dhusun Taruwangsa sami jiyarah ing pasareyanipun Ki Agêng Banjarsari; lampahipun kalajêngakên dhatêng sêndhang Selakapa, sami nyêlupakên dhuwungipun piyambak-piyambak, tosanipun katingal mêlês wingit. Sêndhang Purusa, cariyosipun: sintên ingkang nênpèpi ing ngriku, badhe pêputra kanthi raharja. ...  
kaca 56-59

Jilid 4 - Kaca : 56

47. Mratakkên sarengat Nabi |  
myang mêdharkên sasêngkêran |  
maring jalma kang wus salèh |  
nanging yèn mêdhar pingitan |  
sira mênయా arga |  
aranne ing Banyubiru |

parêk arga Gajahoya ||

48. Aranna Purwaka-sidik |  
sawusira mêdhar rasa |  
kungkuma ing sêndhang kono |  
kang katon biru hêrira |  
Kiyagêng tan lênggana |  
lajêng dhepok Banyubiru |  
mung Ki Buyut sêbutannya ||
49. dalêm sasêbutan kalih |  
wontên Pilang Kyagêng Pilang |  
nèng Hèrbiru sêbutanne |  
Ki Buyut ing Toyagêdhah |  
myang yasa padhêkahan |  
prênah êlèr-kilènnipun |  
winastanan Taruwangsa ||
50. Wafatipun bokmanawi |  
inggih wontên Toyagêdhah |  
awit wontên astanane |  
bilih saking padhepokan |  
kaprênah kidul-wetan |  
ngantos samangke lêstantun |  
pinundhi pinindha jimat ||
51. Wangsul (m)borongakên maring |  
dhatêng kang pramèng surasa |  
namung samantên criyose |  
matur Kimase Cêbolang |  
samangke têdhakira |  
Kyai Buyut Banyubiru |  
kang dèdalêm Toyagêdhah ||
52. Panapi inggiha taksih |  
masputu taksih satunggal |  
Sèh Hèrcaramu wastane |  
puniku kaprênah canggah |  
sampun anragasuksma |  
sring rawuh ing Banyubiru |  
awis kang sagêd pinanggya ||
53. De kang dados jurukunci |  
rumêksa ing pasareyan |  
tunggil darah lawan ingong |  
sami darahing Majasta |  
nanging saking wanita |  
nguni wontên putra Galuh |  
Dyan Banjaransari nama ||
54. Pinundhut mantu Kiyai |  
Majasta sinungan prênah |  
nèng Taruwangsa dhêdhepok |  
dene ingkang dadya nipkah |  
muhung damêl curiga |

sinêpuhan toya lugu |  
kang rumêmbês saking sela ||

55. Dumugi samangke taksih |  
wasta sêndhang Selakapa |  
tan kenging asat toyane |  
kathah ingkang ngalap barkah |  
nyêlupakên gêgaman |  
èstu agung sawabipun |  
ampuh gya ya kalis tinja ||

Jilid 4 - Kaca : 57

56. Kiyagêng sêbutannèki |  
ngantos dumugining wafat |  
nèng Taruwangsa makame |  
canggahipun ingkang wrêdha |  
wontên ing Toyagêdhah |  
ran Ki Suhud de rinipun |  
Ki Sahid nèng Taruwangsa ||
57. Mas Cêbolang duk miyarsi |  
gotèke Kyai Milasa |  
kalangkung adrêng karsane |  
ayun uning Taruwangsa |  
kalawan Toyagêdhah |  
alon matur dhuh sang luhung |  
bakda Subuh benjang-enjang ||
58. Kawula anyuwun pamit |  
muhung pangèstu paduka |  
myang ywa kirang pangaksamane |  
yun uninga Taruwangsa |  
kalawan Toyagêdhah |  
masputu kalangkung atut |  
kula kang ayun ngatêrna ||
59. Maring Taruwangsa tuwin |  
maring Banyubiru pisan |  
Mas Cêbolang sarencange |  
sangêt nuwun sukarêna |  
kèndêl wus samya nendra |  
saliyêpan myarsa bêdhug |  
titiga tangi sadaya ||
60. Mring paheran asusuci |  
miwah ngambil toya kadas |  
radi awal ing nêptune |  
Subêki sawusing bakda |  
sasarapan lumadya |  
jadah wajik wedang bubuk |  
kupati lonthong gudhêg manggar ||
61. Ulam ayam adhêm gajih |  
bubuk dhêle tigan ayam |  
mirantos ngancaran age |

wawi masputu sarapan |  
sadaya kang liningan |  
samyã tuturuh gya kêmbul |  
wus dumugi dènnya nadhah ||

62. Ki Milasa maring panti |  
ambejani mring rubiyah |  
kang anèng srambi mirantos |  
sawangsulira mring langgar |  
tamu wus nèng plataran |  
tandya budhal umun-umun |  
Cêbolang giris umiyat ||

### 273. Girisa

1. Ing lampahe Ki Milasa |  
kêngkêng rikat tan rêkasa |  
udakara umurira |  
langkung saking pitungdasa |  
ngambah marga alit ngarga |  
rumpil minggah tumurunnya |  
ri kang soroting baskara |  
abra madhangi bawana ||
2. Wèh sènênning arga-arga |  
kang tan mawa tarulata |  
sumilak (n)jalèrèh cêtha |  
de kang kathah tanêmannya |  
miwah kadunungan desa |  
wênês ijo angrêmbaka |  
barungan swaraning kaga |  
sênêng kang mahawan marga ||
3. Kang ngucul lêmbu maenda |  
sumêbar lêmpènging arga |  
rarywa ngon mlangkrong kamlaka |  
anglêthusi woh nom tuwa |  
katon sênêng ura-ura |  
ngalangut sa-siring nala |  
mêlang-mêlung jangja dawa |  
ngalênthar tan tiba pada ||
4. Kang mahawan samya suka |  
sangsaya mêmpeâng ra-ura |  
nahan ta ing lampahira |  
wus prapta ing Taruwangsa |  
Ki Sahid dupi uninga |  
lamun kadangira wrêdha |  
Ki Milasa ing Majasta |  
(m)bêta tamu brêgas mudha ||
5. Tundhuk sasalaman samya |  
Ki Milasa wus pratela |  
têtamunira lèlima |  
nama miwah pinangkanya |

Jilid 4 - Kaca : 58

tanapi ingkang sinêdya |  
Kyai Sahid sukarêna |  
alon wijiling wacana |  
botên wontên sanèsira ||

6. Kula lan kakang Milasa |  
mila sampun wancakdriya |  
ulun sumarah ing karsa |  
punapa inggih lajênga |  
minggah dhumatêng astana |  
lèrèh rumuhun mring wisma |  
Mas Cêbolang aturira |  
kajawi karsa paduka ||
7. Prayogi lajêng kewala |  
ngujung maring ing astana |  
antuka supangatira |  
kiyagêng ingkang minulya |  
bilih wus tahlil sumangga |  
sakarsa datan lênggana |  
Milasa cumondhong karsa |  
tandya minggah mring astana ||
8. Praptèng pasareyannèki |  
Kiyagêng Banjaransari |  
asung salam sadayèki |  
wontên suwara mangsuli |  
kagyat kang samya miyarsi |  
garjita sajroning ati |  
kalamun alim sayêkti |  
nulya tahlilan sarènti ||
9. Bakdaning tahlil kawuryan |  
ngunguwung kang pasareyan |  
nulya mundur asung salam |  
para tamu ingaturan |  
mampir maring padhepokan |  
praptèng panti ingancaran |  
pinarak gya sinungatan |  
wedang gantèn pangêsêsan ||
10. Tan pantara dangu nulya |  
sugata nadhah tinata |  
sampêt lam-ulamanira |  
sêkul bucu liwêt saha |  
Ki Sahid (n)dhêku lingira |  
kiraka myang wayahkula |  
atur buja sawontênnya |  
Milasa manthuk sumangga ||
11. Wawanting anulya nadhah |  
kang samya sinung ling gêpah |  
wanting adan samya nadhah |  
nuju nêdhênging kang wayah |

- katoran sêmada sayah |  
pakantuk kang samya nadhah |  
wus dumugi gya rinurah |  
mring pra batih jalêr kathah ||
12. Ki Wisma ngling paran karsa |  
kèndêl tanapi lajênga |  
Mas Cêbolang aturira |  
bilih kaparêng ing karsa |  
prayogi lajêng kewala |  
Ki Milasa lon lingira |  
adhi aku borong sira |  
Ki Cêbolang atêrêna ||
13. Sun wangsul kene kewala |  
masputu andum raharja |  
sadaya nuwun turira |  
nahên sawusing samêkta |  
tandya mangkat sadayanya |  
wangsul Ki Jayamilasa |  
Ki Sahid wah tamunira |  
praptèng sabin lampahira ||
14. Miyat pantun warna-warna |  
mèh (n)dungkap pamêndhêtira |  
Mas Cêbolang lon tatanya |  
Kyai sintên kang nanêma |  
pantun kathah warninira |  
punapi namane samya |  
masputu tanêman-kula |  
sanès-sanès namanira ||
15. Tambakmênur Sokanandi |  
Papah-arèn Mênthik-wangi |  
Jaka-bonglot Pêndhok-wêsi |  
Dhudha-ngasag lan Cêndhani |  
Randha-mèntèr nyêlamêti |  
kalawan kêtan warna tri |  
kang cocog lan siti ngriki |  
mèh kasupèn angampiri ||
16. Miyat sêndhang Toyakapa |  
lampahira sampun prapta |  
nuju agung toyanira |  
kang sami angangge katga |  
nyêlupakên gantya-gantya |  
ingêntas garing sakala |  
tan ana labêting toya |  
mindhak mandhês kang guwaya ||
17. Kawangwang mêlês wingitnya |  
samya sukuring Hyang Suksma |  
lajêng lampahira prapta |  
sêndhang kayoman mandira |  
wanci Luhur kèndêl nulya |

samya wulu sadayanya |  
gya wêkdal sawusnya bakda |  
Nurwitri nèng tēpinira ||

18. Sêndhang cawuk-cawuk toya |  
galêgês ngawe Saloka |  
kakang iki tamatêna |  
mèmpêr kaya anunira |  
Ki Sahid ngartikèng driya |  
(ng)gih lèrês masputu mila |  
nama kang Sêndhang Purusa |  
sintên kang siram èstunya ||

19. Dadya kuwat kang sarira |  
bilih tan darêman putra |  
dalû nêpi enjangira |  
ngajêngkên plêthèking surya |  
lajêng siram nêlês rema |  
insa Allah botên lama |  
darbe tuwuh tur raharja |  
kang wus kalakyan sanyata ||

7 4. Lampahipun dumugi sêndhang Banyubiru ingkang rumiyinipun papan mêtang ngèlmu raos, sarta sami ningali siti ingkang kaangge Jaka Tingkir anggala maesa. Maesa ngamuk, ingkang sagêd nyêpêng namung Jaka Tingkir. Lajêng sami jiyarah ing astana Banyubiru. Mas Cêbolang kapengin kapanggih Sêh Hèrsaranu, dumadakan mirêng suwantên bilih sagêdipun kapanggih Sêh Hèrcaranu benjing mênawi sampun emah-emah wontên ing Wanataka ... kaca 60-61

Jilid 4 - Kaca : 60

20. Wusing aring lumaksana |  
tan cinatur lampahira |  
tlatah Banyubiru prapta |  
miyat tatanêmanira |  
dhangkèl êmpu warna-warna |  
pinantha-pantha (ng)gènnira |  
kêncur sèdhête watara |  
laos gêdruge ngrêmbaka ||
21. Kunci borose tumruna |  
puyang prit kapur-dipangga |  
lirihe sumêdhêng samya |  
sunthi jae kunir-seta |  
bêngle dlingo têtumu-krêsna |  
êpoh glènyèh giring lathya |  
wrêsah pacing puspanyidra |  
brambang bawang cabe mrice ||
22. Nahên Ki Suhud kang lagya |  
sênêng myat tanêmanira |  
kawistara sing mandrawa |  
Ki Sahid dadya pangarsa |  
urut kacang lampahira |  
gupuh mlajêngi wus panggya |



- rarangkalan sung pambagya |  
myang tatanya rencangira ||
23. Ki Sahid uwus sajarwa |  
ing purwa madya wasana |  
Ki Suhud gya jawatasta |  
mring Cêbolang sarencangnya |  
myang nyênyês wijiling sabda |  
rèh ulun tiyang ing arga |  
sigug kau pamicara |  
sampun kirang pangaksama ||
24. Alit tumêkèng samangkya |  
dèrèng nate ngambah praja |  
ulun kadangipun wrêdha |  
lan Ki Sahid Taruwangsa |  
masputu krama kawula |  
Cêbolang suka turira |  
dhuh lae botên kadosa |  
sakarsa ywa wancakdriya ||
25. Sanadyan nêmbè kêpanggya |  
saèstu raosing nala |  
tarlèn sih sumungkêm kula |  
lan rinta Ki Taruwangsa |  
Ki Suhud kapadhan-karsa |  
alon wijiling wacana |  
suwawi miyat talaga |  
Banyubiru kang kinarya ||
26. Nguni mêjang ngèlmi rasa |  
myang miyat patilasannya |  
kisma pinêndhêt kinarya |  
anggala kanang maesa |  
Cêbolang matur sumangga |  
saksana gya lumaksana |  
wusnya umiyat sadaya |  
gya mring sêndhang kidulira ||
27. Astananya sang minulya |  
Purwata sidik sudibya |  
wus sêdhêng Asar wêktunya |  
samyu wulu minggah nulya |  
mring masjid alit sadaya |  
Kyai Suhud imamira |  
ing wêktu Ngasar wus bakda |  
sung salam nêngên mangiwa ||
28. Pêtêng dhêdhêt madyantara |  
mêndhung angêndhanu krêsna |  
mabarung kang wujud mala |  
Suhud Sahid lan tamunya |  
saking masjid mring astana |  
binuka kori wus mênga |

Jilid 4 - Kaca : 61

- atur salam sadayanya |  
nyarêngi jawah prahara ||
29. Amung luhuring astana |  
sumilak lir mawa teja |  
tan wontên grimis tumiba |  
kanan kering drês jawahnya |  
ayêm kang nêng jro astana |  
Cêbolang sarencangira |  
sangêt ngungun ing wardaya |  
Ki Buyut agung kramatnya ||
30. Gya tahlil paragatira |  
andonga matumpa-tumpa |  
galudhuk lir barung swara |  
balêdhèg ngamini munya |  
ing sabakdanira (n)donga |  
sumilak blas ngantariksa |  
sumorot trang Sang Hyang Surya |  
lon sumuruping bantala ||
31. Ki Buyut ngling mring tamunya |  
masputu prayoginira |  
aso rumuhun mring wisma |  
nyi wisma sampun sadhiya |  
sugata sawontênira |  
Mas Cêbolang aturira |  
sumangga (n)dhèrèk sakarsa |  
nanging sajroning wardaya ||
32. Dahat kepengin kapanggya |  
lan Sèh Hèrcaranu mulya |  
pakèwêd yun mêtiharêna |  
anulya mirêng swara |  
hèh Suhud sira waraha |  
iya marang tamunira |  
Cêbolang dènnya yun panggya |  
lan Sèh Hèrcaranu mangkya ||
33. Iya durung mangsanira |  
têmbe yèn wus palakrama |  
kalunta nêng wana pringga |  
ing kono (ng)gonne kapanggya |  
myang sung prênah Wanataka |  
aywa sumêlang ing nala |  
Cêbolang dupi miyarsa |  
dahat jrih sumungkêm kisma ||
34. Jênggèlèk Ki Suhud tanya |  
paran kang dadya daruna |  
punapinggih mirêng swara |  
katrangan krêntéging nala |  
kang dhinawuhkên mring kula |  
Cêbolang mèsêm aturnya |  
inggih mirêng tur têtela |

sangêt panuwun kawula ||

35. Tandya atur salam samya |  
sawawêngkoning astana |  
siti mobah kaping tiga |  
lir lindhu obahing kisma |  
wus mundur saking sêtana |  
sapraptanira ing wisma |  
Hyang Surya sampun diwasa |  
mèt toyastuti sadaya ||
36. Wus minggah maring ing masjid |  
adan ayun wêdal Mahrib |  
Ki Suhud ngimani tartip |  
Ngisane gantya Ki Sahid |  
ing sabakdanira Ngisa |  
dhikir atanapi (n)donga |  
paragat wangsul mring wisma |  
Ki Suhud manis lingira ||

8 Lampahipun dumugi dhusun Têlêng sumêrêp sêndhang Tirtamaya. Miturut kaol, sintên ingkang adus ing sêndhang cacah sanga ing laladan ngriku, mangka rampung sadèrèngipun plêthèking surya, yêkti tênguh timbul tuwin yuwana ...  
kaca 62-63

Jilid 4 - Kaca : 62

37. Masputu sadayanira |  
sawontênnipun sumangga |  
wedang têmu gêndhis klapa |  
nênênas saliting jangga |  
sae tumraping sarira |  
dhumatêng padharan lêga |  
kang sinung ling rahab samya |  
wus ngombe sasukanira ||
38. Kraos nikmat kang sarira |  
ngling malih rêh wus tinata |  
wawi nadhah sawontênnya |  
wawanting Bismillah nulya |  
nadhah rêsêping kang nala |  
pakantuk wusnya dumugya |  
ngundurkên gantya lumadya |  
mêmangsêgan pisang raja ||
39. Pulut cêklèk garaita |  
pisang-mas jambu-drêsana |  
samya mênthêt sasukanya |  
Cêbolang matur ki wisma |  
kalangkung panuwun-kula |  
ginunturan bojakrama |  
langka kalamun sagêda |  
ngaturi ingkang pinangka ||

40. Tibaning sih bojakrama |  
kajawi ingkang punika |  
benjang-enjang kalilanna |  
anglajêngakên lumaksana |  
ki wisma mèsêm lingira |  
masputu aywa rinasa |  
èstune ulun sadarma |  
dadya lantaran kewala ||
41. Yèn pinarêng ing Hyang Suksma |  
ulun ngatêr tédah marga |  
mêdal ing Têlêng kewala |  
wontên sabinne pinirsa |  
Cêbolang kalangkung suka |  
ulun nyarêngi kewala |  
mantuk maring Taruwangsa ||
42. Tan cinatur dalunira |  
enjinge Subuh wus bakda |  
sarapan kêtan ra-ura |  
panggang cacah ayam dhara |  
sambêl windu mawur pêra |  
gêndhis arèn wedang kahwa |  
nadhah sarapan wus bakda |  
Sahid sung salam warata ||
43. Winantu pandonga arja |  
budhal jawi dhadhah prapta |  
rujak sêntul bêbasannya |  
ngalor mantuk Taruwangsa |  
Suhud ngidul satamunya |  
ngancas ngetan sawatara |  
praptèng arga Gajahoya |  
miyat pongoling ancala ||
44. Pindha tutuking kang naga |  
krura arsa amamangsa |  
ranang minangka wisanya |  
tênggok (n)dlêdêg mêdal toya |  
wêning mancuring sahasta |  
cêlak pancuraning toya |  
ana arcane dipangga |  
anjrum wingit sêmunira ||
45. Dangu dènnira mariksa |  
linajêng lampahira |  
praptèng sakiduling arga |  
Gajahmungkur Tlêng wastanya |  
kèndêl ngandhaping sridênta |  
anon sêndhang Tirtamaya |  
Ki Suhud ngling lah punika |  
sintên kang siram tan lama ||

Jilid 4 - Kaca : 63

46. lajêng subur wulunira |  
sakojur kadi rewanda |  
lan wontên sêndhang sasanga |  
plêncat-plêncat panggenannya |  
sintên kang sagêda siram |  
sadaya wradin sasanga |  
datan kawêdalan arka |  
èstu têtuh timbul ywana ||
47. Datan mawi tarakbrata |  
mila tyang arga Duksina |  
ing saurutipun samya |  
kathah kang lampah tan harja |  
nir èngêt apêsing raga |  
munyal-munyal tan riringa |  
wawi prayogi pinirsa |  
Cêbolang matur sumangga ||
48. Wusing myat sêndhang sasanga |  
Ki Suhud alon lingira |  
masputu sadayanira |  
ulun asung kang pujarja |  
margi mangetan punika |  
lajêng anjog Wana-arga |  
sasungapaning kang arga |  
mring Pacitan Pranaraga ||
49. Cêbolang nuwun aturnya |  
wus atur salam sadaya |  
sigêg Ki Suhud antuknya |  
nahên wau lampahira |  
Cêbolang sarencangira |  
anêlasak wana-arga |  
tan cinatur laminira |  
praptèng Wanagiri tandya ||
50. Kèndêl krajan Girimarta |  
nèng têpi sêndhang Hèrmaya |  
ayêm mandira ngrêmbaka |  
anêtrêmakên sarira |  
Palakarti Kartipala |  
(ng)galoso nèng tambi sarya |  
têrbang pinêngkul nèng jaja |  
tinabuh rêm-rêm netranya ||
51. Kasiliring samirana |  
liyêr-liyêr têtahendra |  
tarêbang tumutup muka |  
ngorok nêmpuh trêbang munya |  
kadi tinatap ing ngasta |  
Ki Nurwitri Ki Saloka |  
singiran angon irama |  
Cêbolang sru sukèng nala ||

52. Nèng tēpining sêndhang sarya |  
 cawuk-cawuk anèng toya |  
 wanci ngangsu pra wanita |  
 ruruntungan anom tuwa |  
 mratah manis suluh surya |  
 mandhês alus kulitannya |  
 sumèh-sumèh mērakatya |  
 karisik galak ulatnya ||

9 III. Mirêngakên bab ulah-asmara tuwin sipating wanita. Mas Cêbolang namur dados èstri ngantos dumugi Sêlaung nyumêrêpi gêsangipun para warok. Lumampah mangetan tumuju dhatêng Pacitan. Ing Girimarta kapanggih Endrasmara, putranipun Kêtib Winong ing Mataram, ing ngayêng badhe ngaos dhatêng Panaraga kandhêg ing Girimarta sêsamah Rara Indradi putranipun Kyai Haji Nurgirindra. Endrasmara mila karêm ulah-asmara, semahipun sakawan sami rukun ...  
 kaca 64-68

Jilid 4 - Kaca : 64

53. Kandhêg mangu anon janma |  
 miwah nilingkên suwara |  
 trêbang ririh panatapnya |  
 singir alon bênging cêtha |  
 saya maju kang mèt toya |  
 tamat kang nrêbang wong nendra |  
 sukèng tyas ngampêt gujêngnya |  
 ting kalikik tutup lathya ||

54. Sangsaya hardaning suka |  
 latah-latah mawèh gita |  
 kang singir kang langên taya |  
 samya (n)jumbul nolèh mirsa |  
 dyah kang ayun ngambil toya |  
 Cêbolang ngling lah sumangga |  
 pra èstri dupi uninga |  
 Cêbolang bagus kang warna ||

55. Cêp kèndêl salin salaga |  
 kengis ngêsês nahên brangta |  
 lir kataman dhêsthiguna |  
 wurunging pangangsunira |  
 tumanduk liringing netya |  
 Cêbolang tanggap ing karsa |  
 pra dyah kataman asmara |  
 nar-naran mijil kang waspa ||

#### 274. Mijil

1. Kalênthinge nora dênrawati |  
 tēmah mrucut mak prok |  
 jajorogan sarwi nolèh-nolèh |  
 wênèh kabêntus ing padhas curi |  
 kari gulunèki |  
 pangindhite bêsus ||

2. Mèyèk-mèyèk wonga-wonga kengis |  
sumêkan ngalowong |  
pindha wulan katamèng himane |  
sasorote sasangka mranani |  
swadine mêmengin |  
mring sang klanèng ranu ||
3. Nahan wontên rarywa ing Mantawis |  
anak kêtib Winong |  
apidêksa manis pamulune |  
marêkati sêdhênging birahi |  
kesahe pinardi |  
talabul ing ngèlmu ||
4. Kandhêg kèrêm anèng Wanagiri |  
labêt sênêng madon |  
pinèt mantu lawan panggêdhene |  
Girimarta pangkate pratinggi |  
ran Kaji Nurgiri |  
sinung ran Ki Mantu ||
5. Kenthol endrasmara akêkasih |  
sabên lingsir kulon |  
asêngadi ngisis nèng ngandhape |  
tanjung agung margining mring (m)bèji |  
swadine umèksi |  
dyah kang samya ngangsu ||
6. Samya wangsul kalênthing wus gusis |  
ngacuwis guguyon |  
jêjorogan sarwi nolèh-nolèh |  
dupi cêlak ginêtak dah iki |  
ana apa kuwi |  
berag ngadu êjun ||
7. Kagyat (n)jumbul gugup anauri |  
sêndhang wontên kenthol |  
anjênthara arum swarane |  
wontên ingkang cawuk-cawuk warih |  
ugi kenthol sigit |  
botên gondhal-gandhul ||
8. endrasmara latah anudingi |  
ngêndi ana kenthol |  
nyawuk warih myang arum swarane |  
èstri ingkang mangsuli sung liring |  
sarwi nêkêm lathi |  
(n)jêrunthul gumuyu ||
9. Tandya maring (m)bèji ayun uning |  
lumaksana alon |  
dupi tundhuk jawat-tangan age |  
mring Cêbolang Saloka Nurwitri |  
Karti Pala-karti |

Jilid 4 - Kaca : 65

tangi nulya raub ||

10. Wus atata nèng tēpining warih |  
Endra lingira lon |  
katambêtan kang kawuryan nêmbè |  
linêpatna sakèhe kang runtik |  
ulun krami adhi |  
kawijilannipun ||
11. Kang sinêdya myang sinambating sih |  
Cêbolang lingnya lon |  
dhuh kiraka rayinta yêktine |  
saking tanah sakilèning Pragi |  
Kêdhu wisma-mami |  
Cêbolang ranulun ||
12. Bilih sagêd dumugi yun maring |  
Pranaraga ngaos |  
rencang nunggil kapti de namane |  
ingkang anèm punika Nurwitri |  
Sloka Palakarti |  
Kartipala catur ||
13. Nanging tansah kasangsayèng margi |  
jumarunuh repot |  
angaluyug datan wrin margine |  
tansah takèn ing samargi-margi |  
dumugi ing ngriki |  
tan wrin namanipun ||
14. Dhuh kiraka kang rumakêt manis |  
nir kang walangatos |  
angêgungna gunging aksamane |  
kêparênga mêdharkên wawadi |  
solahbawa yêkti |  
tangèh bilih dhusun ||
15. endrasmara latah nampèl wêntis |  
babo kadangingngong |  
têka pintêr mawang mring rakane |  
tanah ngriki nama Wanagiri |  
kang purun mastani |  
endrasmara ulun ||
16. Tanah têrahing prajèng Mantawis |  
anak Kêtip Winong |  
awit alit langkung pamêthèse |  
nanging ulun punggung anglakoni |  
dumugining akir |  
baleg tambah mrusul ||
17. Purun èstri tan sagêd nayuti |  
lajêng kinèn ngaos |  
nyantri marang ing Pranaragane |  
rarywa sanga sasarêngan mami |



dumugi ing riki |  
kandhêg amangun kung ||

Jilid 4 - Kaca : 66

18. wontên rarywa èstri cêmêng manis |  
wadana sumuloh |  
pindha kilat tumèplêg liringe |  
ulun ingkang katampêging liring |  
kadi dènlolosi |  
cape têmah lumpuh ||
19. Ulun lajêng poyan boya bangkit |  
lumampah wus repot |  
tinalara anamung ing têmebe |  
bilih mantuk nêdha dènampiri |  
wus uninga wadi |  
lajêng sadayèku ||
20. Nahan kantun anggana wakmami |  
(m)barêbêl wêtu loh |  
gandrung-gandrung nglacak praptèng kene |  
jro capuri wontên masjid alit |  
ulun malbèng srambi |  
wanci bakda Luhur ||
21. Inggang darbe wisma amanggihi |  
sih wêlase notog |  
Kyai Kaji Nurgirindra ranne |  
ramanipun dyah kang mawèh kingkin |  
ran Rara Indradi |  
yayi cêkakupun ||
22. Ulun mapan pinupu tan lami |  
dhinaupkên ingong |  
lan Indradi ingkang damêl cape |  
lumastantun dumugi samangkin |  
yayi yèn marêngi |  
lan sanak sadarum ||
23. Alêrêpa anèng wismamami |  
benjing niring rapoh |  
sakarsanta lajêng myang botênne |  
rama kaji wus kalêbêt alim |  
sampun anyêkapi |  
ngèlmi sarak Rasul ||
24. Mas Cêbolang tumantur sakapti |  
lumaksana alon |  
endrasmara nèng ngarsa lampahe |  
praptèng dhadhah dhaham kaping katri |  
kang anèng pandhapi |  
miwah wismèng pungkur ||
25. Samya mêdal praptèng nregol aglis |  
ki wisma lingnya lon |

lah tutura mring nyaimu age |  
ulun katamuwan kadangmami |  
saking Kêdhu Pingit |  
rencangira catur ||

26. Sadhiya-a wedang angêt thithik |  
myang bucu kang mrantos |  
kang sinung ling wus lumèngsèr age |  
tata-tata salu wismèng ngarsi |  
parenta mring wuri |  
ngrukti pondhokipun ||

27. endrasmara tamunira sami |  
pinarnahkên gupoh |  
anèng salu pandhapa kang kilèn |  
tinumpangan lampit glaran pasir |  
Ki Wisma mring panti |  
prentah rabinipun ||

Jilid 4 - Kaca : 67

28. Tan adangu wangsul mring pandhapi |  
sasêgah lumados |  
nyai wisma catur ngladosake |  
pangudutan kalawan tapsirih |  
wedang (m)bang srigadhing |  
ronning blimbing wuluh ||

29. Mabên tawon kongas ganda wangi |  
jênar kimpling kinclong |  
nyanyamikan wi lêgi kimpule |  
gêmblong bëntul sabun pisang-rukmi |  
kalawan cariping |  
pisang-raja talun ||

30. Wus tinata andhèr anèng ngarsi |  
ki wisma lingnya lon |  
lah ta padha ambagèkna kabèh |  
iki tamu nanging dudu tami |  
kadangmu pribadi |  
prênah ariningsun ||

31. Wus winêdhar ing lampah myang nami |  
(n)dhêku catur wadon |  
ganti-ganti samya sung pambage |  
myang nyarakkên pasungatanèki |  
têmbung nyênyês manis |  
marêkakên kalbu ||

32. Garjitèng tyas kang sinung pambagi |  
baya iki wadon |  
papat pisan swamine kenthole |  
Mas Cêbolang mangsuli pambagi |  
pangèstunirèki |  
(m)bakayu sadarum ||

33. botên kirang sajuga punapi |  
 tulus karahayon |  
 endrasmara angling mring tamune |  
 lah punika (m)bakyu para yayi |  
 kuciwa ring warni |  
 kidhung wagu sigug ||
34. Pêthingane pan namung sathumlik |  
 anglênggahi wadon |  
 bêkti nastiti sangêt ajrihe |  
 amiturut saprentahing laki |  
 condhong ing sakapti |  
 sagêd momong maru ||
35. Pun Indradi mring marunira tri |  
 nir kang walangatos |  
 kang panênggak Surêsmi namane |  
 kang panêngah anama Suwati |  
 pun Lulut sumêndhi |  
 catur golong-kayun ||
36. Manjing kadang kang sinarawèdi |  
 tulus gêndhon rukon |  
 botên lucu punika tiyange |  
 lah suwawi danguwa pribadi |  
 suka kang sinung ling |  
 alon aturipun ||
37. Dhuh kiraka kawahyon sajati |  
 ing pamujiningong |  
 dhumatêng ing (m)bakyu sadayane |  
 lastantuna ing salaminèki |  
 tinartantu benjing |  
 antuk sawarga gung ||
38. Nikmat rahmat langgêng tan agingsir |  
 ganjaraning Manon |  
 dhatêng wadon kang bêkti lakine |  
 endrasmara sukèng tyas lingnya ris |  
 suwawi sinambi |  
 sakwontênanipun ||
39. Mas Cêbolang sarencangirèki |  
 ngrahapi pasugoh |  
 wus dumugi gya ngêsês myang (ng)gantèn |  
 Kyai Wisma parentah mring rabi |  
 lamun wus miranti |  
 ladèkna bucumu ||
40. Para rabi wus tumêkèng panti |  
 tan adangu miyos |  
 nampa bucu lawan rampadanne |  
 nyanyamikan ingundurkên aglis |  
 rampadan gumanti |

Jilid 4 - Kaca : 68

tinata pinatut ||

41. Sêkul gaga munggèng panjang-giri |  
gudhêg sambi batos |  
sambêlgorèng rêmpêla-ti pête |  
bubuk-dhêle kaduk lombok cilik |  
gorèngan prit-glathik |  
gathik myang drêkuku ||
42. Cêplok tigan kamal ayam ati |  
manjangan myang opor |  
mêri branti sampêt lalabane |  
sambêl-ulêg sarêm ampêr pêtis |  
ambêng dènimbui |  
Ki Wisma lingnya rum ||
43. Wawi yayi sami awawanting |  
punika susugoh |  
bêcatipun (m)bakyunta cature |  
kang sinung-ling (n)dhêku sigra wanting |  
Cêbolang sarwa ngling |  
(m)bakayu sadarum ||
44. Prayogine sasarêngan bukti |  
ing tandang tan ewoh |  
raroyoman eca sawadose |  
kyai wisma suka lah ta yayi |  
catur pisan bêcik |  
miturut arimu ||
45. Barêng bukti basane ngêmpyangi |  
pra rubiyah gupoh |  
awawanting miturut lakine |  
tandya bukti ngiras angladèni |  
nutug sadayèki |  
mirasa pakantuk ||
46. Cinarikan marang ing pamburi |  
wowohan lumados |  
durèn manggis dhuwêt wungu putèh |  
kêpêl dhuku pisangmas kêcapi |  
lah sumangga yayi |  
ing pamangsêgipun ||
47. Pra rubiyah kang ngiras ngladosi |  
catur gantos-gantos |  
anawani marang têtamune |  
katungka Hyang Surya manjing wukir |  
têngara Mahribi |  
lir blabak tinabuh ||

### **275. Balabak**

1. Lah ta yayi sumangga sami awêkdal |  
Mahribe |  
maring langgar ing sabakdane sêmbahyang |

saene |  
lajêng ngaso dhatêng pondhok cakêt langgar |  
sak-lore ||

10 Ing dalunipun rêrêmbagan bab gêsang lan panggêsanganing manungsa tuwin ihtiyaripun. Nyandhak kawruh Tasawuf lan Fêkih, Endrasmara milih Fêkih ingkang mupakat kanggenipun tiyang Jawi. Endrasmara mêdhar bab pratingkahing cumbana tuwin sipat-sipating wanita dalah panggigahing napsu asmara ...  
kaca 69-75

Jilid 4 - Kaca : 69

2. Wus alinggar samya ngambil toya kadas |  
nulya ge |  
minggah maring langgar Nurwitri gya adan |  
larase |  
slendro pathêt sanga swara rum ngumandhang |  
lantase ||
3. Bakda adan samya asêmbahyang sunat |  
Mahribe |  
rampung sunat Ki Nurwitri tandya kamat |  
larase |  
pelog pathêt barang miring sawatara |  
sêrune ||
4. Cêping kamat parlu Mahrib kang dumadya |  
imame |  
endrasmara tarêtip suwara cêtha |  
bakdane |  
wêktu Mahrib nutug pupujiyannira |  
dhikire ||
5. Rêmpêg sêsêg laras prajêng Ngèksiganda |  
lagune |  
têkêng Ngisa myang sunat-sunat wus bakda |  
nulya ge |  
samya mandhap saking langgar mring pondhoknya |  
asone ||
6. endrasmara ngatêrkên sarwi tatanya |  
ing mangke |  
kaparênge sugata manira |  
dhahare |  
punapi nêng griya punapi binêkta |  
pondhoke ||
7. Cêbolang ngling sangêt ing panuwunkula |  
sarèhne |  
taksih tuwuk prayogi botên kewala |  
nadhahe |  
endrasmara mantuk parentah rabinya |  
dèn age ||

8. Sugatamu kinang pangudutan lawan |  
wedange |  
lan nyamikan iku bae ladèkêna |  
sêgane |  
ora susah awit kabèh isih padha |  
warêge ||
9. Wus lumadi andhèr tinata ing ngarsa |  
tan suwe |  
endrasmara mring pondhoke tamunira |  
dêlinge |  
lah sumangga sampun pakèwêt ing nala |  
ecane ||
10. Lèlèh-lèlèh (m)birat rapuhing sarira |  
sambènne |  
ngunjuk wedang dhaharan sawontênira |  
tamune |  
ananggapi samya sasêkecanira |  
patrape ||
11. Kyai Wisma manêmbang mring tamunira |  
dêlinge |  
yayi mugi kaparênga mêdharêna |  
raose |  
ing Kitabing Tasawub babing ngagêsang |  
tamtune ||
12. Cêbolang ngling nitik saking ing surasa |  
èstune |  
manungsèku tinartamtu ing Pangeran |  
kodrate |  
pyambak-pyambak lalampahane nèng donya |  
mulyane ||
13. Myang sangsara bêgja cilaka waluya |  
sakite |  
sugih miskin ngagêsang tanapi laya |  
milane |  
nir pamikir kajawi mung lumaksana |  
anane ||
14. Tanpa parlu pados sarat budidaya |  
margine |  
wus tinamtu upama anandhang roga |  
èstune |  
bilih sampun wêdaling saras nir tamba |  
sarase ||
15. Lamun sampun pinasthi ing ajalira |  
èstune |  
ingusadan tan saras têmah palastra |  
glèthèke |  
wontên malih kasêbut Palakil-kobra |

Jilid 4 - Kaca : 70

iribe ||

16. Bab babêtan papasthène kang manungsa |  
mulyane |  
myang sangsara bêkja lawan cilakanya |  
malihe |  
kalakuwan tanapi sagêsangira |  
lakone ||
17. Dadosipun wus pinasthi kang manungsa |  
gêsange |  
anèng donya miwah panggêsangannira |  
malihe |  
ing lèlakon kasêbut Palakil-kobra |  
gancare ||
18. Ing Tasawub kalawan Palakil-kobra |  
bèntènne |  
mawa mratèlakkên kang dadya jalaran |  
blaine |  
lan mratelakkên panulak supadya |  
harjane ||
19. Dados taksih nindakkên isaratira |  
bèntêne |  
mênggah ingkang isarat kang mrih raharja |  
badane |  
lawan maring kulawarga wus wajibnya |  
tiyange ||
20. Kêdah mawa istiyar sakadarira |  
tamtune |  
wus kasêbut ing kjab Pêkih punika |  
uripe |  
manungsèku tartamtu wênang istiyar |  
ywa supe ||
21. endrasmara duk myarsa goyang kêpala |  
dêlinge |  
langkung èwêt mênggah pamanah-kawula |  
sèlèhe |  
nyungkêmana Tasawub dèrèng kuwasa |  
rikine ||
22. Èstunipun kasêbut Pêkih punika |  
saene |  
nanging bilih ngèngêti Tasawubira |  
kêmbane |  
ing istiyar tiwas sayah tanpa karya |  
lampahè ||
23. Kadiparan mênggah yayi sumèlèhnya |  
kalihe |  
Cêbêlang ngling bilih pamanggih kawula |

Jilid 4 - Kaca : 71

- èstune |  
ing Tasawub punika kangge ing nala |  
gathêke ||
24. Kang kasêbut ing kitab Palakil-kobra |  
malihe |  
kang kaênas ing kitab Pêkih punika |  
manggènne |  
kangge Jawi mufakat lampahe gêsang |  
limrahe ||
25. Dadosipun mênggah agêsang punika |  
ecane |  
punapa kang kalimrah kanggo manungsa |  
tatane |  
inggih linampahan sacara-caranya |  
wajibbe ||
26. Bilih sampun tumindak ing tatacara |  
laire |  
dalêm batin muhung nglampahi narima |  
sumendhe |  
wit manungsa tan wruh ing papasthènnira |  
têmêne ||
27. Uningane papasthèn yèn wus kalakyan |  
babare |  
de manungsa punika pan têmbung Arab |  
têgêse |  
têmbung Jawi kang linalèkkên punika |  
wus jèngglèh ||
28. De Tasawub têgêse kang têmbung Jawa |  
rêsike |  
ing suraos kawruh kang tan kasipatan |  
ing akèh |  
kajêngipun kawruh batine manungsa |  
yakine ||
29. Dene Pêkih wêrdi kawruh kawujudan |  
wèntèhe |  
kawruh ingkang manungsa kang linampahan |  
badanne |  
ing sajroning gêsang wontên dalêm donya |  
slamine ||
30. Duk miyarsa endrasmara latah-latah |  
gujênge |  
adhuh yayi atut ingkang pangandika |  
rakane |  
ing pamanggih sampun condhong lan punika |  
rikine ||
31. Ngèstokakên ing Pêkih mila kawula |  
samangke |



rabi catur gëndhon rukon saudara |  
anggêpe |  
jalarannya angêgungkên budidaya |  
kumpule ||

32. Cêbolang ngling paran ingkang budidaya |  
gancange |  
bilih kening kawêdharakên kapyarsa |  
tyang sanès |  
kaparênga mahyakkên dadya tuladha |  
èstune ||

33. endrasmara ngakak nampèl wêntisira |  
dêlinge |  
pancènipun tan pantês winêdharêna |  
sarèhne |  
jroning manah yayi wus dadya sudara |  
dadose ||

Jilid 4 - Kaca : 72

34. Ulun kêdah mahyakkên balaka-suta |  
jlènrèhe |  
nanging sampun kirang-kirang pangaksama |  
sêbabe |  
têmbung lekoh bikak wadosing sanggama |  
patrape ||

35. Cêbolang ngling èstu tan dados punapa |  
wiyose |  
anambahi rumakêting saudara |  
milane |  
sampun mawi wangwang rèh wus nunggal karsa |  
arine ||

36. endrasmara kataman ing manuara |  
nulya ge |  
mêdhar sabda milane yayi rakanta |  
angrèntèng |  
saking atrap nalika murwa cumbana |  
tingkahe ||

37. Jalêr èstri jêng-ajêngan linggihira |  
timpuhe |  
mindha wêktu sêmbahyang tahiyat awal |  
dhèmêse |  
èstri lajêng tinungkulkên sirahira |  
pindhane ||

38. Kadi ayun ginêcêl kakunge nulya |  
amire |  
sarta lajêng ngrangkul iga wêkasira |  
têngênne |  
asta ingkang kiwa ngasta jèngkunira |  
èstrine ||

39. Kabêngganga ing sawatawis kewala |  
 pukange |  
 sirahipun kacêrakkên ywa kasêsa |  
 lajênge |  
 sinarèkkên kakung majêng lênggahira |  
 timpuhe ||
40. botên ewah pupuk jêngku kaajêngna |  
 manggènne |  
 nêng têngahe kalih pupuning wanita |  
 dadose |  
 kadi gapit pupu jêngkuning kakungnya |  
 kalihe ||
41. lajêng pupunipun èstri ingkang kiwa |  
 slonjore |  
 katumpangkên pupuning kakung kang kanan |  
 lahdene |  
 jêngkunipun èstri kang kiwa punika |  
 lajênge ||
42. Dipun jonjitakên ngadêg sawatara |  
 cêkake |  
 bilih sampun asami mapan sakeca |  
 kalihe |  
 ingkang jalêr lajêng maca Bissêmilah |  
 slajênge ||
43. Utamine lajêng maos ingkang ayat |  
 Kursi-ne |  
 wusing katam purusa katamakêna |  
 kang sarèh |  
 wusing manjing satêngah gya katindakna |  
 campuhe ||
44. Srana ngangge patrap adat ingkang dadya |  
 klinane |  
 lah ing ngriku lajêng ngwontênkên sasmita |  
 klècême |  
 grêgêt saut pratingkahira wanita |  
 puruge ||
45. Kang nêdahkên carêm marêming wardaya |  
 têngranne |  
 yèn wuluning wanita sranduning angga |  
 ababe |  
 myang mêngkorok punika sampun katujwa |  
 carêmme ||
46. Yèn tyang bongoh lèbête pastapurusa |  
 maring hès |  
 ingkang kadya galak sawêr nêng lèbêtnya |  
 èlènge |  
 aywa nganti kêmba kang alon kewala |

Jilid 4 - Kaca : 73

tanduke ||

47. Yèn tyang dhenok lèbête pastapurusa |  
mring hèse |  
katindakna lir ngaras gandaning sêkar |  
isthane |  
amung èstri patrape lir sumèndhènnnya |  
usuke ||
48. Yèn tyang sengoh wiwit lèbêting purusa |  
prênahe |  
sangandhaping pasunatan ingkang kanan |  
lajênge |  
radi lèrês satêngahipun wiwara |  
campuhe ||
49. Nanging èstri sarana katilêmêna |  
patrape |  
pan satêngah lungguh suku kalihira |  
dèn-dêgke |  
jêngkunira tinêkuk mung sawatara |  
bênggange ||
50. Yèn tyang (n)dêmênakkên lèbêting purusa |  
kawite |  
ingkang ngandhap ingkang iring têngên sarta |  
patrape |  
lir baita layar anjog rumambaka |  
têngahe ||
51. Yèn wus prapta nglèbêt jêlamprang patrapa |  
kang sarèh |  
alon-alon yèn toya lir yiyit mina |  
ngêcêpèh |  
lah ing ngriku lajêng kenging kasêngkakna |  
tandange ||
52. Yèn tyang sumèh saking ngandhap pasunatan |  
wiwite |  
praptèng têngahing baga madya wiwara |  
campuhe |  
yèn wis mijil yiyit lajêng katindakna |  
rukête ||
53. Yèn tyang manis saking ngandhap pasunatan |  
wiwite |  
radi ngiwa lir brêmara ngisêp sêkar |  
tingkahe |  
bilih sampun campuh nèng sajroning baga |  
sartane ||
54. Wus binanton toya lir yiyiting mina |  
malihe |  
wus senggolan lawan talanakanira |  
nulya ge |

sinarêngan nanging kang awis kewala |  
tindake ||

Jilid 4 - Kaca : 74 Kaca

55. Yèn tyang mêtakati ngandhap pasunatan |  
wiwite |  
wusing manjing lir ngisik-ngisik lêngênnya |  
patrape |  
tumindaking purusa lir lumaksana |  
pinggire ||
56. Ing jujurang kang alon supaya aywa |  
malèsèt |  
bilih sampun binanton lir yiyit mina |  
lajênge |  
kasarênga saha ngrangu napasira |  
santêre ||
57. Yèn wus bantêr wêdaling napasing grana |  
kang sisèh |  
lajêng kenging winêdalkên mani maya |  
jumbuhe |  
lan wêdaling rahsaning wanita uga |  
sarênge ||
58. Tyang jatmika saking nginggil pasunatan |  
purwane |  
patrapipun lir mangaras lisah tama |  
wanginge |  
dumuk-dumuk rumuhun supados mêdal |  
manahe ||
59. Kawistara gadhah grêgêt myang wus mêdal |  
yiyite |  
sang purusa tumulya kalêbêtêna |  
mring hèse |  
ywa talangke dènnira mrih rasa tama |  
slisire ||

### **276. Salisir**

1. Dhasar cucut endrasmara |  
carita mrih sukanira |  
tamu kang suka miyarsa |  
gar-gêr pindha ngadu sata ||
2. Kang sampun gumlar sadaya |  
purwaka tamtu lir ngarsa |  
mung tingkahe tumanduknya |  
punika kang beda-beda ||
3. wontên malih sadèrèngnya |  
matrapkên pastapurusa |  
kêdah mawas tyangira |  
pamulune kang sarira ||

4. Yèn tiyang cêmêng-manis ika |  
panggènanne kang asmara |  
wontèn lathi kalihira |  
lawan nèng wudêl manggènya ||
5. Mila bilih yun cumbana |  
kêdah dipun-wiwitana |  
ngaras lathi kalih sarta |  
angalapa napasira ||
6. Wêdale napas wanita |  
kang priya anampannana |  
linnêbêtkên dhatêng garba |  
gya mangingsêp wudêlira ||
7. Ing wanci wêdaling rahsa |  
pukul kalih tamtunira |  
nanging yèn kapadhan karsa |  
èstu tilar wancinira ||
8. Nêmu-giring kang sarira |  
ijêm pupus sasamina |  
manggènipun kang asmara |  
lan cêmêng-manis pan samya ||
9. Tan seos samuwanira |  
mung wanci wêdaling rahsa |  
wit jam kalihwêlas ngantya |  
dumugi ing êjam sapta ||
10. Bang-bang awak kang sarira |  
manggène asmaragama |  
wontèn mripat kalihira |  
bilih yun murwèng sanggama ||
11. Mripat kalih dèn-arassa |  
dene wêdaling kang rahsa |  
awit jam nêm sontên ngantya |  
dumugi ing bangun rina ||
12. Bilih abrit kang sarira |  
panggènanne kang asmara |  
wontèn ing pilingan kiwa |  
bilih yun murwèng sanggama ||
13. Punika kang dèn-arassa |  
dene wêdaling kang rahsa |  
ing têngah dalu dumugya |  
Jam sakawan enjing ika ||
14. Sarampunging parlu nulya |  
ngêlêt kêcohnya priyanga |  
tigang êlêtan punika |

Jilid 4 - Kaca : 75

minangka ngêjogi rahsa ||

15. Lah yayi amung punika |  
mangunahing rakapara |  
kang wus katandangan samya |  
lam-lammên tan sagêt lupa ||
16. Cêbolang sarencangira |  
sadaya suka miyarsa |  
ing gotèke Endraprastha |  
mawantah tanpa warana ||
17. Kasaru ing praptanira |  
Kyai Kaji Nurgirindra |  
ngadêg nêng têngah wiwara |  
alon dènnira tatanya ||
18. Pantèn sapa tamunira |  
têka rame sun-miyarsa |  
gar-gêran asukarêna |  
pratandha condhonging karsa ||
19. endrasmara apranata |  
tamu saking ing pracima |  
tanah Kêdhu Kilèn-Praga |  
badhe dhatêng Pranaraga ||
20. Mas Cêbolang kakasihnya |  
myang sakawan rencangira |  
Ki Nurwitri Ki Saloka |  
Palakarti Kartipala ||
21. Sontên wau dhatêngira |  
(n)jujug ing sêndhang anulya |  
kula bêta marang wisma |  
Ki Kaji mapan lingira ||
22. Sukur Alkamdulilahi |  
ulun uga sukèng ati |  
sira tamuwan pêmati |  
yèn padha lêga ing ati ||
23. Iki durung pati wêngi |  
prayoga ing wismamami |  
sasambèn maulud Nabi |  
samonèku yèn marêngi ||

11 Kyai Haji Nurgirindra ngawontênakên pêngêtan maulud Nabi ngundang Mas Cêbolang dalah para santrinipun. Mas Cêbolang mirêngakên katrangan bab Asma'ulhusna (Asmaning Allah) tuwin khasiatipun ... kaca 76-88

Jilid 4 - Kaca : 76

24. Kang sinung ling saur-pêksi |  
sadaya (n)dhèrèk sakapti |

- linggar saking pondhoknèki |  
Ki Kaji lumakyèng ngarsi ||
25. Pandhapa wus dèn-gêlari |  
pasugatanya miranti |  
samêkta rasulannèki |  
Ki Kaji angancarani ||
26. Marang anak-anak sami |  
klasa gumlar dènlinggihi |  
hèh kabayan dèn-agati |  
inggalêna lurah santri ||
27. Kang pêdhêk-pêdhêk kewala |  
Kasan Giri Amat Arga |  
Ngabdul Sarsa Sèh Andaka |  
trêbange konên anggawa ||
28. Tan dangu wus samya prapta |  
pranata lan tamunira |  
winanuhkên sadayanya |  
wus samya jagong satata ||
29. Girindra alon lingira |  
kalamun uwus samêkta |  
Bismilah wawi awita |  
kang sinung ling tur sandika ||
30. Wus tapuk guyup sadaya |  
sanajan pra santri arga |  
samya lèbda lagu praja |  
pramila dhaup kewala ||
31. Kandhuri rasulan dama |  
tamating Maulud Nulya |  
andongga matumpa-tumpa |  
bakda gya nadhah binagya ||
32. Barêkat binuntêl nulya |  
lurah santri mundur samya |  
raraosan turut marga |  
ngalêm warna myang swaranya ||
33. Ana ingkang ngudarasa |  
baya dudu wong pracima |  
tandang tanduke katara |  
kaya wong kulinèng praja ||
34. Rowangnya ngling dhasar iya |  
wus lawas nèng Ngèksiganda |  
kulina para ngulama |  
lan para mashuring praja ||
35. Layak bae mangkana-a |  
pasêmone wus katara |

wingit wênês amrakatya |  
upama wis rada tuwa ||

36. Pasthi dadi aoliya |  
apêse wong alim ika |  
basa iku masih mudha |  
mêmpêng-mêmpênge asmara ||
37. Sigêg kang samya rêrasan |  
nahan kang wontên ngarêpan |  
Mas Cêbolang tan linilan |  
mantuk maring pamondhokan ||
38. Cêbolang antuk wawêngan |  
dènnya adrêng ayun wikan |  
nênggih ngèlmining Pangeran |  
alon wijiling aturan ||
39. Ulun kêrêp amiyarsa |  
ngèlmi sangang puluh sanga |  
winastan Asmaul-kusna |  
kang dèn-agêm Asmanira ||
40. Pangeran kang Maha Mulya |  
kasêbut jroning Kur'an nyata |  
ing sajuga-juganira |  
pyambak-pyambak paedahnya ||
41. Dhuh babo risang minulya |  
bilih sambada ing karsa |  
kaparênga mêdharêna |  
kêdah sangangpuluh sanga ||
42. Ki Kaji mèsêm lingira |  
iya ngantèn dhasar nyata |  
kabèh janma kang aminta |  
ing sarat maring manira ||
43. Kang dakwèhkên nora liya |  
pêthikan Asmaul-kusna |  
saka barêkahing Asma |  
kasêmbadan Lonthang-ira ||

### **277. Lonthang**

1. Sapa wonge arêp yakin atinira |  
amaca-a apal iki Alahuma |  
inna nasaluka rahmatan ya aman ||
2. Huwalahul-ladi la ilaha huwa |  
mung punika sukur bage sabên dina |  
(ng)gonne maca yêkti yakin manahira ||
3. Ingkang lapal nglimul gèbi wa nahdati |  
sapa maca ping satus sawusing salat |

Jilid 4 - Kaca : 77



tuhu-tuhu kabuka ing manahira ||

4. Lapal Huwar-rahmana (2. [...] = Ar Rahmaan)  
sing sapa maca wusing salat kaping satus mangka nyata |  
ngilangakên lalènne sagêsangira ||
  5. Ingkang lapal Rahkimu (3. [...] = Ar Rahiim)  
sing sapa maca kaping satus nanging sabên-sabên dina |  
mangka niku dadya kinasih sanyata ||
  6. Ingkang lapal Al-maliku (4. [...] = Al Malik)  
sapa maca nglanggêngakên pamacane sabên dina |  
pan santosa ing tyase jalma punika ||
- Jilid 4 - Kaca : 78
7. Lapal Al-kudusi (5. [...] = Al Quddus)  
sapa wonge maca |  
sabên arining wanci lingsir wayahnya |  
mangka iku wêning atine wong ika ||
  8. Ingkang lapal As-salamu (6. [...] = As Salaam) tinulisi |  
roti gandum, bakda Subuh pamangannya |  
dadi sipat, lir malaikat wong ika ||
  9. Ingkang lapal Al-mukminu (7. [...] = Al Mukmin)  
winaca-a |  
ing wong lara ping sawêlas mangka sirna |  
laranira saking kuwasaning Suksma ||
  10. Kang lapal Al-muhèminu (8. [...] = Al Muhaimiin)  
yèn winaca, sabên dina kaping satus kathahira |  
mangka luput dialani mring wong liya ||
  11. Ingkang lapal: Al-ngajiju (9. [...] = Al'Aziiz)  
sapa maca |  
kala adus kaping satus kathahira |  
mangka luwih mulya atine wong ika ||
  12. Ingkang lapal Aljabaru (10. [...] = Al Jabbar)  
yèn winaca, kaping patangpuluh siji sabakdanya |  
Subuh mangka kang nêdya drêngki tan ana ||
  13. Lapal Al-mutakabiru (11. [...] = Al Mutakabbir),  
yèn winaca ping salikur mangka salamêt wong ika |  
lawan têbih saking wong kang nganiaya ||
  14. Lapal Al-kaliku (12. [...] = Al Khaliq)  
lamun yun cumbana, lawan garwa, winaca mangka yèn dadya |  
anak salèh krêjêkèn ajrih ing Suksma ||
  15. Ingkang lapal: Al-bariu (13. [...] = Al Baarii)  
yèn winaca kaping satus, mangka benjing yèn palastra |  
dadya padhang ing kubure jalma ika ||
  16. Kang lapal Al-musawiru (14. [...] = Al Mu) shawwir,

lamun ana |  
jalma wadon kang tan manak puwasa-a |  
lir pasa agung lawan sabên ayun buka ||

17. Maca ayat iku kaping kalihdasa |  
dinamokna ing toya gya dèninuma |  
ing lawase puwasa mung pitung dina ||

Jilid 4 - Kaca : 79

18. Insa Allah darbe putra lamun priya |  
warni bagus yèn wadon ayu rupanya |  
sarta akèh rêjêkine myang gung bêkja ||
19. Ingang lapal: Al-gapparu (15. [...] = Al Ghaffaar) sapa maca, |  
nuju ari Jum'at ping satus kathahnya |  
pan sampurna sakèhe dosane ika ||
20. Ingang lapal Al-laharu (16. [...] = Al Qahhaar), lamun jalma, |  
duwe kajat winaca ping satus ana |  
ing jro wisma utawa jro masjid ika ||
21. Wanci têngah dalu sarta (n)junjung asta |  
dèn buka sirahe ywa kasasaban |  
insa Allah tinêkan sakajatira ||
22. Ingang lapal: Al-wahabu (17. [...] = Al Wahhaab) sapa ingkang |  
ngakèhakên ing pamaca nora harda |  
sênêng marang ing donya sasamènira ||
23. Ingang lapal Ar-rajaku (18. [...] = Ar Razzaaq) yèn winaca |  
sadurunge salat Subuh nêng padonnya |  
wismanira maju pat madhêp keblatnya ||
24. Ingang sapadon, ping satus pamacanira |  
mangka ingkang angênggonni omah ika, |  
nora kêna malarat salaminira ||
25. Ingang lapal: Al-pataku (19. [...] = Al Fattaah), sapa maca |  
bakda Subuh asidhakêp astanira |  
dadya amot jêmbar budine wong ika ||
26. Ingang lapal: Al-ngalimu (20. [...] = Al 'Aalim) sapa ingkang |  
ngakèhakên pamacane, mangka dadya, |  
wruh wong ika marang ilmu ingkang nyata ||
27. Ingang lapal: Al-kabilu (21. [...] = Al Qaabidlu) winacakna |  
maring sêkul sakkêpêl yèn ayun nêdha |  
laminira ing dalêm patangpuluh dina ||
28. Sabên-ari, nora pègat pamacanya |  
insa Allah, saka barêkahing Asma, |  
mangka nora kêna kaluwèn wong ika ||

Jilid 4 - Kaca : 80

29. Ingkang lapal: Al-basiku (22. [...] = Al Baasithu), winaca-a, |  
nèng ra-ara, ping sadasa (n)junjung asta, |  
wusing bakda dènusapêna ing surya ||
30. Mangka nora, hajat (n)jêjaluk wong ika |  
wis dilalah, rinêksa Hyang Maha Nasa, |  
satibane nora tumêka ing nistha ||
31. Lapal Al-kapilu (23. [...] = Al Khaafidh) sapa wonge darbya, |  
satu mangka, puwasa-a têtung dina, |  
dèn waca-a ping sèwu Rêbo arinya ||
32. Satrunira yèn nêdya ngalani sira |  
insa Allah satingkahe tan tumêka |  
Kyai Slamêt kang rumêksa marang sira ||
33. Lapal Ar-rapingu (24. [...] = Ar Raafi') yèn sira yun dadya |  
sasêliran wacanên ping satus poma |  
wancinira têngange bêdhuk raina ||
34. Ingkang lapal, Al-mungiju (25. [...] = Al Mu'izz) yèn winaca |  
kaping satus patangpuluh wayahira |  
antarane Mahribi lan wêktu Ngisa ||
35. Malêm Sênèn utawa ing malêmira |  
Jum'ah mangka ilang ajrihe wong ika |  
dadya kèndêl sarta têtêg manahira ||
36. Ingkang lapal Al-mudilu (26. [...] = Al Mudzill) yèn winaca |  
kaping pitungpuluh lima sujud sigra |  
ingkang ayun sêdya drêngki tan tumêka ||
37. Asma As-samingu (27. [...] = As Samii') kalamun winaca |  
kaping limangatus wusing salat Luka |  
Insa Allah tinêkan panyuwunnira ||
38. Asma Al basiru (28. [...] = Al Bashiir) ping satus winaca |  
antarane sunat Jum'ah lan prêlunya |  
nir kiyanat abêning paningalira ||
39. Asma Allah, Kimu (29. [...] = Al Hakam) kalamun winaca |  
kaping sèwu têngah wêngi wancinira |  
Gusti Allah ngêbaki ngèlmu sanyata ||
- Jilid 4 - Kaca : 81
40. Ingkang Asma Al-ngandu (30. [...] = Al 'Adlu) kalamun arsa |  
sugih batur wêdi asih kumawula |  
wacanên ing apêm dene kathahira ||
41. Kalihdasa cuwil sabên ing sajuga |  
cuwil maca Asma anulya tinêdha |  
insa Allah antuk sawabe kang Asma ||
42. Asma Al-latipu (31. [...] = Al Lathiif) kalamun winaca |  
kaping satus mring wong mlarat wong kalaran |

yêkti sirna mlarate myang lêlaranya ||

43. Asma Al-kabiru (32. [...] = Al Khabiir) kalamun winaca |  
ora nana wong kang darbe cipta ala |  
mring kang maca lyan jalma muji raharja ||
44. Asma Al-kakimu (33. [...] = Al Haliim) nyirnakakên sakèhnya |  
amaning kang tanduran tanapi gaga |  
tinulisa ing kêtas nulya dènkumma ||
45. Ing pangaron anulya siniramêna |  
mring tanduran lamun sawah dèndèkèkna |  
nèng tulakan insa Allah awidada ||
46. Asma: Al-ngalimu (34. [...] = Al 'Adhiim) yèn rêmên amaca |  
rina wèngi mangka padhang manahira |  
tur dèn-gungkên maring samining dumadya ||
47. Asma: Al-gapuru (35. [...] = Al Ghafuur) yèn ana wong nandhang |  
lara ngêlu tinulisa kêtas nulya |  
dinèkèkkên ing sirah saklah waluya ||
48. Asma: As-sakuri (36. [...] = As Syakuur) yèn pêtêng netranya |  
winacakkên toya ping patpuluh juga |  
pinupuhan ing netra ical pêtêngnya ||
49. Asma: Al-ngaliyu (37. [...] = Al 'Aliyu) tinulis kêtasnya |  
kangge jimat rarya kunthing saklah dadya |  
wlagang longgor pêngkêr gampang rijêkinya ||
50. Asma: Al-kawiru (38. [...] = Al Kabiir) sapa ngêlêngêna |  
pamacane mangka sakèhing manungsa |  
padha ngêgungkên marang kang maca ||
- Jilid 4 - Kaca : 82
51. Asma: Al-kawilu (39. [...] = Al Hafiidh) yèn ana pawaka |  
miwah toya agung iku winaca |  
insa Allah salamêt nora sangsara ||
52. Asma: Al-mukitu (40. [...] = Al Miquit) Lamun ana rarya |  
sugih tangis winaca nèng kèndhi nulya |  
ingisènan toya kangge siram rarya ||
53. Asma: Al-kasibu (41. [...] = Al Hasiib) yèn arsa raharja |  
saking satru wong jail miwah wong ala |  
winaca-a enjang sontên pitung dina ||
54. Asma: Al-jalilu (42. [...] = Al-Jaliil) tinulis mangsinya |  
lênga wangi kinarya jêjimat mangka |  
sakèh jalma padha wêdi asih trêsna ||
55. Asma: Al-karimu, (43. [...] = Al Kariim), lamun arsa nendra,  
winaca, nganti têkan lêsing nendra,  
pra malaikat (n)dongakêna mulyanira ||

56. Kapal: Al-rakibu (44. [...] = Ar Raqiib), lamun winacakna,  
mring wadonne,  
myang mring anak kathah ika,  
mandan runtut, anak tan ana sulaya ||
57. Asma: Al-mujibu (45. [...] = Al Mujiib), sing sapa amaos,  
Asma iku,  
mangka Allahu tangala,  
nyantosakkên ing manahe kang maca ||
58. Asma Al-wasingu, (46. [...] = Al Waasi'), ingkang darbe karsa,  
ing sawiji-wiji,  
wiji ngakèhna pamaca,  
insa Allah tinêkan barang karsanya ||
59. Rapal: Al-kalimu (47. [...] = Al Hakiim), sing sapa amaca,  
mangka Allah ngapura sakèh dosanya,  
mring kang maca insa Allah ora cidra ||
60. Asma: Al-wadudi, (48. [...] = Al Waduud) lamun ana jalma,  
nora atut ênggonne apalakrama, para padu asulaya ||
61. Winacakna, ing panganan kang prayoga,  
pinakakna, mring kang marahi sulaya,  
insa-Allah atut runtut wong punika ||
62. Asma: Al-majidu (49. [...] = Al Majiid), lamun ana jalma,  
dèn-sêngiti marang kadang sanak mitra,  
winaca-a kaping pitung puluh sapta ||
63. Wusing tamat dinamokna ing sarira,  
insa Allah, kèhing kadang sanak mitra,  
nulya padha mulyakkên bêrkating Asma ||
64. Asma: Al-bangisu (50. [...] = Al Baa'its), kalamun winaca,  
kaping satus, siji sidhakêp astanya,  
insa Allah mintir wêning nalarira ||
65. Asma: As-sahidu (51. [...] = As Syahiid), yèn darbe atmaja,  
lanang wadon kalle tan salèh atinya,  
wanci Subuh babathuke cinêkêla ||
66. Inkang sarta dhêngakêna mring akasa,  
sarta maca kaping sawêlas kang Asma,  
insa Allah dadya salèh rarya ika ||
67. Kang Asma: Al-khakku; (52. [...] = Al Haq), lamun ana jalma,  
kang kelangan barang kinggatan kawula |  
tinulisa kêtas majupat têngahnya ||
68. Ranning barang, myang kang minggat panulisnya,  
têngah dalu,  
gya sinèlèhkên ing asta,

Jilid 4 - Kaca : 83

myang tumênga, insa Allah ntuk pratela ||

69. Asma: Al-wakilu (53. [...] = Al Wakiil), lamun ana toya,  
miwah gêni,  
angin gêdhe winaca-a,  
insa Allah salamêt nora sangsara ||
70. Asma: Al-kuwatu (54. [...] = Al Qawiy), kalamun katêkan,  
mungsuw luwih gêdhe,  
iku winacakna,  
marang apêm sèwu iji kathahira ||
71. Gya binukti sarta bihalangkên kaga,  
niyatira,  
nulak satru sarta maca,  
yaa kawiyu, mungsuhe ajrih sadaya ||
72. Asma: Al-Muniru (55. [...] = Al Matiin), yèn èstri wawêka,  
mangka nora,  
mêdal toya susunira,  
tinulis nèng pinggan putih sawusira ||
- Jilid 4 - Kaca : 84
73. Sastra garing, nulya sinungana toya,  
wussing akum,  
dèninum myang binorèhan,  
mring prêmabayun, sa Allah mêdal toyanya ||
74. Asma: Al-waliyu (56. [...] = Al Waliy), yèn darbe wanodya,  
mangka lumuh kinarsan among asmara |  
winaca-a têmah miturut sakarsa ||
75. Asma: Al-kamidu (57. [...] = Al Hamiid)' yèn tyang cangkêm ala,  
winaca ing kanaka tinuruh toya,  
inginumkên ilang cangkême kang ala ||
76. Asma: Al-kamiru (58. [...] = Al Muhshiy) ping sèwu winaca,  
nuju ari,  
Jumuwah saklah raharja,  
saking siksa ngakerat ing têmbenira ||
77. Asma: Al-mubdiu (59. [...] = Al Mubdiu); yèn wawrat wanodya,  
winaca ping, sanga,  
driji dènubêngna,  
ing padharan salamêt wawratnira ||
78. Asma: Al-mungidu (60. [...] = Al Mu'iid), yèn kadang sanaknya,  
tan karuwan,  
ing dununging winaca-a,  
padon wisma, catur gya antuk pawarta ||
79. Kang Asma: Al-mukyi (61. [...] = Al Muhyiy), kalamun sarira,  
ajrih mlarat,  
winaca Asma punika,

insa Allah lastari sarta raharja ||

80. Asma: Al-mumitu (62. [...] = Al Mumiit), kalamun winaca,  
duk yun nendra,  
tumêka panendranira,  
insa Allah nir rubeda jroning nendra ||
81. Kang Asma: Al-iyu (63. [...] = Al Hayyu) kalamun winaca,  
nèng têngahing ara-ara pamacanya,  
insa Allah dadi kêndêl manahira | 64 ||
82. Asma: Al-wakidu (65. [...] = Al Waajid), kalamun winaca,  
ing nalika sabên-sabên nêdha,  
mangka dadya padhang manahing wong ika ||
83. Asma: Al-wajidu (66. [...] = Al Maajid), lamun winacakna,  
ing panganan kang manis-manis rasanya,  
mangka dadya ilang alane tyasira ||
84. Asma: Al-akadu (67. [...] = Al Waahid) winaca nalika,  
akapencil,  
ing lampah myang bandayuda,  
ngalih wisma malaikat nulung sira ||
85. Asma: As-samadu (68. [...] = As Shamad) kalamun winaca,  
ping sawêlas,  
(m)bari sujud wancinira,  
têngah dalu dadya sidik paningalnya ||
86. Asma: Al-kadiru (69. [...] = Al Qadir), lamun ayun jaya,  
ing donyane winaca,  
nalikanira jroning wulu ing dalêm gaotanira ||
87. Asma: Al-muktadiru (70. [...] = Al Muqtadir) winaca kala,  
wungu nendra mangka dadi wruh wong ika,  
ing gawene kang sabênêr-bênêrira ||
88. Asma: Al-mukadimu (71. [...] = Al Muqaddim) yèn arsa yuda,  
gya winaca sa Allah nora tumêka,  
gêgamaning mêngsah satêmah yuwana ||
89. Asma: Al-muajiru (72. [...] = Al Muahkir) lamun winaca,  
sabên ari kaping satus kathahira,  
manjing ing tyas, sakèhing kabêcikannya ||
90. Asma: Al-owalu (73. [...] = Al Awwal), lamun sira arsa,  
kasambadan sakajate winaca-a,  
kaping sèwu, pitung Jumuwah laminira ||
91. Asma: Al-akiru (74. [...] = Al Akhir), kalamun winaca,  
sabên ari,  
mangka dadi olèh sira,  
panggaweyan kang bènêr bêtik sanyata ||

Jilid 4 - Kaca : 85

92. Asma: Al-lahiru (75. [...] = Al Dhaahir), kalamun winaca,  
sabên-sabên bakdane sêmbahyang ika,  
mangka dadya padhanging paningalira ||
93. Asma: Al-batinu (76. [...] = Al Baathinu), kalamun winaca,  
sabên dina, kaping tigangdasa-tiga,  
mangka olèh ngèlmu rasa kang sanyata ||
94. Asma: Al-waliku (77. [...] = Al Waliy), yèn arsa raharja,  
dènyya omah-omah adoh pancabaya,  
tinulisa ing kèndhi anyar anulya ||
95. Binuwanga maring banyu sawusira |  
isi toya ingkang kèndhi dèn-jupuka |  
dèn-êcurna saubênging pagêr wisma ||
96. Asma: Al-mutangaliyu (78. [...] = Al Muta'aaliy) winaca-a,  
jalma èstri, nuju kèl myang nipas ika,  
insa Allah slamêt tan na kara-kara ||
97. Kang Asma: Al-baru (79. [...] = Al Bar) winaca ping sapta,  
dinamokkên maring rarya lit atmajanta,  
insa Allah salamêt kalis ing lara ||
98. Asma: Al-tawabu (80. [...] = Al Tawwaab), kalamun winaca,  
kaping satus,  
sawidak bakdaning Luka,  
mangka ingapura sakèhing dosanya ||
99. Asma: Al-muntakinu (81. [...] = Al Muntaqim), sing sapa maca,  
kalle akèh mangka Allahu Tangala,  
manjingake sawarga maring wong ika ||
100. Kang Asma: Alngapwu (82. [...] = Al Afuww) kalamun winaca,  
rina wèngi,  
namung sapikantukira,  
ingapura ing sadosa-dosanira ||
101. Asma: Ar-rauku (83. [...] = Ar Rauuf), kalamun winaca,  
sabên ari namung sakuwasanira, nora kêna kinaniaya ing liya ||

102. Kang Asma: Malikal Mulki (84. [...] = Maalikul Mulki),  
Dul jalali wal Ikrami (85. [...] = Dzul Jalaali wal Ikraam) |  
yèn arsa sugih nglênggana, ing mamaca ari ratri aywa lapa ||
103. Asma: Al-Muksitu (86. [...] = Al Muqsith) lamun sira arsa,  
slamêt saking,  
sakèhing godha rêncana,  
aywa lupa winaca sakuwasanya ||
104. Asma: Al-jamingu (87. [...] = Al Jaami') lamun sira arsa,  
kasinungan momong wong akèh wiaca,



wêktu Luka nênga langit ping sadasa ||

105. Asma: Al-ganiyu (88. [...] = Al Ghaniy), lamun sira arsa,  
slamêt saking sakèhe bilai poma,  
winaca-a amung sakuwasanira ||
106. Kang Asma: Almugni (89. [...] = Al Mughniy), sapa ingkang maca,  
ping sapuluh Jumuwah sa-Jumuwahnya,  
kaping sèwu nora pègat rijêkinya ||
107. Kang Asma: Almuti,  
sapa wonge maca,  
tan winanci muhung sakuwasanira,  
nora karêm jêjaluk mring liyanira ||
108. Asma: Almaningu (90. [...] = Al Maani'), yèn ana wanita,  
binêndon ing laki winaca yèn arsa,  
nendra mangka ilang nêpsune lakinya ||
109. Asma: Al-kalaru (91. [...] = Adh Dhaarr), kalamun winaca,  
nuju malêm Jumuwah ping satus ika,  
mangka nora kêna mlarat salaminya ||
110. Asma: An-napingu (92. [...] = An Naafi') yèn kesah baita,  
winaca-a ping satus sabên sadasa,  
dinamokna ing prau tan kêna kèrêm harja ||

Jilid 4 - Kaca : 88

111. Kang Asma: An-nuru (93. [...] = Nuur) sapa ingkang maca,  
wanci wêngi kaping sèwu kathahira,  
mangka sinung padhang tyase kang amaca ||
112. Kang Asma: Al-hadi (94. [...] = Al Haadiy), yèn sirarsa tampa,  
drajating wong Arip winaca tumênga,  
(n)junjung asta tamat ingusapkên surya ||
113. Asma: Al-badingu (95. [...] = Al Badii') yèn prihatin sira,  
winaca-a kaping sèwu kathahira,  
insa Allah sirna kang prihatinira ||
114. Kang Asma: Al-baki (96. [...] = Al Baaqy), sing sapa amaca,  
kaping satus mangka yêkti tinarima,  
ing sakèhe amale wong kang amaca ||
115. Asma: Al-warisu (97. [...] = Al Waarits), kalamun winaca,  
kaping satus sadurunge mêtu surya,  
tan ngênani sawiji-wiji mring sira ||
116. Asma: Arasidu (98. [...] = Ar Rasyiid), sapa yun uninga,  
ing tingkahe, miwah mring sariranira,  
winaca ping sèwu sasirêping jalma ||
117. Asma: As-saburu (99. [...] = Ash Shabuur), ping satus winaca,  
antarane Mahribi kalawan Ngisa,

sabar amot wêlasan yudakanaka ||

### 278. Pangkur

1. Wus tamat Asma'ul Kusna |  
myang prêlune Asma sawiji-wiji |  
pawong-sanak ingkang kasdu |  
miminta marang ingwang |  
warna-warna ancas karsane kang manus |  
minta bêrkah minta sarat |  
minta tamba minta sugih ||
2. Kang dakwèhke nora liya |  
muhung mêtih saking Asmaning Widdhi |  
sangan puluh sanga wau |  
basane awrat ringan |  
de awrate kudu tumêmên ing kalbu |  
lumintu sarèh narima |  
mêlêng aywa bèncèng pikir ||

12 Mas Cêbolang dalah para santrinipun dhèrèk Haji Nurgirindra dhatêng griyanipun Nyai Wulanjar Dêmang ing Paricara ingkang ngawontênakên wilujêngan pëndhak gêblagipun Ki Dêmang. Mas Cêbolang ingkang katêdha têrbangan kanthi bêksan, sêngaja namur dados pawèstri nama Kèn Suwadi. Bêksan gègèndhinganipun pêpujian salawat, nggêlarakên lampahan Dewa Ruci, ngèlmu raos tuwin pitutur. Bokmas Dêmang sakalangkung kapranan dhatêng Kèn Suwadi, mila katêdha nyipêng. Panamuripun Mas Cêbolang sakalangkung rêmit; ing dalu badhar sanyatanipun, ewadene malah dados pirênanipun Nyai Dêmang, lajêng posah-pasihan ...  
kaca 89-120

Jilid 4 - Kaca : 89

3. Ènthènge tanpa acêgah |  
nanging paran wis watêke wong cilik |  
kang kurang pamikiripun |  
nêtêpi kêbodhowan |  
arang ingkang ngandêl malah grunêngipun |  
tiwas nyêngka kraya-raya |  
mung mêngkono jêbulnèki ||
4. Thênging tyas mung nyuwun barkah |  
katêkanna kang dadi kajatmami |  
nora arêp jaluk wuruk |  
pujian mêtêmèlan |  
beda têtêmên lan ki Dul Lothung kang kombul |  
omahe kêbak panganan |  
mênyan kêmbang borèh wangi ||
5. Kadhang nganggo mundhut arta |  
sakolure kanggo slamêtan amrih |  
gatine kang dadya kayun |  
ingkang padha tumêka |  
nora susah dipurih awèh wus tamtu |  
nganak-anakake arta |  
katulak eklasing ati ||

6. Kang mangkana wus maratah |  
 tanpa titi mung lagi ngrungu warti |  
 gurawalan numbuk bëntus |  
 daya-daya ing karsa |  
 nanging nora bisa maoni katèngsun |  
 kasugihaning Pangeran |  
 kamurahing Hyang Widdhi ||
7. Cêbolang sru sukèng nala |  
 lan umatur sabda ingkang kawijil |  
 kalangkung pamundhiulun |  
 ingkang datanpa timbang |  
 nir ing daya atur wawalês kang mungguh |  
 tan lyan muhung sungkêm-amba |  
 ing lair anrusing batin ||
8. Tumanêm ing maknawiyah |  
 Kyai Kaji mènêm wacana manis |  
 sukur Alkamdulillahu |  
 nahan wus gagat-enjang |  
 abubaran Cêbolang sarewangipun |  
 wangsul maring pamondhokan |  
 lajêng sêmbahyang Subêki ||
9. Kacarita Mas Cêbolang |  
 wus sapasar dènnya nèng Wanagiri |  
 Ki Kaji saya sihipun |  
 ratri pantara siyang |  
 tansèng ngarsa winêdharan sakèh kawruh |  
 tanapi Ki endrasmara |  
 lir sudara nunggil kapti ||
10. Kalok parapating desa |  
 nahan wontên walanjar mêrakati |  
 dèdèg lènjang sarwa turut |  
 rema kèh sarwa krêsna |  
 netra (n)jait kocak (m)balerah mawèh kung |  
 grana rungguh malicarma |  
 lathi dhamis sumèh manis ||
11. Waja krêsna nglar brêmara |  
 kuning wênês lugune cêmêng manis |  
 dadya kakêmbanging kidung |  
 wlanjaring Paricara |  
 awêwangi (m)Bokmas Dêmang Puspamadu |  
 lêstari kadêmangannya |  
 suyut sakèhing wong cilik ||
12. Tanapi parapat desa |  
 tuwin para babenggole wong juti |  
 samya rumêksa tan ayun |  
 ngrurusak amitênah |  
 labêt saking kalèban (m)bêg darma ayu |  
 danarta busana boga |

Jilid 4 - Kaca : 90

mintir lir ilining warih ||

13. Lêgawa anrusing nala |  
parmaning Hyang kacukupe lêstari |  
krêtarja sawêngkonipun |  
sêpi angkara murka |  
sabên taun lèk gêblage lakinipun |  
nyuruhi tangga parapat |  
kaum santri kinèn tahlil ||
14. Bakda tahlil tarêbangan |  
mangkya nuju tanggal gêblaging laki |  
wimbuh karohan ing tutur |  
Kyai ing Girimarta |  
katamuwan santri saking tanah Kêdhu |  
pramèng gêndhing tarêbangan |  
swara apik warna pêkik ||
15. Kadêmangan Paricara |  
jalu èstri sayuk anambut kardi |  
badhe sasêgahing tamu |  
maragat bèbèk ayam |  
menda gibas ing pawon swara gumuruh |  
èstri kang samya lah-olah |  
ing pandhapi wus rinakit ||
16. Sigêg kang anambut karya |  
Nyai Dêmang parentah marang dasih |  
ngaturi lir adatipun |  
kang maring Girimarta |  
pan winêkas Kiyai saputra-mantu |  
miwah santrinya sadaya |  
tinartantu samya prapti ||
17. Kang kinèn mentar (n)dum paran |  
praptèng Girimarta matur kiyai |  
sowankula dipunutus |  
putranta (m)Bokmas Dêmang |  
mangke dalu kiyai myang putra-mantu |  
dipunaturi sadaya |  
tahlilan lajêng kèndhuri ||
18. Wah malah putra sampeyan |  
nyuwun kaum kalawan santrinèki |  
tarêbangipun ywa kantong |  
kyai lon lingira, |  
iya bêcik lawan tutura lurahmu |  
kajaba santri padatan |  
ulun ambêkta têtami ||
19. Santri saking tanah manca |  
kang sinung ngling manêmbah mundur aglis |  
kiyai mangetan gupuh |  
pinanggih endrasmara |

- myang tamune binejanan sadaya wus |  
 endrasmara lan Cêbolang |  
 wus rêmbuk salire wadi ||
20. Matur lirih maring rama |  
 langkung suka sakarsa anjurungi |  
 baskara diwasa surup |  
 bakdane wêktu Ngisa |  
 Kyai Kaji putra mantu santri tamu |  
 mangkat saking Girimarta |  
 ing Paricara wus prapti ||
21. Èstri laju maring wisma |  
 jalu anèng pandhapa thirik-thirik |  
 ri kang pinangka panunggul |  
 Kiyai Nur Girindra |  
 Nyai Dêmang wus tundhuk lan rabinipun |  
 endrasmara papat pisan |  
 (m)bêkta pawèstri sawiji ||
22. Ing warna kalangkung pelag |  
 sumèh manis Nyi Dêmang tanya aris |  
 puniku sintên (m)bakayu |  
 baya manggunge kakung |  
 dene dèrèng wontên kang kuciwèng sêmu |  
 (m)bakayu sakawan pisan |  
 têka sampun dènadhèni ||
23. Nyai endrasmara latah |  
 adhi dêmang punika tamumami |  
 saking Pingit asalipun |  
 sarêngan santri gangsal |  
 Mas Cêbolang ingkang pinangka pangayun |  
 lan rakanta sinudara |  
 kadi tunggil yayah bibi ||
24. botên ilok yèn lamisa |  
 kula matur prasajan dhatêng adhi |  
 Mas Cêbolang warninipun |  
 plêg kadya Samba-pradan |  
 sawêg nêdhêng ngèlmine sampun kacakup |  
 kaot èstri lawan priya |  
 lan punika botên kalih ||
25. (m)Bokmas Dêmang ririh tanya |  
 (m)bakyu niku punapa rabinèki |  
 yèn saking cariyosipun |  
 namung sarêngan lampah |  
 tunggil purug wikana saèstunipun |  
 wawi takènna piyambak |  
 lah adhi mang majêng ngriki ||
26. Kang kinèn tumungkul lingnya |  
 sampun ulun kewala wontên ngriki |  
 nulya pinaranan gupuh |

sarwi asung pambagya |  
manuhake (ng)gih adhi kang nêmbè têtung |  
dhuh lae sintèn sinambat |  
kula pun Siti Suwadi ||

27. Saking Pingit adrênging tyas |  
yun uninga ing ngèlmi kang sêjati |  
saru-siku datan ketung |  
ginunêm tan rinasa |  
awit Allah satuhu sipat ngalimun |  
sampun ingkang bangsa badan |  
klêthêking tyas ngawikani ||

Jilid 4 - Kaca : 92

28. Èstu (m)botên kasamaran |  
lampah kula badhe mring Pranaragi |  
sasarêngan nêng dêlanggung |  
lan Kimase Cêbolang |  
awit alit kêmpal ngaos wontên Kêdhu |  
kulina duk alit mila |  
mila sêpên walangati ||

29. Rêsêping tyas Nyai Dêmang |  
tanggap tanduk mring para tamu èstri |  
mintir buja-kramanipun |  
sigêg kang mong tamu dyah |  
ing pandhapi wus pêpêg kang para tamu |  
awit tahlil swara rampak |  
Nur Girindra kang ngimami ||

30. Paragat tahlil andonga |  
Ki Nurwitri nasibi ngalik-alik |  
amin gumrênggêng gumulung |  
rampung pandonganira |  
ramya maca Patekah sadayanipun |  
tamat ing Patekah nadhah |  
satirahe dèn bêrkahi ||

31. Pra tamu jênêk pinarak |  
Kyai Kaji parentah mring pra santri |  
padha sêntakên trêbangmu |  
Nurwitri abawa-a |  
gêndhing trêbang amirit gêndhing Mântarum |  
didimène padha myarsa |  
para kadang-kadang wukir ||

32. Ki Nurwitri wus ambuka |  
gêndhing Kayun swara rum milêt mêthit |  
tarêbang gobyog gunêbrung |  
pra santri tarung rampak |  
Allah kayun mubakên maholle wal ku |  
lubarani lajêngira |  
johar waliyul olahe ||

33. Kang samya mantuk winarna |  
dupi mirêng tarêbang amêlingi |  
bènèh lawan sabênnipun |  
samyang wangsul sarêngan |  
lan têtangga tanapi parêpat dhusun |  
èstri atanapi priya |  
gumrubyug samya ningali ||
34. Jêjêl uyêl nèng plataran |  
bêntêt pêpêt minggah èmpèr pandhapi |  
uyêg tarêbang binarung |  
ngandhêlong iramanya |  
tandya suwuk maos salawat sadarum |  
angaring-aring uswasa |  
sinambi nginum nyênnyamik ||
35. Nurwitri matur manêmbah |  
kyai miwah (m)bokmase yèn marêngi |  
tinimbang kang tinon suwung |  
prayogi dhinulêngan |  
iya atut nanging tan ana kang pêcus |  
(m)bok manawi tan lênggana |  
Siti Suwadi (n)dhulêngi ||
36. Ah apa iya gêlêma |  
endasmara maringa wisma aglis |  
tarinên dhewe tamumu |  
kalamun wis kaduga |  
anjaluka lilah marang ing arimu |  
endasmara wus mring wisma |  
manggihi Siti Suwadi ||
37. Dhuh yayimas lalu eman |  
langkung kathah jalma kang niningali |  
apa dene para tamu |  
tan ana sêdya linggar |  
sru karênan myarsa gêndhing têngbang kidung |  
saendah dhinulêngêna |  
kiraku luwih prayogi ||
38. Yai krana-Lah kewala |  
yèn wus sagah dak matur maring nyai |  
kang sinung ngling mèsêm matur |  
ulun sumanggèng karsa |  
namung nyuwun ngampil sinjang kangge kudhung |  
endasmara sukèng driya |  
matur maring nyai panti ||
39. Adhi nyai kadiparan |  
Nyai Dêmang sukèng tyas amurugi |  
Siti Suwadi rinangkul |  
apa kang dakwalêsna |  
dene nêmbè wanuh wus kadi sadulur |  
bangun turut wèh sukèng tyas |

Jilid 4 - Kaca : 93

sakarsa tan nyulayani ||

40. Dhuh yayi woding wardaya |  
èstu lamun (m)bakyumu durung uning |  
wong andhulêng tingkahipun |  
apa kang dadya sarat |  
wêcakêna yayi ywa nganggo pakewuh |  
inggih kang-(m)bok namung sinjang |  
lêlêmês sawontênnèki ||
41. Nyai Dêmang wus sadhiya |  
endrasmara mêdal katur ing Kyai |  
wus dhangsan sadayanipun |  
kiyai latah-latah |  
lah Nurwitri mangsa bodhowa sirèku |  
santriku anut kewala |  
sakancamu (n)jrudêmungi ||

### 279. Jurudêmung

1. Siti Suwadi wus mêdal |  
limar wilis ngagêm kudhung |  
mung katingal suryanipun |  
mancorong netra balerah |  
lir wulan katawêng mêndhung |  
munggèng têngahing pêndhapa |  
dhêmês mêmês sila panggung ||
2. Iyêg kang samya tumingal |  
labêt durung tau wêruh |  
mawarna pangiranipun |  
tlèdhèk wadon iku baya |  
priye mêngko(ng)gonne gambuh |  
nganggo sindhèn apa ora |  
wong santri wiyaganipun ||
3. Ni Suwadi lêkas bawa |  
swara lantas wilêt arum |  
kang myarsa cingak sadarum |  
tumanêm mring tyas kasmaran |  
kampirangu gandrung-gandrung |  
laras slendro pathêt sanga |  
lagon Gambirsawit mungguh ||
4. Ya ila la ilalah |  
la ilaha ilalahu |  
Muhkamadun Kabibuhu |  
madum Muhkamad salalah |  
la ilaha ilulahu |  
Muhkamadun Kabibulah |  
Muhkamadun Kabibuhu ||
5. Tinampan ing santri samya |  
swara rêmpêg nora umyung |  
tarêbang agêng jumêngglung |

Jilid 4 - Kaca : 94



dèrèng minggah kang irama |  
dhung prong prong pèg pak pong pong brung |  
dhung dhah dhung dhèng tong tung tung brang |  
gya dhulèng parikanipun ||

6. Tarlèn mung ingêla-êla |  
kawilêt lêlangan lagu |  
lêng lêng kalingan kalalun |  
kalangan langêning brata |  
marang mirong rangu-rangu |  
karungrungan maring riya |  
riyaning tyas lir tinutus ||
7. Puspa krêsna ing astana |  
kalabang sinandhung murub |  
karênan maring sihipun |  
satriya andêling yuda |  
surasaning tyas wulangun |  
wilatung buntal sarotan |  
anggung katingal wong agung ||
8. Dalanggung loro parannya |  
jangkrik gunung wong angrangkung |  
kadi tan nyimpang siringsun |  
kramaning pulasing wayang |  
satawana akukuncung |  
mêrakati warnanira |  
bêndera lit sun lalayu ||
9. Minarda ing pakêdhungan |  
patinggi tilar dhudhukuh |  
baya kasusahan wuyung |  
walulang rineka jalma |  
kukus gantung jêbug arum |  
wayanganne kang sinawang |  
sumapala polahipun ||
10. Atmaraga minangkara |  
tan sawala langêning hyun |  
srênging karsa kêmbang banyu |  
wisesa antuking nala |  
wusing karsa gayung sumur |  
dadi tatambaning branta |  
kunir jênar yèn katêmu ||
11. Narmada têmpur samodra |  
anyungap rasaning kalbu |  
gagêlang munggèng panuduh |  
tan liya-liya mung sira |  
sêsulung kang mêdal esuk |  
dalan gèdhe jroning praja |  
yèn tan lironsih kalurung ||

Jilid 4 - Kaca : 95

12. Macan galak wulu badhak |  
 mangsaborong raganingsun |  
 burad-pada (m)bok ya wanuh |  
 guladrawa pinasthika |  
 baya laliya maringsun |  
 kang sela panglawêt ganda |  
 kapisanan ing pandulu ||
13. Panu biru munggèng jaja |  
 puspita lêсах ing gêlung |  
 suntohi layon wong ayu |  
 gong alit ing pawayangan |  
 suntêdha bisa-a kumpul |  
 karanjang pangubak nila |  
 wus kaburan wartanipun ||
14. Samya karênan kang mulat |  
 mring kang (n)dhulêng ojrat luhung |  
 yèn têkan sèlèhanipun |  
 tinampèn bawa sauran |  
 inginggakên gêndhingipun |  
 ngalètèr akakalangan |  
 abêsus saingga gambyong ||
15. Sisirig munyêt ing tingal |  
 liringe kadya tinutus |  
 maratani èstri jalêr |  
 ingkang kataman naratab |  
 kakêtêge sêntug-sêntug |  
 barêng angunjal ambêgan |  
 jalu têngah tuwuh pikun ||
16. Lir gana kèh kang (m)bêngkayang |  
 mangah-mangah manggut-manggut |  
 pinathêt mêksa katrucut |  
 gumêh kakêmpunge lêga |  
 ngunjal napas mangap tanggung |  
 bêtèke kataman brangta |  
 kapiadrêng kalangkung ||
17. Kèh nyuwara tan riringa |  
 titènana mêngko lamun |  
 mantuk maring pondhokipun |  
 dakadhang mangsa mrucuta |  
 sapa wani malang megung |  
 baya wus bosên nêng donya |  
 (n)dak slênthik bae (m)balêdug ||
18. Kathah pangucaping jalma |  
 kang samya kataman gandrung |  
 wus rinantam jroning kayun |  
 dènnya mrih kapadhan karsa |  
 nahên kang dhulêng wus nutug |  
 ngandhêlong ingkang irama |

19. Wangsul marang jroning wisma |  
(m)Bokmas Dêmang mapag gapyuk |  
linukaran kudhungipun |  
angga jêmêk sawatara |  
mung plarapan ting parêntul |  
tinutulan usap asta |  
tinoyanan arum-arum ||
20. Yayi sayahmu saiba |  
kang tinanya mèsêm muwus |  
pangèstunipun (m)bakayu |  
badan ringas manah bingah |  
adhuh yayi sukur-sukur |  
wus dakadhêmake wedang |  
pala cêngkèh kaduk kêcut ||
21. Lêgine mung lamat-lamat |  
nyirnakkên saliting gulu |  
kalawan dhaharanipun |  
wowohan myang lah-olahan |  
sambinên ywa nganggo rikuh |  
duwèkku ya darbèkira |  
nanggapi kang tampi wuwus ||
22. Pra tamu èstri sadaya |  
sih sênêngira kalangkung |  
bêjane pamintanipun |  
têmbe kaparêng mampira |  
dhumatêng ing dhukuhipun |  
wanti-wanti pamêlingnya |  
kang kinèn ngêcani kalbu ||
23. Ing jawi mangkya winarna |  
Ki Kaji ngandika aris |  
hèh Nurwitri bécik banjur |  
palilah lalagon Jawa |  
padha ngêrti kang anggugu |  
kang sinung ngling (n)dhêku nulya |  
(m)buka nuskah rowiyèku ||
24. Swara manis arum raras |  
mêrit mêthit ngrujit wuluh |  
mêmbat ngayut-ayut kalbu |  
salawat barung ping tiga |  
la ilalaha ilolahu |  
Muhkamadun Rasullolah |  
Muhkamad Kabilulahu ||
25. Tinampèn kèh saurannya |  
gênturan têrêbangipun |  
alêlagon Sêkar-gadhung |  
Ki Nurwitri wus manêngah |

emprak datan mawa kancuh |  
malêtêr anèng kalangan |  
sasingire kalanipun ||

26. Sang Wrêkudara pratistha |  
nèng têtênge samodra gung |  
pinanggya jawata luhung |  
paparap Sang Dipaningrat |  
kang kinarya bukanipun |  
Dewa Ruci angandika |  
marang sang sêdya linuhung ||

Jilid 4 - Kaca : 97

27. Hèh Wrêkudara apa |  
prapta ing kene karyamu |  
miwah apa ta sêdyamu |  
ing kene sêpi kaliwat |  
nir busana buktinipun |  
amungna ya ana kaleyang |  
tumiba ing ngarsaningsun ||

28. Mung iku ingkang sunpangan |  
garjitèng tyas duk angrungu |  
sang Wrêkudara sru ngungun |  
dene bajang tanpa rowang |  
agêdhe jajênthikingsun |  
ucape ladak kumêthak |  
Dewa Ruci malih wuwus ||

29. Lan maning Wrêkudara |  
kene kèh panca-boyèstu |  
lamun nora êtoh lampus |  
sayêkti tan sagêd prapta |  
lan ciptamu nora urup |  
têka sira paripaksa |  
nora ngeman-eman lampus ||

30. Sabda kluhuran tan ana |  
kewran ri sang Bayusunu |  
dènnira arsa umatur |  
dene datan wruh ing gatya |  
dadya alon dènnya matur |  
mangsa borong Sang Ayogya |  
Sang Wiku lingira arum ||

31. Sira bèbète Hyang Siwah |  
Brama witing para ratu |  
iya ta bapanirèku |  
turun saking Sang Hyang Brama |  
Kunthi ibunira èstu |  
turase Hyang Narayana |  
amung patutan têtêlu ||

32. Yudhisthira kang pangarsa |  
panènggake ya sirèku |

- Pêrmadi panêngahipun |  
 ingkang loro kadangira |  
 saking Dyah Madrim puniku |  
 jangkêp Pandhawa prastanta |  
 kene saking tuduhipun ||
33. Gurupara Dhangyang Druna |  
 kinèn ngulatana ranu |  
 urip tirta bêning iku |  
 kang sira lakoni baya |  
 angèl pratingkahe idhup |  
 aywa lunga yèn tan wruha |  
 ingkang pinaran ing purug ||
34. Lawan sira aywa nadhah |  
 yèn tan wruha rasanipun |  
 ywa nganggo-anggo sirèku |  
 yèn tan wruh ranning busana |  
 wêruhe atakon tuhu |  
 bisane têtiron nyata |  
 dadi lan tumandangipun ||
35. Pan mangkono ing agêsang |  
 ana jugul saking gunung |  
 arsa tuku mas kang luhung |  
 mring kêmasan gya sinungan |  
 lancung kuning wus dènsêngguh |  
 kêncana kang luwih mulya |  
 mangkono ingabêktèku ||
36. Kalamun durung waspada |  
 kang sinêmbah prênahipun |  
 sru (n)dhêku sang Bayusunu |  
 noraga de Sang Bathara |  
 sidik patitis kalangkung |  
 dadya malatsih manêmbah |  
 anuwun jinatyan èstu ||
37. Sintên ta paparap tuwan |  
 têka pribadi dudunung |  
 sang Marbudyèngrat lingnya rum |  
 iya ingsun Ruci Dewa |  
 matur malih Bayusunu |  
 pukulun yèn mêkatêna |  
 pun patik nyuwun sih èstu ||
38. Datan wruh pruwitèng badan |  
 sasat sato ing wana gung |  
 tan mantra waspadèng dunung |  
 sukcinè kang jiwa-raga |  
 sakalangkung mudha punggung |  
 cinacad jagad wiryawan |  
 kèsi-èsi ing tumuwuh ||

Jilid 4 - Kaca : 98

39. Angganing kanang curiga |  
 ulun tanpa wrangkanipun |  
 ngandika ri sang Linuhung |  
 lah ta mara Wrêkudara |  
 sira umanjinga gupuh |  
 marang guwagarbaningwang |  
 miyarsa kagyat gumuyu ||
40. Angguguk aris turira |  
 paduka alit kalangkung |  
 kawula agêng aluhur |  
 inggih pangawak parbata |  
 saking pundi marganipun |  
 jajênthik kewala sêsak |  
 ngandika malih sang Wiku ||
41. Kaki gêdhe êndi sira |  
 lan jagad saisinipun |  
 tan sêsak lamun lumêbu |  
 marang ing jro garbaningwang |  
 duk myarsa sang Bayusunu |  
 èstu jrih matur sandika |  
 mènglèn sang Dewa Ruci nung ||
42. Yèku nu karnèngsun kiwan |  
 sigra manjing Bayusunu |  
 wus praptèng jro garbanipun |  
 non tasik nir têpinira |  
 lèyèp mahawan ngêlangut |  
 saking dohe kang kawuryan |  
 Dewa Ruci nguwuh-uwuh ||
43. Hèh apa katon ing sira |  
 umatur têtih kalangkung |  
 datan wontèn kang kadulu |  
 uwung-uwung awang-awang |  
 ing saparan-paran ulun |  
 datan mulat kilèn wetan |  
 kidul èlèr ngandhap luhur ||
44. Ing pungkur tanapi ngarsa |  
 dasihe kalangkung bingung |  
 Dewa Ruci ngandika rum |  
 aja amaras tyasira |  
 sang Sena byar wus dumunung |  
 ngadhêp Sang Wiku kawangwang |  
 cahyanya mancur ngunguwung ||
45. Sena nolèh wruh ing prênah |  
 Sang Hyang Surya wus kadulu |  
 ecèng tyas ngadhêp Sang Wiku |  
 anèng ing jagad walikan |  
 ngandika malih Sang Luhung |  
 lumaku anduduluwa |

Jilid 4 - Kaca : 99

apa kang katon sirèku ||

46. Sena matur wontên warna |  
sakawan ingkang kadulu |  
sadaya kang wau-wau |  
wus nir datan katingalan |  
mung sakawan prakarèku |  
krêsna rêta jênar seta |  
mèsêm ngandika Sang Luhung ||
47. Kang dhingin sira non cahya |  
gumawang tan wruh rannipun |  
pan Pancamaya puniku |  
jatine ing tyas sanyata |  
pangarêping sarirèku |  
têgêse ing tyas ingaran |  
muka sipat kang anuntun ||
48. Marang sipat kang sanyata |  
jatining sipat linangkung |  
mangka tinulya lyap-luyup |  
awas na rupa ywa namar |  
kwasaning tyas êmpannipun |  
tingaling driya puniku |  
aningali mring satuhu ||
49. Eca tyase Wrêkodara |  
kalane miyarsa wusus |  
tyas sumringah lagya kuncup |  
de rupa kang catur warna |  
iku durgamaning kalbu |  
mêpêki isining jagad |  
ati têlung prakarèku ||
50. Dadi pamurunging lampah |  
kang bisa pisah saèstu |  
sida amor ing gaibun |  
iku mungguhing atapa |  
ati kang tatêlu mau |  
krêsna rêta jênar samya |  
nyêgah cipta kang lêstantun ||
51. Pamoring kang Suksma mulya |  
yèn tan kawilêt tri mau |  
yêkti sida sirnanipun |  
sarira lêstari nunggal |  
poma dênawas dênemut |  
durgama kang munggèng nala |  
panguwasane dênwêruh ||
52. Kang irêng luwih prakosa |  
panggawene srêngên bêndu |  
(n)dadra ngambra-ambra masruh |  
ati kang ngadhangi marang |  
ing kabêcikan sawêgung |

de rêtèku tuduh duka |  
kèh penganing rahayu ||

53. Sêmbrana panas-atènan |  
(m)buntoni manah kang emut |  
maring kawaspadan muhung |  
dene kang arupa jênar |  
(ng)gulang sabarang ciptèku |  
kang tan sayogya dadinya |  
myang panggawe kang mrih tulus ||
54. Kang ngandhêgi ati jênar |  
pangrusak binanjur jumrung |  
mung kang putih iku tuhu |  
ati antêng sukci nyata |  
prawira kaharjan ayu |  
namung iku ingkang wignya |  
nampèni sasmita tuhu ||
55. Myang nampèni sih nugraha |  
ênggonne bisa tumanduk |  
kalêstarèn pamoripun |  
ing kapti yèku munggunya |  
katêlu balane agung |  
kang seta datanpa rowang |  
milu gung kasoran pupuh ||
56. Yèn bisa nêmbadanana |  
mring sukêr tri prakarèku |  
sida kono pamoripun |  
puniku tanpa tuduhan |  
pamore kula-Gustiku |  
Wrêkudara duk miyarsa |  
saya sêngkut pamrihipun ||
57. Birai mring kauwusan |  
ing urip sampurnèng kumpul |  
patang prakara wus surut |  
urup siji kang katingal |  
wêwolu ing warnanipun |  
sang Wrêkudara aturnya |  
punapa ta wastanipun ||
58. Urup juga astha warna |  
pundi kang sanyatanipun |  
wontên kadi rêtna mancur |  
wontên kadi maya-maya |  
wontên abra markatèku |  
Marbudèngrat angandika |  
iku kajatèning kumpul ||
59. Saliring warna têngêsnya |  
iya ana ing sirèku |  
myang sining bumi sadarum |

Jilid 4 - Kaca : 100



ginambar nèng angganira |  
apadene jagad agung |  
jagad cilik tan prabeda |  
purwane ana lor kidul ||

60. Kulon wetan luhur ngandhap |  
krêsna rêta jênar pingul |  
panguripe buwanèku |  
lamun ilang warnaningkang |  
iya jagad kabèh iku |  
tan ana ingkang kliwatan |  
miwah tan ana kang suwung ||
61. Saliring reka tan ana |  
kinumpulakên sadarum |  
ana rupa kang siji mung |  
datan kakung tan wanodya |  
lir tawon gumana iku |  
kang agawang putran dênta |  
lah payo dulunên gupuh ||
62. Wrêkudara wus umiyat |  
kang lir putran gadhing luhung |  
cahya kumilat umancur |  
tumeja nguwung wangkawa |  
punapa inggih punika |  
warnaning Dat kang ngulatan |  
kayaktène rupa tuhu ||
63. Nauri Sang Ruci Dewa |  
kang sira sêdya lèn iku |  
kang mumpuni bêk sadarum |  
sira dulu boya kêna |  
tanpa rupa nir warnèku |  
datan gatra tan satmata |  
atanapi tanpa dunung ||
64. Mung dumunung mring kang awas |  
mung sasmita nèng jagad gung |  
kêbêk tan kêna dinumuk |  
de kang sira dulu pindha |  
puputran mutyara mancur |  
angkara-kara sumunar |  
pan Pramana arannipun ||
65. Tunggal anèng ing sarira |  
nanging tan mèlu margiyuh |  
myang tan mèlu mangan turu |  
tan amèlu lara lapa |  
yèn iku pisah (ng)gènnipun |  
raga nglumpruk badan lungkrah |  
ingkang kuwasa ya iku ||

Jilid 4 - Kaca : 101

66. Nandhang rahsa kauripan |  
 dening Suksma kang linuhung |  
 sinung sih anandhang idhup |  
 ingakên rahsaning Êdat |  
 sinandhangkên nêng sirèku |  
 kadi simbar nêng kakaywan |  
 aranning raganirèku ||
67. Uriping Pramana ika |  
 inguripan Suksma nêngguh |  
 misesa ing sarirèku |  
 yèn mati mèlu kalêswan |  
 yèn nir Suksmaning ragèku |  
 gya uriping Sukma mulya |  
 mau wus nunggal lan wujud ||

### **280. Dhandhanggula**

1. Sigêg mangkya kang winarnêng tulis |  
 para tamu miwah kang tumingal |  
 wayang-wuyungan driyane |  
 gorèh dènnira lungguh |  
 pra wadonan cacadhang kapti |  
 wênèh ririh wicara |  
 baguse anggambuh |  
 suwe nora awèh ulat |  
 mêngko lamun malembar marang ing (n)jawi |  
 dakajak mring wismèngwang ||
2. Ulun kungkung boya kêna mijil |  
 andadaha badanku sadaya |  
 dènkêndho sing (m)bathok kiye |  
 rewange mlerok muwus |  
 jangji mênga tanpa pakering |  
 ambadhog darkèbingwang |  
 dhedhekaku mau |  
 dèntêmu pèk nêng dèdalan |  
 titènana nora wurung kramas gêtih |  
 (n)njèngèk kang sinung ujar ||
3. Ngubêr-ubêr wawan-winawan ngling |  
 kabarangat grêjêg tèmah tukar |  
 gègèr pinisah wong akèh |  
 para sêmbèr narucul |  
 antuk ênggon jèngglong nêng ngarsi |  
 tan ngrèmèsi kang tukar |  
 samya adol ayu |  
 timpuh siduwasta kiwa |  
 kêmbên kèndho nglowong payudara mingis |  
 kurang sathithik wutah ||
4. Wis antara dangu Ki Nurwitri |  
 dènnya (ng)gambuh sêsêging irama |  
 magênturan sru trêbange |  
 ngandhêlong tandya suwuk |  
 maca slawat angaring-arang |

sugata wedang dharan |  
sumaos ing ngayun |  
endramara lon lingira |  
wawi sami simambi sawontènnèki |  
kang ingacaran rahab ||

Jilid 4 - Kaca : 102

5. (m)Bokmas Dêmang atatanya ririh |  
mring Suwadi adhi ana ika |  
ingkang di kêmbang lambe |  
Cêbolang iku mau |  
kang tinanya nauri aris |  
punika rencangira |  
Nurwitri rannipun |  
botên tumut Ki Cêbolang |  
sawêg pambêng kilap mangke (m)bokmanawi |  
sagêt mapag kewala ||
6. Rak ya kêna ta dhi arêp uning |  
Ni Suwadi (ng)glêgês lon turira |  
manawi namung warnine |  
botên awisan èstu |  
kilap bilih ayun udani |  
silitipun canthoka |  
kula botên tanggung |  
suka tuwin botènnira |  
mBokmas Dêmang ririh nyiwêl wêntis kering |  
labêt tyas sru susila ||
7. Nahên wau kang anèng pandhapi |  
Nurgirindra alon angandika |  
lagi têngah wêngi kiye |  
lan bangêt (ng)gonku ayun |  
wruh bacute sang Bayusiwi |  
(ng)gonne antuk nugraha |  
saking Dewa Timur |  
pra santri bae kang emprak |  
sira lawan endramara kang asingir |  
tutuge mau ika ||
8. endramara nyandhak trêbang aglis |  
wus pinangku ginalewang bawang |  
Randhanunut lalagone |  
sagahannya winuwus |  
êmpok pering tiba anjêngking |  
para santri kang emprak |  
cara Argakidul |  
amung sasuka-sukanya |  
nora turut lawan iramaning gêndhing |  
uyêl pan nora tata ||
9. Santri Arga kèndêl nulya ganti |  
ingkang emprak Pala Kartipala |  
alus turut pangemprake |  
kaliye ngêmut sumbu |

talerongan brongotan api |  
bêbakaran priyawak |  
tênggok githokipun |  
suka kang sami umiyat |  
alok-alok suraknya mawanti-wanti |  
saking sangêting suka ||

10. Nahan ingkang (n)dumugèkkên singir |  
Ki Nurwitri lawan endrasmara |  
muhung kakalih kang nyêngkèng |  
sak plak suwara arum |  
anglir pathêt nyamplêng nêmnèki |  
mêrit mêthit araras |  
wilêt nganyut-anyut |  
hebat kang samya miyarsa |  
nglajêngakên sang Sena duk sinung uning |  
kaananing Pramana ||

Jilid 4 - Kaca : 103

11. Sirna iku iya kang pinanggih |  
uriping Suksma ingkang sanyata |  
kaliwatan upamane |  
lir rasaning kamumu |  
kang Pramana amratandhani |  
tuhu tunggal pinangka |  
jinatèn puniku |  
umatur sang Wrêkudara |  
inggih pundi warnane ingkang sayêkti |  
Dewa Ruci ngandika ||
12. Nora kêna yèn iku sira prih |  
lawan kaanan samata-mata |  
gampang angèl pirantine |  
Wrêkudara umatur |  
kula nyuwun pamêjang malih |  
inggih kédah uninga |  
babarpisannipun |  
pun patik ngaturkên pêjah |  
ambancana anggèn-anggèn ingkang pasthi |  
sampun tuwas kangelan ||
13. Angandika alon Dewa Ruci |  
Wrêkudara sira nora kêna |  
yèn kudu wruh samêngkone |  
yêktine sira luluh |  
yèn ngantiya sira udani |  
yèn sira umêksa |  
na tatrapanipun |  
sirnakêna wujudira |  
iya lawan netranira iku kaki |  
supaya yèn tumêka ||
14. Iya marang kang sira-ulati |  
sayêktine kang dadya warana |  
wujud netranira dhèwè |

iku pangkalan agung |  
Wrêkudara nêmbah nuwun sih |  
yèn kula kadugiya |  
tatrap kang puniku |  
iribe kadya punapa |  
warnaning Dat Dewa Ruci angling ririh |  
tan ana kang amimba ||

15. Nanging ana têrsandhane kaki |  
lamun krasa wujudira sirna |  
kari netra ati bae |  
nanging datan kadulu |  
bumi langit datan kaèksi |  
iku tandha yèn prapta |  
nugraha Hyang Agung |  
kaki lêngyêpe kewala |  
jagad anyar kabèh tan ana nimbangi |  
warna kadya mangkana ||
16. Yèn wis luwar dênangati-ati |  
dênwaspada sajroning wardaya |  
benjing praptèng wasanane |  
poma kaki dênemut |  
panunggale kawula-Gusti |  
sahir kabir tan ana |  
wus dadi sawujud |  
tan ana (ng)gonne angalap |  
wujud iku ngalap kabèh wus kawingkis |  
yèku jatining tunggal ||
17. Nora beda wong sinau kaki |  
iya pati sajroning ngagêsang |  
lan yèn prapta wêkasane |  
sayêkti tunggal iku |  
tan prabeda tingalirèki |  
Wrêkudara anêmbah |  
nuwun sih pakulun |  
sasampêtana karasa |  
tyas sumringah madêg kasudiran amrih |  
marang alam kamuksan ||

Jilid 4 - Kaca : 104

18. Yèn makatên amba datan mijil |  
sampun eca nêng riki kewala |  
botên wontên sangsayane |  
tan niat mangan turu |  
botên arip botên angêlih |  
botên ngrasa kangèlan |  
botên angrês linu |  
amung nikmat lan mupangat |  
Dewa Ruci lingira iku tan kêni |  
yèn nora lan antaka ||
19. Sangsaya sihira Dewa Ruci |  
marang sang kaswasih ing panêdha |

lah iya dènawas bae |  
mring pamurunging laku |  
aja ana karêmirèki |  
dènbênêr tekadira |  
ing anggêpirèku |  
yèn wus kasikêp ing sira |  
aja muhung dènannggo marah yèn angling |  
yèku rèh pipingitan ||

20. Nora kêna yèn sira rasani |  
lan sasama-samaning manungsa |  
kang nora lan nugrahane |  
yèn ana nêdya padu |  
angrasani rarasan iki |  
ya têka kalahana |  
aja kongsi banjur |  
aywa ngadêkkên sarira |  
ywa karakêt marang wisayaning ngurip |  
balik sikêpên uga ||
21. Kawisayan kang marang ing pati |  
dènkaasta pamanthêning cipta |  
rupa ingkang sabênêre |  
sinêngkêr buwanèku |  
urip nora nana nguripi |  
datan antara mangsa |  
iya ananipun |  
pan wus ana ing sarira |  
tuhu tunggal sasana lawan sirèki |  
tan kêna pisahêna ||
22. Tan na wênèh sangkanira nguni |  
tunggal sangat matining bawana |  
pandulu pamiyarsane |  
wus anèng ing sirèku |  
pamirsane Suksma sayêkti |  
iya tan lawan karna |  
ing pandulunipun |  
iya tan kalawan netra |  
karnanira netranira kang kinardi |  
anane anèng sira ||
23. Laire Suksma anèng sirèki |  
atinira kang ana ing Suksma |  
iya mangkene tatrape |  
kadya wrêksa tinunu |  
ananing kang kukusing agni |  
sarta kalawan wrêksa |  
lir toya lan alun |  
kadya menyak anèng powan |  
raganira ing rèh mobah lawan mosik |  
iya sarta nugraha ||
24. Yèn wruh pamore kawula-Gusti |  
sarta Suksma kang sinêdya ana |

de warna nèng sira (ng)gonne |  
lir wayang sarirèku |  
saking dhalang solahing ringgit |  
mangka panggung kang jagad |  
lire badan iku |  
amolah lamun pinolah |  
sasolahe kumêdhèp myarsa ningali |  
tumindak lan pangucap ||

Jilid 4 - Kaca : 105

25. Kawisesa amisesa sami |  
datan antara pamoring karsa |  
jêr tanpa rupa rupane |  
wus anèng ing sirèku |  
upamane paesan jati |  
ingkang ngilo Hyang Suksma |  
wayangan puniku |  
kang ana sajroning kaca |  
iya sira jênênging manungsa iki |  
rupa sajroning kaca ||
26. Luwih gêngnya kalêpasan iki |  
lawan jagad agêng kalêpasan |  
kalawan luwih lêmbut |  
salêmbutaning banyu |  
apan lêmbut kamuksan ugi |  
luwih alit kamuksan |  
saaliting têngu |  
pan maksih alit kamuksan |  
lire luwih amisesa ing sakalir |  
lire lêmbut alitnya ||
27. Bisa nuksma ing lêmbut lan alit |  
kalimputan kabèh kang rumangkang |  
gumrêmêt iya tan pae |  
kaluwihan sadarum |  
luwih iya dènnya nampani |  
tan kêna ngandêlêna |  
ing warah lan wuruk |  
dènsangêt pangwsanira |  
badannira wasuhên pragnyana ngungkih |  
wruha rungsiting tingkah ||
28. Wuruk iku kang minangka wiji |  
kang winuruk upamane papan |  
pama kacang lan kêdhêle |  
sinêbarna ing watu |  
yèn watune datanpa siti |  
kodanan kêpanasan |  
pasthi nora thukul |  
lamun sira bijaksana |  
tingalira sirnakna ngananirèki |  
dadi tingaling Suksma ||

29. Rupanira swaranira nuli |  
 ulihêna mring kang darbe swara |  
 jêr sira ingakên bae |  
 mimilih kang satuhu |  
 nanging aja duwe sirèki |  
 pakarêman kang liya |  
 marang Sang Hyang Luhur |  
 dadi sarira bawana |  
 obah osikira wus dadi sawiji |  
 ywa roro anggêpira ||
30. Yèn ta dadi anggêpira yêkti |  
 yèn angrasa roro maksih was-was |  
 kêna ing rêngu dadine |  
 yèn wus siji sawujud |  
 sakarêntêking tyasirèki |  
 apa cinipta ana |  
 kang sinêdya rawuh |  
 wus kawêngku anèng sira |  
 jagad kabèh jêr sira ingakên yêkti |  
 gègènti dènnya sagah ||
31. Wusnya mudhêng pratingkah kang iki |  
 dènawingit sarta dènasasap |  
 sasabana panganggone |  
 nanging ing batinipun |  
 ing sakêdhèp tan kêna lali |  
 laire sasabana |  
 kawruh patang dhapur |  
 padha anggêpên sadaya |  
 kalimane kang siji iku prêmati |  
 kanggo ing kene kana ||
32. Lire mati sajroning ngaurip |  
 iya urip sajroning apêjah |  
 urip bae salawase |  
 kang mati iku napsu |  
 badan lair ingkang nglakoni |  
 katampan badan nyata |  
 pamoring sawujud |  
 pagene ngrasa matiya |  
 Wrêkudara tyasira padhang nampèni |  
 wahyu prapta nugraha ||
33. Lir sasangka tawêng ima nipis |  
 praptaning wahyu ing ma nirmala |  
 sumilak ilang rêgêde |  
 angling malih tulya rum |  
 Dewa Ruci manis aririh |  
 tan ana aji paran |  
 kabèh wus kawêngku |  
 tan ana ingulatana |  
 kaprawiran kadigdayan wus kawingking |

Jilid 4 - Kaca : 106



kabèh rèhing ngayuda ||

34. Têlas wulangira Dewa Ruci |  
Wrêkudara ing tyas wus tan kewran |  
wruhing namane dhèwèke |  
hardaning swara muluk |  
tanpa êlar anjajah bangkit |  
sawêngkon jagadraya |  
angga wus kawêngku |  
pan tanpa matining basa |  
saenggane sêkar maksih kudhup lami |  
mangkya sêkar ambabar ||
35. Wuwuh warnane lan gandanèki |  
wus kêna kang Panca-rêtna mêdal |  
saking ing guwagarbane |  
wus salin alamipun |  
angulih alame lami |  
Dewa Ruci wus sirna |  
mangkana winuwus |  
tyasira sang Wrêkudara |  
lulus saking gandaning kasturi jati |  
papanasing tyas sirna ||
36. Ingkang emprak pra santri wus wradin |  
gya sinuwuk samya maca slawat |  
angaring-aring napase |  
wanci mèh bêdhuk têlu |  
Nurgirindra wacana maring |  
para tamu sadaya |  
ni panti kalangkung |  
nuwun kanthi sukarêna |  
de kêparêng jênêk pinarakan sami |  
ngantos mèh (n)dungkap êbyar ||
37. Kang sinung ngling (n)dhêku-(n)dhêku pamit |  
linilanan mantuk èstri priya |  
sarêng kalawan wêdale |  
jalu èstri kang (n)dulu |  
kèh tan mulih jêbêg nèng (n)jawi |  
kang nandhang larasmara |  
jumbuh sêdyanipun |  
endrasmara graitèng tyas |  
matur ririh mring marsêpuh Kyai mangkin |  
Suwadi sakancanya ||
38. Prayogine sipêng anèng ngriki |  
bilih tumut mantuk dados beka |  
kathah kang nandhang wirage |  
tekatpraya saèstu |  
iya jêbèng aja kuwatir |  
sinarah ing sakarsa |  
Kyai wus lumêbu |  
pamit marang (m)Bokmas Dêmang |  
rubiyaha endrasmara catur pamit |

39. (m)Bokmas Dêmang wêling wanti-wanti |  
sesuk bêngi poma aja lincat |  
dak arêp-arêp marene |  
sukur lawan kancamu |  
kang padha yun mring Pranaragi |  
Suwadi mèsêm lingnya |  
sandika katèngsun |  
dugi sampeyan pra kanca |  
bilih sami panuju dhanganing ati |  
kasmaran ing paminta ||

**281. Asmaradana**

1. Kalawan kapasangyogi |  
benjang (m)bèn ulun umangkat |  
anglajèngkên ing lampahe |  
gih ugi sasarêngan |  
kalawan para kanca |  
Nyi Dêmang sru sukèng kalbu |  
aduh yayi muga-muga ||
2. Padha dhangana ing ati |  
lêrêp anèng gubugingwang |  
mung sadalu enjing bodhol |  
sukur parêng rada lawas |  
nahên ta sampun mêtal |  
praptèng pandhapa gumuruh |  
kang anèng jawining dhadhah ||
3. Suwadi umatur aris |  
sami kèndêla sadaya |  
gya rumiyin mring latare |  
jêmpol suku ingkang kiwa |  
cinêthikakên kisma |  
asta têngên kang anjupuk |  
jêmpol suku ingkang kanan ||
4. Jinumput nèng ngasta kering |  
siti kinumpul nèng tangan |  
kanan nulya matêg melle |  
Kulu saèin lajêngnya |  
jaekatut mautta |  
sinawurkên ngajêngipun |  
kalawan ing kering kanan ||
5. Kang nèng jawi dhadhah nuli |  
sirêp tan ana nyuwara |  
lir kawayon anglêgèyèh |  
ana ngantuk rarenggotan |  
wênèh ngorok sênggoran |  
Suwadi mênthak umatur |  
sumangga lajêng tumindak ||

6. Dumuginira ing jawi |  
samarga-marga wong nendra |  
suka kang mahawan kabèh |  
wus kapungkur Paricara |  
pajar sidik praptanya |  
lajêng samya wêktu Subuh |  
paragat mingip Hyang Arka ||
7. Nahên ta kang samya guling |  
kang kataman sasisirêpan |  
katlorong surya sumorot |  
kagyat bingung garagapan |  
sêmune radi wirang |  
malêncing samya umantuk |  
ngonggo-onggo nutuh mata ||
8. Mangkana Nikèn Suwadi |  
wus aso nêng pamondhokan |  
sak siyang tan ana katon |  
sabakdane wêktu Ngasar |  
Cêbolang sarencangnya |  
sowan mangilèn wus pangguh |  
lawan Kyai Nurgirindra ||
9. Hendras lan rubiyahnèki |  
anèng ing kilèn sadaya |  
Mas Cêbolang awotsinom |  
angujung sarwi pamitan |  
dumugèkakên lampah |  
atanapi santri catur |  
samya ngujung gantya-gantya ||
10. Gya mring Hendrasmara pamit |  
kakang kantuna raharja |  
tanapi catur (m)bok ipe |  
sami kantuna raharja |  
diatut nunggal karsa |  
bêkti nastiti mring kakung |  
kang ajrih trusing wardaya ||
11. Manawi sagêd lêstari |  
kadi kang wus kalaksanan |  
insa Allah ing akire |  
pakantuk margi kang padhang |  
tanapi sinung swarga |  
kêkêl ing salaminipun |  
nêng kamulyan katêntreman ||
12. Sru muwus kang sinung angling |  
mugi-mugi pikantuka |  
ing pangèstu widadane |  
kajawi punika dhimas |  
suwawi kadiparan |  
sarêng atanapi kantuk |

Jilid 4 - Kaca : 108

dèrèng wontèn sanjangira ||

13. Wau dalu dèn bêjani |  
wantos-wantos mring yu Dêmang |  
sagêda sipêng pantine |  
enjingipun lajêng bidhal |  
sukur yimas kalawan |  
Nurwitri sakancanipun |  
parêng lèrêp kadêmangan ||
14. Èstunipun kadipundi |  
punapi pisan myang kêmpal |  
Cêbolang mèsêm dêlinge |  
sarèhning lampah wus têbah |  
wah èstri taksih mudha |  
kadiparan yèn tan kêmpal |  
klêbêt patrap siya-siya ||
15. Kiyai sampun nglilani |  
sakecanipun lumampah |  
ing wanci bakda Mahribe |  
nêdhêng timbuling Hyang Candra |  
ing tanggal gangsalwêlas |  
rubiyah catur gumuyu |  
ginagas wasananira ||
16. Nurgirindra mung maringi |  
pandongarja lêstaria |  
Mas Cêbolang sampun lèngsèr |  
maring pamondhokanira |  
[ . . . ] |  
bakda Mahrib mangkat gupuh |  
Hendrasmara sarabinya ||
17. Ngatêr praptèng jawi kikis |  
sasalaman (n)dum raharja |  
mangu-mangu dènnira non |  
dupi wus tan kawistara |  
lagya wangsul mring wisma |  
kêmbe sêpi sêpên samun |  
kadi kapêgatan trêсна ||
18. Sigêg kang sih maring tami |  
ingkang lumampah wus prapta |  
karajan Paricarane |  
tumamèng ing paregolan |  
mandhêg nèng palataran |  
nahên nyi panti winuwus |  
saari ngrakit pondhokan ||
19. Myang darbe sugatanèki |  
wus samêkta sadayanya |  
pinapantês sarirane |  
busana sarwa pasaja |

- nèng jarambahing wisma |  
anon dhatênging tatamu |  
madêg gita-gita mapag ||
20. Kèn Suwadi kinapithing |  
gandhèng asta malbèng wisma |  
nolèh mring tamu santrine |  
tan mindhak wêtah sakawan |  
ing tyas sêmada cuwa |  
ananging sangêt sinamun |  
aywa nganti kawistara ||
21. Nurwitri sarewangnèki |  
wus pinarnah pondhokira |  
jinaga kulawarga kèh |  
pondhok sêgah tan kuciwa |  
sênêng sadayanira |  
kontên wisma wus tinutup |  
pinanggihan lêmah jrambah ||
22. Tapsirih lumadyèng ngarsi |  
tinungka wedang dhaharan |  
rêna tur mirasa kabèh |  
lah yayi mara mucanga |  
yèn wis kakurah waja |  
sêdhêng asrêp wedangipun |  
ngunjuk wedang myang dhaharan ||
23. Kèn Suwadi ananggapi |  
rinahapan trusing nala |  
wisma tatanya alon |  
yayi pira rencangira |  
apa wus jangkêp gangsal |  
nuwun kangbok sawêg catur |  
kang satunggal nuju kesah ||
24. Inggih awit kalawingi |  
mêndhaning sakit pamitan |  
sakêdhap mring Sama-jagong |  
saguh nusul mring Dêmangan |  
dumugi angkatkula |  
têka tan wontên kadulu |  
bokmanawi manggih aral ||
25. Nanging kula sampun mêling |  
dhatêng kakang endrasmara |  
samangsa dhatêng rayine |  
kewala lajêng nusula |  
dhatêng ing Kadêmangan |  
kula sakanca sadarum |  
ngêntosi nèng Kadêmangan ||
26. Sukur yayi yèn wus mêling |  
sira aja mangkat-mangkat |  
ngêntènana satêkane |

- Sama-jagong ngêndi baya |  
aku durung uninga |  
lagi samêngko sun ngrungu |  
bakyu kabaripun cêlak ||
27. Lawan Sama-catur ardi |  
tyas kumêpyur Bokmas Dêmang |  
sinamun lon wacanane |  
gunêm mau bêngi ika |  
Sahadat kang pramatya |  
padha loro klimahipun |  
nanging sabanjure beda ||
28. Amahyakkên kaananing |  
alus-alusing bicara |  
winadi nêng jro kalbune |  
iku yayi dèn-alila |  
(m)bakyunta tètèsana |  
sampurnaning kanang kawruh |  
(m)bakyupara borong angga ||
29. Suwadi tumungkul angling |  
(m)bakayu kula sumangga |  
namung darmi ngaturake |  
èstu kagunganta dhawak |  
mangke sirêping rarya |  
nêng gêdhong wetan pakantuk |  
lêga tyase (m)Bokmas Dêmang ||
30. Rasulan sêga kêbuli |  
wuduk ayam lalêmbaran |  
apadene rêrangkènne |  
apa kinêpung samangkya |  
apa lamun wus bakda |  
samangke kewala sampun |  
gya tinata nêng pandhapa ||
31. Ki Saloka kang dongani |  
kinêpung rencang priyangga |  
kalawan catur tamune |  
wus paragat dènnya donga |  
ambêng binage wrata |  
gya nadhah satuwukipun |  
satirahe binarkatan ||
32. Nahan ingkang ayun wirit |  
wus nêng gêdhong sakaliyan |  
Ni Dêmang salin panganggo |  
sadangunira busana |  
mung Suwadi rencangnya |  
anyinjangi miwah miru |  
tanapi atrap sumêkan ||

Jilid 4 - Kaca : 110

33. Ukêl tebokan ingapit |  
 puspagiwang sak-ronnira |  
 lalamatan tasikane |  
 waja mêngtas sinisigan |  
 pindha laring brêmara |  
 yun mucang jambe ginilut |  
 kengis pindha wigyutmala ||
34. Suwadi duk angrencangi |  
 busana (n)dêmok sarira |  
 alus lumêr kulitane |  
 kurang thithik kuwanguran |  
 kumyus karingêt mêdal |  
 kêkêtêg nêsêg kumrusuk |  
 ngunadika kasumukan ||
35. Tan angrasuk sotya rukmi |  
 wusnya mucang kinêmonan |  
 mingis-mingis lélathine |  
 cahya sumunar sumringah |  
 dhasar suluh wadana |  
 trapsila mêtês tumungkul |  
 apan wus ajêng-ajêngan ||
36. Kalawan Nikèn Suwadi |  
 pêpegangan asta kanan |  
 sawêg sumangga ature |  
 supe lamun dumadya dyah |  
 kuning manising surya |  
 pindha wulan sunaripun |  
 dhêmês aruruh jatmika ||
37. Anjait-jait alungit |  
 tingal lindri mêtakatya |  
 lir tinon jro supênane |  
 nyurêmakên diwangkara |  
 êlasing Paricara |  
 pegangan asta wus dangu |  
 nganti wahyaning pamêjang ||
38. Pamêtêke tan wis-uwis |  
 riwening ngasta thur-thuran |  
 sarira marlupa cape |  
 sirna warnaning wanodya |  
 (m)bagêgêg Mas Cêbolang |  
 mêtang asta maksih kukuh |  
 (m)Bokmase dupi umiyat ||
39. Kagyat nratap sênik-sênik |  
 ngèwèl mrinding sawatara |  
 samya (n)jomblong sakaliye |  
 wus sarèh tyasnya Cêbolang |  
 manis wijiling sabda |  
 dhuh babo jantung tyasingsun |

Jilid 4 - Kaca : 111

kula kang nama Cêbolang ||

40. Santri mêri mudha pingging |  
pramila kadara-dara |  
ayun mring Pranaragane |  
mangudi kawruh kang nyata |  
dumugi Girimarta |  
katampêk ing lahar madu |  
saking krajan Paricara ||
41. Tampi panandhang gung branti |  
kamirahaning Hyang Suksma |  
sagêd parêg kawulane |  
marang risang mawèh rimang |  
namung sung kalyatingwang |  
aksamanta ingkang agung |  
kawula sumanggèng karsa ||
42. Bokmas Dêmang duk miyarsi |  
tyas sukur luh marawayan |  
labêt kalêgan karsane |  
samyas sarèh ucul asta |  
umatur pègat-pègat |  
dhuh lae pangajapingsun |  
kang sabda kabali-sura ||
43. Lêrêsipun ingkang dasih |  
kang minta gung pangaksama |  
lan jêng kula babasane |  
rèhning wus anunggal karsa |  
ulun matur pasaja |  
botên bèntên sêdyaulun |  
samangke sampun akrama ||
44. Myang wontên panuwunmami |  
yèn asih dènwêdharana |  
kang dadya prasêtyaningong |  
bab masalahing akrama |  
kang sagêt anarbuka |  
putusa suraosipun |  
dasihe sumanggèng karsa ||
45. Manawi cabar ing kardi |  
têtêp santri papariman |  
eman dadi kêmbang-lambe |  
mring Suwadi pamintèngwang |  
gampil pinanggih wuntat |  
Mas Cêbolang angling atut |  
lah suwawi winêdharna ||
46. Ni wulanjar wacana ris |  
dhuh lae pinajarêna |  
paran yun rabi maringong |  
lan para akên punapa |  
lan (n)dika gawe paran |



lamun ta (n)dika kêtêmu |  
ing pundi (n)gènnya kapêdhak ||

47. Kalamun tuwan apanggih |  
punapa andika aras |  
punapa dinulu mangke |  
andika cêkêl punapa |  
dènatur kula tanya |  
rèh badhe panutaningsun |  
lan sun-gawe guru pisan ||
48. Upamane sêkar yayi |  
ananingsun cêkêl ika |  
sihe kang sunalap mangke |  
Date suntingali ika |  
lan Sipate kang mulya |  
Suksmane sunaras iku |  
apanggih ing rahmatolah ||
49. Lan sunaku sira yayi |  
kênnyatahaning sihira |  
lan sun-gawe sira mangke |  
kênnyatahaning sirolah |  
punapa ta ing karsa |  
punika pamanggihingsun |  
ing kawruh ananing krama ||
50. Bokmas Dêmang muwus aris |  
wontên malih aturkula |  
sampun salah cipta mangke |  
kawula tanya ing tuwan |  
punapa arannira |  
yèn wus sare lawan ingsun |  
andika aglis asiram ||
51. Baya ta manira najis |  
jiwaraganingsun ingkang |  
yèn tuwan asiram mangke |  
mila kawula kadusan |  
[ . . . ] |  
alumuh mangke wakingsun |  
asare lawan andika ||
52. Kang mèlu kadusan yayi |  
sipat tulise punika |  
kang sipat adam ta rêke |  
sipat kang mulya kadusan |  
apan ta wujud tunggal |  
lan ana roroning wujud |  
anging Hyang Jatiwisesa ||
53. Milane dinusan yayi |  
ngèstokkên turuning Johar |  
kang ingaran Johar mangke |

Jilid 4 - Kaca : 112

- banyu-urip pinangkanya |  
 tiba ing bumi rahmat |  
 iku mulane rumuhun |  
 karane wajib dinusan ||
54. Lan tuwan jinabad iki |  
 pintên kèhe mukaranah |  
 pintên prakara ta rêke |  
 ingkang aran mukaranah |  
 lan parluning jinabad |  
 nuwun jinatèn wakingsun |  
 parluning jinabad ika ||
55. Kang dhingin banyu kang suci |  
 angulapi najis ana |  
 ingkang akaram badanne |  
 kapindho tibaning niyat |  
 kaping tigane ika |  
 karêp maratakkên iku |  
 banyu sakèh badannira ||
56. Ing mukaranahe singgih |  
 sakawan kathahe ika |  
 kang rumiyin iku mangke |  
 Ngalam Mutapèk punika |  
 lawan kaping kalihnya |  
 Ngalam Dakir ta puniku |  
 Ngalam Salap kaping tiga ||
57. Ngalam Muni ta puniki |  
 jangkêpe patang prakara |  
 sakala anduduk alon |  
 ingkang suntênga punika |  
 marma sampun amisah |  
 wong èstri kalawan kakung |  
 ing donya têkèng akerat ||
58. Aranning wong Dat kakalih |  
 milane tunggal saaran |  
 para lawan mara mangke |  
 ing wijine lanang ika |  
 lan paran ananingwang |  
 lan rêke ananirèku |  
 roro dadiya satunggal ||
59. Ananira iku singgih |  
 klawan ananingsun ika |  
 upamane sêkar mangke |  
 asrah wawangine ika |  
 kaya anggane wayang |  
 tingale maring Datipun |  
 osike kanthi wong lanang ||

1. Nyai dê mang Puspamrêdu |  
kacondhongan ing panggali |  
wus lama pangantinira |  
saking pratignyane nguri |  
satilare lakinira |  
Nyi Dê mang duhkitèng kapti ||
2. Kacuwan sihirèng kakung |  
wayang-wayung sru rudatin |  
lami-lami darbe cipta |  
prasêtya tan arsa krami |  
kalamun tan antuk priya |  
têtêpira gurulaki ||
3. Bangkit mêjang ngèlmu luhung |  
basan wêdharing akrami |  
kang putus warna sambada |  
wasis mangolahing rêsmi |  
sawêg mangkya kapanggihnya |  
Cêbolang tuhu wong sigit ||
4. Kasoking tyas tanpa ragu |  
lêga lêgawa ing galih |  
sumungkêm ngrungkêpi pada |  
mingsêg-mingsêg amlasasih |  
lae gurunadiningwang |  
dasihe sumanggèng kapti ||
5. Ing wanci lingsiring dalu |  
rencang sadaya wus guling |  
sirêp tan ana sabawa |  
mung adrênging senapati |  
kawangwang mring mêngsahira |  
paksa rumabasèng puri ||
6. Cêbolang waspadèng sêmu |  
Nyi Dê mang wus tadhah kapti |  
nadyan wulanjar kang warna |  
kadya kênya mêtêg mingis |  
tan ana kuciwanira |  
ing patrap miwah kang warni ||
7. Katgadèng tyas mamrih tanduk |  
tutut wus mêngani wingit |  
tan was-was pamawasira |  
sinambut ing jinêmwangi |  
tumangkêp samiring tilam |  
pinriyêmbada mamanis ||
8. Ngungkih padoning kang pinjung |  
tandya mangsah senapati |  
nir wadya kang tumuntura |  
ngamuk wikrama mawêrdi |  
kridha ing samarga-marga |

lir taksaka sru mawêngis ||

9. Kadi brêmara mamrih rum |  
kang nêdhêng kuncuping sari |  
dahat dènnya mangrêbasa |  
ngungsêt majuning kang sari |  
gapura di Paricara |  
winasesa wus ngêngani ||
10. Pra brêtya damanya ngumpul |  
anunggil sri narapati |  
ciptèng tyas nora kuwawa |  
sri mungkul aris srah nagri |  
risang jayèng rananggana |  
sukèng tyas siram ing bèji ||
11. Saya nêngah dènnya adus |  
lara-laraning kinanthi |  
kasrêg ronning tarate bang |  
tinup ing maruta mingkis |  
kagyat dening iwak molah |  
amangka kalalar kèli ||
12. Ganggêng ngirim-irim arum |  
tunjung mirut nganan ngering |  
dêlêgnya angrong ing sela |  
lulumute angalingi |  
kayu apune anamar |  
katawêng unthuking warih ||
13. Adan mêngtas sinjang rambut |  
lir endhang-endhang malatsih |  
emanne lara tan dêrman |  
kayungyun mangun-mangun sih |  
yèn tinimbang layonira |  
kasarah nêng parang rukmi ||
14. Duk kataman ing wulangun |  
katanggapan gunging kingkin |  
sarêng wijiling asmara |  
lir pêcat jiwangga kalih |  
kênnya sarira marlupa |  
larut bayuning kang dhiri ||
15. Ngadhuh ngêsês sambat lampus |  
netra kêjêp mathêt lathi |  
pramugari wlas tumingal |  
kanang wastra pinapulih |  
sinamirana srênggara |  
swara rum angrujit ati ||
16. Sun kakêmbange wong ayu |  
sun kakêmbange wong adi |  
argulo lan sumarsana |

Jilid 4 - Kaca : 114

- cêpaka gambir malathi |  
anrus gandaning kusuma |  
baya dadauting dasih ||
17. Sun wawas trasne wong luhung |  
sun wawas trasne wong pèni |  
dipangga cindhe puspita |  
majêthi raras kumitir |  
kapan baya sinawanga |  
ing karsa rumêmbêsing sih ||
18. Sun mamanuke wong rangkung |  
sun manuke wong mrakati |  
bayan nori lan manyura |  
atat lawan êmprit wilis |  
munya rum-arum mangajap |  
ing dasih kabyataning sih ||
19. Sun kakayune wong turut |  
pantês kayu nagasari |  
pangaubanning asmara |  
ngusadèng dasih kaswasih |  
arum-arume sumêbar |  
sarining amilangoni ||
20. Kasiliring maruta rum |  
tuntum bayuning kang dhiri |  
rinangkul lungayanira |  
marsana tumèmpèl pipi |  
linggar saking pagulingan |  
mring paheran samya suci ||
21. Brêsih rêrangkulan wangsul |  
nèng jawining tilamsari |  
lèngkèt kèkèt rênggang gula |  
sanityasa linalingling |  
sarêng mucang linton sêpah |  
cêcêp-cinêcêp kang lathi ||
22. Ngrompyoh sasinom dènêlus |  
sunaring dilah nampêgi |  
wadana pindha sasangka |  
katawêng ing ima nipis |  
wênês jênar maya-maya |  
nênangi wênganing kingkin ||
23. Wèh sêsêging magutpupuh |  
anyênnyongah senapati |  
dhasar panas kabaranan |  
sarira lir purasari |  
tan kumêdhap kèhing mêngsah |  
ngamuk punggung mrih pakolih ||

Jilid 4 - Kaca : 115

24. Tan wus rinancanèng wuwus |  
ri kang kapadhaning kapti |  
wanci pajar gidib siram |  
sakaliyan samya suci |  
Mas Cêbolang nulya mêdal |  
nèng jroning (ng)gyan kang piningit ||
25. Palasthaning wêktu Subuh |  
pupujian lagu èstri |  
nganyut-anyut swara lêlah |  
nasrun mawi dènsêlani |  
maca slawat raras barang |  
sarêng bakdaning Subêki ||
26. Lan ing jawi santri catur |  
Nurwitri sarencangnèki |  
amiyarsa pupujian |  
gupuh dènnya naurani |  
rêmpêg runtut kang irama |  
suka sênêng kang miyarsi ||
27. Kang (n)don pupujian suwuk |  
prabaning Hyang Bagaspati |  
sumunar bra ngantariksa |  
Nyai Dêmang wus umijil |  
ngore rema ngandhan-andhan |  
lalamatan tasik kuning ||
28. Parentah atur susuguh |  
wedang bubuk bëndha tuwin |  
ron sruni gèndhis siwalan |  
dhadhaharan jadah wajik |  
jênang dodol mawi dêgan |  
gêmlong lèmpèng abang putih ||
29. Dhèndhèng mênjangan ginêpuk |  
binakar binlonyo arih |  
panggang ayam gèndhon rotan |  
pinilah kang maring jawi |  
wus rumanti gya lumadya |  
sasêgah tamu pawèstri ||
30. Bokmase kang anèng ngayun |  
batih èstri kang nambungi |  
praptèng gèdhong pipingitan |  
batih kang samya ngladèni |  
pandulune èstri nyata |  
mila nir kang graitani ||
31. Rampunging panatanipun |  
sadaya wus kinèn mijil |  
kori tinutup pinalang |  
namung candhela rinuji |  
binuka sinungan rana |

saking jawi tan kaèksi ||

32. Mang mongtamu tandang tanduk |  
bojakrama marêk ati |  
manis kédaling wicara |  
sasolahe asah-ati |  
katêmbèn wruh ing asmara |  
pindhèstri wignyèng sarêsmi ||

Jilid 4 - Kaca : 116

33. Dasihe atur susugun |  
pundi ingkang dènkersani |  
wedang bubuk saking bêndha |  
damêl kiyating kang dhiri |  
wedang ron-sruni gung pedah |  
tahan lapa tuwin arip ||
34. Nyirnakkên ngalêntrih lêsu |  
wacana ingiring liring |  
sang mindha datan kuwawa |  
(m)bokmase nulya tinarik |  
tan lênggana wus nèng pangkyan |  
astane kakung kang kering ||
35. Nyiku sanginggiling lambung |  
nèng ngamdhap cangklakan kering |  
swa tumèmpèl pundhak kanan |  
sruput wedang ngaras pipi |  
gantya inum-inginuman |  
dhinaharan andhahari ||
36. Kuwêl lir anggana tarung |  
kêlèt plikêt rênggang glali |  
sang pindha garêgêt sêdhah |  
pamidihe anêmêni |  
prêmbayun minggah sabêlah |  
sumunar lir lèn yun mijil ||
37. (m)Bokmas Dêmang mingkat-mingkut |  
asta kalih nyiwêl wêntis |  
dhuh lae dènudhunêna |  
pyantun kakung amalati |  
dasihe yèn nandhang walat |  
têmah gumuling tilam-mrik ||
38. Sintên kang sotah tutulung |  
dhumatêng ing jasatmami |  
sang pindha mèsêm lingira |  
babo yayi ywa kuwatir |  
yèn ulun wus tiwikrama |  
tate amungkasi kardi ||
39. Pinondhong nèng tilam gupuh |  
nulya tumangkêp kang samir |  
tan cuwa sakarsa-karsa |

dènnira andon sarêsmi |  
anutug sasolahira |  
samyã ngêtog ing ajurit ||

40. Kang nêmpuh miwah tinêmpuh |  
samyã sarosa ing kapti |  
wasis widagda ing solah |  
tan ana ingkang kalindhih |  
samyã prawirèng ngayuda |  
sudirambêg sura sakti ||

41. Palastha kang unggul pupuh |  
suka lêga kang kajodhi |  
wusing raras karasikan |  
pakasutan pinapulih |  
wangsul anèng ing jarambah |  
satata angêladèni ||

42. Ririh (m)buka kancing pintu |  
manguk ngawe para batih |  
angundurakên sasêgah |  
sadangunya amêndhêti |  
sarwi nyawang Bokmas Dêmang |  
mindhak wênês rungih-rungih ||

43. Prabanira lir sitèngsu |  
kasusul wijiling rawi |  
ngudarasa jroning nala |  
nyi lurah baya wus jampi |  
ing rahsane ngèlmu nyata |  
mêngko têka mandhan rawi ||

Jilid 4 - Kaca : 117

44. Ijo royo-royo patut |  
pindha mantèn-anyar uwis |  
katêrêsan ing asmara |  
bêrkahe talabul ngèlmi |  
(m)bok lawas nêng Paricara |  
mèlu nyuwun kawruh jati ||

45. Wus tri ari tigang dalu |  
Cêbolang kang mindha èstri |  
ngêtog langêning asmara |  
têmah kerut ing sarêsmi |  
saking rêmiting pratingkah |  
tan ana nyana samênir ||

46. Tamu tan ngêpotkên wêktu |  
ajêg jroning tigang ari |  
Nurwitri sarencangira |  
sinabawa nadhah guling |  
Saloka èngêt ing nala |  
lah Nurwitri paran iki ||



47. Pedah duk nèng Tidhar gunung |  
 padhang tan na kêdhah-kêdhih |  
 iki nganggo sisinglonan |  
 lamun kabadharan pasthi |  
 gawe lingsêm binanjurna |  
 sakèh kang panasing ati ||
48. ewadene puluh-puluh |  
 lamun garise mung iki |  
 ah kakang aja kainan |  
 mêngko bêcik diaturi |  
 kowe kang atuwa dhawak |  
 nora wang-wang asung peling ||
49. Sokur lamun tan kalimput |  
 nahên bakdane Mahribi |  
 kang pindha warna dyah mêdal |  
 pinanggih Sloka Nurwitri |  
 Palakarti Kartipala |  
 Cêbolang ngandika aris ||
50. Apa ta padha rahayu |  
 sajêrone tigang ari |  
 kalawan nora kapiran |  
 kang dadi tambak kêlantih |  
 Nurwitri mèsêm lingira |  
 barêkahe kang tapi sih ||
51. Amanggèn sarwi pikantuk |  
 sasêgah ngantos ngêmohi |  
 kaotipun lan panduka |  
 tanpa sêgah anong-aning |  
 upama ngantos sawulan |  
 nèng riki kados kêbiri ||
52. Nanging yèn wus niplak-nipluk |  
 ing wasana kadospundi |  
 ewa-samantên sadaya |  
 namung sadarmi tutwuri |  
 nadyan sakit praptèng pêjah |  
 tan wontên sêdya gumingsir ||
53. Mangkana duk myarsa atur |  
 sumêntug raosing galih |  
 sinamun gujêng lingira |  
 kakang sesuk pajar gidib |  
 payo nutugake lampah |  
 kadi kang sinêdyèng kapti ||
54. Ki Saloka manthuk-manthuk |  
 napa botên mulatêngi |  
 kakênyêring Partcara |  
 baya anêmahi lalis |  
 yèn umure panjang liwar |

55. Adamêl risaking kalbu |  
èstune kirang prayogi |  
ginaliya ingkang panjang |  
kacêkape ngrika-ngriki |  
ngriki botên dados beka |  
ing lampah sagêd lêstari ||
56. Kakang kabèh pamuwusmu |  
saèstu sidik patitis |  
mêngko yêkti dakrah-arah |  
padha samêkta-a sami |  
lan aliman mring kang samya |  
pinitaya among tami ||
57. Sang pindha warna wus wangsul |  
pinanggih lan nyai panti |  
mèsêm alon atatanya |  
punapi ingkang ginati |  
ngantos dangu papanggihan |  
lawan kang samya nêng jawi ||
58. Dhuh jiwèngsun mila dangu |  
Nurwitri sarencangnèki |  
padha pratela prasaja |  
rumangsa kawiryan jati |  
panggonan myang sunggatanta |  
tan ana kang nguciwani ||
59. Bangêt sukuring Hyang Agung |  
Alkamdulillahi rabil |  
pamujine muga Allah |  
angawikanana maring |  
sira kang tuhu utama |  
urmat gumati mring tami ||
60. Tampiya nugraha agung |  
ing donya prapta ing akir |  
apadene jasatingwang |  
rasa-rasa nora bangkit |  
oncat saking Paricara |  
apa ingkang dakgolèki ||
61. Mung ana wagêl sadumuk |  
lamun ora anêtêpi |  
lair batin nandhang dosa |  
sakawitne tinggal panti |  
nyulayani rêhing rêna |  
pangancas talabul ngèlmi ||
62. Kalunta-lunta ngalangut |  
yun mring Pranaraga nagri |  
mangka kandhêg Paricara |

dadi cidra ing pangèsthi |  
lair dosa mring wong tuwa |  
batin dosa mring Hyang Widdhi ||

63. Sapa sotah atutulung |  
saking kirane tyasmami |  
mring sira pujaningwang |  
kang asih mring kawlasasih |  
ambirat sanggyaning dosa |  
nêtèpakên kang kinapti ||
64. Lilanana kadibalmu |  
mêngko wanci pajar gidib |  
ulun sarewang umangkat |  
sêmbari nahên prihatin |  
mêlang-mêlang sêmang-sêmang |  
nilar kêkasihing Widdhi ||
65. Nanging yèn wus praptèng dunung |  
bokmanawa nora lami |  
balik marang Paricara |  
wit wus sangu putêr-giling |  
dhuh babo dipun-pracaya |  
insa Allah ujar mami ||
66. Nyi Dêmang sadangunipun |  
tumungkul waspa drês mijil |  
sumungkêm pada lingira |  
pêgat-pêgat marêk ati |  
dhuh lae pangajapingwang |  
kang abdi sumanggèng kapti ||
67. Rumaos pês ing tumuwuh |  
tangèh sagêd misesani |  
muhung manggung winisesa |  
baya wus takdiring Widdhi |  
botên namung anarimah |  
ing papasthèn tan gumingsir ||
68. Saking sru sih trêсна anrus |  
tumancêping manah suci |  
anjalari nir sumêlang |  
yèn ngantosa jasatmami |  
manggih papa kasangsara |  
wirang samining dumadi ||
69. Rêh paduka wus pinutus |  
kasujanan amumpuni |  
kados botên kakilapan |  
dhumatêng kodrating èstri |  
punapa malih rinêmbag |  
mila sampun walangati ||

Jilid 4 - Kaca : 119

70. Tan langkung sumêngka atur |  
 pamuji mugi Hyang Widdhi |  
 aparinga karaharjan |  
 kadugèn ingkang kinapti |  
 atampiya kanugrahan |  
 langgênging kamulyan siddhi ||
71. Mas Cêbolang duk angrungu |  
 rêmêg tyase lir jinait |  
 katamaning sabdatama |  
 merang lamun nora bangkit |  
 amung jumbuh ing paminta |  
 kang tan kawijiling lathi ||
72. Madêg pamanthênging kalbu |  
 tumèmpèl klaratullahi |  
 sêrêt wijiling wacana |  
 wunguwa sang condhong kapti |  
 yèn pinarêng ing Pangeran |  
 sakarsanta wus marêngi ||
73. Tandya wungu pungun-pungun |  
 Cêbolang gupuh ngusapi |  
 waspa kang nêng pangarasan |  
 kalihe lêjaring galih |  
 sumèh wènès kang ujwala |  
 cundhuk gambuh ing pamanggih ||

### 283. Gambuh

1. Nyi Dêmang mêdal gupuh |  
 paparentah maring batèhipun |  
 nyadhiyani nyunggata sarapanèki |  
 tamune kang arsa nglangut |  
 pajar gidib dènnya bodhol ||
2. Wusing parentah laju |  
 manjing wisma kori gya tinutup |  
 nora nana labètè nahên prihatin |  
 Mas Cêbolang ngrangkul gapyuk |  
 kinanthi maring paturon ||
3. Samirè wus tinutup |  
 tan cinatur dènnya andon-lulut |  
 praptèng wanci ngajêngakên pajar gidib |  
 mring pahèran kalhipun |  
 Suwadi wangsul gya dandos ||
4. Nyi Dêmang prentah gupuh |  
 ngladosakên sasaranipun |  
 kang mring jawi batèh jalêr kang ngladosi |  
 kang mring pamingitan nêngguh |  
 nyi panti lan batèh wadon ||

Jilid 4 - Kaca : 120

5. Kang busana wus rampung |  
panataning rampatan kumêndhung |  
Nyai Dêmang gupuh nyandhak asta sarwi |  
angling manis dhuh riningsun |  
lah mara wijika dhenok ||
6. Suwadi wus tuturuh |  
angling malih payo kakênyêrku |  
lan dhahara sarapan saananèki |  
rèh sira ayun lumaku |  
têbih tan adarbe pawong ||
7. Gya nadhah kalihipun |  
wus dumugi cinarikan gupuh |  
Ki Nurwitri Saloka sarencangnèki |  
nadhah sarapan wus rampung |  
samêkta dènnya yun bodhol ||
8. Nahên ta Nyai Mêrdu |  
lawan tamu kêkanthènan mêtù |  
saking wisma ingiring pra batèh èstri |  
praptèng (n)dhapa pamit gupuh |  
dhuh kakangbok kadangingong ||
9. Aksamanta kang agung |  
ulun nyuwun pangèstu rahayu |  
kakang êmbok kantuna suka basuki |  
pinaringan iman luhung |  
lastantun dadya pangayom ||
10. Rencangnya santri catur |  
sampun sami pamitan sadarum |  
gumarubyug linggar saking ing pandhapi |  
praptèng paregolan ngayun |  
lajêng kang samya lunga (n)don ||
11. Ngonggo-onggo kang kantun |  
anglir pendah tinilara lampus |  
wangsul maring wisma maksih pajar gidib |  
saliyêpan trima lowung |  
samya tilêm lanang wadon ||
12. Enjing satanginipun |  
Bokmas Dêmang lan sabatèhipun |  
nambutkardi kadi sabên-sabênèki |  
datan ana labêtipun |  
lair anrus praptèng batos ||

13 Sawatawis dintên wontên ing Paricara lajêng dhatêng Pranaraga. Ing margi kabegal tiyang sadasa langkung jalaran kakintên kathah sangunipun. Mas Cêbolang tuwin Nurwitri namakakên sihir, barang bêktanipun kasawurakên dhatêng begal katingal dados tiyang sami nanggulangi, wasana begal sami mlajêng. Cêbolang nglajêngakên lampah, nanging kasasar mangidul dumugi têtipping sêgantên kidul ...  
kaca 121-123

13. Saking mangunahipun |  
 Mas Cêbolang budya trus rahayu |  
 datan pisan wèh saksêriking sasami |  
 ingkang wus kalakon namung |  
 karya sukane sakèh wong ||
  
14. Sinigêg kang lêstantun |  
 lampahira Suwadi winuwus |  
 mèh raina sêmu bang ing ngawiyati |  
 Sang Hyang Bagaspati mungup |  
 bramani bawana abyor ||
  
15. Suwadi wus rinacut |  
 angalela Cêbolang satuhu |  
 Ki Nurwitri ririh atatanya warti |  
 paran ing nalikanipun |  
 paduka apindha wadon ||
  
16. Cêbolang mèsêm muwus |  
 wus winêdhar sadaya tinutur |  
 Ki Nurwitri gèdhèg-gèdhèg duk miyarsi |  
 èstu paduka kalamun |  
 kaluhuran sabda yêktos ||
  
17. Tamtune rak pun sanggup |  
 lamun datan kalaksanaan kusud |  
 iya kakang sawuse ulun miyarsi |  
 kalêpasing sabda-yu |  
 dhadhaku kadi dhinodhog ||
  
18. Sanalika tuwakup |  
 mèpèt maring kalaratullahu |  
 pinarêngna marang sih ring kaswasih |  
 kang dadya pamintanipun |  
 si mrakati mêlok-mêlok ||
  
19. Ana antaranipun |  
 yèn kêparêng têrusing tyasipun |  
 têka rêsik ora ana kawis-kawis |  
 Ki Nurwitri matur sukur |  
 nahan ing lampah wus anjog ||
  
20. Têngahing wana agung |  
 kèh swaraning satokewan manuk |  
 kawarna-a raroyomaning wong juti |  
 babenggoling begal kècu |  
 apan wus miyarsa wartos ||
  
21. Kalamun tamunipun |  
 Bokmas Dêmang benjing bidhalipun |  
 tinartamtu kathah dènnya ambêktani |  
 barana tanapi sangu |

mring Suwadi ayu anom ||

22. Sadaya wus ngalumpuk |  
nèng wismane Ki Singasalukun |  
Kaladhêndha Alugoro Jagagandhi |  
Iragada Santalimpung |  
Wiryapiling Trunakêplok ||
23. Candrasa Kramadumuk |  
Sêtrabindhi Yudakligi Puksur |  
Samarajang Sutagranggang Citralori |  
Mangunkunta Yasapalu |  
Ki Nanggala Trunatowok ||
24. Wangsapusara ngayun |  
Nawangcakra Ki Nurtrisulèku |  
Karyabajra Nitibêdhama pênyakit |  
abipraya sabiyantu |  
ing rêmbuk duk samya golong ||
25. Anglari lampahipun |  
saênggonne pinanggih gipêpuk |  
mung Suwadi kewala dènbalèjèdi |  
binêkta mring Laut kidul |  
dèndol juragan kang laboh ||
26. Rêmbag wangsitan putus |  
wus mirantos gêgamaning pupuh |  
arit bapang gobang wadung gêmbeî linggis |  
pênthung galih tèsèk luyung |  
bandhêm bandhil granggang towok ||
27. Parênca wêdalipun |  
ngetan ngulon têngpuking mangidul |  
tan adangu kang lumampah wus kaèksi |  
kang anèng lèr tandya kukuk |  
gumarubyuk alon-alon ||
28. Saloka nolèh pungkur |  
langkung kagyat gugup aturipun |  
aduh anggèr wingking punika tyang juti |  
babaya agêng saèstu |  
tan petungan kathahing wong ||
29. Cêbolang duk andulu |  
kathahing wong kang ambêg laku dur |  
lingira ris kaya ngapa yèn lumaris |  
yêkti tan wande kapikut |  
luwih bêcik ararêmpon ||
30. Yèn wis pasthine lampus |  
tan bêkakal sokur yèn rahayu |  
Kartipala babêktaning lèmpèng mungging |  
karênêng lambaranipun |

Jilid 4 - Kaca : 122

mêrang kandêl gya binodhol ||

31. Sinawurakên sampun |  
katon jalma akèh mandhi lawung |  
magut ing prang pangrasane sakèh juti |  
punika jalma satuhu |  
gya manêmpuh ing prang popor ||
32. Rame dènnira pupuh |  
long-linongan Mas Cêbolang gupuh |  
nguncalakên karanjang saisinèki |  
yudane durmala unggul |  
myat jalma pat siji wadon ||
33. Para dur bingung wakul |  
giyak-giyak kèndêl dènnya pupuh |  
Mas Cêbolang suka sukuring Hyang Widdhi |  
luwaring bêbaya ayu |  
lajêng lumaksana gupoh ||
34. Para dur kang angêpung |  
samya muwus bangga apa nutut |  
kang sinung ngling siji tan ana nauri |  
kèndêl kadya lingak-linguk |  
tan darana gya rinampog ||
35. Catur jalu (ng)galêpung |  
kantun sang dyah têka tênguh timbul |  
gya mêngrukêt Kaladhêndha Sêtrabindi |  
nyêkêl saking ngarsa pungkur |  
udrêg kuwêl gantya ruboh ||
36. Wus sayah kalhipun |  
angalokro wal pamithingipun |  
Sêtrabindi ngathang-athang kêmpis-kêmpis |  
Kaladhêndha maksih ngrangkul |  
karênêng lèmpèng wus bobrok ||
37. Sadaya ngungun gêtun |  
pancabakah ing sadina muput |  
badan cape rusak gagamanirèki |  
antuke pituwas amung |  
lèmpèng ajur krênêng bobrok ||
38. Kinira kang kinayun |  
wus tan ngukup utamanganipun |  
sraping surya bibaran pra ambêg juti |  
mantuk mring sasananipun |  
nahên ta kang alunga(n)don ||
39. Cêbolang santri catur |  
dalusipêng madyaning wanagung |  
kadhang sipêng dhukuh têtèping wanadri |  
lampah kapalantrang ngidul |

Jilid 4 - Kaca : 123



laladan Pacitan anjog ||

40. Minggah arga tumurun |  
jurang têrbis ngambah siluk-siluk |  
praptèng dhusun Pringkuku mangidul malih |  
minggah arga alit munggul |  
anduduk myat ing lalangon ||

#### 284. Mêgatrüh

1. Ascaryambêg miyarsa swaraning alun |  
gumalêgêr (ng)gigirisi |  
kadi kanawa(?) galudhug |  
jaladri kidul kaèksi |  
kasongan surya sumorot ||
2. Myang umiyat asrining kang dhusun-dhusun |  
kawuryan ngêngrêng rêspati |  
pasabinan têtgal talun |  
wênês ijo tharik-tharik |  
kinothak-kothak agolong ||
3. Jaladri kang anglojok dharatanipun |  
kanan kering myang lor ardi |  
katon (ng)gamêng pindhanipun |  
sumêkan dyah têngah putih |  
uwal nèng jroning kalangon ||

14 Dumugi dhusun Karang kapanggih Ki Darmayu ingkang ngrêksa tumbalipun tanah Jawi, Ki Darmayu nêrangakên wontênipun tumbal jalaran nalika tanah Jawi kaisi tiyang saking Rum, sami pêjah dados kurbanipun iblis, setan lan gandarwa. Wêkasan wontên sasmita, kêdah dipun tumbali. Lajêng kadhatêngakên tiyang-tiyang enggal dèdunung ing rêdi Kêndhêng, sami wilujêng bêbadra lan ngrêmbaka. Tumbal wau wontên ing astana Gênthong, ingkang kalangse montên pêthak. Tumbal ing salêbêting gênthong wujud balung sajêmpol, panjangipun sakilan ... kaca 124-130

Jilid 4 - Kaca : 124

4. Mas Cêbolang miwah santrinira catur |  
suka sênênging pangèksi |  
saksana sami tumurun |  
maring satêpining tasik |  
sru karênan mulat ing jong ||
5. Alit agung kêthap-kêthap anèng laut |  
kadya gathuk lawan langit |  
ingkang kinijap ing alun |  
adangu datan kaèksi |  
dupi katon cumalorot ||
6. Wah kang labuh jangkar munggèng têpi laut |  
pindha panti rinêngga sri |  
sapantha-pantha tan jumbuh |  
mawèh asrining jaladri |

lir sêkar sêtaman abyor ||

7. Têpi laut tinanggul pasir amunggul |  
kalih dêdêg winatawis |  
lêmpêng tan mên dhak mên dhukul |  
saking kodrating Hyang Widdhi |  
tuhu elok karya gawok ||
8. Lampahipun praptêng dhukuh Karang iku |  
kabêkta namining wukir |  
mangkana lampahnya laju |  
Cêbolang sasantrinèki |  
tumamèng dhadhah kapanggoh ||
9. Kapala ing Karang nama Ki Darmayu |  
panambramanira aris |  
ki santri kang nêmbè pangguh |  
pun bapa anlilakrami |  
sangkan parane sang anom ||
10. Lawan sintên sinambat sadayanipun |  
kang sinung ngling anoragi |  
kula sarencang sadarum |  
santri saking ing Mantawis |  
yun mring Pranaraga ngaos ||
11. Kula nama Cêbolang de rencangulun |  
Nurwitri Saloka tuwin |  
Pala-Kartipala catur |  
sadayanya dèrèng uning |  
samargi-margi tatakon ||
12. Kapalanturang dumugi têtèping laut |  
ki kapala (ng)guguk angling |  
e (ng)gih lèrès anak bagus |  
radi pangidulên kèdhik |  
kintên tri ari kalojok ||
13. Pancèn saking Wanagiri ngetan têtus |  
dumugi ing Pranaragi |  
têka mring talatahipun |  
ing Pacitan tur pasisir |  
sangêt nyêngklènging lalakon ||
14. Yèn panuju ing karsa sadayanipun |  
prayogi aso rumiyin |  
rèrèh wontên sudhungulun |  
niring rapuh tèmbe gampil |  
anglajêngakên lalakon ||
15. Mas Cêbolang sukèng tyas anut sakayun |  
nulya binêkta mring panti |  
nèng pandhapa munggèng salu |  
Darmayu malbèng wismèki |

paparentah mring kang wadon ||

16. Asasêgah mring tamu kang nêmbè pangguh |  
mêdal maring jawi malih |  
amanggih tamunipun |  
sugata lumadyèng ngarsi |  
êtapsirih upêt rokok ||
17. Lêgèn klapa arèn siwalan ganda rum |  
radi kasèp sawatawis |  
kêraos sêmada kêcut |  
sêgêr tumrap maring dhiri |  
nyamikan kaspe ginodhog ||
18. Wawi anak punika sasêgahulun |  
sawontêne tyang pasisir |  
tan misra mamuhung amung |  
minangka jampi kalantih |  
kang sinung ngling samya gupoh ||
19. Angrahabi sadaya sasêgahipun |  
kraos nikmat munpangati |  
Mas Cêbolang tatanya rum |  
mênggah sinambating wangi |  
pilênggah namaning dhukoh ||
20. Awon-awon kula palang Ki Darmayu |  
ing dhukuh Karang puniki |  
dene kawajibanulun |  
ngrêksa tumbal tanah Jawi |  
amardika botên paos ||
21. Nèng nginggiling ardi Karang dunungipun |  
bilih anak ayun uning |  
kupasanyogi saèstu |  
awit dintên benjing-benjing |  
wontên bramana gung rawoh ||
22. Saking Hindhu ambangun kalambunipun |  
Cêbolang angling prayogi |  
paran caritaning dangu |  
têka mawa dèntumbali |  
ing tanah Jawi anapon ||
23. Inggih anak makatên caritanipun |  
duk kalane tanah Jawi |  
dèrèng wontên tiyangipun |  
isi brêkasakan dhêmit |  
setan eblis myang gandarwo ||
24. Kangjêng Sultan Galbah ing nagari Ngêrum |  
tampi sasmitaning Widdhi |  
dyan dhawuh mring pathipun |  
kinèn niti mariksani |

dhatêng sakathahing pulo ||

25. Inggang dèrèng isi manungsa puniku |  
dyan patih andangu maring |  
para nangkoda kang sampun |  
sami lêpas purugnèki |  
nangkoda nêmbah turnya lon ||
26. wontên pulo kaprênah sakidulipun |  
Hindhustan panjang nglangkungi |  
watawis lampahanipun |  
lalayaran siyang ratri |  
caturdasa ri wangsul (ng)gon ||
27. Wukiripun inggang agêng-agêng langkung |  
saking kalihdasa wukir |  
alit-alit kèh kalangkung |  
sêpên dèrèng isi jalmi |  
kya patih munjuk sang katong ||
28. Wusnya kunjuk ature juragan wau |  
sang prabu dhawuh mring patih |  
kinèn sasaosan gupuh |  
kalih lêksa somah jalmi |  
inggang mawarni pirantos ||
29. Wus samêkta lajêng mangkat kamot prau |  
dumugi ing tanah Jawi |  
wukir Kandha (n)jujugipun |  
inggih wukir Kêndhêng mangkin |  
wulan Rum nêmb San kacriyos ||
30. Taunning Rum amarêngi kawanatus |  
tigangdasa-sapta tuwin |  
ingetang taun Andanu |  
wiwit kala kangjêng Nabi |  
tinurunakên Hyang Manon ||
31. Maring ngalamdonya ing dumuginipun |  
tanah Jawi kisèn jalmi |  
taun surya gangsal èwu |  
satus sèkêt-gangsal warsi |  
ing taun Candra kacriyos ||
32. Gangsal èwu tigangatus-nêmb warsèku |  
wêcaning jangka winarni |  
awit nungsa Jawi sinung |  
jalmi saking ing Rum nagri |  
têkèng ri kiyamat kubra ||
33. Mung mênangi kalih èwu satus langkung |  
sadasa ing taun Rawi |  
utawi dwi èwu langkung |  
satus pitungdasa katri |

Jilid 4 - Kaca : 126

ing taun wulan mancorong ||

34. Kacariyos tiyang saking ing Rum wau |  
lajêng sami ambabadi |  
wontên ing saurutipun |  
ardi Kêndhêng wus barêsih |  
tan cinatur dènnya manggon ||
35. Dupi antuk kawan taun laminipun |  
sami tumpês pinrak ing gring |  
kaarat eblis lalêmbut |  
nir daya sakèhing jalmi |  
tuwin minangsa ing sato ||
36. Kantun kalihdasa semah kang rahayu |  
malajêng anumpal-kèli |  
mantuk dhatêng ing nagri Rum |  
sapraptanira ing nagri |  
kauningan ing sang katong ||
37. Sultan Galbah tandya animbali gupuh |  
raja pandhita sinêkti |  
Ngusmanaji ajujuluk |  
kanthi para pandhita di |  
kang wus sudibya kinaot ||
38. Kinèn sami numbali mrih sirnanipun |  
singite kang tanah Jawi |  
myang nitik badhe (ng)gyannipun |  
tatumbal kang mrih basuki |  
numpak baita wus bodhol ||
39. Pra pandhita lampahe datan cinatur |  
pamariksanya wus titi |  
katur sri nata ing Ngêrum |  
antawise kalih warsi |  
(n)jêng sultan utusan gupoh ||
40. Maring tanah Jawi pasang tumbal wau |  
pinaju pat têngah siti |  
kilèn êlèr wetan kidul |  
têngah lêtês kang satunggil |  
duk wit pasang cinariyès ||
41. Ing wulan Rum Akyar angkaning kang taun |  
kawanatus langkungnèki |  
inggih kawandasa-catur |  
sowangan pamasangnèki |  
dhumatêng ing gangsal ênggon ||
42. Ironing slikur ari paripurnanipun |  
bumi orêg gonjang-ganjing |  
pucuking arga lir pècut |  
tlaga sêndhang kali-kali |

Jilid 4 - Kaca : 127

- lir kinêbur kawah (n)jêblos ||
43. Swara umung gumalêdhêg pindha gludhug |  
kèlês bêrkasakan gusis |  
eblis drubiksa sumêmprung |  
ngungsi têngahing wana dri |  
myang mring pulo kang doh-adoh ||
44. Antawising tri taun (n)jêng sultan ing Rum |  
utusan amundhut jalmi |  
pasomahan sadayèki |  
dalah rajakayanèki |  
pêpêg sakèhing pirantos ||
45. Maring tanah Hindhusêtan ing Trêngganu |  
Siyêm Kandhi Patani Kling |  
Kasmir ing sasaminipun |  
mikantuk tyang kathahnèki |  
kalihdasa èwu jodho ||
46. Sadaya wus kawrat ing baita laju |  
binêkta mring pulo Jawi |  
pinarnah pinantha nyèwu |  
waradin satanah Jawi |  
gya samya babat wana grong ||
47. Tinanêman pantun wujud jawawut |  
miwah sanès-sanèsnèki |  
wiji-wiji bêktanipun |  
wus têntrem sakèhing jalmi |  
tan ana winalangatos ||
48. Pulo Jawi etange dwi kisèn manus |  
têmbè dumugining ari |  
kyamat kobra umuripun |  
jagat etang taun Rawi |  
kantun dwi èwu satus pot ||
49. Taun Candra dwèwu satus swidak têlu |  
punika criyos naluri |  
saking pun bapa rumuhun |  
mung sêmantên èngêtmami |  
Mas Cêbolang lingira lon ||
50. Nêmbè mangke ulun amiyarsa tutur |  
sakawite tanah Jawi |  
ingisènan sultan Ngêrum |  
tumbal kang damêl basuki |  
sru sangêt ulun ayun wroh ||
51. Wêdharing kang cariyos èstu linangkung |  
gung-gunge panuwun mami |  
mêwahi indhaking kawruh |  
uning criyos nguni-uni |

Jilid 4 - Kaca : 128

wit pulo Jawi isi wong ||

52. Nyai wisma mêdal sung wruh lakinipun |  
dènnya sadhya sêgah bukti |  
wus rumat sadayanipun |  
(m)bokne wêtokêna aglis |  
dhahare wong bagus anom ||

### 285. Sinom

1. Nyi wisma ngatag mring rencang |  
sêgah wus binêkta mijil |  
rampatan piring lancaran |  
sêkul liwêt tigan pasir |  
sakêndhile mangarsi |  
krupuk têrung gêrèh sayur |  
ulam loh warna-warna |  
ginorèng lisah kalêntik |  
sambêlgorèng urip-urip pas-êpasan ||
2. Tinata tharik nèng ngarsa |  
kinêdhuk liwêtirèki |  
winadhahan panjang dhadhap |  
ki wisma angancarani |  
suwawi sami wanting |  
manadhah sawontênipun |  
rayoman mindhak eca |  
kang sinung ngling samya wanting |  
nulya nadhah pakantuk sadayanira ||
3. Wus dumugi cinarikan |  
pamangsêg lumadyèng ngarsi |  
pisang êmas raja-jawa |  
pulut cêklèk kêsêt wangi |  
jêram gulung lit lêgi |  
kêpêl jambu klampok arum |  
swawi ta rinahaban |  
minangka pambucal amis |  
para tamu wus angambil sasukanya ||
4. Nutug manadhah mangsêgan |  
kyai wisma angling malih |  
swawi ngasokkên sarira |  
sampun pakêwêd ing galih |  
ki wisma malbèng panti |  
Cêbolang sarencangipun |  
sakeca dènnyaendra |  
enjing satangine guling |  
wusing nadhah sarapan dyan minggah ngarga ||
5. Karang angungkang samodra |  
sapraptanira ing nginggil |  
tumamèng panggenannira |  
tatumbale tanah Jawi |  
astana Gênthong nami |

Jilid 4 - Kaca : 129

wontên wisma pindha cungkup |  
bêbalungan dêling dênta |  
duk-kakapan payonnèki |  
kawistara lir mêngtas (m)babar kewala ||

6. Linangse ing sinjang pêthak |  
jroning langse tan kaèksi |  
Mas Cêbolang lon tatanya |  
sintên ingkang angyasani |  
panti sawêg nigasi |  
tuwin ingkang nglangse pingul |  
nglêbêt isi punapa |  
punapi kenging ningali |  
Darmayu ngling inggih wus kina-kumina ||
7. Bapa kaki tan uninga |  
inggih kang ngyasani panti |  
kintên sarêng klawan tumbal |  
ngantos sapriki tan rêmpil |  
kilap ta darunaning |  
anakmas bilih ayun wruh |  
wujude kanang tumbal |  
langse gya binuka kèksi |  
gênthong alit pratisthèng clowokan sela ||
8. Tutuping gênthong binuka |  
isi walêng agêngnèki |  
sajêmpol panjang sakilan |  
gantya-gantya aningali |  
gênthong tunutup malih |  
wus mêdal sadayanipun |  
Darmayu mèsêm tanya |  
kala sami nguningani |  
balung tumbal lah sapintên agêngira ||
9. Cêbolang panjang sakilan |  
sajêmpol suku gêngnèki |  
Nurwitri panjang satêbah |  
gilig mêmêt kadi gandhik |  
Saloka kadi bènthik |  
Palakarti kadi puthu |  
Kartipala lir singat |  
tyang gangsal tan ana sami |  
suka ngungun ing paningal beda-beda ||
10. Angling malih Kyai Darma |  
wus makatên adalnèki |  
tan ana jumbuh paningal |  
nêngêna kang wawan angling |  
awak baita prapti |  
matrus ing sasaminipun |  
minggah mring arga Karang |  
babêktane warni-warni |

Jilid 4 - Kaca : 130



pasang omah rinakit lir pasanggrahan ||

11. Antara dangu kawuryan |  
kang arsa minggah ing ardi |  
Brahmana Siddhi nèng ngarsa |  
ingiring pra sabatnèki |  
praptèng anggraning wukir |  
marêpêki maring cungkup |  
kalambu thinèthèlan |  
sinantunan kêsting putih |  
paripurna nulya pinarak ing kemah ||
12. Kang ngadhêp para sakabat |  
ngawe Ki Darmayu aglis |  
mangarsa angraup pada |  
atur sêmbah pangabêkti |  
sang Brahmana lingnya ris |  
Darmayu sapa rowangmu |  
katêmbèn ingsun mulat |  
gawanên mring ngarsamami |  
nêmbah mundur wangsul ngirit tamunira ||
13. Cêbolang angaras pada |  
lawan rencang catur santri |  
sang Brahmana manêmbrama |  
Cêbolang padha basuki |  
lawan sira Nurwitri |  
Saloka Kartipalèku |  
Palakarti samoha |  
apa ya padha basuki |  
kang sinung ngling saur paksi tur raharja ||
14. Pra sami ngungun sadaya |  
sang Brahmana langkung kêsdik |  
hèh Cêbolang paran karsa |  
sira têmah tinggal panti |  
tan tolèh yayah bibi |  
ramanira wus linuhung |  
kae Sèh Anggungrimang |  
Akadiyat duk ing nguni |  
amumpuni ing ngèlmu nora kuciwa ||
15. Wus satêngah aoliya |  
karamatira kaèksi |  
saiba rudahing nala |  
rèh atmaja mung sawiji |  
marmaning Hyang Luwih |  
sêngkêling tyas têka sinung |  
rêrêming kang wardaya |  
wuwuh santosaning pikir |  
nora was-was santosane ing pamawas ||
16. Cêbolang dupi miyarsa |  
tumungkul konjêm ing siti |  
waspanya drês marawayan |

èngêt kalêpatanèki |  
ginagas angranuhi |  
pinuntu rèh wus kabanjur |  
tumênga matur nêmbah |  
dhuh risang satuhu sidik |  
botên sagêd umatur sumanggèng karsa ||

15 Kapanggih rombonganipun Brahmana Sidhi saking Hindhustan ingkang badhe nyantuni montên langsening tumbal. Sang Brahmana wawanrêmbag kalihan Mas Cêbolang, ngandharakên bab gêgêbênganipun Kabudhan, i.p. tatananing siswa dumugi guru, ajaran gêsang tumimbal, tanha, karma, cakramanggilingan, pambirating panandhang, gêgayuhan ing dalêm kasampurnaning Buddha, ilmu tuwin laku lan sanès-sanèsipun ... kaca 131-146

Jilid 4 - Kaca : 131

17. Babo kulup ywa rinasa |  
tutugna karsanirèki |  
mung aywa uwas sumêlang |  
sabarang kang dènlakoni |  
puniku mungguh mami |  
rèh Budha agamaningsun |  
ananging ingsun rasa |  
gathêke lan Islam sami |  
ming tindake lan aranne rada beda ||
18. sayêkti agama Budha |  
nora (m)baèkkên sakèhing |  
agama ing liyanira |  
Cêbolang umatur ririh |  
dhuh sang Brahmana Siddhi |  
bilih kaparênging kalbu |  
miwah kenging winêdhar |  
pun patik sangêt kapingin |  
amiyarsa derahe agama Budha ||
19. Sang Brahmana mèsêm lingnya |  
atut pamintanta kaki |  
pêpacak wêwalêrira |  
agama Budha puniki |  
kudu anyêgah maring |  
watêk panastèn anêpsu |  
dahwèn salah-opènan |  
kêmèrèn cêthil ajail |  
cêngil kriwil muthakil srèi waonan ||
20. Darêngki mêdhit nyêngitan |  
anyarubiru basiwit |  
anyêndhu mring samoanya |  
sarupaning manungsèki |  
de lakuning rahsèki |  
kudu trêсна wêlas purun |  
asih sakèh dumadya |  
tindak kang sêdya pinêsthi |

kudu têtêp madhêp idhêp pangidhêpnya ||

21. Dene lakune kang manah |  
kudu lila lair batin |  
trima nalangsa lêgawa |  
mungguh pambudinirèki |  
kudu mênçar sayêkti |  
jêmbar sabar lan sumawur |  
dene pandhêngannira |  
kudu mindêng ênêng-êning |  
lawan eling mung puniku papacaknya ||
22. Pêpangkataning agama |  
kaperang dadya kakalih |  
golongan matang pangkat |  
Upasaka arannèki |  
siswa mara puniki |  
kang isih cupêt ing kawruh |  
iya iku manungsa |  
kang ngagêm myang manut maring |  
darma pituduhing Sang Buddha Gotama ||
23. Srana ngucapkên sakèhnya |  
ing têtêbung-têtêbung kang uwis |  
padha dadi pasthinira |  
apadene anglakoni |  
mring prajangji kèhnèki |  
limang prakara ginilut |  
dene ingkang rong pangkat |  
aran Sangha têtêgnèki |  
siswa pipilihan wus kèh pangartinya ||
24. Iya iku manungsa kang |  
manggung mindêng amumuji |  
marang ing salamêtira |  
kaananing jagad iki |  
lawan angambah maring |  
marga wolung pakartèku |  
myang amancik tataran |  
siji têtêkan papat tuwin |  
asarana nglakoni prajanji kèhnya ||
25. Pantog sapuluh prakara |  
de kang padha nglaksanani |  
sinêbut aran Samana |  
utawi Biksu wawangi |  
mungguh ingkang prajangji |  
limang prakara puniku |  
kang padha linakonon |  
pra Upasaka rannèki |  
Pancasila pan mangkene têtêbungira ||
26. Satuhu-tuhu kalawan |  
eklasing kang ati kapir |

Jilid 4 - Kaca : 132

- nglairakên prajanjeyan |  
kang rumuhun kita yêkti |  
nyanyêgah tan natoni |  
tanapi akarya lampus |  
lawan tan nganiaya |  
apadene anglarani |  
marang ingkang padha kasandhangan gêsang ||
27. Kapindho kita anyêgah |  
anyênyolong angapusi |  
ambujuk darbèking liyan |  
anyanyêgah kang kaping tri |  
nora bakal akardi |  
susah ribêt myang pakewuh |  
marang samèng tumitah |  
apadene anyidrani |  
marang ing pamuwus kang uwis winêdal ||
28. Kaping pat kita nyênyêgah |  
nora laku bandrèk tuwin |  
jina sapadhanira |  
mêrdi tan nêdya ngrêmêni |  
myang dèdolanan maring |  
wadon kang lyan wajibipun |  
jablase nora liya |  
muhung bojone pribadi |  
ing jangkêpe lilima kita anyêgah ||
29. Anêdya ngombe utama |  
nora pisan niyat bukti |  
samubarang ingkang mawa |  
pakarti wuru ngêndêmi |  
mungguh kanang prajanji |  
limang prakara ing ngayun |  
yèku dadya wajibnya |  
wong kang nêdya anglakoni |  
ing agama Buddha Gotama minulya ||
30. Kang dadi paedah lawan |  
pikantuke wong nglakoni |  
ing prajanji Pancasila |  
tinartamtu bakal bangkit |  
kajèn uripirèki |  
adoh saking pakaryèku |  
bilai myang sangsara |  
sarta rukun ing sasami |  
kadunungan cipta marang kautaman ||
31. Mundhak-mundhak kawruhira |  
kang sarta bakal amanggih |  
enak lawan kapenak |  
nèng jro urip têmbenèki |  
kalawan saya luwih |  
mungguh uwong iku sarju |  
gêlêm sartane bisa |

anglakoni ing prajanji |  
kang ingaran prajanji Asthakasila ||

32. Têgêse wolung patrapan |  
katrangane kang prajanji |  
kang lilima Pancasila |  
iya kang wus kasbut ngarsi |  
pan winuwuhan ranning |  
têlung prakara puniku |  
kang dhingin nora nêdya |  
mamangan sawanci-wanci |  
de wêdhare lamun arsa amêmangan ||

Jilid 4 - Kaca : 133

33. Samubarang kang pinangan |  
kudu kang ajêg kang mêsthi |  
tinartamtu ing wancinya |  
lawan ing samurwatnèki |  
wuwuhan ingkang ping dwi |  
aninggal sarupanipun |  
kabungahan ing donya |  
kaya linggotbawa tuwin |  
langên swara kasukan sapapadhanya ||

34. Wuwuhan kaping tri nilar |  
iya maring sarupaning |  
rêrêngganing kabagusan |  
lire nganggo sarwa adi |  
gêganda wida amrik |  
apapaès amamangun |  
kêrik alis gumbala |  
jenggot ing sasaminèki |  
kang mangkono mungguh ta paedahira ||

35. Angêkèhkên maring mala |  
lalarane badan iki |  
rêgêd lan susahing manah |  
dene ingkang dènaranni |  
Dasasila prajanji |  
ingkang dènlakoni iku |  
marang sakèhing Sangha |  
sêpuluh patrapan janji |  
katrangane iya janji Pancasila ||

36. Kalawan Asthasasila |  
ananging dipuntambahi |  
rong prakara kang sapisan |  
nora arêp turu mungging |  
papan ingkang prayogi |  
anêdya turu dumunung |  
papan kang tan sakeca |  
lawan ora arêp bukti |  
sarupane iwak daging sasaminya ||

37. Kang kapindho jroning gêsang |  
 nèng dalêm donya puniki |  
 sumèdya malarat donya |  
 suka lila nrimèng ati |  
 mungguh pakolihnèki |  
 laku kang mangkono iku |  
 angêdohkên pakaryan |  
 kêsèt kalawan nyingkiri |  
 sarupane iwak daging sasaminye ||
38. Jangji sadasa prakara |  
 mungguh rubeda kang bangkit |  
 ambatalakên kèhira |  
 tri prakara ingkang dhingin |  
 angên-angên utawi |  
 pikiran sasaminipun |  
 ping kalih pitêmbungan |  
 kalakuan katrinèki |  
 de bisane anglakoni prajanjian ||
39. Sadasa prakara ika |  
 kudu ambuwang tataning |  
 kadonyan sabab yèn ora |  
 mangkono paran (ng)gonnèki |  
 bisane anglakoni |  
 mring tri golongan ing ngayun |  
 kang dhingin banjur ngambah |  
 marang dadalan kang kardi |  
 ing sirnaning sakèhe kang ran Sanandhang ||
40. Dwi mancik tataran papat |  
 katri bakal anêtèpi |  
 mring janji dasa prakara |  
 awit kalamun tataning |  
 iya kadonyan iki |  
 ora tininggal saèstu |  
 tan bisa sumingkira |  
 saka panggawe panyobi |  
 lan panggodha ngèndi marganira bisa ||
41. (m)Buka kawruh kasunyatan |  
 sabab mungguh rubedaning |  
 kadunyan iku sanyata |  
 kukuh lan lèbêt kèpati |  
 tan bisa gonggang saking |  
 wêwatêkan arannipun |  
 Massariya têngsnya |  
 watêg mèdhit lawan cèthil |  
 tèmahane Awidya bodho wardinya ||
42. Sabab isih rupa raga |  
 têngèse trèсна kèpati |  
 iya maring ingkang donya |  
 wus titi papacak tuwin |

Jilid 4 - Kaca : 134

wêwalêring agami |  
kalawan papangkatipun |  
miwah rubedanipun |  
myang bangkite anglakoni |  
Gurisane Cêbolang matur manêmbah ||

### 286. Girisa

1. Pun patik kawêdharana |  
ing kang winastan Sanandhang |  
sang Brahmana mèsêm lingnya |  
jagad gyanning urip kita |  
ing samêngko iki iya |  
sajatine jagadira |  
panasaran myang pralaya |  
lawan jagading dumadya ||
2. Lan jagade karusakan |  
owah gingsir miwah cuwa |  
kaaprihatinan nyata |  
lawan cakra-panggilingan |  
lair ing kang rambah-rambah |  
tanpa kandhêg nir wangênan |  
iku kabèh nora kêna |  
disèlaki sadayanya ||
3. Kalamun kita puniki |  
durung bisa tumêka-a |  
iya marang cahyanira |  
kawruh ing kang sanyatanya |  
Cêbolang dupi miyarsa |  
tangèh (n)dungkap ing wardaya |  
matur malih kawêdharna |  
ing kang ngwontênakên Sanandhang ||
4. Dingin dènaranni Tanha |  
wêrdi cipta mring uripnya |  
kadwi diaranni Karma |  
de têngêse cipta ing kang |  
nyamêktani wujud ana |  
ing jagad iki sadaya |  
myang ing jagad sunya rurya |  
myang ngakerat lan sawarga ||
5. Cêbolang malih turira |  
mênggah sagêdipun sirna |  
Sanandhang pati kalawan |  
lair ing kang rambah-rambah |  
kêdah sarana punapa |  
kulup sirnaning Sanandhang |  
pati lair rambah-rambah |  
kudu-kudu sarananya ||
6. Nyirnakake rong prakara |  
kang ran Tanha lawan Karma |

yèn dhasar wus kabirata |  
rong prakara satuhunya |  
banjur bisa luwar nyata |  
sangka ing kukume ika |  
wêkasan ingaran arja |  
apadene banjur bisa ||

7. Angambah marang dèdalan |  
katêntreman langgêng ika |  
sarèhning arang kang wikan |  
lan nora mangêrti marang |  
kasunyatan suci ingkang |  
patang prakara punika |  
dadi iya mêsthinira |  
ing salawas-lawasira ||
8. Bakal tansah kudu ngambah |  
marga lair rambah-rambah |  
tur sangsara apês nistha |  
lawan asor nora pakra |  
lah ta êndi rupanira |  
ingkang dènaranni ika |  
kasunyatan sukci mulya |  
patang prakara ing ngarsa ||
9. Yèku nyatane Sanandhang |  
nyata uwiting panandhang |  
nyata sirnaning panandhang |  
lan kasunyataning marga |  
sirnaning kanang panandhang |  
ing kono wusnya mursudya |  
lan ngêrti marang kaanan |  
kasunyatan catur ngarsa ||
10. Têmah wêkasaning Tanha |  
iya iku cipta ingkang |  
marang urip banjur sirna |  
utawa kang aran Karma |  
iya iku cipta ingkang |  
nyamêktani wujud mulya |  
sirêp kanang kara-kara |  
apadene ing lakunya ||
11. Cakra-panggilingan ingkang |  
lair rambah-rambah ika |  
banjur kandhêg tan lumakya |  
yèn sira durung uninga |  
iki gênahe kang aran |  
Kasunyataning panandhang |  
kayata ênom lan tuwa |  
lair rambah-rambah lawan ||
12. Lara tanapi palastra |  
iku kabèh ran panandhang |  
mêngkono uga kayata |



kaoncatan samubarang |  
ingkang didhêmêni ika |  
datansah kara-akêtan |  
samubarang kang tan dadya |  
ing tyas dènmohi kapatya ||

13. Tunaning panggayuh ika |  
yèku wujuding panandhang |  
ing cêkake dumadinya |  
wujud kita iku nyata |  
yèn ta mungguh wêwatêkan |  
nora liya-liya iya |  
iku kabèh wus têtela |  
kawujudaning panandhang ||
14. Inggang aran Kasunyatan |  
mangka uwiting panandhang |  
ana sapta dhingin Tanha |  
wêrdi cipta kang mring gêsang |  
kapindho kang mawêrdinya |  
cipta kang nyamêktanana |  
iya marang wujud-kita |  
kabungahan tiganira ||
15. Kasênêngan sakawannya |  
kalimane karêm (ng)gènnya |  
ambangun anyaring raga |  
ping nêmbêr karêp (ng)gonning sêdya |  
nuruti mring hawa murka |  
kasapta olèhe sêdya |  
murih slamête raganya |  
nèng jagad samêngkone ka ||
16. Utawa anèng bawana |  
sonya ruri ing têngbenya |  
ika kang nununtun dadya |  
jalaran dumadya marga |  
lair manèh jalma ika |  
kaping rambah-rambah tanpa |  
wawangênan salaminya |  
tangèh yèn bisa mandhêga ||
17. Iki gênahe kang aran |  
Kasunyataning sirnanya |  
panandhang kang wus kawahywa |  
iya pitung bab ingaran |  
kabèh kang kudu pinêksa |  
dikalahake sadaya |  
binirata aywa ngantya |  
kalabêtan manèh ika ||
18. Lan gênahe ingkang aran |  
Kasunyataning dèdalan |  
ingkang bakal bisa karya |

Jilid 4 - Kaca : 136

marang sirnaning panandhang |  
wolung pakarti kathahnya |  
dhingin wêruh mring kang nyata |  
dwi amikir kang prayoga |  
tri panguripan kang mulya ||

19. Catur ing patitisira |  
pamicara wêrdinya |  
calathu kang nora-nora |  
tindak kang bènêr kalima |  
pangudi kang pantês nêmnnya |  
eling têtêp kang kasapta |  
pungkasane kaping astha |  
panimbang kang jêjêg nyata ||
20. Lah ta iku mau lagya |  
mratelakakên prakara |  
pangawruh kasunyatannya |  
suci sakawan prakara |  
liya iku misih ana |  
prentahe agama Buddha |  
Mas Cêbolang aturira |  
dhuh mugi linajêngêna ||
21. Inggang winastan Tataran |  
de kadi mènèk kalapa |  
manawi kenging kawahywa |  
inggang mugi kaparênga |  
mêdharakan pangandika |  
sang Brahmana mèsêm lingnya |  
iku kulup piyarsakna |  
têmbange Pucung prayoga ||

Jilid 4 - Kaca : 137

### **287. Pocung**

1. Ah ta kulup kang dènaranni puniku |  
Tataran kèhira |  
lajêre patang pakarti |  
inggang kudu-kudu dianggo pancadan ||
2. Wong kang padha sêngsêm marsudi satuhu |  
marang kasuciyan |  
lan mring kaslamêtanèki |  
tataran kang sapisan mangkya winarna ||
3. Dènaranni Patobat mungguh witipun |  
ing patobat saka |  
patang prakara puniki |  
inggang dhingin awit saka kukumpulan ||
4. Sarawungan lan jalma kang wus kasêbut |  
budiman utama |  
kaping dwi jalaran saking |  
krungu kang pituduh utawa papacak ||

5. Katri awit saka prihatin kalangkung |  
ping catur jalaran |  
pan kapêksa sêngsêm maring |  
bisanipun sêdya utama kang nyata ||
6. Dene lamun ana wong kang ora ayun |  
niyat amartobat |  
luwih angèl bangêt mêsthi |  
(ng)gonne ngambah marang ing dadalanira ||
7. Kasucian marang kaslamêtan mau |  
mulane mangkana |  
sêbab jalma iku isih |  
nandhang wujud ing rêrêgêd rupa dosa ||
8. Nanging pama wong iku yèn wus sinau |  
nyumurupi marang |  
kawruh kasunyatan suci |  
pat prakara ingkang winahya ing ngarsa ||
9. Mung sawiji utawa loro kacakup |  
sukur papat pisan |  
dadi patobatirèki |  
kang mangkono iku wus kêna ngaranan ||
10. Jalma mau sikil wus mancik dumunung |  
tataran wiwitan |  
mungguh olèh-olèhnèki |  
jalma kang wus mancik tataran wiwitan ||
11. Tinartamtu bisa luwar manungsèku |  
kang rumuhun saka |  
ingkang aran Sakayati |  
de têngêse apês cidrane kang raga ||
12. Kapindhone bisa luwar manungsèku |  
saka Wasikacca |  
têngêse sêmanging ati |  
(ng)gonne bakal nganggêp marang pituduhan ||
13. Yèn wus gambuh marang rong prakara mau |  
banjur bisa uncat |  
saka ingkang dènaranni |  
iya iku Sila bata-paramasa ||
14. Têngêsipun piyandêle marang sagung |  
tingkah bangsa srengat |  
utawa tataning lair |  
mungguh bakal pikantuke jalma ingkang ||
15. Lumaksana ing tri-rupa wus kinumpul |  
nuduhe kabêgjan |  
kang ngluwihi sarupaning |

Jilid 4 - Kaca : 138

- ing kabêgjan ing dalêm dunya puniki ||
16. Myang ngluwihi kabêgjan ingkang tinêmu |  
nèng jagad liyanya |  
titi pancatan sawiji |  
Mas Cêbolang manêmbah alon turira ||
  17. Kang winastan apês-cidraning ragèku |  
paran dunungira |  
sang Brahmana ngandika ris |  
lah mangkene apês-cidrane kang raga ||
  18. Akèh wae manungsa kang mangka ayun |  
lumakya mring paran |  
sawatara adohnèki |  
bangêt kêncêng sêdya nuli tumêka-a ||
  19. Nanging suku rencog awake ngalumpruk |  
wis bangêt sayahe |  
wêkasan lèrèn utawi |  
kudu-kudu kêpêksa nginêp nèng marga ||
  20. Ana maning saupama manungsèku |  
nglakoni puwasa |  
tur kêncêng tekadirèki |  
nanging wus tan kuwawa ambanjurêna ||
  21. Sabab wêtêng bangêt luwe ngêlih (ng)gêrus |  
badan bangêt lungkrah |  
nêmah batal sêdyanèki |  
banjur amêmangan mrih kiyating badan ||
  22. Iya ingkang mangkono sapadhanipun |  
kêna binasakna |  
apês cidraning rêjêki |  
dene ingkang tataran kapindhonira ||
  23. Iku tumrap-e wong kang anêdya amung |  
abali sapisan |  
maring ngalamdonya iki |  
kajabane wus luwar saka tataran ||
  24. Kang kapisan tri prakara kasbut ngayun |  
kudu banjur bisa |  
nyunyuda marang karsaning |  
pancadriya watêg jail sapadhanya ||
  25. De tataran kang kaping têlu puniku |  
tumrap maring wong kang |  
nora liya bali maring |  
dalêm donya urip sapisan kewala ||
  26. Kudu bisa (m)birat babarpisanipun |  
kabèh karsaning kang |  
pancadriya tan ngromèsi |

27. De tataran kaping pat pungkasanipun |  
iku tumrap marang |  
manungsa kang uwis suci |  
kudu kang wis bisa luwar mring pakaryan ||
28. Kèhe limang prakara ingkang rumuhun |  
datan kalêbêtan |  
wus sirna katrêsnanèki |  
marang ingkang panggawe dunya samua ||
29. Pindha uwis sirna ing pangayun-ayun |  
kapengin bisanya |  
urip ana suwarga di |  
utawane anèng jagad liyanira ||
30. Katri uwis tan darbe watak kumingsun |  
gumêdhe gumisa |  
ping pat wawatêkan drêngki |  
ambasiwit srèi ing sasaminira ||
31. Kaping lima wus tan kadunungan èstu |  
dening kang Awidya |  
têgêse Awidya nênggih |  
kabodhohan pantog tataran sakawan ||
32. Sawusipun mangkono kêna winuwus |  
ran wus luwar saka |  
sarupaning dosa yêkti |  
ing wêkasan bisa andunungkên lampah ||
33. Ing bènêre pangaji-aji pangrêngkuh |  
tumrap sarupanya |  
samubarang kaananing |  
dalêm dunya iki wus tan kasamaran ||
34. Jalaran wus bisa sirna sadayèku |  
wêwatèk kang ala |  
dadi pamikir maring |  
badan pyangga mung sarana kautaman ||
35. De tumrape kang marang ing liyanipun |  
ing wêkasanira |  
mung kari thukulirèki |  
kawlasane kalawan katrêsnanira ||
36. Pangrêksane mring arjaning liyanipun |  
nora aprabeda |  
uga kaya pangrêksaning |  
bapa biyung maring ing atmajanira ||
37. De manungsa kang wus mangkono satuhu |  
lêpas sing prabawa |

- tanpa wangênan dohnèki |  
nganti bisa sumarambah ing sajagad ||
38. Sapandhuwur sapangisor nganti gadhug |  
lan sakèhing keblat |  
tan ana sêlanirèki |  
padha kêbak kaèbêkan kwasanira ||
39. Sartanipun saupama manungsèku |  
bisa lumintuwa |  
kaya ta ing sajêroning |  
ing adêge ing lungguhe ing èsêmnya ||
40. Myang guyune lakune andhêgerèku |  
sapapadhanira |  
mangka tanpa owah gingsir |  
dènya tumindak mangkono mau ika ||
41. Iku kang kalêbu ing babasan èstu |  
manungsa wus bisa |  
nêmu katêntêman mungging |  
ing sajroning isih uripe ing donya ||
42. Iki ana manèh wêwatêkanipun |  
ati ingkang ala |  
utawa dosanirèki |  
ingkang kudu-kudu mêtthi sinirnakna ||
43. Dening sang Yodyana wêrdine jalma nung |  
kang wus ngambah Marra |  
kasuciyen lan basuki |  
mungguh kèhe ana sapuluh prakara ||
44. Kapisan Sakaya-niti têngêsipun |  
pês cidraning raga |  
Wisikicca kaping kalih |  
têngêsipun sêmang-sêmang ingkang nala ||
45. Katri Silapbrata-paramasa yèku |  
wêrdi piyandêlnya |  
marang kalairan iki |  
dene ingkang kaping catur nama Karsa ||
46. Wêrdinipun karsaning pancadriyèku |  
iya kang anyipta |  
nyamêktani wujud iki |  
kaping lima Pati jail têngêsira ||
47. Kanêmira Rugaraga têngêsipun |  
kang karênan marang |  
kadonyan sakalir-kalir |  
kang kasapta Arugaraga têngêsnya ||

Jilid 4 - Kaca : 140

48. Pingin urip ana kang ran sawargagung |  
 utawa nèng jagad |  
 ing liya-liyanirèki |  
 ingkang kaping astha Manon têngêsira ||
49. Wêwatêkan gumêdhe miwah kumingsun |  
 kasanga Okakkan |  
 têngêse watak (m)bêsiwit |  
 dene ingkang kaping sadasa Awidya ||
50. Têngêsipun kabodhowan kêbluk kêthul |  
 wus jangkêp sadasa |  
 wawatêk alaning ati |  
 utawa kang aran dosa wus kawuntat ||

### 288. Pangkur

1. Kalamun ana manungsa |  
 uwis bisa anyirnakakên maring |  
 wêwatêk alaning kalbu |  
 wiwit angka sajuga |  
 têkan lima iku tême lairipun |  
 iya sarambahan êngkas |  
 amêsthi bangkit dumadi ||
2. Arikat banjur abisa |  
 ngambah marang tataran ingkang kaping |  
 catur kasêbut ing ngayun |  
 apa manèh yèn bisa |  
 anyirnakakên sawiji têkan sapuluh |  
 iya iku banjur bisa |  
 jumênêng Aseka yêkti ||
3. Wus tan bisa kalêbêtan |  
 marang sarupaning panandhang iki |  
 yèn manungsa lir punika |  
 pamancade ing tataran |  
 winastan wus Nirwana |  
 lan sing sapa manungsa wus bisa gadug |  
 kang kaping pat sarta bangkit ||
4. Ngasorkên sakèh panandhang |  
 yêkti nora bangkit ngambah prihatin |  
 malah kang padha sinêbut |  
 Allah wong agama lyan |  
 padha mèri marang ing kamulyanipun |  
 marang wong ingkang mangkana |  
 iya jalma ingkang uwis ||
5. Sirêp pancadriyanira |  
 gumêdhene wus sirna tan nglabêti |  
 myang pangayun-ayunipun |  
 urip manèh tême benya |  
 lawan sirna kabodhowan cundhukipun |  
 kang murih mring pangadilan |

Jilid 4 - Kaca : 141

iya iku têtêp suci ||

6. Saka sakèhing sangsara |  
kadyangganing mungguh têtêmirèki |  
kadi mênênging kang banyu |  
talaga kang nirmala |  
tumraping wong kang wus mangkonèku mau |  
kandhêg saka pakartinya |  
cakramanggilingan jati ||
7. Lair ingkang rambah-rambah |  
tur ajênjêm angên-angênirèki |  
sabar ing wicaranipun |  
lan solah bawanira |  
mula dadi praptèng katêtrêmanipun |  
sabab kang ingaran Tanha |  
cipta marang maring urip ||
8. Lawan Karma cipta ingkang |  
nyamêktani ing wujud wus samya nir |  
rèh wus tan klêbêtan iku |  
pakarti tan akarma |  
apa dene harda angkara wus surut |  
ing wêkasan jalma ika |  
sirêp kaananirèki ||
9. Pindha sirêping kang damar |  
pan wus titi mangkya gantya winarni |  
dalan panasaran iku |  
akèhe mung rong warna |  
kang tartamtu kudu siningkiran iku |  
dening kang kirang marsudya |  
marang kasucian siji ||
10. Lawan marang kaslamêtan |  
ingkang dhihin tansah ngukura maring |  
marêming kang hawa napsu |  
myang pakarêmaning tyas |  
iya ingkang mangkono ingaran èstu |  
langkung asor nistha ina |  
lawan anênuntun maring ||
11. Karusakan kang sanyata |  
iya iku dadalan ingkang maring |  
kadonyan samêngkonipun |  
kapindho gawe susah |  
myang agawe sangsarane badanipun |  
mangkonèku tan prayoga |  
lawan datan maedahi ||
12. Sajatine mung dadalan |  
têngah-têngah nêng antaraning margi |  
panasaran loro mau |  
kang bisa madhangêna |



- marang pramananing paningalirèku |  
miwah ambênêrkên marang |  
tumandukira kang budi ||
13. Nununtun mring katêtrêman |  
lawan marang ing kawaskithan sidik |  
apa dene notogipun |  
iya mring ing nirwana |  
kang ingaran nirwana kaananipun |  
cipta kalawan jiwanta |  
kang wus tan kadunungan ring ||
14. Pakartining tan akarma |  
sasirnaning kabungahan sakalir |  
myang sêrênging hawa napsu |  
pangarêp-arêp pangangsa |  
uwas-uwas grunêg karêntêg tan ayu |  
lawan sirnaning panandhang |  
dadya têmbung nirwana di ||
15. Pan namung saèmpêr kaya |  
kaananing katêtrêman basuki |  
utawa ruwat puniku |  
nirwana uga kêna |  
ingaranan pati wus tanpa dosèku |  
iya uga bab kaanan |  
ingkang uwus nora kêni ||
16. Ingucap kalawan lesan |  
kang wus nora kêna dinugi-dugi |  
kalawan pakartinipun |  
ing pancadriyanira |  
samonèku kajaba manungsa kang wus |  
binuka lan panêmunya |  
pribadi kalawan sukci ||
17. Iku ingkang mêsthi bisa |  
wruh dununge nirwana jatinèki |  
katêtrêman langgêng tuhu |  
kulup yèn tak banjurna |  
sasahe agama Buddha linuhung |  
pitung ari datan tatas |  
atusing surasanèki ||
18. Bedane agama Buddha |  
lan Kadewan utawa para nabi |  
ana astha kang rumuhun |  
anuduhake marang |  
kalakuan kawaskithan myang linangkung |  
nanging nora nganakêna |  
Allah maujud kaèksi ||
19. Kapindho nuduhkên ika |  
ing langgênge kaanan kita iki |  
nging tanpa nganakkên êruh |

utawa kang ran nyawa |  
ingkang nora kêna ing pati puniku |  
katri anuduhkên marang |  
ing ananing sangsarèki ||

20. Nanging tanpa nganakêna |  
naraka wèl api sasaminèki |  
dene ingkang kaping catur |  
anuduhkên marang |  
katêntreman langgêng ing salaminipun |  
ning tan nganakkên sawarga |  
kalima nuduhkên maring ||

Jilid 4 - Kaca : 143

21. Bisane sukci dumadya |  
nanging tanpa nganakkên para nabi |  
kang dadi juru rahayu |  
sad anuduhkên marang |  
ing bisane luwar saka sangsarèku |  
ananging mêtase saka |  
pakartinira pribadi ||
22. Kasapta anuduh marang |  
ing luware saka sarana iki |  
tan linakon lawan laku |  
atatapa sêmbahyang |  
kurban salamêtan sasaji susuhun |  
nir pangulu agama |  
tanpa srana samukawis ||
23. Barang kang dènanggêp sutya |  
apadene datanpa idi saking |  
kamurahaning Allahu |  
astha wèh pidudahan |  
marang kasampurnan kang minulya luhung |  
kang uga kêna rinangsang |  
ana ing uripirèki ||
24. Dumunung ana ing jagad |  
samêngkone iku prabedanèki |  
Mas Cêbolang nêmbah matur |  
saking pangintênkula |  
ingkang nama agama Buddha tartamtu |  
inggih agami lan dewa |  
lêlajêre Hyang Pramèsthi ||
25. Têrang dawêg ing samangkya |  
amangsuli bab karma raosnèki |  
sami lawan lohki makpul |  
takdir lan pêpêsthènya |  
Brahmana ngling kulup ana bedanipun |  
lohki makpul lawan Karma |  
mangkene kaotirèki ||

26. Sing sapa kang ngandêl marang |  
 ananing kang lohki makpul myang takdir |  
 papasthèn iku tartamtu |  
 awit kinarya saka |  
 kawasaning Allah kang sipat Ngalimun |  
 de adile kodrat ika |  
 kadadeyan kabèh iki ||
27. Wus mêsthi kanggonan sêbab |  
 nora nana kang tanpa sêbab yêkti |  
 balik kawruh bab karmèku |  
 kabèh sarupaning kang |  
 kadadeyan kang sinêbut bêcik iku |  
 kayata bagusing raga |  
 luruse sarira ramping ||
28. Enak kalawan kapenak |  
 apadene kasênêngan lan bukti |  
 wibawa sasaminipun |  
 tartamtu nora liya |  
 wus tartamtu iya saka sêbab mau |  
 panggawe ing kautaman |  
 ing mêngko timbangane ||
29. Ala cacate kang raga |  
 kang sangsara cilaka wirang isin |  
 nora liya marganipun |  
 sabab saking pakarya |  
 nistha êdur nanging rong prakara mau |  
 lohki makpul lawan karma |  
 rasane uga mèh sami ||
30. De karone sami darbya |  
 rumangsa yèn uripe manungsèki |  
 iki kaananing wujud |  
 apadene lakonnya |  
 ing kabêgjan kalawan cilakanipun |  
 iku sajatine saka |  
 panggawene wênangnèki ||
31. Upamane ana jalma |  
 ingkang nora rumangsa andarbèni |  
 dosa atanapi luput |  
 nuli kinaniaya |  
 maring jalma de kang nganiaya mau |  
 lalakoning dalêm donya |  
 manggih kabêgjan basuki ||
32. Yèn wong kang dènkaniaya |  
 ngandêl marang lohki makpul takdir |  
 utawa papasthèn mau |  
 tartamtu banjur darbya |  
 ing pamikir mangkene panlangsanipun |  
 aku iki tan rumangsa |

Jilid 4 - Kaca : 144

(n)duwèni dosa samênir ||

33. Iya maring dhèwèkira |  
ing wêkasan dènkenèkake iki |  
kudu narima katèngsun |  
kawula mung sadarma |  
anglakoni atas-ing sadurungipun |  
dumadi tulis wus ana |  
ing lohki makpul tinakdir ||
34. Pinasthi karsaning Allah |  
nanging mungguh sapira gêdhenèki |  
kacilakan sangsara sru |  
iku wus mêsthi ana |  
kabêgjan tèmbe (m)buh tumibanipun |  
kawula tan bisa wikan |  
dumadi tekadirèki ||
35. Wong ingkang kinaniaya |  
(ng)gonne nrima kataman ing bilai |  
patrap kang tan adil iku |  
mung sumendhe takdirnya |  
sarta ngarêp-arêp kabêgjan ing pungkur |  
ingkang wus cinorèk ana |  
ing lohki makpul tinakdir ||
36. Kang wus tan kêna kinira |  
tèmbe bakal tumibane kang takdir |  
iku ngandêl lohki makpul |  
dene kang saupama |  
jalma ingkang dikaniaya puniku |  
ngandêl mring arane karma |  
sarêng kataman bilai ||
37. Wus tartamtu banjur darbya |  
ing pamikir anêtèpkên maring |  
adiling kodrat pinuntu |  
mangkene pamikirnya |  
mungguh kabèh-kabèh ing tumimbulipun |  
kaanan iku tan liya |  
saka panggawe pribadi ||
38. Ya êmbuh enggal lawasnya |  
nguni-uni wus mêsthi kita iki |  
andhêdhêr sabab tan patut |  
lagi ing wêktu mangkya |  
tumimbule nandhang mangkene wakingsun |  
mula ing kawruh bab karma |  
pêrlu (m)buwang rong prakawis ||
39. Inggang dhingin kudu datan |  
ngandêl lamun sajroning urip iki |  
ana kang ingaran iku |  
êroh utawa nyawa |

Jilid 4 - Kaca : 145

kapindhone kudu anyingkiri iku |  
uwong kang nora pracaya |  
mring adiling kodrat yèkti ||

40. Tamat bedaning bab karma |  
lamun lohki makpul papasthèn takdir |  
iki kawruhana kulup |  
ran laku kabêcikan |  
iku sawiji-wijining tindakipun |  
kang thukule saka nyata |  
sakarêpaning tyas sukci ||

41. Sarta ingkang mrih slamêta |  
marang sarupaning kang padha urip |  
lan nyunyuda sakèhipun |  
kang manjing kasusahan |  
lawan kasangsaraning kang liyanipun |  
wêkasan mung nêdya karya |  
bungah sênênging sasami ||

42. Kang ran kalakuan ala |  
iku apan sawiji-wijinèki |  
kabèh tindak kang tan arus |  
kang kalakone karya |  
karusakan saksêrik sangsaranipun |  
maring ing sapatadha-patadha |  
manèh kawruhana kaki ||

43. Samubarang kang dumadya |  
iku kabèh wus mêsthi anêmahi |  
(ng)gawa mring karusakanipun |  
pribadi dhawak-dhawak |  
mula aywa êsah ing sajroning idhup |  
(ng)gonnira marsudi marang |  
katêntreman kang sajati ||

44. Matur malih Mas Cêbolang |  
ing Kabudan paran kang sami ngèlmi |  
kulup têngêse pangawruh |  
iku upama iwak |  
dene laku iku upamane bumbu |  
yèn ta munggah upamanya |  
kudu ganêp rong prakawis ||

45. Dadi enak rasanira |  
prabeda yèn salah siji tan mawi |  
kayata yèn iwak muhung |  
aluwung yèn pinangan |  
isih ana rasane enak sadumuk |  
balik mung bumbu kewala |  
pinangan rasa punapi ||

46. Mangkono papadhanira |  
sucining tyas bêcike sêdyanèki |

- iku ingkang aran laku |  
 pituduhe kang marang |  
 dadalaning kaslamêtan iku ngèlmu |  
 karone kudu tumindak |  
 bokmanawa bisa dadi ||
47. Kulup kabèh kang dakandhar |  
 kang cêkake durung bisa ngaranni |  
 mring pêsthine kahnanipun |  
 lalakoning palastra |  
 mula aja kadara-dara ing kalbu |  
 mamikir prakara iku |  
 balik ta padha-a mikir ||
48. Marang kabêcikan ingkang |  
 lalakone ing tême bakal bangkit |  
 tinêmu ana ing kubur |  
 utawa yèn pinanggya |  
 anèng kubur iku ta sapa kang wêruh |  
 mung laire kanyataan |  
 ana ing dalêm donyèki ||
49. Jalma ingkang padha karsa |  
 anglakoni panggawe ngumum bêcik |  
 iku sayêkti sinêbut |  
 jalma-di martotama |  
 Mas Cêbolang manêmbah lon aturipun |  
 mugi angsala sapangat |  
 ulun sagêd ngirib-irib ||
50. Mring kang winastan prayoga |  
 anyingkiri dhumatêng kang tan yukti |  
 Brahmana Siddhi lingipun |  
 kulup nastapaningwang |  
 pujastuti ayu-ayu marang kulup |  
 kala kala suminggaha |  
 yuwana sakalir-kalir ||
51. Sira duk nêng Ngèksiganda |  
 apa wanuh lan gunawaning nagri |  
 Sujanapura rannipun |  
 Cêbolang matur nêmbah |  
 inggih têpang kêrêp tinimbangan ulun |  
 kinèn maos Rama Kawya |  
 lajêng winursitan Jawi ||
52. wontên kang dadya tyasingwang |  
 satriya-di ing Ngalêngka kakalih |  
 Sang Wibisana linuhung |  
 oncat saking ing praja |  
 Kumbakarna ngrungkêbi ing prajanipun |  
 Wibisana duk prang lawan |  
 Mitragna ngujar-ujari ||

53. Kumbakarna prang kalawan |  
Sri Sugriwa samya imbalan angling |  
ratuning wre nguwas-uwas |  
lah ka kawêdharêna |  
jarwa sêkar macapat bae pikantuk |  
ingsun arsa amiyarsa |  
laguning têngbang Mantawis ||

16 Mas Cêbolang ngandharakên isinipun Sêrat Rama bab kautamènipun  
Wibisana tuwin Kumbakarna ...  
kaca 146-149

Jilid 4 - Kaca : 147

54. Ing mangke padha rinasa |  
sarasaning satriya-di kakalih |  
kinarya cacagak lungguh |  
lan maninge supaya |  
rinungok ing para cantrik mangayu |  
Mas Cêbolang nêmbah tandya |  
(m)buka swara rum aririh ||
55. Tandang Arya Wibisana |  
nêmbah risang Ramawijaya aglis |  
mangsah dharat wre gumrubyug |  
mulat Sang Wibisana |  
magut ing prang wanara surak gumuruh |  
makanjar acikrak-cikrak |  
wau kang ayuda kalih ||
56. Wus panggih ayun-ayunan |  
Wibisana lan Mitragna aglis |  
hèh Gunawan sira iku |  
nistha atinggal kaka |  
ingsun kinèn amocot utamanggamu |  
jêr sira satriya nistha |  
damèng parikrama balik ||
57. Saking jrih mungsuh wanara |  
jajêmbêring satriya kênèng pidhir |  
kêkês aprang lawan munyuk |  
ina sakti ka gawat |  
bagus anom tinggal nagara anungkul |  
mèlu wre datan prayoga |  
Wibisana mèsêm angling ||
58. Èh Mitragna bènêr sira |  
ngucap-ucap nisthaning wong ambalik |  
ninggal maring ratunipun |  
tur ratu kadang tuwa |  
nanging wênang yèn ingsun tinggala ratu |  
yèn têtêp anèng Ngalêngka |  
kêna durmalaning bumi ||
59. Yèn mungguh si Wibisana |  
yêkti seje lan sagung pra dipati |

cacêdhis mrih mati bingung |  
ingsun mrih pati arja |  
nadyan kadang lamun ratu aru-biru |  
durjana duskartèng jagad |  
druhaka kang anunggoni ||

60. Mitragna angundha kunta |  
Wibisana tan wurung sira mati |  
tadhahana iki limpung |  
Mitragna gora sabda |  
anibani limpung lir ancala guntur |  
tadhah Arya Wibisana |  
wêntala tan angênèni ||
61. Katiban limpung tan obah |  
wanti-wanti Arya Wibisana glis |  
sigra ngikal gadanipun |  
Mitragna gya ginada |  
rêmuk rêmpu katiban gada malêdug |  
pêjah sang wira Mintragna |  
wre mulat suka samya (n)jrit ||
62. Wus kèndêl suka kang myarsa |  
Brahmana ngling lah bacutêna kaki |  
Sang Kumbakarna duk pupuh |  
mêngsah prabu Sugriwa |  
ing lagune kaya têmbang iki mau |  
Mas Cêbolang anglênggana |  
wêwah radi amlasasih ||
63. Prabu Sugriwa umangsah |  
yun-ayunan susumbarira aris |  
èh rêksasa iya ingsun |  
narapati Sugriwa |  
ratuning wre tate mungkasi pakewuh |  
siwaya ngasmarèng laga |  
kaonang-onanging bumi ||
64. Sumbagèng ngrat dening kanang |  
sinudara risang rêtnaning jurit |  
mandra prakosa dibya nung |  
rêbutên ing ngayuda |  
mèsêm arya Kumbakarna lingira rum |  
hèh babo ratuning kênap |  
dene ta têka kumini ||
65. Sugriwambêg sarjanèngrat |  
Kumbakarna waspa drês asta kalih |  
sumrikut ngusapi êluh |  
manglah anuduh driya |  
baya uwus titahing dhiri tan ayu |  
bênêr sira sumbar-sumbar |  
solah ayuningrat yêkti ||

Jilid 4 - Kaca : 148



66. Kadya tugu sinukarta |  
 ing sakala lajêng tan mobah mosik |  
 myarsa sumbare wre prabu |  
 kanggêg tyas angandika |  
 hèh rajèng wre aja kok-kira yèn ingsun |  
 danawa candhala murka |  
 nora mamak ngong ngajurit ||
67. Ingsun tan nêdya druhaka |  
 ing ratumu jêr nyata sotyèng bumi |  
 susmaya angeja tuhu |  
 amurwa ayuningrat |  
 dak kapakke kaparênge awakingsun |  
 amèlu ratu druhaka |  
 sira wus bêtjanirèki ||
68. Nglabuhi narendratama |  
 nanging iya mungguh yudèngsun iki |  
 nêdya nglabuhi prajaku |  
 jêr ingsun trah Ngalêngka |  
 kaki buyut natèng Ngalêngka ing dangu |  
 mêngko kancikan ing mêngsah |  
 sêdhêng wus matiyèng jurit ||
69. dadi lamaking nagara |  
 nora cipta wani ring Dasarati |  
 myang acipta labuhingsun |  
 mring kaka Buminata |  
 jêr ing pati duringrat digang adigung |  
 amung nglabuhi nagara |  
 pan datan kêna pinilih ||
70. Papêsthèning kang sarira |  
 ala ayu pinanggya tan agingsir |  
 parêk ing angganirèku |  
 muwus ing tyas gya krodha |  
 Kumbakarna tuhu prajurit linangkung |  
 wijiling nata sudibya |  
 Prabu Sugriwa kasilip ||

Jilid 4 - Kaca : 149

### 289. Mijil

1. Kèndèl dènnya manêmbang kawuri |  
 kang miyarsa (n)jomblong |  
 tyas kakênan ing wilêt arume |  
 ngondhok-ondhok rinaos wuwuse |  
 risang amlasasih |  
 Kumbakarna luhung ||
2. Mas Cêbolang aturira aris |  
 ulun dèrèng (ng)gayoh |  
 Sang Gunawan kang dadya tekade |  
 têka (m)balik kang raka ngrungkêbi |  
 mring prajanirèki |

Brahmana lingnya rum ||

3. Kumbakarna satriya linuwih |  
apa kang ginayoh |  
duk wit aprang Ngalêngka adarbe |  
atur marang raka dènnya amrih |  
raharjaning nagri |  
Dasaswa tan keguh ||
4. Atur yêkti dupèh mungsuh kapi |  
malah ari kinon |  
mangsah ngrana tan lênggana tyase |  
anglungguhi kasatriyanèki |  
nir waswasing galih |  
tekad tan na surut ||
5. Cipta laboh nagara punagi |  
mati ing palugon |  
Wibisana putus wiwekane |  
wus waskitha jroning naya wêning |  
sartane maniti |  
wruh wêkasanipun ||
6. Ala ayu kang durung kalair |  
Sang Koda wus wêroh |  
sakarone wus utama kabèh |  
salah siji atut dènluluri |  
Gunawan undhagi |  
jajah kawruhipun ||
7. Ana crita nagri Aspahani |  
kang jumênêng katong |  
Sang Dulkarim-kobra paparabe |  
gung kinaot sasaming aji |  
samy tur ubêkti |  
luhur kratonipun ||
8. Duk samana sang nata tinangkil |  
kang sumiwèng katong |  
para raja nèng byantara andhêr |  
Sang Dulkarim-kobra angondhang |  
ring wadyanirèki |  
kinèn karya gupuh ||
9. Maligendah sawijining nagri |  
kang polatan anon |  
ngalor ngetan ngidul myang ngulone |  
myang kang têbih bubulakirèki |  
malige kang nginggil |  
karsane sang prabu ||
10. Angirapkên wadya-kuswanèki |  
kang atêbih tinon |  
sagung wadya ing manca prajane |  
abusêkan samya nambut-kardi |

cakêting maligi |  
ana omahipun ||

11. Nini-nini sakalangkung miskin |  
wisma alit rompoh |  
kadi suwung trocoh nir pintune |  
wus binubrah dènnya nyambutkardi |  
paripurna nuli |  
matur ing sang prabu ||

17 Sang Brahmana nyariyosakên lèlampahanipun Sultan Abdulkarim Kubra  
ingkang nyikara tiyang mlarat, wasana sultan sirna dalah sadaya abdinipun  
jalaran sami botên purun nilar sang prabu ingkang nandhang dosa, kadodene  
pakartinipun Sang Wibisana ...  
kaca 149-151

Jilid 4 - Kaca : 150

12. Sang Dulkarim myang (n)jêng pramèsuari |  
mijil sing kadhaton |  
kêbut para santana wadyane |  
busanendah surêm Sang Hyang Rawi |  
praptaning maligi |  
minggah sang aprabu ||
13. Mulat maring wadya kang abaris |  
kadya samodra rob |  
osiking tyas kalimput yêktine |  
tuhu agung ing karatonmami |  
sapa kang kuwawi |  
nyangga bobotingsun ||
14. Saking gunging pra prawiramami |  
wus akèh pra katong |  
nêmbah mring sun miwah ngluhurake |  
nahên nini-nini kang (n)darbèni |  
wisma rompok alit |  
kesahe ngaluyug ||
15. Angupaya nafkah kang binukti |  
karsaning Hyang Manon |  
anèng marga kataman sakite |  
apan lagi dhangang sawatawis |  
sêdya mulih sarwi |  
(m)bêkta bras saraup ||
16. Jajanganan sagêgêm myang nyangking |  
rèncèkan patunon |  
dupi prapta prênahe wismane |  
wus tan katon kandhêg nini-nini |  
prênahe wismèki |  
kanggonan wadyagung ||
17. Lawan ana malige gêng adi |  
kang jinujuk kono |  
nguni iku prênahe wismane |

para wadya kang sami udani |  
nyêntak kinèn nêbih |  
lan (ng)gonne sang prabu ||

18. Nini-nini tan ngarèwès nuli |  
jinorogkên gupoh |  
ambruk kênèng rèncèkan kayune |  
babak bunyak badan awor gêtih |  
sasambat mlasasih |  
sru ginulung-gulung ||
19. (ng)Garêsing tyas nanging nêdhèng Widdhi |  
Allah Gustiningnong |  
amba dènniaya sang pramase |  
Sultan Ngabdulkarimkubra yêkti |  
sintên kang sayogi |  
tulang kawlasayun ||
20. Liya Tuwan kang sipat udani |  
kawusane mêlok |  
lah walêsên punika pamase |  
tan mariksa mring kawula cilik |  
nini-nini maksih |  
gulung awor marus ||
21. Ana swara karêngèng hèn nini |  
tangiya dèn-gupoh |  
Sang Hyang Suksma arsa (n)dhawuhake |  
babèndu mring Sultan Ngabdulkarim |  
samantrirèki |  
myang wadya sadarum ||
22. Nini (n)dêling kagyat nuli tangi |  
gya lumaku gupoh |  
kapiyarsa jumêgur swarane |  
trêsing wadya kang samya abaris |  
lan trêsing maligi |  
dununging sang prabu ||
23. Sitinira apan wus winalik |  
dhuwur dadi ngisor |  
tinibanan dahana kubênge |  
gègèr uyêg tan bisa sumingkir |  
sambat-sambat nangis |  
ngalor-ngidul latu ||
24. Ngetan ngulon kinêpung ing agni |  
kukus mulêg ngrodon |  
mumbul-mumbul kasaban bumine |  
ana swara kapyarsa sang aji |  
lah sandhangên iki |  
dudukèng Hyang Agung ||

Jilid 4 - Kaca : 151

25. Awit jalma tinggal nama tuwin |  
niaya wong asor |  
lan leleda sira satuhune |  
(ng)gonmu dadi kalipahing Widdi |  
samono dhawuhing |  
babêndu Hyang Agung ||
26. Awit saking jalma nini-nini |  
sultan nangis (m)bêngok |  
bumi ingsun untkabana bae |  
ingsun tobat tan pariksêng cilik |  
atanapi adil |  
paramarta tuhu ||
27. Ana pandhita nujum satunggil |  
patarèn sang katong |  
nguwuh-uwuh sêru panangise |  
dhuh Pangeran ngapuntênna mami |  
sangêt tan kuwawi |  
tinubruk ing kukus ||
28. Amba botên tumut dosa yêkti |  
sapolahing katong |  
kang tan sae amba èngêtakên |  
nanging awis ginêga wakmami |  
kang swara nauri |  
pagene sirèku ||
29. Anunggoni Sultan Ngabdulkarim |  
niayane ngradon |  
nora nganggo tutur bènêr kowe |  
lawan sira datan mentar saking |  
nagri Aspahani |  
dwija dêlap nguthuh ||
30. Ratu niaya sira tunggoni |  
lah rasakna mêngko |  
dudu kang dhumawuh mring kowe |  
sangsayarda kukus lawan gêni |  
gêsêng ingkang bumi |  
tumpêsan sadarum ||
31. Wadya ingkang kari jro nagari |  
sadya yu wutuh |  
iku kulup mungguhing rasane |  
Sang Gunawan ringan angoncati |  
manawa dumadi |  
lir pandhita mau ||
32. Mas Cêbolang matur manganjali |  
saèstu kinaot |  
Wibisana makatên lèkase |  
wontên malih kang ulunrêmêni |  
nalikanirèki |  
Prabu Rama kondur ||

33. Mring Ngayudya Sang Putri Manthili |  
lawan kadwi katong |  
nèng Wimana rinêbut dityane |  
Brahmana ngling wêdharêna kaki |  
wusnya mangênjali |  
Mijil sêkaripun ||
34. Pêksi manyura sêmbadèng warni |  
abagus kinaot |  
aparigêl antêng pangigêle |  
lamun muni unine na pinrih |  
anganggêp ngêngkoki |  
marmane ngunguwung ||
35. Ramawijaya ngandika malih |  
hèh ta yayi katong |  
mungguh ing sira apa karsane |  
yayi marang kang kimêlip iki |  
apa ta kinanthi |  
myang pinisah iku ||
36. Prabu Ngalêngka umatur aris |  
pukulun sang katong |  
kinanthiya bilih tanpa gawe |  
aran sami tinitah pribadi |  
punika sor nênggih |  
manungsa linuhung ||
37. Ewa punika nuwun pun patik |  
ing sabda sang katong |  
Sri Bathara Rama ngandikane |  
iya uwis kanyatahan ugi |  
prandene kang luwih |  
pan kabèh kinukup ||
38. Ing satêngah mangkono dènya ngling |  
karone lan ingong |  
tambuh-tambuh iya kang rinampe |  
durung tamtu badanne sawiji |  
yèku ngrurubêdi |  
tan wun karya kuwur ||
39. Ing sawênèh yayi ana angling |  
pa-gene mangkono |  
bênêr ranne kudu cece-buce |  
sapa kang dènarsa-arsa malih |  
liya manungsèki |  
kang tinitah luhur ||

40. Upamane kulup tanpa rahi |  
 cêmplange karaos |  
 yêkti pedah ana raragine |  
 pan mangkono ana wuwus malih |  
 yèn mangkana yêkti |  
 êndi ênêripun ||
41. Prabu Ngalêngka matur wotsori |  
 tan kênèng winados |  
 dadya têmah sasênêng-sênênge |  
 samya amrih kautamèng pati |  
 pati kang patitis |  
 tatasing pangawruh ||
42. wontên pandhita tuwan atapi |  
 sataun angalong |  
 tapa ngèli sataun lamine |  
 pan sataun angon surya nênggih |  
 parandene mati |  
 anitis ing kuwuk ||
43. Kang makatên paran kadipundi |  
 sangêt salah ênggon |  
 daya lamun sarassa kuwuke |  
 kuwuk pilêg gudhig tuwin mêngi |  
 mung kang dènadhêpi |  
 pitik duk tumurun ||
44. Arsa nubruk kawênangan nuli |  
 ginêbug ing lodhong |  
 kalèsèdan putung bêboyoke |  
 dadi rubungane rare alit |  
 pandhita niwasi |  
 punika pukulun ||
45. Paran kamurahan bathara di |  
 punapa tan yêktos |  
 gêng abranta makatên wêlase |  
 warti barang titih bathara di |  
 barang ingkang pinrih |  
 yèn têtên tinêmu ||
46. Narendra Rama ngandika aris |  
 yayi kang mangkono |  
 durung (ng)guguru iku yêktine |  
 durung duwe panganggêp kang yêkti |  
 kasus sumuci |  
 bingung kadalurung ||
47. Mila datan kêna ginagampil |  
 waluyaning layon |  
 iku mau kêsiku sêmune |  
 bangêting tapa kinibir yêkti |  
 marmane kuwalik |

Jilid 4 - Kaca : 153

(n)dadak dadi kuwuk ||

48. Tur kuwuke pilêg sarta mêngi |  
tiwase kalakon |  
dènnya mêsthi tan mawi sumendhe |  
barang karya yayi niniwasi |  
poma dipuneling |  
rèhnya madêg prabu ||
49. Wusnya kèndêl panêmbang Pamijil |  
aturira alon |  
kadiparan pukulun bèntêne |  
manitis manukma myang majalmi |  
tuwin manglimputi |  
Brahmana lingnya rum ||
50. Panêmuku ingaran manitis |  
anunggal sayêktos |  
ing kaanan sarana pêjahe |  
iya iku ing panduk pandoning |  
sêdya ingkang maring |  
kaanan puniku ||
51. Kang pinasthi manthênging pangèsthi |  
jroning ayun layon |  
duk amancat asmaralayane |  
de manuksma têngêse manunggil |  
kaanan ananging |  
tan sarana lampus ||
52. Dene manjalma wêrdi pan sami |  
nunggal kaanan pon |  
nanging alus marang ing wadhage |  
lah ngalimput wêrdi samar tuwin |  
ngalingi alus mring |  
kaalusanipun ||
53. Mung samono gaduking tyasmami |  
kulup mangsaborong |  
mungguh ing panêmunira jêbèng |  
Mas Cêbolang matur wus nyondhongi |  
Brahmana ngling malih |  
ing agêsang kulup ||
54. Kudu wêruh kukum watêknèki |  
ing kanisthan adoh |  
pamicara punika yêktine |  
mawèh rêsep kang sami miyarsi |  
tatakrama mêsthi |  
ngêdohkên panyêndhu ||
55. Pan kagunan kinarya ngupadi |  
boga anistha sor |  
kalakuwan bêcik saèstune |

Jilid 4 - Kaca : 154



wèh rahayu ing angganirèki |  
nunggil-misah kari |  
lan kang wus winuwus ||

56. Patrap budi ayu miwah ngèlmi |  
yèn bisa ywa ngantos |  
akasupèn jroning urip kiye |  
iku èstu parabot pèrmati |  
yèn tinggal sawiji |  
kirang jangkêpipun ||
57. Tan widada utamaning urip |  
patrap iku manggon |  
pasihane Hyang kang murbèng rèh |  
budi iku madhangake kalmi |  
(m)bêg ayu dumadi |  
karaharjanipun ||
58. Ing ngaurip praptanira lalis |  
de ngèlmu sayêktos |  
anyawabi santosaning tyase |  
rinampingkên muhung awas eling |  
riningkêskên malih |  
eling gadugipun ||
59. Kabèh iku wus winêngku eling |  
poma diwaspaos |  
Mas Cêbolang ngunandikèng tyase |  
nyata alim sang Brahmana iki |  
kiwa têngên ramping |  
sanyata pinunjul ||
60. Mangênjali aturira aris |  
sabda kang dhumawoh |  
ulun pundhi salami-lamine |  
èstu dadya geyongan ngaurip |  
sampun anyêkapi |  
wirangronging kawruh ||

### **290. Wirangrong**

1. Kaecan imbalan angling |  
injang têkan lingsir kulon |  
tanpa ngraos lupa sadayèku |  
Brahmana lingnya ris |  
iki nganti kalepyan |  
minum nyamik myang nadhah ||
2. Èh bocah ladèkna aglis |  
saanane sangu kono |  
(m)bèn-ombèn panganan sêga gandum |  
kêlêman maya nis |  
dasih tanggap tinata |  
nèng ngarsa sampat mirantya ||

sumêrêp sawatawis wanita sami gêgujêngan angujiwat. Dumugi dhusun  
Selaung kapanggih Patinggi Ki Nursubadya sarta lajêng sipêng ing  
griyanipun. Ingkang ngladosi tamu sadaya tiyang èstri jalaran ing Selaung  
tiyang jalêr sami ngumbara dados warok, rêmên gêgêmlakan, têbih dhatêng  
tiyang èstri, pangangge lan tingkahipun nelakakên sarwi sêsongaran,  
ngêndêlakên dhug-dhêngipun.

Mas Cêbolang lan Nurwitri kapapanakên dados satunggal griya; Kartipala,  
Palakarti lan Saloka dados satunggal griya sanès. Katungka dhatêngipun  
tiyang-tiyang èstri badhe bêbakulan dhatêng Panaraga nyuwun lèrêm ing  
griyanipun Ki Pêtinggi, trimah wontên ing èmpèr jalaran enjingipun badhe  
bidhal mruput. Tibakipun têtiyang èstri wau ingkang sami pinanggh Mas  
Cêbolang ing lèpèn sabrangan. Mila sami kapiluyu nututi lampahipun Mas  
Cêbolang, niat andumugèkakên gandrungipun ...

kaca 155-165

Jilid 4 - Kaca : 155

3. Ayo kulup dirahapi |  
apa saananing sugoh |  
wus kalungsèn mangsa kang pakantuk |  
(ng)gonnira bukti |  
sugata tan misrama |  
sangune wong nèng baita ||
4. Lumayan rêrêm kalantih |  
ingkang sinung sabda gupoh |  
nadhah jinajahan raosipun |  
eca sadayèki |  
tan ana kang kuciwa |  
bikut rèh nêmbè uninga ||
5. Dumugi (ng)gènnira bukti |  
wusing ngundurkên alon |  
linorotkên marang Ki Darmayu |  
kalawan Nurwitri |  
Saloka Kartipala |  
Palakarti wus anadhah ||
6. Ki Saloka gèdhèg angling |  
ing sajêgingsun tumuwoh |  
lagi nêmbè iki mangan nginum |  
pakolèh mring dhiri |  
marêm sêgêr sumyah |  
tambah mathênthênging badan ||
7. Karênan tyase sang yogi |  
mèsêm angandika alon |  
saturahanira sanguningsun |  
pasrahêna maring |  
rewange si Cêbolang |  
iku dimène kinarya ||
8. Sangu dènnya (n)don lumaris |  
kang sinungan nêmbah gupoh |  
maringkên tirahan sangu sampun |  
tinampènan maring |

- rencange Mas Cêbolang |  
Brahmana malih ngandika ||
9. Kulup ingsun arsa bali |  
mring palwa sira nakingong |  
kariya raharja sapungkurku |  
têbiha sakèhing |  
bêbaya sambekala |  
katêkan kang sinêdya ||
10. Cêbolang umatur aris |  
sru kapundhi kang dhumawoh |  
dadosa jimat dasihipun |  
ngaturi pamuji |  
mancal praptaning praja |  
manggiya suka raharja ||
11. Gya ngujung sarencangnèki |  
wusing ngujung wiku bodhol |  
sadaya tumutur praptanipun |  
têpining jaladri |  
Brahmana sarencangnya |  
wus minggah maring baita ||
12. Bêdhol jangkar mancal saking |  
laut kidul ngidul ngulon |  
lir pasir lumaras lampahipun |  
katon widik-widik |  
tandya tan kawistara |  
Cêbolang kantun anggana ||
13. Mring Ki Darmayu wus pamit |  
[ . . . ] |  
sasowangan lampah Darma mantuk |  
Mas Cêbolang tuwin |  
rencangira sakawan |  
lajêng lumampah mangetan ||
14. Nyabrang lèpèn alit wêning |  
wanci Hyang Surya tumlorong |  
mèh manunggang arga kang samya dus |  
èstri sami èstri |  
caciblon gêgêndhingan |  
samya langên gêgojegan ||
15. Tan rininga solahnèki |  
rangkêpan malik mantholos |  
bokong jênar kiyal mupruk-mupruk |  
rangkêpane kentir |  
rikuh kang rinawatan |  
wimbuh miyat kang anyabrang ||
16. Priya kang kakalih pêkik |  
kang samya dus anon (n)jomblong |

Jilid 4 - Kaca : 156

- supe ing wiweka wadinipun |  
 datan dènrawati |  
 katon mawijah-wijah |  
 kang kintir rangkêpanira ||
17. Ngungkurkên balêdhês mlêdhing |  
 toya muwêr ngajênging rong |  
 suka kang anyabrang myat pêpêncu |  
 rampak nyêngkirgadhing |  
 cacingklok pindha pudhak |  
 Nurwitri myang Mas Cêbolang ||
18. Kakênan tyasira rujit |  
 myat rara yu-ayu sêntor |  
 kanggêg lampahira mêmpẽng (n)dulu |  
 tinampan ing liring |  
 katalika kêngêtan |  
 gita mêngtas jagigikan ||
19. Macak malèpèt mathinthing |  
 cariwis sêmon-sinêmon |  
 gèrètan jorogan kacêmplung byur |  
 mêngtas anjêdhindhil |  
 anglès manguman-uman |  
 nosotakên lèlarikan ||
20. Kang samya nabrang dumugi |  
 ing brang wetan lampahnya lon |  
 nolèh asung ulat têka gathuk |  
 lawan kang tinolih |  
 apindha prajanjayan |  
 tartamtuning prajanjayan ||
21. Wus laju lampahirèki |  
 ngambah jurang-jurang sigrong |  
 mênlasak glagah gêng-gêng galur |  
 dhusun dhukuh awis |  
 dalu sipêng ing wana |  
 tan cinatur laminira ||
22. Kawuryan pagagan têngil |  
 marga alit limit anjog |  
 maring padhusunan ing Sêlaung |  
 Cêbolang lingira ris |  
 paran rèh sru katoran |  
 payo mampir padhusunan ||
23. Kang katon ing ngarsa iki |  
 rencang sakawan rumojong |  
 ngambah ing pagagan têngal talun |  
 tanêman mawarni-warni |  
 jèpèn canthèl bang pêthak |  
 otèk juwawut myang boga ||

24. Anêdhêng wohe andadi |  
abêntêt mêngtas gumeyong |  
kasilir ing angin manggut-manggut |  
sêmu-sêmu kadi |  
ngawe ingkang mahawan |  
nahan ta pangagêngira ||
25. Ing Sêlaung ki pêtinggi |  
Nursubadya santri kolot |  
laka pagunungan tanah kidul |  
rencang santri-santri |  
têbih marang wadonan |  
kèh lampah gêmlak jathilan ||
26. nênggih Nursubadya lagi |  
anèng têngal nyangking jompong |  
sruwal pêthak panjang bênting sarung |  
ikêt wulung langkung |  
dupi myat kang mahawan |  
médal saking patêngalan ||
27. Mapagakên kang lumaris |  
tundhuk sasalaman gupoh |  
gantya-gantya pragat têtanya rum |  
kang nêmbè pinanggih |  
paringa pangaksama |  
mring wong arga tan wrin krama ||
28. Pun bapa anilakrami |  
sintên sinambating jlamprong |  
ing wingking pinangka kang kinayun |  
tanggap kang sinung ling |  
ulun rarya Mantaram |  
pun Cêbolang namaningwang ||
29. Rencang catur pun Nurwitri |  
Saloka kang wrêdha jenggot |  
Pala-Kartipala samya ayun |  
maring Pranaragi |  
nanging dèrèng wrin marga |  
katlanjur praptèng Pacitan ||
30. Wus kawêdhar sadayèki |  
Subadya ngakak lingnya lon |  
bagus gangsal pisan yèn saraju |  
ulun purih kampir |  
lêrêm ing wismaningwang |  
kalamun wus mantun sayah ||
31. Sakarsa laju lumaris |  
supadi aywa kajlomprong |  
ulun ingkang tédah marginipun |  
Cêbolang nuruti |  
wus kerit Nursubadya |

sapraptanira ing wisma ||

32. Rubiyah kinèn (ng)gêlari |  
pandhapa salu kang kulon |  
myang kinèn mirantya sêgahipun |  
têtamu wus mungging |  
salu ajèjèr wayang |  
dhuh anak dipunsakeca ||
33. (ng)Gènnipun pinarak sami |  
(ng)gih punika sudhungingong |  
kang sinung ling mapan (ng)gènnya lungguh |  
sunggata mangarsi |  
wedang katêmulawak |  
jae lalaban gèndhis klapa ||
34. Wajik otèk jèpèn tuwin |  
juwawut canthèl karawon |  
klobot paududan upêt mancung |  
panigan miranti |  
kang lalados wanita |  
tan ana jalu sajuga ||
35. Ki Wisma angacarani |  
wawi anak ywa pakewoh |  
jampining katoran wedang têmu |  
jae gèndhis krambil |  
nyamikan sawontênnya |  
paringe Allah Tangala ||
36. Cêbolang sarencangnèki |  
wus samya ngrahabi sugoh |  
kawistarèng nayana mangungun |  
ki panti wus (n)dugi |  
klèjêming tamunira |  
mèsêm-mèsêm lon wacana ||
37. Saking ing pangintênmami |  
sami eram dene anon |  
sadaya wanita jalêripun |  
sawiji tan mawi |  
mangke bilih wus wêkdal |  
kula angandhar carita ||
38. Punika wanci Mahribi |  
wêkdal nèng ngriki kemawon |  
langgar sawêg risak galaripun |  
tan kobêr nyantunni |  
santri kèh ambalayang |  
gêmbêlakan jajathilan ||
39. Wus mring sêndhang sadayèki |  
samya wulu gantos-gantos |  
wangsul mring pandhapa mapan sampun |

Jilid 4 - Kaca : 158

- adan Ki Nurwitri |  
Sunat Mahrib paragat |  
Mas Cêbolang nulya kamat ||
40. Saloka ingkang ngimami |  
Mahrib prapta Ngisa manggon |  
Sunat puji donga wus kacakup |  
sasalaman sami |  
nyai wisma mangarsa |  
angladosakên sugata ||
41. Sêkul jagung jangan mênir |  
sambêl pantês ayam babon |  
panggang cinocohan lalabipun |  
kacambah kêmangi |  
sambêl gocèk traos bang |  
ingulêt we jêram linglang ||
42. Sampating panatanèki |  
Subadya lingira alon |  
lah puniki anak bédhatipun |  
rubiyah tyang ngardi |  
tangèh lamun mirasa |  
suwawi wawanting asta ||
43. Bismilah adan abukti |  
kokoh jangan cekoh-cekoh |  
ingurap cambah panggangipun |  
pinothèng waradin |  
lombok kêncêng linalap |  
linothèkkên trasi abang ||
44. Dumugi sami abukti |  
ambêng rampatan linorot |  
nyamikan padutan slêpa bambu |  
wus lumadyèng ngarsi |  
sumangga (ng)gèr mangsêkan |  
supados sampun kumambang ||

Jilid 4 - Kaca : 159

### **291. Maskumambang**

1. Kang sinung ling sasênêngira wus ngambil |  
manadhah mangsêgan |  
udut mucang sêdhah rawis |  
Nursubadya mêdhar sabda ||
2. Santri ngriki kêpaung ngudubilahi |  
parentahing sarak |  
awis ingkang dèntêtêpi |  
(ng)gêga karsane priyangga ||
3. Gêmlak wau warok gênggêk namanèki |  
tan rêsep maring dyah |  
rubiyah sami kapering |

rêmênipun jêjathilan ||

4. Warok gênggêk adat kalakuanèki |  
patrap panganggenya |  
tuwin ginêmipun sami |  
botên mupakat ing kathah ||
5. Ngangge ikêt lawan kaku wiyarnèki |  
wulung langking gilap |  
mêlêng-mêlêng klawus kadi |  
nyunggi gênthong babar anyar ||
6. Mawi kuncung satêbah winalik |  
mondholan sinubal |  
gêngnya sami sirahnèki |  
nèng ngandhaping (m)bun-êmbunan ||
7. Pêpèthèkan satêbah anyêkar-turi |  
dhèblêngên tri kilan |  
jinèmbèng sinungan tajin |  
anjêbabah ngering nganan ||
8. Mawi kotang kipêr pêthaknèki |  
bathok balu wêtah |  
binuntêl ing sinjang abrit |  
mata itike sakilan ||
9. Klambi Jawi sikêpan kipêr linangking |  
wit gulon mangandhap |  
miwah lêngên kanan kering |  
bêntêt pinasangan kaca ||
10. Mawi sruwal pêthak cêmêng silih-asih |  
nutupi dlamakan |  
ing ngiringan kanan kering |  
miwah pungkasaning ngandhap ||
11. Sinung jêmlêm gêmyong lawe kang kinardi |  
usus-usus panjang |  
ngalèwèr kalèngsrèh siti |  
binara arembyak-rembyak ||
12. Yèn pinuju lumampah ngangge kaku tri |  
cinancang pangglangan |  
kinalungakên satunggil |  
têkên linggis nyangking berang ||
13. Suka ngungun gèdhèg-gèdhèg kang miyarsi |  
ngudubilah minha |  
dene têka (ng)gêgiris |  
paran kang nami jathilan ||
14. De jathilan lare jalêr kang prakati |  
kang wanda wanodya |



- ayu manis umur lagi |  
gangsawlas warsa lumampah ||
15. Lamun wontên rarya jalêr kang kadyèki |  
pra warok rêbutan |  
kadugi asung sarami |  
ing dalêm sawarsanira ||
16. Anyukani pituwas mahingsa kalih |  
utawi titiga |  
mênggah pêrlunipun jathil |  
wênèh kanggo kasênêngan ||
17. wontên ingkang pinindha rayat kinasih |  
miwah wontên ingkang |  
kinarya ngupados asil |  
binarangkên pindha tandhak ||
18. Binusanan sacara-caraning èstri |  
ingkang sarwa endah |  
rinêngga ing sari-sari |  
binalonyo gandawida ||
19. Warok gênggêk sabên mirêng wontên jathil |  
tinanggap gamboyongan |  
tartamtu sami ningali |  
lajêng pabên pasulayan ||
20. Mratah sami damêl moga patrap tuwin |  
ginêm sasongaran |  
ngewak-ewakakên ati |  
adamêl saksêrik ing Iyan ||
21. Wus dilalah lajêng kadunungan budi |  
onggrongan gêndhungan |  
sumêngah dak êdir kibir |  
angkara botên eraman ||
22. Gadhah cipta tan kawon samèng dumadi |  
tangèh rumaosa |  
apêse badan puniki |  
kumalungkunge andadra ||
23. Ngêndêlakên aji jaya wijayanti |  
myang isarat-sarat |  
kawêngku isining bumi |  
lêlananging jagad-rayu ||
24. Bilih nuju marêngi ri riyadi |  
samyu dhatêng kitha |  
mring lun-lun niningali |  
wêngah rêrêngganing badan ||
25. Mrêcon agêng alit rinèntèng kinardi |  
kêndhit kalung srempang |

tuwin ginubêtkên tali |  
usus-usus praptèng ngandhap ||

26. Mrêcon agêng kinarya cundhuk susumping |  
pinindha jamangan |  
lèng irung dipun sêsêli |  
dèn-êmut mécoco mangang ||

27. Gya sinulêt katon kadi Sang Hyang Agni |  
kiprah sru gambira |  
kang pêdhak gègèr lumaris |  
kang myat surak-surak suka ||

Jilid 4 - Kaca : 161

28. Wênèh nyunggi jathilan binusanan di |  
mubêng-mubêng giyak |  
papakan tan nêdya nyingkir |  
malah wantun nêndhang (n)dugang ||

29. Langkung malih warok gègèk yèn pinanggih |  
sami warok tandya |  
èkèr molahakên dhiri |  
kabranang dadya kêrêngan ||

30. Karowangan pêpênthungan linggis wêsi |  
têp-antêpan sela |  
udrêg dene kang kapilis |  
satêngah dhèr ginosongan ||

31. Mas Cêbolang ngungun atatanya aris |  
tingkah botên kaprah |  
têrkadhang aniniwasi |  
damêl sangsaraning liyan ||

32. Prentah nagri têka botên angawisi |  
(ng)gèr botên kadosa |  
nguni sampun dènawisi |  
malah andadra dêksura ||

33. Mila lajêng kinèndêlkên prapta mangkin |  
agênging kang manah |  
rumaos dipunidèni |  
wasana wruh tatacara ||

34. Warok gègèk wontên malih dènrêmèni |  
dados reyog mawa |  
gêndruwon barongan jathil |  
ingkang dados rêringgitan ||

35. Tinambuhan salomprèt bukaning gèndhing |  
angklung thingklung kèndhang |  
kênong kêmpule mêkasi |  
ambarang myang tinanggênah ||

36. Ngarak ngantèn tuwin rare dènsunati |  
kalamun kapapag |  
lan sanès golongannèki |  
barongan anggros lir singa ||
37. Ngikal lamêng gandarwo amolak-malik |  
kang anumpak kepang |  
pindha kuda (m)bêkos (n)jondhil |  
mbêngingèh alunjak-lunjak ||
38. Saya parêk mêngsah kadi mangujurit |  
barongan kêrahan |  
gandarwo asilih-ungkih |  
kang kapalan lêng-ulêngan ||
39. Sasodhoran pênthungan bithi-binithi |  
kuwêl rêg-urêgan |  
sanadyan sayayah bibi |  
kalamun sanès golongan ||
40. Tan pêrduli manjing dadya mêngsahnèki |  
kèndêl kang dènarak |  
kalamun salah sawiji |  
sampun wontên kang kabranan ||
41. lajêng sapih suwuk gêndhing magut-jurit |  
buka gagêndhingan |  
giyak kang ungguling jurit |  
merang kang kasoran yuda ||
42. Ngancam-ancam tèmbe yèn pinanggih malih |  
arsa nyaur wirang |  
walês-winalês aganti |  
makatên sajêge gêsang ||
43. Bilih ayun nyatakkên cariyosmami |  
kêparêng lèrêpa |  
ngantos sawatawis ari |  
Paing ngajêng pêkên Pucang ||
44. Wagenipun pêkên Myang Lêginèki |  
pêkên ing Jambeyan |  
tartamtu warok (n)dhatêngi |  
ambêbingah jêjathilan ||
45. Benjang Kliwon kula sinêdhahan maring |  
Kyai Têgalamba |  
nyunatkên sutanirèki |  
mawi reyog rak-arakan ||
46. Sasarêngan lan kyai ing Têgalsumpit |  
sami prêlunira |  
anak bilih amarêngi |

Jilid 4 - Kaca : 162

(m)balabagi caritamba ||

**292. Balabak**

1. Mas Cêbolang mangsuli sumanggèng karsi |  
andhèrèk |  
kyai wisma kalangkung asukarêna |  
manahe |  
lingira ris hèh rubiyah parentaha |  
mring batèh ||
2. Konnên-nata pondhok sakilèning wisma |  
ing èlèr |  
Mas Cêbolang lan Nurwitri dimèn nunggal |  
pondhoke |  
Ki Saloka Palakarti Kartipala |  
kidule ||
3. Amarintah nyi wisma mring batèhira |  
tan suwe |  
wus arampung samêkta sapirantinya |  
matur ge |  
Nursubadya angling maring tamunira |  
ecane ||
4. Sami ngaso anuntumakên sarira |  
mring pondhok |  
krana Allah kawula ywa subasita |  
galiye |  
dènakadi anèng wismane pribadya |  
patrape ||
5. Kang sinung ngling matur nuwun wus umentar |  
praptane |  
jawi wisma kapanggih Ki Wrêddajaga |  
regole |  
ngirit èstri kasapta saking Pacitan |  
sêdyane ||
6. Maring Pranaraga bakul sambiwara |  
kawêngèn |  
nêdya kèndèl nèng ngriki ing benjang-enjang |  
lajênge |  
(n)dumugèkkên lampah Cêbolang duk miyat |  
malêngèh ||
7. Wrêddajaga wus matur mring lurahira |  
prentahe |  
pasrahêna mring nyai mèn turu wisma |  
kabèhe |  
kang yun mondhok matur sampun susah-susah |  
kyaine ||
8. Yèn kêparêng nyuwun nèng (n)jawi kewala |  
enjinge |

Jilid 4 - Kaca : 163

- kalilana lajêng pangkat amrih gancang |  
 lampahe |  
 yèn mêngkono prênahna nèng kulon omah |  
 lor dhèwè ||
9. Wus ingirit nèng pondhok sakilèn wisma |  
 lêt gèntèr |  
 lan pondhoke Cêbolang lêga tyasira |  
 kakèkne |  
 wangsul maring regol saptèstri tan drana |  
 nulya ge ||
10. Mring pondhoke Cêbolang dupi pinangya |  
 sarèhne |  
 nunggal karsa jumbuh kapiadrêng samya |  
 kakunge |  
 tanpa taha èstrine datan sawala |  
 rêgèdèg ||
11. Kang sajuga binêkta mring sênthongira |  
 kang èlèr |  
 Ki Nurwitri nèng sênthong kidul manggènya |  
 wus (ng)gèrèt |  
 kang lilima sudhiya nèng ambèn jaba |  
 ngalèlèh ||
12. Ambèn êpring lalajuran watonnira |  
 tèmpuke |  
 ing asmara babanggan suwaranira |  
 grat-gêrèt |  
 ngadhuh-adhuh ngêsês-êsês gantya-gantya |  
 ning rirèh ||
13. Dupi ayun katrêsan rasa kang nyata |  
 sêgune |  
 napas ngangsur sambat tobil ngudubilah |  
 thik gene |  
 orêg grag-grêg kang sami nèng ambèn jaba |  
 napase ||
14. Gumurêmêng gulu salit dalèwèran |  
 kringête |  
 nyunung mrêntul rumaras angarawistha |  
 anune |  
 kêmbêng-kêmbêng ing panggagas kadrawasan |  
 rasane ||
15. Badan sami marinding (m)bêkuh wus lêga |  
 napase |  
 pangangsure alon-alon ngisis waja |  
 acape |  
 rèhne kadi darbe aji pancasona |  
 milane ||

16. Tan pantara dangu pulih drênging nala |  
 (m)brêgènggèng |  
 wus luwaran kang kataman (n)don asmara |  
 wêdale |  
 ginantènan kakalih kang anèng jaba |  
 solahe ||
17. Tarlèn kadi ing ngarsa mung sambatira |  
 kang bènèh |  
 wus luwaran wêdalira sêsarêngan |  
 katrine |  
 kang nèng (n)jawi kakalih malêbêt sigra |  
 mëndhiyêt ||
18. Kantun siki dèrèng kataman asmara |  
 (n)jêdhodhog |  
 dupi ingkang nèng sênthong wus kasêmbadan |  
 karsane |  
 sarêng mêdal kang jêdhodhog (m)lêbêt sigra |  
 sênthonge ||
19. Mas Cêbolang radi sarèh patrapira |  
 pagude |  
 kaparêng (ng)gon tan dangu mijiling rahsa |  
 wadene |  
 dènnya kêjêr marambah-rambah nging panggah |  
 bêtèke ||
20. Ngantu-antu wijiling asmara priya |  
 milane |  
 sami sêngkut (ng)grêgut-(ng)grêgut sangsayarda |  
 dhokohe |  
 pinudyèng tyas asarêng wêdaling rahsa |  
 sambate ||
21. Adhuh simbok adhuh lae iki apa |  
 nyamlênge |  
 sampun-sampun aluwung pinêjahana |  
 dasihe |  
 tan kuwawi nêlaskên bayuning angga |  
 sru cape ||
22. Luwaring kang papagutan ing asmara |  
 nglênggèkke |  
 Ni Waita èngêt mring Nurwitri tandya |  
 (m)brêgènggèng |  
 wus waluya mêdal gya tumamèng marang |  
 sênthonge ||
23. Ki Nurwitri netra êrêm-êrêm sata |  
 praptane |  
 si Waita gya (n)dhêsêl anunggal nendra |  
 tanggape |  
 gêmêt tapis sajabaning parewana |

Jilid 4 - Kaca : 164

kaliye ||

24. Sami adrêng amrih paguting asmara |  
nulya ge |  
Ki Nurwitri anamakakên warastra |  
andêngkèng |  
ramening prang angorêgakên bawana |  
ning ambèn ||
25. Gonjang-gonjing jumêthot lir gèlap ngampar |  
galare |  
kang (n)don lulut rêlêsêp aliru prabawa |  
têmahe |  
datan ana kasoran sampyuhing yuda |  
kaliye ||
26. Kasaputing asmara pindha kantaka |  
sawuse |  
kasiliring samirana tandya mêdal |  
akanthèn |  
bêbondhêtan Mas Cêbolang nèng paهران |  
katrênjoh ||
27. Katri wusing susuci sarêng wangsulnya |  
praptane |  
ambèn jawi Waita kang sawêg mêngtas |  
dèn angge |  
Ki Nurwitri binêkta mring Mas Cêbolang |  
katrine ||
28. Praptèng sênthong ginambang alemah-lemah |  
lir gèrèh |  
gantya-gantya wusing katrêsnan malembar |  
sijine |  
tiga pisan sarasa marême samya |  
manahe ||
29. Ingkang kantun nèng ngambèn jawi titiga |  
nulya ge |  
binêkta mring Nurwitri katiga pisan |  
ginêndèr |  
pamrih sarêng ingêcupan gantya-gantya |  
sundrine ||
30. Wus warata katri kataman asmara |  
wancine |  
pajar gidib kanêm sami wêdalira |  
kang ijèn |  
anèng jawi tumuntur dupi praptanya |  
pondhoke ||
31. Angêncêngi sinjang kasumêkanira |  
nulya ge |  
mangkat datan ana jalma kang uninga |

Jilid 4 - Kaca : 165

- lampaha |  
tan cinatur wus prapta ing wismanira |  
sakèhe ||
32. Wau èstri pipitu ingkang anungka |  
yêktine |  
pra wanita kang adus anèng sabrangan |  
wingine |  
lir sêmayan nututi kang (n)don lumampah |  
sakèhe ||
33. Sami kênya mung siji wulanjar mudha |  
warnine |  
rêsik-rêsik kuning suluh mukanira |  
manise |  
dhasar berag winulang ni bo wulanjar |  
solahe ||
34. Sukarêna lam-lamên jroning asmara |  
pindhane |  
lir supêna sigêg kang wus kasêmbadan |  
karêpe |  
winursita Mas Cêbolang sarewangnya |  
nulya ge ||
35. Mring paهران kalihe anêlês rema |  
aduse |  
Ki Saloka Palakarti Kartipala |  
adhèhèm |  
ngunandika kaya mêngtas pancakara |  
kaliye ||
36. Dènbut pitu nora liris datan lêsah |  
mêtègès |  
Nurwitri ngling saratri pulês anendra |  
têmêne |  
nglilir-nglilir basa wus mèh bangun rina |  
kemase ||
37. Aku ingkang mungu gugup banjur marang |  
pondhoke |  
pra waela suwung siji thil tan ana |  
kang kècèr |  
kang Saloka gêtunku tanpa upama |  
mulane ||

20 Mas Cêbolang sasantrinipun nyatakakên ing pêkên-pêkên para warok sami pêngrang tandhing rêbatan "jathil" (lare jalêr kêkasihipun) sami abên kasêktèn ngantos sami tatu adus rah. Langkung ngedab-edabi pêngrang tandhing wêkdal arak-arakan ngiring lare supit. Ingkang kawon gumalinting ing siti mutah rah ... kaca 166-172

Jilid 4 - Kaca : 166

38. Nêlês rambut rêhning mêngtas nganta-anta |  
maune |



- bok kalalèn ngimpi tunggalan asmara |  
guyune |  
Ki Saloka Palakarti Kartipala |  
barênge ||
39. Wusing ngambil toyastuti mring pandhapa |  
kabèhe |  
kyai wisma wus nèng pandhapa pupuja |  
nulya ge |  
Karti adan kèndêle anulya Sunat |  
Subuhe ||
40. Sampun Sunat Palakarti nulya kamat |  
kèndêle |  
ngangkat parlu Subêkti nulya pujian |  
dhikire |  
myang andonga matumpa-tumpa arampak |  
amine ||
41. Kèndêl (n)donga parentah nyai ladèkna |  
wedange |  
myang sarapan saanane mumpung enjang |  
wancine |  
tamunira arsa marang pasar Pucang |  
kabèhe ||
42. Wus lumadi sunggata enjing-enjingan |  
sawuse |  
nadhah nulya mangkat marang pasar Pucang |  
kang kinèn |  
ngatêrakèn santri wêda Nursangkala |  
praptane ||
43. Pêkên Pucang rame pasar wancinira |  
tan suwe |  
miyat warok aran warok Kramaleya |  
jathile |  
anèng cêngêl suku kalih (n)japit jangga |  
silane ||
44. Lumaksana (m)bêkèr mandêlik kang netra |  
larene |  
amiturut parentahe jathilannya |  
pêrlune |  
amiminta jajanan miwah busana |  
kang cècèg ||
45. wontên malih warok gêgêg gêng sambada |  
aranne |  
Ngabdul Singanêbah (m)bêkta jathilannya |  
sinèlèh |  
pundhak kiwa rinangkul suku kalihnya |  
anèrèng ||

46. Tangan têngên mathênthêng amandhi sada |  
arènne |  
wacana sru sapa ingkang kêlar nangga |  
bobote |  
satus kati saking kakèk Wêrkudara |  
karanne ||
47. Rujak-utêg iki yèn dak uncalêna |  
psthine |  
wong sapasar baya datanpa kukupan |  
bathange |  
daktibakna gunung sirna sagara sat |  
banyune ||
48. Kramaleya duk myarsa ngêsês lingira |  
dhèk êmbèn |  
aku nguyuh nèng têngahing ara-ara |  
anjimpe |  
dadi banjir desa akèh ingkang ilang |  
uwonge ||
49. Lawan rajakaya pitik iwèn samya |  
lêlangèn |  
mung sirahe jumbul-jumbul kawistara |  
tujune |  
mitraningong cacing kalung wlas tumingal |  
banjure ||
50. (m)Bêndung banyu têtah mambêg desa-desa |  
wangsul (ng)gèn |  
omah wrêksa tumancêp kadi waunya |  
sawuse |  
samya wangsul toya kinokop têtah sat |  
anggêrèng ||
51. Duk sliringan kaliye samya bramantya |  
nulyage |  
Kramaleya (m)brengkal sela sajêmbangan |  
agênge |  
kinêprukkên Singanêbah tangkis sada |  
durmane ||

Jilid 4 - Kaca : 167

### 293. Durma

1. Sela sumyur Kramaleya sru mangrêmpak |  
sada cinandhak kêni |  
rame drêg-udrêgan |  
gantya dugang dinugang |  
jêjêgan bithi-binithi |  
jêngkang jinêngkang |  
kuwat banting binanting ||
2. Jathilane suka sami sêsêndhonan |  
canthoka gung ing wukir |  
kakang kawispita |

- sarpa ponthang wisarda |  
 aja sumêlang yèn lalis |  
 ngandêla marang |  
 papasthèning ngaurip ||
3. Jathilane Singanêbah gya manêmbang |  
 babo gêmlakan mami |  
 tirong lit dhompson |  
 yèn nganti kasorana |  
 kadi paran solahmami |  
 lamun mangkana |  
 kambang-kambang (ng)gonmu sih ||
4. Warok gêgêk kaliye dupi miyarsa |  
 panggasahe kang jathil |  
 asru mangkrak krura |  
 nêbih kang sami cêlak |  
 nanging tan ana ngromèsi |  
 ayêm sadeyan |  
 rukêt warok kakalih ||
5. Sami pêdhot napase sarêng ambruknya |  
 (n)dhoko satêngah mati |  
 jathilan tan pisah |  
 èngêt Ki Kramaleya |  
 myat mungsuhe anggalinting |  
 alatah-latah |  
 cikrak-cikrak ngidêri ||
6. Sumbar-sumbar sira wus modar têmênan |  
 mangsa uripa maning |  
 kok kira antaka |  
 dhèk mau raganingwang |  
 nragasukma jatinèki |  
 nglarak nyawanta |  
 lan nyawane si jathil ||
7. Wus dakêrut anèng kayu dhingdhing-jalal |  
 nadyan uripa maning |  
 nyawa sasiliyan |  
 Kramaleya wus kesah |  
 jêjogèdan sirik-sirik |  
 kasorot arka |  
 gêbyar-gêbyar (m)blêrêngi ||
8. Singanêbah wus waluya malangkadhak |  
 angguguk (m)bêngok angling |  
 jidhèt Kramaleya |  
 sirna sabêbathangnya |  
 (ng)gonku pindha wong ngêmasi |  
 marak wak Brama |  
 myang marêk paman Angin ||

Jilid 4 - Kaca : 168

9. Nyuwun gungan ngobong bathange si Leya |  
awune paman Angin |  
kang duwe bubuhan |  
iki wus kalêksanan |  
kacihna agasik rêsik |  
gya lincak-lincak |  
gela-gelo lumaris ||
10. Mas Cêbolang miwah santrinya sakawan |  
samyâ suka tan sipi |  
nyêbut astagapirlah |  
têka datan anyimpang |  
kadi caritane kyai |  
warok gêndhungan |  
gêmlung dak êdir baring ||
11. Sampun wangsul mring Sêlaung Mas Cêbolang |  
lawan sarecangnèki |  
(n)jujug pamondhokan |  
sabên kalane wêkdal |  
tanapi sunggatanèki |  
wanci tan ewah |  
kadi duk wingi uni ||
12. Sabên Wage enjing marang pasar Mayang |  
Nursangkala umiring |  
praptanira pasar |  
myat warok nêm abayak |  
sami datan (m)bêkta jathil |  
nulya kapapag |  
warok gêgêk sawiji ||
13. Aran Kasan Mesakrura nyangking berang |  
têtêkênipun linggis |  
gênge mèh sapucang |  
(m)bêkta kalih jathilan |  
pinundhak ing kanan kering |  
binusanendah |  
pinindha-pindha èstri ||
14. Anyalêmong ya iki lananging jagad |  
lawan tan kêna pati |  
timbul têtguh jaya |  
mitrane malaikat |  
sanja-sinanja ganti |  
yèn ingong lungan |  
kang (n)jangkung mas Ijrail ||
15. Warok ingkang tanpa jathil duk miyarsa |  
sawiji (n)jarag wani |  
numbuk saking wuntat |  
Maesakrura kagyat |  
nolèh lajêng ngayat linggis |  
tinangkis sirah |

narik lamêngirèki ||

16. Gya linamêng linggis tugêl bêl kasingsal |  
narik berangirèki |  
wiyare sakilan |  
panjang sadhêpa ngayang |  
warok kang kalih ngindhik |  
kalih jathilan |  
wus binêkta malêncing ||

Jilid 4 - Kaca : 169

17. Mesakrura tambah jathil tambah mêngsah |  
cancut arsa nututi |  
pan kinalang-kalang |  
siniwo ngering nganan |  
gaman tan ana nêdhasi |  
lamêng kalewang |  
linggis wus dènbutali ||
18. Warok catur sarêng nyikêp Mesakrura |  
linumahkên mring siti |  
tanganne pinênthang |  
suku kalih cinancang |  
wus tan bisa mobah mosik |  
gya tinindhihan |  
watu sagajah gêring ||
19. Ingurugan uwuh sapasar |  
sinulêd agni (n)dadi |  
pindha wisma kobar |  
kang cakêt kagègèran |  
warok sakawan wus anis |  
ngruruh jathilan |  
nanging datan kapanggih ||
20. Mas Cêbolang sarawang wus wangsul marang |  
ing Salaung lir nguni |  
nahan Lêgi enjang |  
marang pasar Jambeyan |  
myat warok sakawan nami |  
Dul Sarpakrura |  
lan Kasan Banthèngkanin ||
21. Katêlune aran Amat Kuwuknasak |  
catur Mas Jayèngwarah |  
lumaris sarêngan |  
lamênge sinarempang |  
nyangking klewang têkên linggis |  
omong-omongan |  
(ng)gonne ngupaya jathil ||
22. Sarpakrura angling (ng)gonku angupaya |  
ing arcapada tapis |  
dhenok yèn kapanggya |  
dakgawa (n)dhêlik marang |

têlênging kang jalanidhi |  
titip si êmbah |  
Baruna Sang Hyang Tasik ||

23. Banthêngkanin nyalêmut (ng)gonku ngupaya |  
marang jroning jaladri |  
sêpi sêpên sêpa |  
gonès lamun kapanggya |  
dakgawa mring mêndhung putih |  
titip Ki Gêlap |  
dimèn ginêdhong wêsi ||

24. Amat Kuwuknasak bêkuh-bêkuh lingnya |  
(ng)goningwang angulati |  
marang madyantara |  
gadhug langit kasapta |  
kabare kewala sêpi |  
lamun pinanggiya |  
dak titip Sang Hyang Api ||

25. Amat Jayèngwarih mènçêp-mènçêp lingnya |  
tobil (ng)gonku ngulati |  
maring kawah-kawah |  
ingkang mêdal dahana |  
padha bae tan manggih |  
lamun pinanggya |  
daktitipkên ratu jim ||

Jilid 4 - Kaca : 170

26. Warok catur uning Nurwitri Cêbolang |  
samyã kataman branti |  
kathah solahira |  
kang amrih kasatmata |  
adol swara dhaham (m)bêkik |  
wênèh jogèdan |  
pamèr barana picis ||

27. Mas Cêbolang lan Nurwitri wus (ng)graita |  
masang kamayan mandi |  
aji pangasihã |  
tanapi pangèdhêpan |  
warok catur darbe kingkin |  
samyã rumangsa |  
sinênêngan wong kalih ||

28. Asmararda nyujanani warok tiga |  
angêmbat têkên linggis |  
hèh kodhik minggata |  
wong loro iku apan |  
mung ingong kang mambu ati |  
padha trima-a |  
jêr sira tan pinilih ||

29. Tan darana warok tiga sarêng mangkrak |  
namakkên lamêng linggis |

- Ki Dul Sarpakrura |  
 angga rêmpu wus tiba |  
 gantya Kasan Banthèngkanin |  
 ingkang linawan |  
 sangking ing ngarsa wuri ||
30. Bokong ngarêp tinotog linggis wus niba |  
 Kuwuknasak Jêngwarih |  
 tandya lêlinggis |  
 lajêng antêb-antêban |  
 rukêt abanting-binanting |  
 kaliye samya |  
 pêdhot napasirèki ||
31. Ting gulimpang tan ana kang munasika |  
 Cêbolang lan Nurwitri |  
 lawan rencangira |  
 wus wangsul mring pondhokan |  
 nahên Kaliwonnya enjing |  
 Subêki awal |  
 paragating ngabêkti ||
32. Wus sêsèmèk Subadya lan tamu mangkat |  
 ing marga tan winarni |  
 praptèng Têgalamba |  
 rarya kang tinêtakan |  
 ayun mangkat wus miranti |  
 tan dangu budhal |  
 reyog kang anèng ngarsi ||
33. Kalihdasa wahana turangga kepang |  
 tiga jathilanèki |  
 lumampah ing têngah |  
 sarunèn mungging wuntat |  
 lima gëndruwon kang kalih |  
 anèng ing ngarsa |  
 amandhi sabêt arit ||
34. Kalih mandhi lamêng rumêksa jathilan |  
 sawiji anèng buri |  
 mandhi wadung kapak |  
 budhal swara gumêrah |  
 srunèn slomprèt ngêlik-êlik |  
 kêndhange ngaplak |  
 kêmong kêmpul tinitir ||
35. Angklung umyung (m)bêngingèh kang munggèng kapal |  
 jinantur srunèn ririh |  
 jathilan sindhènan |  
 sênggak kang numpak kapal |  
 sirig-sirig suku jinjit |  
 gulu oklèkan |  
 liyêp satêngah guling ||

36. Praptèng bongan katungka arak-arakan |  
 saking ing Têgalsumpit |  
 kang wahana kuda |  
 mandhi jêbêng slawe prah |  
 jathilanira kakalih |  
 gêndruwo papat |  
 kakalih mungging ngarsi ||
37. Kang sawiji ngamping-ampingi jathilan |  
 sawiji anèng wingking |  
 mandhi alugora |  
 wênèh mandhi prabatang |  
 myang mandhi barungkrah êpring |  
 amandhi wrêksa |  
 cangkring ri kêrêp lungit ||
38. Uning lamun ana sarênganne ngarak |  
 gambira kiprah sami |  
 molahkên turangga |  
 (m)bêkèr anujah-nujah |  
 gêgêndruwon bêkih-bêkih |  
 unclang prabatang |  
 susumbar minta tandhing ||
39. Praptèng bongan kèndêl sawijining dhadhah |  
 sisihan datan nunggil |  
 Cêbolang lingira |  
 maring Ki Nursadangsa |  
 sadaya gêndruwon iki |  
 kadi kang samya |  
 nèng pasar-pasar nguni ||
40. Inggih bagus gêndruwon ing Têgalamba |  
 ingkang dados pangarsi |  
 Ngabdul Singanêbah |  
 Banthèngkanin kalawan |  
 Mas Jayèngwarih kakalih |  
 punika ingkang |  
 (m)bradhat jathilan kalih ||
41. Namanipun Gadjahbihêr krudha-muntap |  
 kang ngarak Têgalsumpit |  
 Kasan Kramaleya |  
 Kasan Maesakrura |  
 Amat Kuwuknasak tuwin |  
 Dul Sarpakrura |  
 sasanga jadhug sami ||
42. Nahên rare ingkang tinêtakkên pragat |  
 Têgalamba rumiyin |  
 patraping lumampah |  
 kadi duk angkatira |  
 arakan ing Têgalsumpit |  
 amangah-mangah |



lir buta mangsa daging ||

43. Tan pantara budhal saking ing ngêbongan |  
reyog ing Têgalsumpit |  
tandhang nyimpang marga |  
titindhah Jakalodra |  
tandya nglambung saking kering |  
arak-arakan |  
ing Têgalamba uning ||
44. Gêndruwon kang anèng ngarsa sung sasmita |  
marang kang munggèng wajik |  
turangga ginêbrag |  
nyandêr ayun-ayunan |  
wus campuh asilih ungkih |  
jêbêng-jêbêngan |  
rêmêk tan migunani ||
45. Panataping kêmpul lir pêcah-pêcaha |  
kêmong kêmung tinitir |  
kêndhang dhung-dhung ngaplak |  
angklung umyung kèh rêmak |  
salomprèt acêrak-cêrik |  
surak gumêrah |  
wor pangriking turanggi ||
46. Panjriting kang kanin ngadhuh sambat pêjah |  
rukêt slênthik sinlênthik |  
atujah-tinujah |  
sepak-sinepak miwah |  
brakot binrakot anggigit |  
daging matimpal |  
kuthah ludira mijil ||
47. Turanggane maratah dumadya abang |  
katuruhan ing gêtih |  
krodha Singanêbah |  
ngamuk punggung manêngah |  
arit bapang ambabati |  
turangga rusak |  
ginarèthèlan arit ||
48. Kramaleya uning lamun Singanêbah |  
rumusak ing turanggi |  
ngikal gada wrêksa |  
cangkring êri mawrêddha |  
Singanêbah anadhahi |  
arite (m)bapang |  
(ng)grèthèli êri cangkring ||
49. Têmah alus gadane Si Kramaleya |  
tumèmbèl angênani |  
sirah Singanêbah |  
malopor muncrat-muncrat |

Jilid 4 - Kaca : 172

Kramaleya wus dènarit |  
kakêmpung babrak |  
glogok jêrowan mijil ||

50. Sakaliye gumalinting anèng kisma |  
kèndêl kang andonjurit |  
kang datan kabranan |  
wangsul marang panggenan |  
kang dènarak angêntosi |  
sawusing tata |  
ing lampah tan nalisir ||

**294. Salisir**

1. lajêng kang arak-arakan |  
praptèng panti sowang-sowang |  
para tamu sinêdhahan |  
manadhah myang binêrkatan ||
2. Reyog lawan sarencangnya |  
wus sinungan pasunggata |  
tanapi opahan arta |  
bubar mantuk suka-suka ||
3. Para tamu wus bubaran |  
Nursubadya Mas Cêbolang |  
praptèng marga gya pamitan |  
mapan ulun ayun wikan ||
4. Kang sami nandhang kabranan |  
wusanane kadiparan |  
sarencangnya wus linilan |  
ing lampah sewang-sewangan ||
5. Wus dumugi ing (ng)gènnira |  
kang samya nandhang sangsara |  
pating glêrêng ngaruara |  
Cêbolang sru wêlasira ||
6. Cinatur kang samya tatu |  
sadaya waluya tuhu |  
gumrubyuk nyungkêmi suku |  
gumrumung tur sêtyèng kalbu ||
7. Cêbolang mèsêm lingira |  
manira iku mung dêrma |  
ora bisa apa-apa |  
iku kuwasaning Sukma ||

21 Ing griyanipun Nursubadya kawontênakên têrbangan lèlagon Jawi kanthi bêksan dening Mas Cêbolang sasantrinipun. Jalêr èstri ingkang ningali sami gandrung kayungyun kapengin sihipun Mas Cêbolang. Lajêng kasambêt janggrungan ngantos byar enjang, mawi tombok arta. Angsal kathah, kapasrahakên Nyai Nursubadya ...  
kaca 173-181

8. Lah ta wis padha muliya |  
Kramaleya lon aturnya |  
punika tiyang sadaya |  
rencange Ki Nursubadya ||
9. Sami Sêlaung kang wisma |  
sampun sawatawis lama |  
ngêlambrang ngupados tédha |  
kalawan sukaning nala ||
10. Paran kang dadi karêpmu |  
apa mulih apa laju |  
nutugkên sukaning kalbu |  
nganti lali anak putu ||
11. Yèn sira mulih ing panti |  
barênga kalawan mami |  
sun mondhok wismane Kyai |  
sadaya dupi miyarsi ||
12. Sukane kapati-pati |  
ulun mantuk marang panti |  
(n)dhèrèk sampeyan sayêkti |  
sampun kangên anak rabi ||
13. Ing batin agêng melike |  
mring Nurwitri sadayane |  
Cêbolang mring pondhokane |  
[ . . . ] ||
14. Singanêbah Kramaleya |  
kalawan sakancanira |  
sapraptanira ing wisma |  
anak rayat sukarêna ||
15. Lapur marang Ki Subadya |  
waluyaning nandhang brana |  
Cêbolang kang sung usada |  
wus katur sasolahira ||
16. Ya sukur Alkamdulillah |  
yaiku tulunging Allah |  
sakadarmu kudu gêpah |  
misungsung ingkang krana-Lah ||
17. Wus mundur praptaning wisma |  
parentah mring rabinira |  
atur sunggata kang pakra |  
ing tamu bagus janthara ||
18. Namung sumanggakna Nyai |  
tanggap rikang anak rabi |  
sawusing sami miranti |

sêlur sinasrahkên Nyai ||

19. Subadya dupi umèksi |  
sêkul ulam amênuhi |  
panganan mawarni-warni |  
ngundhung-undhung pindha ardi ||
20. Nulya mring pondhokanira |  
Mas Cêbolang dèn bêjani |  
kang samya waluya jati |  
punika atur ngabêkti ||
21. Tangga têtalihnya mèri |  
ngantos ngêbaki pandhapi |  
prayogine mangke ratri |  
trêbangan kados prayogi ||
22. Cêbolang anayogyani |  
mênggah parêngipun Kyai |  
punapi Maulut nabi |  
punapi lalagon Jawi ||
23. (ng)Gih anggèr manut wêdale |  
prayogi lagon Jawine |  
dimènè suka manahe |  
tyang brangwetan dèrèng nate ||
24. Uning gêndhing-gêndhing praja |  
amborongakên pun bapa |  
Cêbolang matur sandika |  
minta busana wanita ||
25. Nyai wisma wus nyukani |  
sampêt paraboting èstri |  
mancapat lima miyarsi |  
gupuh-gupuh yun ningali ||
26. Nahên suruping Hyang Rawi |  
bakdaning wêktu Ngisa-i |  
Cêbolang lawan Nurwitri |  
wus samya busana èstri ||
27. Cêbolang (m)branyak rêspati |  
Nurwitri ruruh alindri |  
sapraptanira pandhapi |  
malbèng wisma marêk Nyai ||
28. Minta gantèn lan wêwangi |  
gya mêtal maring pandhapi |  
orêg kang samya umèksi |  
jalu èstri sukèng kapti ||
29. tarêbang kalih miranti |  
wêwah kèndhang kang (m)bakoni |

Jilid 4 - Kaca : 174

- Ki Saloka Palakarti |  
Kartipala kang nêrbangi ||
30. Ki wisma asung sasmita |  
kinèn awit tandya bawa |  
rikang gêndhing Êla-êla |  
jêjêran kakalih bêksa ||
31. Ngadêg madyaning pandhapa |  
kadya tugu sinukarta |  
(n)jèngklèk miwir uncal wastra |  
tumênga mêtêm netranya ||
32. Driji kêjêr sinasotya |  
kanan dhêngklang mênthang sweda |  
gêtêr mawil-wilan samya |  
ngalênggak nênggak mamatya ||
33. Tan mingsêt saking panggonan |  
lamun dèrèng ingêgongan |  
gêndhing aniba sêsêgan |  
ronggèng lêkas baberagan ||
34. Larap nilap pindha kupu |  
kirig tarincing kang suku |  
lir tan ngambah bantalèku |  
sêngklèh nampèl-nampèl pupu ||
35. Parigêl ukêl cênthungan |  
alalathèn lon-êlonan |  
lambung obah ngula-lanang |  
pacakgulu lat-ulatan ||
36. Kang miyat jalu wanita |  
suka rame nahan branta |  
kèh solahe myang prabawa |  
samya ajrih sinatmata ||
37. Ronggèng kalih dènnya bêksa |  
nyarimpi nutug solahnya |  
gêndhing ngandhêlong anulya |  
suwuk aso sawatara ||
38. Nginum wedang myang nyamikan |  
paladèn arêrêbutan |  
amrih bisa asenggolan |  
lawan ronggèng sakaliyan ||
39. Wusing têtêrêm kalihira |  
wangsul têngahing pandhapa |  
bawa sêkar Madurêtna |  
ran-uran Narpati Darma ||

40. -putra myang sang Dananjaya |  
matur mring raka narendra |  
Arimurti saha waspa |  
ing madya wusananira ||
41. Katur sadaya mring sang rèh |  
Madurêtna nulya sèlèh |  
dhawah Kuwung-kuwung nolèh |  
trêbang gêng lir gong pakolèh ||
42. Manêmbang sapada sowang |  
swara arum angumandhang |  
ririhi nyênys awèh rimang |  
wus ngadêg lambung onglèkan ||
43. Molahkên sampur kalihnya |  
gêndhing wus minggah anulya |  
malêtêr kêkalih pindha |  
Dyah Supraba Wilutama ||
44. Kalanira langêntaya |  
pinariksèng pra jawata |  
mangkana sasindhènira |  
kinanthi mawa sarana ||

### 295. Kinanthi

1. Wau kang murwèng (n)don luhung |  
atilar wasita jati |  
hèh manungsa sèsa-sèsa |  
mungguh ing jamaning pati |  
ing rèh pêpunting tekad |  
santa santosaning kapti ||
2. Nora saking anon ngrungu |  
riringa rêngat siningit |  
labêt asalin salaga |  
salagune dènggèmi |  
yèka pangagèming raga |  
suminggah ing sanggarunggi ||
3. Marmane sarak siningkur |  
karana angrurubêti |  
manggung karya was-sumêlang |  
êmbuh-êmbuh dèndhèmi |  
iku panggonaning donya |  
tèkèng pati nguciwani ||
4. Sajati-jatining ngèlmu |  
lungguhe cipta pribadi |  
pusthinên pangèsthinira |  
dinêlêng dadya sawiji |  
wijanging ngèlmu jatmika |  
nèng kaanan ênêng êning ||

5. Nahên kang sami angrungu |  
mawarna kang dadi ati |  
ana (ng)gilut surasanya |  
ana lalagoning singir |  
ana kenyut ing suwara |  
wênèh kapencuting warni ||
6. Saya ngangsgêg sruning kayun |  
èstri kang sampun udani |  
punika jatining priya |  
nglocitèng tyas adhuh mati |  
kapan baya sinambroma |  
nèng sajroning tilamsari ||

Jilid 4 - Kaca : 176

7. Sru bêbêg têmah kawêtu |  
sêsambatira ngrêrintih |  
sêrêt luh drês marawayan |  
sandhinga kang dèrèng uning |  
mangungsêt minta pawarta |  
paran darunaning kingkin ||
8. Bokbilih jumbuhing kayun |  
(m)bakayu kula belani |  
binisikan kalih pisan |  
puniku jalêr nom pêkik |  
loma rarasing asmara |  
kula miyarsa pribadi ||
9. wontên èstri mindha bakul |  
pipitu cacahing janmi |  
saking tanah ing Pacitan |  
mariki namung saratri |  
nlungsur Nurwitri Cêbolang |  
inggih kang (n)jèngklèk wèh kingkin ||
10. Rêpêt-rêpêt dènnya mantuk |  
kula ngodhol wontên wingking |  
sayuk guyub rêraosan |  
(ng)gonne sami (n)don karêsmin |  
sajêge winêngku priya |  
dèrèng nate anrênjuhi ||
11. Raos kang kados puniku |  
Mas Cêbolang narambahi |  
srêg nyamlêng tan na kang rênggang |  
gêmlêgêg têka marêgi |  
tur dèrèng mêdhar asmara |  
sak êmbuh raos trus ngati ||
12. Kawit ing jêmpolan suku |  
naratas pucuking rukmi |  
mlêndêng nikmat tan amindha |  
kinintên sampun kapilis |  
lajêng sinantuan gêlar |

basane botên (m)bosêni ||

13. Bèntên Nurwitri puniku |  
malilit wilêt ngrakêti |  
sakêdhap-kêdhap karasa |  
ginramang saking sakêdhik |  
praptaning lênglêng ulêngan |  
têka angênnyut pribadi ||
14. Turene (n)dadak jumrunuh |  
wêdharing rahsa nyarêngi |  
kèndêl ngomèl gégêblogan |  
kabêlêt nguyuh kang katri |  
kang sêkawan kakêrogan |  
(ng)gêgêt ngêsês ngolèt mringis ||
15. Sambat hut bathok anu-ku |  
witne iki jêngil-jêngil |  
kêmbroh sinjange kang kojah |  
kang sinung ngling amarinding |  
kringêt ing bathuk tès-tèsan |  
gondhang salit lingira ris ||
16. Allah (m)bakyu sampun-sampun |  
mindhak angrêranta ati |  
lah ta napa niki napa |  
aduh mati paran iki |  
tuntas angunjal uswasa |  
rumangkuling kang pawarti ||
17. Hara prèhpun niki (m)bakyu |  
ngacêmoh lir (ng)garapsari |  
ngrikine makatên uga |  
botên sagêd nanggulangi |  
tuman yèn tan linaksanan |  
(ng)gih (m)bakyu langkung prayogi ||
18. Kula (n)dhèrèk sabiyantu |  
pêjah gêsang tiyang kalih |  
ah adhi sanès pabênan |  
(n)dika wong winêngku laki |  
badhe minihi prakara |  
mendah awak dèkèng niki ||
19. Lanjar sêkar basanipun |  
sapisan thil tan dumugi |  
laki (n)dawêg nandhang roga |  
kalajêng prapta ing jangji |  
dados sangêt ngangah-angah |  
ngontog-ontog andon rêsmi ||
20. Lo (m)bakyu têka agathuk |  
nadyan semahan wakmami |  
sa Allah sawêg sêpisan |

Jilid 4 - Kaca : 177



- tunggil tilêm lawan laki |  
sawêg nginguk wus thur-thuran |  
lajêng nglimprêk kadi cindhil ||
21. Ing samêngko lakiulun |  
pinalalah dadya jathil |  
sanjang têng kula supata |  
êbèng yèn sira kêpengin |  
sabênêr-bênêre sahwat |  
saksayahmu janji rêmit ||
22. Sapuluh-puluh awakku |  
nora bisa nêmbadani |  
rak êmpun angsal wêwêngan |  
manah datan mutawatir |  
lah (m)bok sanadyan konangan |  
têmtu botên dados runtik ||
23. Kintên kula dhèwèkipun |  
inggih kêpencut lir mami |  
awit kulinèng gêmblakan |  
e lah yèn makatên ugi |  
wawi sami ingantosan |  
dhumatêng pondhokanèki ||
24. Kang samya non nêsêl maju |  
wus anglês tiyang kakalih |  
tan ana kang munasika |  
susuci anulya maring |  
pondhokane Mas Cêbolang |  
de èstri sanèsirèki ||
25. Ing panggagas akèh jumbuh |  
myang jalêr kang niningali |  
warastra kathah (m)bêngkayang |  
kayungyun ananirèki |  
tan prêduli èstri priya |  
waton kalakon sarêsmi ||
26. Sigêg kang samya (n)dêdulu |  
nahên ta kalih kang ngibing |  
nutug rarasing gambyongan |  
sêsêg ngandhêlong kang gêndhing |  
gya suwuk ingawe marang |  
Ki Subadya lingira ris ||
27. Ênggèr sêkaliyanipun |  
prayogi aso rumiyin |  
ngaring-aringsakên napas |  
êmbok jêngandika cawis |  
wedang myang dharan sêgêran |  
bokbilih èstu nyarêngi ||
28. Miwah dèrèng kraos rapuh |  
pun bapa badhe udani |

pambondhan lalagon praja |  
saiba sukanirèki |  
jalu èstri kang umiyat |  
bètèke nêmbè udani ||

Jilid 4 - Kaca : 178

29. Cêbolang mèsêm lingnya rum |  
punika langkung prayogi |  
malah manawi kalilan |  
bibar bondhan lajêng kawit |  
gambyong mawi linêbêtan |  
tombok ing sasukanèki ||
30. Winatêsan bibaripun |  
inggih wanci pajar gidib |  
manawi taksih kuciwa |  
benjing-enjing sontên malih |  
ki wisma kapadhan karsa |  
wus byawara marang dasih ||
31. Ronggèng kakalih gya wangsul |  
marang madyaning pandhapi |  
tumindak singa kalêswan |  
katon sarêntêg Nurwitri |  
Mas Cêbolang dlêgang-dlêgang |  
sarira gilig rêspati ||
32. Buka Ginunjing anggamyung |  
wusing gong gêndhèng Gumilir |  
raras nême tan nalimpang |  
swara milêt mulêt ati |  
lir pênjalin ingongotan |  
mêthit-mêthit arum-manis ||
33. Medane kêkalihipun |  
nèng kalangan angirupi |  
marang sadhengah kang miyat |  
gandrung-gandrung nginglung kingkin |  
tapis laguning ngantaya |  
sêsêgan tambak Ginonjing ||
34. Kaliye anyandhak payung |  
tinumpang musêr madyaning |  
tangan têngên (ng)glintir gagang |  
munyêt ubênge rêspati |  
kakêncète kakicatan |  
sarwi sinjangnya winingkis ||
35. Kumêlap kentol kadulu |  
kêlap-kêlap pindha thathit |  
hoyêg payudaranira |  
(m)balang tingal ngincang alis |  
kang kasangkut liring berag |  
suka (m)badhêdhêg (m)badhidhig ||

36. Para wadon kang wus wêruh |  
 susupe kinarya bandhil |  
 jor-jinoran asrah sêngkang |  
 (m)blèjèdi praboting siwi |  
 slepe pènding kalung gêlang |  
 larene têka gumlinting ||
37. Kang sawênèh kari pinjung |  
 kêmbên salendhang kulambi |  
 pinasrahan mring kang nandhak |  
 warok gègèg atanapi |  
 warok jlamprang myang wong lanang |  
 ngulungkên katimang kêris ||
38. Wênèh ucul ikêt sabuk |  
 sinjang sêtagen kulambi |  
 kari sruwal sathim dhêngal |  
 dèn-mêg masjêng kantun niki |  
 kula aturakên pisan |  
 latah-latah (m)bêkik-(m)bêkik ||
39. Kang ngabundhan ngikal payung |  
 munyêt pinalangkan wêntis |  
 sasidhènne têka ngalap |  
 manahe jalu lan èstri |  
 ngalètèr mubêng kalangan |  
 ngêdhuyuk nyêk-nyêk sisiring ||
40. Mênthang payung mêgar mingkup |  
 muntup-muntup ngujiwati |  
 mintonkên madya saridhang |  
 gumêbyar pindha Hyang Sasi |  
 misih kinêcapan ima |  
 wangsuling sumêkan misih ||
41. Sumunar sorot sumunu |  
 singa kang katiban liring |  
 kukuk ngakak giyak-giyak |  
 sabên ayun gong miranti |  
 kumaruyuk gora sabda |  
 jêng mas-jêng kene rumiyin ||
42. Dènnira gondrong wus dangu |  
 kaliye tambuh pinilih |  
 jumbuh ing bawa tènaga |  
 kang sawiji kaduk manis |  
 sawiji gandês mraking tyas |  
 ngandhêlong suwuk Ginonjing ||
43. Saananya para asung |  
 sinumanggakakên Nyai |  
 aso ngaring-arang napas |  
 Subadya lingira aris |  
 basane mêngko janggrungan |

Jilid 4 - Kaca : 179

- kêna sadhengah nglêboni ||
44. Tomboke sasukanipun |  
nanging poma aja nganti |  
pasulayan kakêrêngan |  
lah iki bongkokan mami |  
nèng bumbung padha (n)duduta |  
kang dawa dhèwè rumiyin ||
45. Tumurut nut panjangipun |  
kang cêndhak pribadi kari |  
yèn bêngi ki tan kacêkap |  
sesuk sore wiwit malih |  
tumandang kang sinung sabda |  
kang kantuk panjang pribadi ||
46. Ngakak mas-jêng nyuwun dhêngklung |  
jrèng tombok sêlawe rispis |  
wus (n)jèngklèk gya linariyan |  
wedang kopi anèng goci |  
sisihe cangkir gundhulan |  
sabên linariyan ping tri ||
47. Suwuk gantya ngandhapipun |  
jor-joran têtomboknèki |  
sukarêna kang umiyat |  
tanapi kang samya ngibing |  
sêpên ingkang kara-kara |  
dumugi ing pajar gidib ||
48. Nursubadya ngling wus mêtu |  
bubaran niyaga aglis |  
angêndhoni suhing kêndhang |  
trêbang sêntake dènambil |  
Ki Nurwitri Mas Cêbolang |  
kaliye lumêbèng panti ||
49. Tomboke antuk sawakul |  
wus tinutup lawang kori |  
Saloka sakanca samya |  
mantuk mring pondhokanèki |  
kacuwan kang nyêgat tandhak |  
gusis sadaya wus mulih ||
50. Mas Gêbolang lon umatur |  
sadaya sumangga Nyai |  
sadarma dados lantaran |  
anjingipun kang rêjêki |  
punika Kiyai Wisma |  
ingkang wajib andarbèni ||
51. (ng)Gih anak gampil ing pungkur |  
Mas Cêbolang lan Nurwitri |  
sawusing lukar busana |

mantuk mring pondhokanèki |  
(m)buka kori kagyat mulat |  
ana èstri ayu kalih ||

52. Wanci mêmpeŋing pulanghyun |  
myang dharan pêpêg sumaji |  
kalih api-api nendra |  
sawiji sêmada miring |  
ngalowong ingkang sumêkan |  
nyênal payudara kèksi ||

53. Sijine malumah tanggung |  
saridha kengis sapalih |  
kataman sunaring pandam |  
lir wulan purnama mingip |  
Cêbolang ngling paran kakang |  
rêjêki têka wèh branti ||

### **296. Asmaradana**

1. Upama banjur tan mawi |  
ginugah kurang utama |  
nanging iki wus kasompok |  
payo banjur kinêlonan |  
sira kang bentrok jênar |  
ingkang irêngmanis aku |  
nanging mêngko gêgêntenan ||

2. Dwi èstri duk amiyarsi |  
jumbuh ing panganta-anta |  
kalih sarêng (ng)gloso alon |  
tangan kiwa ngayuh jangga |  
têngên tumèmpèl dhadha |  
grana gathuk sami pucuk |  
jaladara sipat wokan ||

3. Api-api kagyat angling |  
iki priye ta mangke ta |  
iya nora priye-priye |  
wong wis ngene arêp apa |  
rara (m)bangunturuta |  
aja mikir marang iku |  
jangji mêmêm nora wikan ||

4. Sinjange sampun kawingkis |  
lumastari ring-iringan |  
ungkur-ungkuran wadonne |  
bêbonggan ngêsês angadhuh |  
malumah sêsarêngan |  
adhuh bagus nyuwun lungguh |  
cangkêm kêcut arsa nginang ||

5. Wus linggih sisihe miring |  
nginang sinambi yod-yodan |  
rêm-rêm-ayam maripate |  
purusa ngayuh gêgana |

kaliye gumaledhag |  
marinding badan sakojur |  
sarêng sambat-sambat pêjah ||

6. Kaliye kalêgan sami |  
riwe kumyus karênggosan |  
radi kêndho warastrane |  
Mas Cêbolang tandya mlembar |  
Ki Nurwitri aliyan |  
sêngkut malih kalhipun |  
nutug tingkahing asmara ||

Jilid 4 - Kaca : 181

7. (n)Dungkap wanci pajar gidib |  
ginêlak wusing luwaran |  
malêncing nylimpêt wêdale |  
Cêbolang Nurwitri marang |  
patirtan wus jinabat |  
toyastuti nulya Subuh |  
anèng pondhokan sadaya ||
8. Bakda Subuh mijil maring |  
plataran pinanggih maring |  
Nursubadya lon dêlinge |  
sokur tan ngêpotkên wêkdal |  
Subêki pamondhokan |  
rèh dalu sayah kalangkung |  
pangintên kula kêrinan ||
9. Barêkahipun kyai |  
botên wontên kraos sayah |  
sukur Alhamdulillah (ng)gèr |  
warok sami nyuwun bêrkah |  
jathilan ingaturan |  
(m)busanani anggagêlung |  
ngayu-ayu cara praja ||
10. Mangke ratri nyuwun bêkti |  
binabar anèng pandhapa |  
Cêbolang suka manahe |  
kupasanyogya yun wikan |  
tingkahe jêjathilan |  
wus wangsul mring pondhokipun |  
wisangawe samya prapta ||
11. Warog gêng lit (m)bêkta jathil |  
lawan busana wanita |  
pinasrahkên mring Kimase |  
ginêlung mawarna-warna |  
kondhe sèntêg puntiran |  
malang gèndhèl kêling gêlung |  
bokor mêngkurêp tebokan ||
12. Kadhal-mènèk puntir gilig |  
jungkat pênyu jungkat sotya |

pinantês-pantês lungguhe |  
teplok panêtêp sasanggan |  
cundhuk-mêntul kuponan |  
sêmyok susuk sêkar tanjung |  
ulan-ulan kinjêng êmas ||

13. Sêkar malathi rinujit |  
sinêling argulo mawar |  
sêkar gambir abang putèh |  
taluki sruni kinarya |  
borokan salêmpitan |  
cêpaka pangapit gêlung |  
myang mèpèt wingkinging karna ||

14. Sêngkang bapang nata brangti |  
cêplik abyur sêling mirah |  
jamang-mas lawan sumpinge |  
kêlatbau gêlang-gêlang |  
supe tajug jênthikan |  
driji manis myang panuduh |  
cèrè gancèt ulan-ulan ||

15. Kalung mas intên sungsun tri |  
kalung panjang sinêsêran |  
pênding êmas cathok slepe |  
sisinjange lêlêmêsan |  
pinantês kang sumêkan |  
tanapi sasampuripun |  
mawarna-warna binara ||

22 Para warok sami ambêkta jathilipun ingkang sami nyandhang èstri, nyuwun dipun dandosi dening Mas Cêbolang sarta supados kawucal ulah wiraga, ulat lan liring. Gêntos Mas Cêbolang nêdha dipunwuruki caranipun gêmblakan. Dalunipun kabèbèr ing pandhapi, solah bawanipun para jathil sakalangkung nêngsêmakên para warok, malah lajêng sami anggêmblak Mas Cêbolang lan Nurwitri, kalintonan bojo lan anakipun èstri ...  
kaca 182-187

Jilid 4 - Kaca : 182

16. Tanapi wiraganèki |  
Cêbolang Nurwitri mulang |  
pangucap liring pacake |  
myang wiraga wus widagda |  
tumancêp anèng nala |  
Cêbolang lingira rum |  
gênti aku wurukana ||

17. Patrape dumadi èstri |  
kalawan kang dadi lanang |  
kapriye mungguh luwiye |  
mara sira kandhakêna |  
jathilan mèsêm lingnya |  
kula botên sagêd matur |  
bilih kêparêng sumangga ||

18. Tingkah solah dènlampahi |  
dados botên kaba-kaba |  
Cêbolang (ng)glêgês lingira |  
mring Nurwitri wus atampa |  
lawange tinêtêgan |  
Cêbolang nglocitèng kalbu |  
paran kang dadi panggalak ||
19. Jathil anulya minihi |  
rekadayaning sahuwat |  
Cêbolang Nurwitri (ng)glègès |  
e lah dalah ngudubilah |  
têka banjur (m)bêngkayang |  
lah kêpriye bacutipun |  
aku nurut saparentah ||
20. Anulya mapan ngawiti |  
rinampa-rampa ing kathah |  
sami tan kèndêl ngacomèl |  
kang dumadi kanikmatan |  
têkèng ngirabkên sahuwat |  
kalih sami manthuk-manthuk |  
marèngès hêm nyata enak ||
21. Jathilan ginanti-ganti |  
wus warata kinaliyan |  
kanikmatan dhewe-dhewe |  
sadaya matur sawantah |  
Cêbolang suka lingnya |  
gènti aku dadi thuyul |  
payo mara warahana ||
22. Punika namung satunggil |  
kang taksih wagêd banggelan |  
sadaya wus sami peloh |  
nir daya ati wanita |  
datan rumaos priya |  
pun Sadilah namanipun |  
wus cakêt nulya tumandang ||
23. Mas Cêbolang kang rumiyin |  
wêdharing asmaragama |  
(n)jingklak angling digêgojog |  
dadi wadon lanang nikmat |  
luwih tunggal wanita |  
nulya Nurwitri kinêmbul |  
ing nalika katêrêsan ||
24. Barang kang lir kucing gandhik |  
suka sakèhing jathilan |  
kijab kabule wus pasèh |  
lawang korine binuka |  
sadaya pinupuran |  
pinidiyan imbanipun |



cêlakan wida-rum jênar ||

25. Arum-arume mêpêki |  
waja putih tan cêmêngan |  
tatahan kinêcik kinclong |  
tangan têngên (ng)gêgêm kinang |  
kang kiwa kêkêpêtan |  
bakda Ngasar warok (m)brubul |  
sami murugi jathilan ||
26. Nalikanira udani |  
kalintang ing sukarêna |  
têtayungan jingklak-(n)jèngklèk |  
mêndhêg matur mring Cêbolang |  
bilih kaparêng mangkya |  
kula bêktane rumuhun |  
dibal paduka woting tyas ||
27. Mangke bakdaning Ngisa-i |  
wangsul mawi rak-arakan |  
wus binêkta sadayane |  
nahên ta bakdaning Ngisa |  
pandhapa wus mirantya |  
dhatênge kang para jadhug |  
warok ambêkta jathilan ||
28. Pinondhong miwah jinênggi |  
sarunên munggèng ing ngarsa |  
kang ngapit-apit obore |  
sawusing pêpak ngalêmpak |  
salumprèt angklung kêndhang |  
tarêbang kakêmong kêmpul |  
pinarnah nêng èmpèr wetan ||
29. Jathilan tharik nêng ngarsi |  
warog ngrompol ngêl-ungêlan |  
wus samêkta sadayane |  
kang mulat uyêl pipitan |  
sêpên ing rêrusuhan |  
mung suwara kumaruwuk |  
rare nangis cêcêngèran ||
30. Asung sasmita Ki Panti |  
tapuk Boyong Mas Cêbolang |  
anglurahi niyagane |  
Nurwitri kang among raras |  
jathilan kalihwêlas |  
sarêng manjing ngadêg gambuh |  
jêjêran pindha badhaya ||
31. Pacak lalagon ngèmpêri |  
ing praja cingak kang miyat |  
biyang iku kapanane |  
(ng)gonne sinau de têka |

Jilid 4 - Kaca : 183

- mundhak pacake padha |  
wuwuh prigêl luwês bêsus |  
kuciwane mung sapala ||
32. Kang anjogèt wingi sêpi |  
wong mrakati yèn lunga-a |  
têka nora pamit mring ngong |  
basane iki lir sêngkang |  
pangarak byur barleyan |  
ananging tanpa panunggul |  
sêmunè kurang ujwala ||
33. Mas Cêbolang kang njêjêgi |  
niyaga ngêndhang wus minggah |  
kêplok sênggak bêbarêngan |  
salomprète laliryan |  
angklung tan karopyakan |  
kakêmong sêmada sêru |  
kêmpul lir mêlunging gêmak ||
34. Jumêngglung têrbang mêlingi |  
kêndhang kakosèkan wijang |  
dhaup kalawan jogède |  
ronggèng (m)babar sampur kiprah |  
malêtêr pakalangan |  
rêmpêg tata lir prit ayun |  
manêba uningèng jalma ||
35. Cumlorot lir lintang ngalih |  
wiraga mawarna-warna |  
wus ginêndhing samaune |  
ana kang mintonkên waja |  
mathêt lambe kang ngandhap |  
wênèh sêmunè gumuyu |  
ana èsême ècèran ||
36. Ana tajêm lindri lungit |  
wênèh ngincang-incang imba |  
galak ulat dlera-dlere |  
ri wusnya uli-uliyan |  
sêsêg ingkang irama |  
ngandhêlong anulya suwuk |  
mundur kêpête binabar ||
37. Watara napas wus aring |  
majêng jathilan sakawan |  
gantya-gantya gêndhing Bondhèt |  
pasindhèn gantya-gantya |  
sinêsêg gêndhing minggah |  
malêtêr catur lir kupu |  
yun ngisêp maduning sêkar ||
38. Kinêtog jogèding ringgit |  
ngandhêlong uli-uliyan |

Jilid 4 - Kaca : 184

- sêsêg sinuwuk gêndhinge |  
wus wangsul mring kaniyagan |  
waroke gupuh nyêrak |  
kringêt ingusapan kacu |  
liniling myang kinêbutan ||
39. Amajêng sakawan malih |  
(m)buka gêndhing Pacarcina |  
kang asindhèn gantos-gantos |  
gêndhing minggah ronggèng kiprah |  
mungsêr kêndhigêritan |  
(m)babar sampur warna catur |  
pindha langên ing angkasa ||
40. Ima kasorotan rawi |  
ing nalika arsa liyêp |  
sigrak tarampil solahe |  
sawuse uli-uliyan |  
suwuke lon-alonan |  
wus mundur waroke gupuh |  
ngliling-ngliling asung wedang ||
41. Masjêng sakawan mungkasi |  
dènnira agêgambyongan |  
wus ambuka gêndhing Genjong |  
kêmbangan jogèding Klana |  
sêkawan runtut rampak |  
suwarane turun-turun |  
kaote amung nyawilah ||
42. Manglarap pindha jêmparing |  
sêdhat-sêdhèt ulat galak |  
sumèh kêladuk èsême |  
tumut lèlagoning bêksa |  
karyèram kang umiyat |  
pangungune de wus gambuh |  
(ng)galiyêng lir ronggèng praja ||
43. Kedale pasindhèn salin |  
tumèmplêg dhaup lan laras |  
wilêt sêrênge tan dhompo |  
wus ngandhêlong kang irama |  
lir tirta kapawanan |  
sêsêgan anulya suwuk |  
mundur maring paniyagan ||
44. Waroke gupuh nyêlaki |  
karingêt kang marawayan |  
tinutulan saptangane |  
pupur bêlang tinambalan |  
wusing aring kang napas |  
amirantos Ayun-ayun |  
ringgit kang majêng sakawan ||

45. Ingkang sami angajoni |  
 miwah kang anglarih wedang |  
 sakawan ngarsa wingkinge |  
 kang sami darbe jathilan |  
 tan kenging ngajonana |  
 larih kewala tan antuk |  
 sawusing warata gantya ||
46. Kang sakawan majêng malih |  
 miturut kadi ing ngarsa |  
 wusing warata kang (n)jogèd |  
 kèndêl sakawan pangarsa |  
 tombok tanpa wilangan |  
 uwang picis mung rinayuk |  
 pikantuk tri sênik kêbak ||
47. Warok suka-suka ngênting |  
 raharja tan kara-kara |  
 gêndhing sasuka-sukane |  
 Ban-iringan Kêbo-gidrah |  
 Balewong Jagamarga |  
 Lêmpang-jawa Êlung-gadhung |  
 Pacarcina Gandhèng-asta ||
48. Jangkrik-genggong eling-eling |  
 Loro-loro Paculgowang |  
 Sêkargadhung Sontoloyo |  
 Pêksi Kukuwung Calunthang |  
 Ginonjing Babondhêtan |  
 Ladrangmanis Tunggujagung |  
 Gambirsawit Dyah-udrasa ||
49. Pajar gidib wus waradin |  
 tan kacuwan wus warata |  
 Nursubadya lon dêlinge |  
 ênggèr suwawi bubaran |  
 (m)bungkuk Kemas Cêbolang |  
 warok sinasmitan gupuh |  
 amondhongi jêjathilan ||
50. Arta picis tigang sênik |  
 pinasrahkên Nyai Wisma |  
 sasampunira tinampèn |  
 Cêbolang mring pamondhokan |  
 asone sawatara |  
 katungka ing wêktu Subuh |  
 samya ngambil toya kadas ||
51. Wangsul wêktu nèng pandhapi |  
 paragate ing panêmbah |  
 Hyang Bagaspati mênorong |  
 Nyi Wisma asung sunggata |  
 wedang myang nyênyamikan |  
 lir sabên lingira rum |

52. Barang atanapi picis |  
pun biyung sumanggèng karsa |  
Mas Cêbolang lon dêlinge |  
prayogi pinara tiga |  
saduman jêngandika |  
saduman dhumatêng wadu |  
jalêr èstri kang warata ||
53. Saduman dhumatêng mami |  
namung tumitip sampeyan |  
gampil masalah ing têmbe |  
Nyi Wisma mangayubagya |  
wus binage warata |  
siyange datan cinatur |  
andhangdhang bakdane Ngisa ||

Jilid 4 - Kaca : 186

**297. Dhandhanggula**

1. Sakathahe warok myang pra santri |  
samyã dhatêng pondhoke Cêbolang |  
dahat kabupaten wirage |  
ing pangarsane asung |  
panarimah indhaking jathil |  
prigêling solahbawa |  
wiraga pinatut |  
nyumanggakkên wêka somah |  
miwah kadang sakarsa ywa walangati |  
lila donya ngakerat ||
2. Mas Cêbolang tanapi Nurwitri |  
tan kawawa kalèjêming sêja |  
tinanggapan sakosike |  
winatêg sikiripun |  
sangsayarda kang darbe kapti |  
lan sakèh mitraningwang |  
ing saèstunipun |  
ulun dahat sukarêna |  
pangajabku mung aywa dadi pradongdi |  
wawaton kasamban ||
3. Prayogine mlêbêt kalih-kalih |  
lamun ratri iki tan kacêkap |  
tinutugkên sesuk sore |  
èstuning raganingsun |  
nèng Sêlaung pan maksih lami |  
kang sami amiyarsa |  
miturut sadarum |  
warok kakalih tumanggap |  
malbèng pondhok Cêbolang lawan Nurwitri |  
wiraga mawèh branta ||
4. Warok kalih tan daranèng kapti |  
ambêkayang Nurwitri Cêbolang |

anulya dèn-jêngkingake |  
sasambat ngadhuh-adhuh |  
bok dènsarèh babo wong bènthing |  
dasihe tan suwala |  
sumanggèng sakayun |  
sarira sapa darbeya |  
sarpa krèsna mung sira kang dadi ati |  
tangèh cipta-a liya ||

5. Wus anjathok malèsèt kinêmpit |  
amêngthongol sangandhap saptangan |  
sangsaya sru pandédêle |  
tatkalane ginalur |  
pamipite dipun kèndhoni |  
pinolah mëndat-mëndat |  
srêg pangraosipun |  
têmah lalu kanikmatan |  
gating kang asmara badan marinding |  
datan kêna ingampah ||

6. Mancur kadi kèndhi kêbak warih |  
ingêthurkên kalihe èstrènan |  
samudana sasambate |  
sarwi anyiwêl pupu |  
adhuh mati thik ngene iki |  
bisa tèmên si kakang |  
wèh tamba lara kung |  
ki warok tyas sru sumêngka |  
purusane kaduk mukok-mukok tajin |  
ngalumpruk tanpa daya ||

Jilid 4 - Kaca : 187

7. Tandyà (ng)gêblag palarasan mijil |  
kang wus anèng sangajênging lawang |  
trangginas lumêbêt age |  
tan siwah lir rumuhun |  
cacangkoke praptèng katitih |  
wanci pajar gidiban |  
antuk wong rongpuluh |  
galare ambèn binênggang |  
pramilane ambène katon gumrining |  
mung longan lir ler-leran ||

8. Kang wus samya kasêmbadaning sih |  
anak bojo atanapi kadang |  
rinubakkên sakarsane |  
sarwi nyangking pisungsung |  
saanane adining wukir |  
yèn ana sinênengan |  
sinongan lulut |  
utawi sinungan basa |  
nyênyês arum manis angenaki ati |  
myang sinungan branarta ||

9. Siyang ratri giliran (n)dalidir |  
kawanguran têtangga parapat |  
guyub jumbuh pikajênge |  
trêsna sih mring Masipun |  
atanapi maring Nurwitri |  
kaliye kakêmatan |  
mung têrkadhang èstu |  
mila tan na antaranya |  
yèn laka-a mangsa ngukupa kang jisim |  
anjajah jinamahan ||
10. Wêkdal ajêg bae mring pandhapi |  
bakda wêktu wangsul mring pondhokan |  
kadhang jagong lan kyaine |  
(n)jawi pondhok supênuh |  
jalêr èstri sami ngêntosi |  
nuju bakdaning Ngisa |  
mung santri kang wangsul |  
Nurwitri miwah Cêbolang |  
mung Ki Wisma pinarak anèng pandhapi |  
Cêbolang lon lingira ||
11. Mring Ki Wisma tiyang tanah ngriki |  
amaratah bandhol kawarisan |  
tan wangwang marang patine |  
têguh timbul agêcul |  
tatag têtêg anglalanangi |  
paran ta marmanira |  
Ki Wisma lingnya rum |  
laila pajar pasaja |  
saking ulun jatose ingkang mijèni |  
mênggah krêdyating manah ||
12. Muhung kinarya-a jagi dhiri |  
rèhning asring kêkesahan têbah |  
supadi kêndêl manahe |  
nanging wusananipun |  
botên kadi ciptanirèki |  
kinarya sasongaran |  
gêgêmlungan gêndhung |  
kados kang sampun kawuryan |  
sisip sêmberipun amlarati dhiri |  
konyoh upamenira ||
13. Mirid lamun angandêlkên yêkti |  
anglimputi marang kaêngêtan |  
rèhning ngagêsang tuhune |  
nèng donya sakaratul |  
tan bêbakal praptaning lalis |  
luhung angraosna |  
carita linuhung |  
pathake narendra Ngêsam |  
duk puniku kêpanggih lawan (n)Jêng Nabi |  
Ngisa mangka Rohullah ||

23 Kyai Nursubadya andongèngakên kapanggihipun pathakipun (cumplungipun) Raja Ngêsam kalihan Nabi Ngisa. Pathak kagêsangakên lan nyariosakên lèlampahanipun ing alam pèjah dumugi siksa naraka. Wêkasan kagêsangakên malih, murih martobat sungkêm ing Gusti Allah anut tuntunan agami ... kaca 187-209

Jilid 4 - Kaca : 188

14. Kang kasêbut ing kitab Mamahi |  
jinawèkkên sraton maksih Arab |  
ananging ulun yêktine |  
tan apil criyosipun |  
dhuh Kemase lamun nyarêngi |  
amaos lagu praja |  
Cêbolang panuju |  
kitab wus sinungkên marang |  
Mas Cêbolang tinampèn saksana wiwit |  
Sarkara-tururarya ||
15. Amiwiti amuja Hyang Widdhi |  
kang murah ing donya sih ngakerat |  
mugyantuk kang supangate |  
sarta lan bêrkahaipun |  
Kangjêng Nabi Muhammad tuwin |  
sagung para ambiya |  
mukmin musim sagung |  
mugi sami atulunga |  
anuwunkên pangapuraning Hyang Widdhi |  
kabèh makluke Allah ||
16. Gya atangat bêbuka wawarti |  
mring saguning nak putu sadaya |  
Nabi Ngisa Rohullahe |  
nalikanya lumaku |  
midêr-midêr jawi nagari |  
Ngêsam nênggih ing kuna |  
kèndêl ing dêlanggung |  
amanggih pathak wong kuna |  
Nabi Ngisa pathak arsa dèntakoni |  
ngunandikèng wardaya ||
17. Sirah pathak katingal wus putih |  
tanpa gèmbung gumlundhung nèng lêmah |  
Nabi Ngisa mandhêg age |  
amikir jroning kalbu |  
langkung wêlas Nabi ningali |  
samana andédonga |  
Nabi Ngisa luhung |  
ing Allah kang maha mulya |  
mugi-mugi pathak kêna dèntakoni |  
saking wêlas tumingal ||
18. Pandongane Nabi ya Lillahi |  
ya sayidi wa malaiika |  
mangkana rapal jawane |  
he Allah Pangeranku |



Gustiningsun panuwunmami |  
dhatêng kagungan Tuwan |  
amba wlas andulu |  
anênggih dhatêng pun pathak |  
dene botên kenging dipuntakèni |  
amba nuwun ing Tuwan ||

19. Mugi-mugi Tuwan angidèni |  
yèn kawula takèni kang pathak |  
tan antara nora suwe |  
ana swara karungu |  
saking arah Nabi dumêling |  
mêngkene ingkang swara |  
hèh Nabi linuhung |  
lah sira ta takonana |  
marang pathak ingsun akon anauri |  
marang tatakonira ||

Jilid 4 - Kaca : 189

20. Kangjêng Nabi Ngisa tanya aris |  
marang pathak hèh pathak wong kuna |  
kang ilang kulit daginge |  
lah ta sira sumaur |  
kapan ingsun ingkang nakoni |  
kalawan kodrating Hyang |  
pathak gya sumaur |  
lawan ing lesan pasekat |  
ngucap klimah Lailaha Illalahi |  
wa Ngisa-u Rohulah ||

21. Inggih gusti Nabi kang linuwih |  
lah punapa kang tuwan danguwa |  
inggih kawula jawabe |  
anging Allah kang Agung |  
ingkang kinon amba nauri |  
ngandika Nabi Ngisa |  
pathak apa iku |  
sira pathak apa lanang |  
ingkang mau apa sira wong pawèstri |  
duk nalika nèng donya ||

22. Lawan ingsun tatakon ing nguni |  
apa pathake uwong cilaka |  
apa wong bêgja maune |  
apa sugih donyagung |  
nalikamu ya maksih urip |  
apa ta pêkir sira |  
duk urip kang mau |  
apa ta kandhangan ala |  
apa bêcik mèlu ewone wong sigit |  
apa ewon wong ala ||

23. Apa sira kandhanganing nginggil |  
apa èndhèk dèdègmu ing kuna |  
lawan sun takon maune |

wong loma yèn jinaluk |  
apa kumêd yèn dèn-jaluki |  
salir ingkang katêdha |  
pêkir miskin kumpul |  
karana pêkir malarat |  
sumaura pan ingsun arsa udani |  
nuli sira jarwa-a ||

24. Gya umatur pathak dhatêng Nabi |  
pan kawula gusti Nabi Ngisa |  
tuhu jalêr sêwaune |  
sanès èstri pukulun |  
lawan malih amba (n)Jêng Nabi |  
kandhangan tiyang bêgja |  
mênggah awakulun |  
sanès tiyang kang cilaka |  
awakamba ing suwau tiyang sugih |  
sanès tiyang kang nistha ||
25. Lawan amba golongan wong sigit |  
sanès tiyang awon warna amba |  
kang minangka unusane |  
lan malih amba luhur |  
sanès tiyang andhap ta Gusti |  
kalêbêt tiyang singgah |  
agêng-inggil ulun |  
lan sayêkti amba loma |  
dhatêng arta sanès tiyang kumêt Gusti |  
kalêbêt tiyang blaba ||
26. Sarta amba punika (n)Jêng Nabi |  
ing nalika taksih anèng donya |  
jumênêng ratu maune |  
nagri Ngêsam pukulun |  
ing nalika dados narpati |  
tan wontên ingkang ngrusak |  
ing karatonulun |  
lami ngadêg ratu Ngêsam |  
kula Gusti ngantos kawanatus warsi |  
tan wontên kang nukarta ||
27. Lawan malih amba Gusti Nabi |  
duk jumênêng nata nagri Ngêsam |  
amba sangêt ing asihe |  
dhatêng pêkir sadarum |  
miwah miskin kula asihi |  
amba kang asung boga |  
pêkir miskin kumpul |  
lan malih Gusti kawula |  
duk jumênêng ratu ing Ngêsam ta Gusti |  
ing sabên-sabên dina ||
28. Asidhêkah kawula (n)Jêng Nabi |  
saarinya inggih sèwu dinar |

Jilid 4 - Kaca : 190

pikantuk tiyang sèwune |  
dinar kalangkung sèpuh |  
êmas nigangdasa-kakalih |  
punika saarinya |  
amba damêl laku |  
kalawan lampahkawula |  
anyukani tédha tiyang kluwèn Gusti |  
sabên ari tan gothang ||

29. Inggih angsal tiyang sèwu Gusti |  
(ng)gènkawula anyukani boga |  
tiyang sèwu sadintêne |  
ngantos salaminipun |  
lawan amba Gusti rumiyin |  
kawula asung sandhang |  
sadintên tyang sèwu |  
tiyang kang sami kawudan |  
amba-sungi sandhangan pantês prayogi |  
sabên ari kawula ||

30. Nalikane kawula (n)Jêng Nabi |  
dados ratu ing nagari Ngêsam |  
kalangkung sênêng sukane |  
yèn cangkrama wana gung |  
dipun ayab sakèhing abdi |  
kathahipun kang wadya |  
tiyang kawanèwu |  
amangangge sarwa sutra |  
murub mubyar busanane wadyamami |  
kasmaran ingkang miyat ||

### **298. Asmaradana**

1. Kawula umatur malih |  
ing Gusti (n)Jêng Nabi Ngisa |  
duk amba jumênêng katong |  
wontên ing nagari Ngêsam |  
dahat sukaning driya |  
pan amba sugih kalangkung |  
nuruti kajênging manah ||

2. Duk kawula mêdal jawi |  
kawula amêng-amêngan |  
dèniring wadyabalane |  
tiyang kang mawi makutha |  
pinatik nawarêtna |  
mutyara intên jumêrut |  
sasotya di myang pakaja ||

3. Mirah nulya intên bumi |  
mangkana pathak pralêbda |  
anglajêngakên ature |  
nanging kawula punika |  
dhuh Gusti Nabi Ngisa |  
sayêktine tiyang kupur |

4. Nabi Ngisa ngandika ris |  
andangu pathak mangkana |  
ing mangsa pira lawase |  
olèhira mati ika |  
kapriye tingalira |  
nalikane anèng kubur |  
pakewuh apa kang têka ||
5. Lan apa maning kang kèksi |  
kang tinêmu dening sira |  
lah kapriye sayêktine |  
rupêking kubur punika |  
kalawan pancabaya |  
têkane malekatipun |  
patakone kaya ngapa ||
6. Umatur pathak ring Nabi |  
ya Nabi Ngisa Rohollah |  
Gusti andangu gatine |  
prakawis kasusahan |  
botên wagêd matura |  
pandamêl kang dahat agung |  
sami pinanggih sadaya ||
7. Sadangu kawula mati |  
amanggih siksa ngakerat |  
kawanatus tahun rêke |  
langkung pitungdasa warsa |  
lamine amba pêjah |  
siniksa wontên ing kubur |  
ngakerat langkung musakat ||
8. Ya Nabi Ngisa linuwih |  
amba umatur ring tuwan |  
rikala awit sakite |  
kawula manggèn panggonan |  
langse ingkang pinajang |  
kapetak-petak mulya gung |  
pinajang inguparêngga ||
9. Amba linggih ganti-ganti |  
dhatêng lêbêting pajangan |  
nuntên karaos sakite |  
amumêt sirahkawula |  
nênggih namung sasangat |  
anuntên kawula wangsul |  
alinggih dhatêng pandhapa ||
10. Sangsaya karaos sakit |  
tan bêtah anandhang lara |  
kawula tilêm kanthile |  
malah anangis kawula |

langkung ing sakitamba |  
juru ladèn sami ngrungu |  
amba malah galasahan ||

11. Sakathahing para èsthi |  
myang sêlir para parêkan |  
sami ngupados dhukunne |  
wontên ingkang damêl tamba |  
pra dhukun dhatêng kesah |  
tamba pintên-pintên tumpuk |  
kang tumrap badankawula ||
12. Tan wontên kang mupangati |  
sakathahing dhukun tamba |  
bokinggih wontên sudane |  
sangsaya mêwahi lara |  
tan wontên mayarira |  
raos sangsaya kadudut |  
kawula pongah-pangihan ||
13. sarêng sakit sampun lami |  
gangsalsari watawisnya |  
tan bêtah nandhang sakite |  
sumaput panonkawula |  
untu pan ngantos oyag |  
gumêtêr jasad sadarum |  
kawula tan sagêd obah ||
14. Parêkan sêlir mijêti |  
wontên ingkang nganggang-anggang |  
anggosoki sukuningong |  
sangsaya wimbuh larane |  
tan wontên kang mupangat |  
nuli kantaka katèngsun |  
parêkan sami karuna ||
15. Wong dalêm pating jalêrit |  
gègèr umung jroning pura |  
pating jalêrit tangise |  
santana kawula-warga |  
sami dhatêng sadaya |  
botên mupangat mring ulun |  
saya pêtêng kang paningal ||
16. Nuntên kawula ngêmasi |  
sakèh wong ing dalêm pura |  
lir wukir rêbah tangise |  
sawênèh pan gègulungan |  
nèng siti niba-niba |  
ana nyuwèk sinjangipun |  
wênèh wontên (ng)gêblog jaja ||
17. Sawênèh anibèng siti |  
sawênèh angrontog rema |

Jilid 4 - Kaca : 192

- amba miyarsa tangise |  
 tan wontên ingkang mupangat |  
 sakèhe kang nalangsa |  
 sadayanya abdiulun |  
 sambate kadi gêrantang ||
18. Nuli malaekat prapti |  
 astanya lajêng anyandhak |  
 êrohkawula ginèndhèng |  
 wus pisah kalawan jasad |  
 sartane malekat |  
 ambêkta wadhah puniku |  
 isinya inum-inuman ||
19. Sukunya malekat kalih |  
 saking gung miwah apanjang |  
 dhatêng bumi pitu ngisor |  
 lan sirahe malekat |  
 langkung gêng luhur dahat |  
 sundhul ing langit kapitu |  
 netranya lir pendah surya ||
20. Lan gênge suwiwi kalih |  
 malekat ingkang prapta |  
 suwiwi kanan agênge |  
 wiyaripun sami jagat |  
 wontên sawarganira |  
 kang kiwa suwiwinipun |  
 ing lèbêt isi naraka ||
21. nênggih malekat kang prapti |  
 awakipun warni papat |  
 abrit cêmêng suwarnane |  
 ana kuning ana pêthak |  
 kawula langkung hebat |  
 ajrih sangêt amba (n)dulu |  
 de malekat langkung gêngnya ||
22. Kawula ajrih tan sipi |  
 aningali mring malekat |  
 nènêm cacahé sirahe |  
 sasiki ing têngênira |  
 sirahe malekat |  
 sasiki ing têngênipun |  
 sirahe kang malaekat ||
23. Sirah ingkang juga mungging |  
 ing ngajêng prênahing jaja |  
 sajuga dalamakane |  
 prènahe wau kang sirah |  
 nênggih ingkang satunggal |  
 sirah wontên jêngkuniipun |  
 satunggal gègèr prênahnya ||

24. Nabi Ngisa ngandika ris |  
(n)dangu malih mring pun pathak |  
apa ta sira atakèn |  
maring malaekat ika |  
aturipun sang pathak |  
inggih amba takèn wau |  
sêmu ajrih amba pêksa ||

Jilid 4 - Kaca : 193

25. Dhuh malekat kadospundi |  
sirah paduka kang kanan |  
punapa ta ing damêle |  
sauripun malaekat |  
sirahingsun kang kanan |  
karya (n)jabêl roh sadarum |  
sakèhing wong miskin ika ||

26. Inggang kiwa kadipundi |  
punapa damêle tuwan |  
sirah paduka kiwane |  
sumaur ris malaekat |  
sirahingsun kang kiwa |  
anjabêl sakèh roh iku |  
wong kang nèng makrig(?) sadaya ||

27. Pathak atêtakon malih |  
dhumatêng kang malekat |  
sirah paduka sikine |  
inggih kang wontên ing ngarsa |  
punapa damêlira |  
malaekat sauripun |  
sirahsun ngarsa punika ||

28. Kabutuh anjabêl maring |  
saguning umat Muhkhamad |  
Nabi kang wêkasan dhèwè |  
dhuh Nabi Ngisa Rohollah |  
amba dèrèng uninga |  
wadana kalangkung bagus |  
tinimbang sakèh rainya ||

29. Kang (n)jabêl umat (n)Jêng Nabi |  
Muhkhamad bagus piyambak |  
tan wontên mèm pêr warnine |  
anuntên amba têtanya |  
nênggih ring malekat |  
sirah tuwan malihipun |  
kang wontên luhuring pada ||

30. Punapa damêle ugi |  
sauripun malaekat |  
anjabêl êroh sakèhe |  
kang anèng langit kasapta |  
saguning malaekat |  
puniku bubuhanipun |

sakèh nyawaning malekat ||

31. Amba atêtanya malih |  
dhumatêng ing malaekat |  
sirah tuwan sawijine |  
kang wontên sor jêngkunira |  
sumaur malaekat |  
anjabêl sakèh roh iku |  
isining bumi kasapta ||
32. Sirah tuwan wontên gigir |  
gih kabubuhan punapa |  
malekat alon saure |  
iya iku kabubuhan |  
(n)jabêl sakèh roh kopar |  
ahli naraka sadarum |  
puniku kang kabubuhan ||
33. Nabi Ngisa ngandika ris |  
andangu dhatêng pun pathak |  
ingsun tanya satêmêne |  
lah kapriye tingalira |  
ing pati nêmu apa |  
mungguh sakèhing pakewuh |  
ing pati apa kang ana ||
34. Pathak matur maring Nabi |  
ya Nabi Ngisa Rohollah |  
paningalamba salinne |  
malaekat (n)jabêl nyawa |  
dadose tigang pantha |  
kang sapantha karyanipun |  
(m)baurêksa ing naraka ||
35. Anyêpêng gada ngajrihi |  
sapanthanya malaekat |  
(m)basêngut pinggir nrakane |  
satêngah kang malaekat |  
(n)dhodhok mêtêngut kewala |  
nèng têtèping nrakanipun |  
pitung puluh malaekat ||
36. Rupinipun warni-warni |  
malaekat beda-beda |  
angajrihi sadayane |  
sakathahing malaekat |  
angunci lesanamba |  
tan wagêt amba calathu |  
binungkêm ing malaekat ||
37. Kalamun amba ing nguni |  
upami tan binungkêma |  
lesanamba sayêktine |  
nalika amba sakarat |

Jilid 4 - Kaca : 194



saking sangêting lara |  
èstu mirêng sambatulun |  
ing langit kasapta pisan ||

38. Lawan malaekat malih |  
sadaya wau pra samya |  
anutupi netrangingong |  
malekat malih ambanda |  
tangan kalih tan obah |  
malekat pitung puluh |  
anggèrèt dhatêng kawula ||
39. Kadi tiyang (ng)gèrèt anjing |  
sakathahe malaekat |  
amba ginalandhang bae |  
tinibakakên naraka |  
Nabi Ngisa ngandika |  
lah ta piye rasanipun |  
sira anèng ing naraka ||
40. Lah êndi ingkang ngèmpêri |  
apa padha gêni donya |  
sakala cinêmplungake |  
munggèng jêroning naraka |  
umatur pathak jalma |  
sarêng amba wus kacêmplung |  
mungkur malaekat samya ||

### **299. Pangkur**

1. Dhuh Nabi Ngisa Roholah |  
tatkalane amba nèng ing yomani |  
sarêng kawula kacêmplung |  
ing naraka kawula |  
lajêng ical kulit daging lawan balung |  
amung kantong êroh amba |  
kawula ajêrit-jêrit ||
2. Anuli amba ingêntas |  
winangsulkên dhatêng naraka malih |  
roh amba dinêgêm asru |  
dhatêng ing malaekat |  
wangsul marang ngalamdonya awakulun |  
sampuning amba siniksa |  
wangsul maring donya malih ||
3. Nuli jasad ingêdusan |  
kinakapan lawan ing sinjang putih |  
anuntên amba pinikul |  
binêkta mring kuburan |  
wus sinèlèhakên wau jroning kubur |  
nuli amba ingurugan |  
ing siti kantong gumliting ||

4. Kang ngiring wus mantuk samya |  
apan amba kantong gumuling siti |  
antukipun amba wêruh |  
amba kantong piyambak |  
anèng kubur tanpa rowang gumaluntung |  
roh-amba winangsulêna |  
dhumatêng jasad ngong malih ||
5. Sigra prapta malaekat |  
pan kakalih malekat kang (n)dhatêngi |  
parêng amba nuli lungguh |  
sarta manis wacana |  
anulisa anak Adam dipun-gupuh |  
kang kadya panulisira |  
duk maksih anèng donyèki ||
6. Amalira tulisana |  
nalikane sira anggawe bêcik |  
ana ing donya kang tuhu |  
nuntên amba angucap |  
lah punapa kang amba damêl nunurun |  
kalam daluwang tan gadhah |  
punapa kadamêl mangsi ||
7. Malekat sarêng angucap |  
kalamira sira gawe dariji |  
mangsine iku idumu |  
kêrtase tanganira |  
dipun inggal manawa tumuli rawuh |  
malekat kang kaduk sura |  
manawa banjur (ng)gêbugi ||
8. Apa ta sira anangga |  
panggadane malekat kang (n)dhatêngi |  
ingkang aran Wanakirun |  
sunbatang datan kêlar |  
mila enggal anuruta dènagupuh |  
nalikane anèng donya |  
amalira ingkang bêcik ||
9. Dhuh Gusti (n)Jêng Nabi Ngisa |  
sarêng musna nênggih malekat kalih |  
tatkalane apitatur |  
dhatêng jasatkawula |  
nuntên prapta nênggih malaekat Kirun |  
netranira kadi surya |  
dêdêge sundhul wiyati ||
10. Langkung cêmêng mukanira |  
malaekat ingkang sami (n)dhatêngi |  
swaranya lir pendah gludhug |  
remanya jatha gimbal |  
netranira malorok andik kadulu |  
lambe kalih tibèng jaja |

kang nginggil anggarut langit ||

11. Malekat kalih angucap |  
ingkang nama Kirun agya nakènni |  
satunggalnya Wanakirun |  
alinggih sandhing amba |  
pan kawula kinèn ngadêg Wanakirun |  
jangga-amba dipun candhak |  
nuli amba dèn-gêbugi ||
12. Kalawan gadane tosan |  
agêngipun gada sami lan rêdi |  
sarêng kawula pinukul |  
mring kalih malekat |  
kanan kering asarêng pamukulipun |  
balung kulit daging amba |  
wus sirna awor lan siti ||
13. Patakènnya asru nyêntak |  
tingkahipun nênggih malekat kalih |  
hèh ta sapa Pangeranmu |  
makatên pangucapnya |  
sampun ical akalamba tan sumaur |  
saking jrih kawula dahat |  
milamba datan nauri ||
14. Badanamba dharodhogan |  
anggêtêri ngoplok datan nauri |  
anuli amba pinupuh |  
gadaning malaekat |  
sarta takèn tan liyan patakènipun |  
hèh hèh sapa Pangeranta |  
saryanggada gung tininggil ||
15. Amba datan sagêd jawab |  
botên pirsâ Pangeran malih-malih |  
amung brahalamba wau |  
ingkang kawula sêmbah |  
sangsaya sru krodhaning malekat Kirun |  
tan kèndhat pangadanira |  
kering kanan anggêbugi ||
16. Anuntên amba inguntal |  
dhatêng bumi siti sarêng anjêrit |  
sarya bumi ngucap asru |  
mêlèhkên ing kawula |  
sira mangan rêjêkinira Hyang Agung |  
kang tuwuh sing gigiringwang |  
milane sira suncêpit ||
17. Sakathahing têtanêman |  
ingkang sami tuwuh ing gigirmami |  
sawêtune uwohipun |  
sira ingkang amangan |

Jilid 4 - Kaca : 196

nora (n)jaluk brahalanta kayu watu |  
pagene sira tan nêmbah |  
Pangeran kang murbèng bumi ||

18. Sira pan satruning Allah |  
wêkasane samêngko sira mati |  
katêmu ing wêtêngingsun |  
lah mara ge budiya |  
ingsun cêpit lah (n)jaluka tulung watu |  
iku ingkang sirasêmbah |  
brahala mêngko nèng êndi ||

19. Saksana anuli prapta |  
malaekat wontên malih (n)dhatêngi |  
sakalangkung gêng aluhur |  
sarta ambêkta gada |  
malaekat kakalih duk praptanipun |  
tan wontên suwaranira |  
sru lajêng sami (ng)gêbugi ||

20. Nuli wontên undhang-undhang |  
ngisor Aras swara asru dumêling |  
kapyarsa anguwuh-uwuh |  
sèrèdên ing naraka |  
ya kang sira gêbugi dimène ajur |  
balung daging kulitira |  
tantara cinandhak aglis ||

Jilid 4 - Kaca : 197

21. Malekat kalih tumandang |  
angrêrèwèng dhatêng kawula yêkti |  
sarêng prapta pinggiripun |  
naraka kantar-kantar |  
amba lajêng jinungkirakên rumuhun |  
gya cinêmplungkên naraka |  
balung daging marotholi ||

22. Asru ing panjêritingwang |  
ing karaos kadi kapidêng langit |  
langkung sangêt sakitipun |  
bêbalung kulit sirna |  
mung pinanggih raosing sakit kalangkung |  
sanajan jasat wus sirna |  
myang sinom-amba barindhil ||

### **300. Sinom**

1. Kawula matur ing tuwan |  
Nabi Ngisa Rohulahi |  
duk amba wontên naraka |  
pintên-pintên warsa Gusti |  
lami manjing ing agni |  
inggih jroning gêni murub |  
saksana dipunêntas |  
dhatêng malekat kêkalih |

nèng ngandhaping Aras unggyanipun ngêntas ||

2.    Amba nèng ngandhaping Aras |  
      kawula inggih ningali |  
      ngandhaping Aras katingal |  
      ing Kursi kalangkung adi |  
      pinatik intên bumi |  
      mirah abang wungu dadu |  
      Kursi cahya sakawan |  
      têngahing Aras satunggil |  
      satunggilnya mungging sakiwaning Aras ||
  
3.    Ing ngajêng Aras satunggal |  
      ing wingking Aras satunggil |  
      kursi wau langkung jêmbar |  
      papaèse warni-warni |  
      yèn tinon (m)balêrêngi |  
      ting karêlip ting palancur |  
      amba takèn malekat |  
      sintên ingkang dèncaosi |  
      linggih Kursi sakawan apelag-pelag ||
  
4.    Sumaur kang malaekat |  
      ingkang dèncaosi Kursi |  
      papat ingkang endah-endah |  
      kang sawiji Nabi Brahim |  
      ingkang sijine nênggih |  
      nabi kêkasih Hyang Agung |  
      aran Nabi Muhkamad |  
      wêkasanne para nabi |  
      panutannya manungsa sangalamdonya ||
  
5.    Apadene kang sajuga |  
      ingkang sinaosan Kursi |  
      Nabi Musa Kalamolah |  
      putranya Ngemram linuwih |  
      Kursi kalangkung èdi |  
      papaèse abra murub |  
      pinatik nawarêtna |  
      gêbyar-gêbyar (m)balêrêngi |  
      jangkêpipun Kursi sakawan punika ||
  
6.    Kawula tanya kang gadhah |  
      dhatêng malaekat Gusti |  
      jangkêpe Kursi sakawan |  
      tiga wus wontên (ng)gadhahi |  
      sêkawanipun inggih |  
      punika gih taksih suwung |  
      dèrèng wontên kang gadhah |  
      amba nuntên tanya malih |  
      malaekat punika sintên darbeya ||
  
7.    Jangkêpe kursi sakawan |  
      lah ta sintên darbe kursi |

Jilid 4 - Kaca : 198

sauripun malaekat |  
iku ingkang dènsaosi |  
Nabi Ngisa ing benjing |  
punika saosanipun |  
jangkêp Kursi sakawan |  
sampun wontên kang darbèni |  
tan antawis kawula malih binêkta ||

8. Sinèrèt ing malaekat |  
cinêmplung naraka malih |  
binêkta ring malaekat |  
arsa ring naraka malih |  
juru naraka Jakhim |  
kawula binêkta ambyur |  
malekat Jabaniyah |  
amba Gusti sru nyakari |  
rai amba kwula cakari priyangga ||
9. Lan amba awas tumingal |  
jroning naraka kaèksi |  
wontên tyang sêpuh satunggal |  
wontên jro naraka linggih |  
(m)basêngut netra andik |  
kukus mêdal irungipun |  
kinêpung malaekat |  
Jabaniyah kanan kering |  
gulunipun dhinadhung ing malaekat ||
10. Ing rante wêsi apanjang |  
tiyang sêpuh dèntakèni |  
jinirêt ing malaekat |  
kanan kering aningsêti |  
ing gulu rante wêsi |  
netranya andik (m)basêngut |  
sru ngucap malaekat |  
lah payo budiya aglis |  
tan antara cinêmplungakên naraka ||
11. Sinabêtakên jro nraka |  
kang rante wêsi ningsêti |  
ing gulunipun manungsa |  
ing kering kanan ningsêti |  
pitung èwu asteki |  
rante wêsi panjangipun |  
kang kocap Daliling nas |  
saumal yakin saluki |  
iya iku dosane ing wong duraka ||
12. Nora ngimanake Allah |  
mangeran ing liyanèki |  
lah punika siksanira |  
ginèndèng gulunya iring |  
malekat kang nyêkêli |  
kanan kering (m)batêk asru |  
sinabêtakên jro naraka |

kulit daging marotholi |  
sasampuning ilang kulit dagingira ||

13. Apan nuli binêbêdan |  
tiyang sêpuh wau ugi |  
kang ilang kulit dagingnya |  
sinalinan sakèh kulit |  
pitung dasa kèhnèki |  
sasampuning kulitipun |  
ing jro bêbêt punika |  
kêbêg sagung sawêr mandi |  
lan kalabang kalajêngking kêbêg gimbal ||

14. Saupama ngidènana |  
Allah ingkang Maha Sukci |  
yèn sawêr wau nguntalla |  
masthi wus nguntal babar ji |  
ing sawêr (m)blêbêt(n)dhêlik |  
têmahan nyokoti asru |  
kalajêngking klabang |  
ugi sami anyokoti |  
sêsambate jêrat-jêrit sabên dina ||

Jilid 4 - Kaca : 199

15. Inggih Gusti Nabi Ngisa |  
amba sumêrap pribadi |  
tiyang kang wontên naraka |  
warna-warna siksanèki |  
wontên sawêr gêng nênggih |  
amblêbêt awak sakojur |  
tansah pinulêt ngula |  
sarta lambe cinakoti |  
myang malekat tan kêndhat (ng)gadani sirah ||

16. Sarta amêlèhkên ika |  
malaekat sadayèki |  
ring malekat sami (ng)gada |  
jaluka tulung sirèki |  
kang sira sêmbah nguni |  
nalika nêng donya iku |  
kayu watu kang ko(k)sêmbah |  
ing saiki ana ngêndi |  
lah jaluka salamêt kang sira sêmbah ||

17. Malaekat sigra nyandhak |  
ing rante wêsi tinarik |  
rante pitungpuluh hasta |  
kang anjirêt gulu iring |  
sinabêtakên aglis |  
jinungkirkên rainipun |  
kulit daging malêsat |  
malaekat ngucap wêngis |  
lah ta iki walêse wong kang duraka ||

18. Yata wau Nabi Ngisa |  
miyarsa aturirèki |  
pathak ratu Sam ing kuna |  
nalika wontên yumani |  
sakala Kangjêng Nabi |  
Ngisa nuli nangis asru |  
kagagas miyarsa turnya |  
pathak agya matur aris |  
Allah Gusti sampun paduka karuna ||

19. Dèrèng têlas aturamba |  
aduh Gusti Kangjêng Nabi |  
tingkahipun tyang duraka |  
kang wontên naraka Gusti |  
ambyarsa matur malih |  
kagayat Nabi Ngisa ngrungu |  
ature punang pathak |  
kèndêl tangise (n)Jêng Nabi |  
lir maskentir ature lamun kapyarsa ||

### **301. Maskumambang**

1. Aturipun risang pathak angênèni |  
dhuh Gusti Rohulah |  
ing pamirsa-amba malih |  
warna-warnining naraka ||
2. Pitung pangkat pyambak-pyambak siksane |  
inggih tundha sapta |  
pangkatipun ngandhap nginggil |  
sapangkatnya lèlampahan ||
3. Sangangatus warsa ngandhap lawan nginggil |  
pangkat kang kapisan |  
naraka-jahanam Nabi |  
pangkat kalih namanira ||
4. Nraka-salkar tri nraka-kusamah nami |  
pangkat ping sakawan |  
nraka-sangir namanèki |  
pangkat gangsal nraka-satar ||
5. Pangkat ping nêm nraka-jakim namanèki |  
pangkat kaping sapta |  
nraka-awiyah mungkasi |  
naraka-jakim punika ||
6. Ingkang dipun acaosi mring jakim Gusti |  
sang Pirngon ing kuna |  
lan sawadya balanèki |  
dene ta naraka-satar ||
7. Saosane sadaya titiyang kapir |  
manggon nraka-satar |  
wondening naraka sangir |

Jilid 4 - Kaca : 200



eblis ingkang cinawisan ||

8. Sawadyane (ng)gènnira ngirup-ngirupi |  
sakèhing manungsa |  
kaajak manjing mring sangir |  
jalma kang manut ing setan ||
9. Mila eblis sru (ng)gêgodha maring jalmi |  
ingajak ginonjak |  
umanjing maring yomani |  
kinarya dhasar nèng ngandhap ||
10. De pyambake punika wontên ing nginggil |  
jalma ingkang samya |  
korup panggodhaning eblis |  
manggon ing ngandhap priyangga ||
11. Pramilane ing ngagêsang dipuneling |  
dènyitna waspada |  
ywa ngantos pêpeka malih |  
sêmbrana sayêkti tiwas ||
12. Sampun ngantos supe ingkang Maha Sukci |  
dhuh Gusti (n)Jêng Ngisa |  
amba matur tuwan malih |  
mênggah kusamah naraka ||
13. Panggenanne sakèhing kapir Yahudi |  
sawadyabalanya |  
kusamah saosannèki |  
dene ta naraka lalta ||
14. Panggenanne inggih kapir nasarani |  
latu mulat-mulat |  
mangkya nraka jahanammi |  
saosan kang darbe benjang ||
15. Umatipun (n)Jêng Nabi Rasululahi |  
inggih Nabi-duta |  
Muhammad ingkang sinêlir |  
umat kang sami duraka ||
16. Ing Pangeran tan manut sarengat Nabi |  
jahanam unggyannya |  
dhuh Gusti Ngisa (n)Jêng Nabi |  
duk amba niat naraka ||
17. Warni sapta kados kang katur ing Gusti |  
(n)Jêng Nabi ngandika |  
pathak pitutura malih |  
kang anèng yomani-nraka ||
18. Kathah warninira kang siniksa Gusti |  
mandah uwas mulat |

Jilid 4 - Kaca : 201

- kanthanya saèstu nangis |  
de kang sami nèng naraka ||
19. Sawarnining dêdosa nèng nraka sami |  
nangis ngaru-ara |  
sabên nraka (m)bilaèni |  
tan saos ing pinggir têngah ||
20. Pinggiripun têmbaga abrit kinardi |  
pindha wangwa muncar |  
amurub kagiri-giri |  
ulate kanang têmbaga ||
21. Ing lêbêt katimah ajur kang kinardi |  
minangka wedangnya |  
mêmblês-mêmblês umobnèki |  
pindha galudhug swaranya ||
22. Pêtêng dhêdhêt pindha bêgowong Hyang Rawi |  
bênduning Pangeran |  
kanan kering andhatengi |  
ing wingking ngajêngan duka ||
23. Tan antara sawêr agêng andhatengi |  
kalangkung gêngira |  
panjanging sawêr (n)Jêng Nabi |  
lampahan saptèwu warsa ||
24. Netra pindha Hyang Rawi kêmban ngèbèki |  
galak naut ngakak |  
panêmbur sakêthi riris |  
upasnya ingkang dhumawah ||
25. Ing manungsa mung satètès tanpa dadi |  
luluh nir kukuban |  
nênggih wontên jalma siki |  
dipun siksa nèng naraka ||
26. Winor lawan timah ajur munggèng pèthi |  
jro pèthi dahana |  
jêmbaring pèthi watawis |  
sèwu pandêlêng têbihnya ||
27. Tan antara manungsa kang kinèn manjing |  
jro pèthi dahana |  
dene kawula (n)Jêng Nabi |  
siniksa ing malaekat ||
28. Tinunggilkên ing setan salaminèki |  
dumèh setan ingkang |  
ambêbedhung amiwiti |  
tinuntun maring maksiyat ||
29. Ing nalika ing donya ulun umiring |  
panggodhaning setan |

pramila siksamba Gusti |  
tinunggilkên setan lanat ||

30. Sawêr agêng tansah mulêt anyokoti |  
rêbat dhucung lawan |  
kalabang myang kalajêngking |  
angrèp ngêntupi kawula ||
31. Jêlèh-jêlèh tan kêlar nandhang ing sakit |  
myang sruning agila |  
(n)Jêng Nabi Ngisa tanya ris |  
maring pathaking narendra ||
32. Nèng naraka pirang tahun laminèki |  
Gusti lami amba |  
nèng jroning naraka api |  
pitung dasa catur warsa ||
33. Sadangune ulun nèng nraka-yomani |  
nandhang siksaning Hyang |  
mangka sadintên ing akir |  
sèwu dintên ngalamdonya ||
34. Sèwu ari ing akir donya saari |  
ulun kagawokan |  
samantên laminirèki |  
(ng)gènulun anandhang siksa ||
35. Nahên Kangjêng Nabi Ngisa duk miyarsi |  
ature kang pathak |  
(n)jêthung sêmu waspa mijil |  
marawayan pangarasan ||
36. Sru kagagas ature pathak ngênani |  
tyas Nabi karantan |  
pathak nulya matur malih |  
dhuh Gusti Nabi Roholah ||
37. Ulun anèng nraka sasambat (n)dêrwili |  
midhangêt suwara |  
saking arah amêlingi |  
kang swara dumêling endah ||
38. Datan kenging upamèkkên saminèki |  
ujaring kang swara |  
malekat wangsulna malih |  
êrohe pathak narendra ||

Jilid 4 - Kaca : 202

### **302. Mêgatrüh**

1. Sru kayungyun pathak amiyarsa tutur |  
ing swara lamat dumêling |  
mangkono pamyarsanipun |  
sira pathak nèng yamani |

ujare swara katongton ||

2. Kèh malekat pakênira dènagupuh |  
rohing pathak nèng yomani |  
wangsulna mring pathakipun |  
kang anèng têtèping margi |  
kang wus nir daging mandholos ||
3. Krana iku wong loma lila arta gung |  
sarta kèh sidhêkahnèki |  
mring wong pêkir miskin amung |  
sanadyan ta iku kapir |  
nêmbah mring brahala yêktos ||
4. Nanging akèh kabêcikanirèng dangu |  
sidhêkahe sabên ari |  
pêkir miskin sadayèku |  
sinung sandhang pangan mintir |  
sadinane sèwu uwong ||
5. Lawan agung urmatira mring têtamu |  
sadina-dina kang prapti |  
parentahing wadyanipun |  
sakèhing tamu ywa kongsi |  
kurang sêgahing sang katong ||
6. Lawan lila asidhêkah dinar sèwu |  
tanpa kèndhat sabên ari |  
antuk wong sèwu kang sinung |  
salawase madêg aji |  
mangkono ingkang lalakon ||
7. Mung cacade sri Ngêsam iku wong kupur |  
nèng donya nora marsudi |  
agama Islam linuhung |  
sigêg swara kang dumêling |  
kang kapirèng pathak katong ||
8. Kocap Kangjêng Nabi ing sadangunipun |  
myarsakkên aturirèki |  
pathak duk mirèng swarèku |  
tamate aturirèki |  
(n)Jêng Nabi malih tanya lon ||
9. Hèh ta pathak ingsun tanya mring sirèku |  
kaume sapa ing nguni |  
pathak matur kaum-ulun |  
ing Gusti Ilyas (n)Jêng Nabi |  
hèh pathak duk madêg katong ||
10. Anèng Ngêsam amêngku nagara agung |  
lawan sawadyanirèki |  
apa sasêmbahanmu |  
kang sira-pangeran yêkti |

Jilid 4 - Kaca : 203

- pathak matur manis alon ||
11. Ingkang ulun sêmbah ing salaminipun |  
lan sawadyabala mami |  
sapi gung pelag kalangkung |  
Nabi Ngisa dangu malih |  
maring pathak lingira lon ||
12. Sapi ulês apa kang sinêmbah iku |  
sri pathak turira aris |  
Gusti ulêsipun lêmbu |  
kang amba anggêp Hyang Widdhi |  
lir mutyara abrit nyarong ||
13. Sungunipun inggih mutyara linuhung |  
taracak mutyara adi |  
gêbyar-gêbyar yèn dinulu |  
gulunipun lêmbu Gusti |  
ulunpatik rêtna kaot ||
14. Intên bumi hêrwarih miwah hêrlaut |  
sinawang muncar nêlahi |  
lir sagêd molah kang lêmbu |  
mênggah sirahipun sapi |  
akik jênar mubyar nyarong ||
15. Netra kalih kumala sirah linangkung |  
sajêbug agêngirèki |  
malerok andik dinulu |  
mangsuli sungunya sami |  
narancang pinulas kaot ||
16. wontên abrit pêthak jênar asri mungguh |  
mas slaka suwasa adi |  
kang kinarya suku lêmbu |  
dêdêg purusa gêng inggil |  
sasampuning lêmbu dados ||
17. Amba sawang-sawang warninira bagus |  
endah adining kang sapi |  
patikbra nglocitèng kalbu |  
cacate sêmbahanmami |  
têka tan bisa calathon ||
18. Yèn bisa-a ngucap lir gêsang puniku |  
ingsun-pangeran sayêkti |  
tan antara setan kathung |  
manjing jro garbaning sapi |  
nywara mêdal lesan alon ||
19. Pangucapnya êngah-êngah glêndêm arum |  
sarêng lêmbu sagêd angling |  
amba myang sawadyaulun |  
manêmbah sujud ing sapi |

Jilid 4 - Kaca : 204

mangeran ing lair batos ||

20. Nabi Ngisa pangandikanira arum |  
hèh ta pathak saupami |  
ingsun nunuwun Hyang Agung |  
lamun kaparêng ing Widdhi |  
kabul ing pandonganingong ||
21. Ingsun nyuwun umurmu bisane wangsul |  
urip bali mring donyèki |  
apa sira isih kupur |  
nêmbah mring brahala maning |  
sapi ko(k)èstha Hyang Manon ||
22. Pathak ratu tanggap manis aturipun |  
dhuh Gusti (n)Jêng Roholahi |  
amba kapok tobat èstu |  
pami wangsul donya malih |  
botên pisan amba kupor ||
23. Nabi Ngisa pangandikanipun arum |  
hèh ta pathak mung ywa kibir |  
mêsthèkkên durung kinaruh |  
manawa na sihing Widdhi |  
Allah kang murah sih yêktos ||
24. Ingsun wêlas tumingal marang sirèku |  
(n)gonnira uwis ngalami |  
kacêmplung ing naraka gung |  
pirang nraka kok lakoni |  
siksa kuwasèng Hyang Manon ||
25. Lamun ana papasihane Allahu |  
sira bisa urip lami |  
apa manuta maring sun |  
nurut ing parentahmami |  
apa bali kupur kothor ||
26. Pathak ngasih-asih manis aturipun |  
dhuh Gusti tobat wakmami |  
sok-ugi gêsang katèngsun |  
miturut ing rèh (n)Jêng Nabi |  
angèstokkên lair batos ||
27. Nabi Ngisa sih wêlasira lumuntur |  
pangandikanira aris |  
sanadyan sira wong kupur |  
nêmbah mring brahala sapi |  
nanging kèh amalmu yêktos ||
28. Asidhêkah kalawan eklasing kalbu |  
lah paran karêpirèki |  
lan tekotmu kang saèstu |  
ingsun arsa amiyarsi |

29. Ing sakèhe naraka kaananipun |  
pathak aturira aris |  
dhuh dhuh (n)Jêng Nabi linuhung |  
amba nunuwun ing Gusti |  
sih marma awlas maring ngong ||
30. Aparinga pitulung mring jasatulun |  
sinuwunakên ing Widdhi |  
sagêd gêsang malih ulun |  
lantaran saking (n)Jêng Nabi |  
amba nut agami kaot ||
31. Angibadah ing Allah kang Maha Luhur |  
sok ugiya gêsang malih |  
wangsul mring ngalam donyèku |  
sêdya muhung bêkti Widdhi |  
amba sampun tobat kapok ||
32. Siniksa ring malaekat langkung kawus |  
èstu miturut (n)Jêng Nabi |  
myang mantêp eklasing kalbu |  
nadyan kinon anglampahi |  
ngibadah bêkti Hyang Manon ||
33. Anglangkungi sakèhe makluk sadarum |  
umatipun Kangjêng Nabi |  
tuwin Nabi sadayèku |  
tan kadi umatirèki |  
(n)Jêng Nabi Rasul kinaot ||
34. Nabi Ngisa mèsêm angandika arum |  
ing samêngko durung lair |  
Nabi Muhkamad linuhung |  
(m)benjing ing sapungkur mami |  
jumênêng nabi wus pantog ||
35. Kakasihe Hyang jangkêp nêm sarengatun |  
sanadyan jiwèngong iki |  
bangêt (ng)gonningsun kayungyun |  
dadya umat kang sinêlir |  
Nabi kêkasih kinaot ||
36. Pathak matur kintên-kintên lairipun |  
Mukhamad benjing punapi |  
Nabi Ngisa wacana rum |  
mung Allah kang ngudanèni |  
pathak matur malih alon ||
37. Adhuh Kangjêng Nabi Ngisa Rohulahu |  
sru sangêt panuwunmami |  
tumuntêning angga-ulun |  
gêsang anèng donya malih |

(m)bok bilih sêlak binopong ||

38. Ing malekat binêkta mring naraka pyu |  
sumangga Gusti dènaglis |  
sadangune amba matur |  
manah manggung kêtir-kêtir |  
pamucunge kang katongton ||

Jilid 4 - Kaca : 206

### 303. Pocung

1. Nabi Ngisa sru wêlas duk myarsa atur |  
pathak langkung tobat |  
rubêt pakewuh ing pati |  
sinangsaya kinêlêm anèng naraka ||
2. Wusing matur pundirangan mili kang luh |  
Gusti èstu tobat |  
tan nêmbah brahala malih |  
sru kaduwung ngêmungna kang wus kalakyan ||
3. Amba sêngguh tiyang anglampahi kupur |  
manggih karaharjan |  
wasana kaananèki |  
duk nèng kubur kewala wus manggih siksa ||
4. Nèng akerat ginada malekat ulun |  
angga anggalêpang |  
sinuwir jinuwing-juwing |  
tanpa mêndha raintên dalu siniksa ||
5. Dhuh dhuh adhuh Gusti Nabi Roh Allohu |  
amba asru dahat |  
nyuwun lumunturing kang sih |  
ginêsangna wangsul maring ngalam donya ||
6. Prasetyamba yèn wus gêsang lir duk wau |  
dêmi Allah Akbar |  
sadhawuh-dalêm (n)Jêng Nabi |  
anglampahi raintên dalu ngibadah ||
7. Amumuji ngluhurkên Asma Hyang Agung |  
janji amba gêsang |  
nèng donya praptaning lalis |  
datan nêdya nalisir agami mulya ||
8. Kangjêng Nabi lumunturing wêlasipun |  
mring pathak narendra |  
tandya ngambil toyastuti |  
salat kalih rêkangat sawusnya salam ||
9. Nulya sujud andodonga Hyang Mahagung |  
ya Ilahi amba |  
sayidi ya wa lai |  
ya marid ya samat kang rapal maknanya ||



10. e Pangeran Kang Agung amba nunuwun |  
Tuwan anggêsangna |  
pathak gumluntung kaswasih |  
kang mandhilis sirna kulit dagingira ||
11. Myang sagêda wangsul malih mring donyèku |  
sru kapengin iman |  
tan antara Nabi myarsi |  
swara nguwuh saking Arah prênahira ||
12. Sabda gaib dumêling pamyarsanipun |  
e Nabi minulya |  
Ngisa èstu Roholahi |  
nuli konên ngadêg si pathak dènenggal ||
13. Ingsun ingkang dhawuh ngidèni karsamu |  
ing panuwunira |  
ingsun tartamtu (n)jurungi |  
panyuwune si pathak anyuwun gêsang ||
14. Awit akèh sidêkahe duk ing dangu |  
asih ing sasama |  
pêkir miskin anak yatin |  
lilèng donya tan rumangsa darbènana ||
15. Darma gadhuh kasèrènan barana gung |  
nora ngrasa gadhah |  
kabèh kagungane Widdhi |  
Nabi Ngisa tatela pamyarsanira ||
16. Ri saksana Nabi Ngisa Roholahu |  
mijil Siti Maryam |  
pathak dènadhêp liniling |  
sarwi nguwuh-uwuh mring pathak narendra ||
17. eling-eling pathak kang ilang kulitmu |  
myang dagingmu sirna |  
gya ngadêga awit saking |  
kuwasanne Allah kang karsa pribadya ||
18. Lah tangiya pathak tan antara dangu |  
gêsang paripurna |  
warna bagus kadi nguni |  
gurawalan sujud anungkêmi pada ||
19. Sarta ngucap kalimat Sahadat luhung |  
karuna mlasarsa |  
prasêtya mawanti-wanti |  
amba Gusti dêmi (m)botên pisan-pisan ||
20. Nyakuthokkên Pangeran Kang Maha Luhur |  
kawus wus kawawas |  
yèn kadosa nguni-nguni |

Jilid 4 - Kaca : 207

tinikêlna siksa kubur ing akerat ||

21. Nabi Ngisa mèsêm angandika arum |  
papacuh manira |  
ywa pisan-pisan sirèki |  
adarbeya panyana lamun manira ||
22. Bisa nguripakên uwong kang wus lampus |  
satuhu mung darma |  
atas karsane Hyang Widdhi |  
anguripkên ing sakathahnya kang pêjah ||
23. Amatèni makhkluk kang urip sadarum |  
nanging wêkasingwang |  
ywa pêpeka dènaeling |  
ing wêkasan sira wus ngicipi siksa ||
24. Ywa katungkul kang bènêr tekadirèku |  
nêtêpi ywa pisan |  
nyakuthokkên ing Hyang Widdhi |  
pathak nêmbah-nêmbah umatur sandika ||
25. Nuwun Gusti (n)Jêng Nabi panutanulun |  
nadyan nir pacuhan |  
amba datan supe yêkti |  
miris maras katongton urubing nraka ||
26. Ngalad-dalat nyalat sangêt bêtèripun |  
miwah malaekat |  
pating barêkis ngajrihi |  
pinipit ing bumi kasapta sarosa ||
27. Ulun matur Gusti ing sayêktosipun |  
swarga myang naraka |  
taraju uwot mustakim |  
patakèning malekat duk nèng kuburan ||
28. Miwah dipun gada Karun wa Nakirun |  
sadayèku êkak |  
mila amba ing samangkin |  
sakalangkung nalangsa pasihing Suksma ||
29. Nabi Ngisa atusing miyarsa atur |  
aris angandika |  
lah wis kariya basuki |  
ingsun ayun nutugakên lakuningwang ||
30. Pathak ngraup pada anungkêmi suku |  
karuna mlasarsa |  
amba tumuntur ing Gusti |  
ing saparan pêjah-gêsang aywa pisah ||
31. Kangjêng Nabi pangandikanira arum |  
bangêt panrimèngwang |

Jilid 4 - Kaca : 208

- nanging tan susah tutwuri |  
tandya musna sri pathak kantun anggana ||
32. Nêngna kang wus musna kalaratullahu |  
sri Ngêsam winarna |  
mentar jujur turut wukir |  
asingidan pèrèng parang tan kaetang ||
33. Kang karasèng kalbu mung Allah Ngalimun |  
datan ana liyan |  
kal donya kabèh siningkir |  
asru mathêm sumungkêm kang sipat rahman ||
34. Pathak prabu pratistha ing jurang sirung |  
sasêlaning arga |  
singup rumpil singit wingit |  
langkung wirang pinanggih samining jalma ||
35. Atmajendra myang wayah tan pinaèlu |  
wadyaji wandawa |  
sadaya tan praptèng ati |  
kang kaèsthi trusing tyas mung pamêjangnya ||
36. Kangjêng Nabi Ngisa kawimbuhan kawus |  
duk kataman siksa |  
giris malekat kalaning |  
(n)jirêt gulu katongton awela-wela ||
37. Umobing kang timah anèng gêni murub |  
puniku kawangwang |  
pramila pathak samangkin |  
rintên dalu datansah salat sêmbahyang ||
38. Datan pègat ngluhurkên Asma Hyang Agung |  
asujud sadina |  
sadina sujud salat-i |  
lan arukuk saari rukuk kewala ||
39. Gya asujud ihtidal sadina muput |  
kalamun wus bakda |  
tandya awit salat maning |  
pan mangkana lakune sadina-dina ||
40. Pan cinatur anèng donya gêsangipun |  
wolungatus warsa |  
tan pègat dènnya ngabêkti |  
dhikir suhul nir towong sakêdhèp netra ||
41. Bukti nendra mung kinarya saranèku |  
wus kasêngsêm salat |  
jangkêpe astha-tus warsi |  
nandhang roga tumêkèng ing wapatira ||

Jilid 4 - Kaca : 209

42. Gumaluntung kawangwang panggenanipun |  
 nèng sawarga mulya |  
 kêkêl nora owah gingsir |  
 rapalipun ing têmbung Arab winarna ||
43. Pan walluhu yasngahu wa ngayasau |  
 wa yakkumu lawan |  
 sahuri têngêsirèki |  
 Allah ingkang akarya isining jagad ||
44. Ing sakarsa pribadi nora sakuthu |  
 barang kang kinarsan |  
 wisesa Hyang Maha Sukci |  
 titi tamat carita pathak narendra ||
45. Srat tinutup ki wisma wacana arum |  
 saèstu sakeca |  
 sêkar lalagon praja-di |  
 sarêng wilêt botên ngowahkên sarasa ||
46. Kadi paran ing mangke raosing kalbu |  
 kang sampun kawêdhar |  
 wontên ing kitab Tamai |  
 lah punika muhung kinarya piridan ||
47. Mas Cêbolang tumungkul karasèng kalbu |  
 alon aturira |  
 ulun sumanggèng kiyai |  
 saparentah dasihe datan lênggana ||
48. Kyai manthuk makatên kawula bagus |  
 jêngandika mentar |  
 mar mring sukuning ardi Wilis |  
 ing Majênang asramèng Êsèh Matyasta ||
49. Duk ing dangu ulun lami wontên ngriku |  
 Ki Sèh langkung paham |  
 sakridhane kang dumadi |  
 tan asamar ingkang badhe linampahan ||
50. Têmbe lamun sagêd pinanggih Sèh luhung |  
 bagus ywa pêpeka |  
 satuduh kêdah nglampahi |  
 èstu lamun manggih maduning agêsang ||

24 IV. Ing Majênang kapanggih Sèh Matyasta; angsal wêjangan bab pikukuhing Islam lan sanès-sanèsipun.

Mas Cêbolang dalah para santrinipun sami mangkat saking Sêlaung kanthi nilapakên para warok. Ewadene mêksa wontên ingkang nusul, badhe tumut ing salampahipun. Dilalah pambêng jawab lesus sadaya sami bilulungan, wasana sagêd pisah. Mas Cêbolang nglajêngakên lampah dhatêng asrama Majênang ing rêdi Wilis, sowan Sèh Matyasta ...  
 kaca 210-220

### 304. Dhandhanggula

1. Mas Cêbolang duk miyarsa warti |  
-ning Sèh Adi asramèng Majênang |  
lênglêng kataman wirage |  
nir cipta thuyul jêruk |  
kang kaèsthi muhung Sèh Adi |  
alon ing aturira |  
dhuh sang pinisêpuh |  
mugi ywa kirang aksama |  
benjing-enjing sabakdanira Subêki |  
ulun myang catur rencang ||
  
2. Laju maring Majênang ngulari |  
Sèh Matyasta ingkang wus kacêtha |  
Nur Subadya lon dêlinge |  
puniku langkung dhaup |  
botên saking tan rênèng ati |  
kanggenan kaampiran |  
paduka nak bagus |  
tulusa kang tyas sutrêsna |  
nanging botên sagêd sung timbanganing sih |  
wontên namung pitêdah ||
  
3. Nyai wisma mêdal saking panti |  
angladoskên sêkul parasulan |  
samêkta sararangkene |  
Subadya lingira rum |  
kabênêran sira pribadi |  
baliya marang wisma |  
ing saananipun |  
arta tanapi kang sinjang |  
lawan barang olèhe anggonne ngibing |  
anakmu Mas Cêbolang ||
  
4. Sesuk-esuk bakdane Subêki |  
arsa laju nutugake sêdya |  
sun tuduh amêrlokake |  
kampir Majênang iku |  
kapanggiya lan Sèh Matyasta |  
Nyi wisma lon lingira |  
kula (ng)gèr jumurung |  
pitêdahe ramandika |  
ewadene bilih kaparêng nèng ngriki |  
pun êmbok suka bingah ||
  
5. Rêhning Kyai botên asisiwi |  
lamun ramandika têtèng lena |  
nak bagus dados gêntose |  
mêngkoni nèng Salaung |  
Mas Cêbolang lingira aris |  
dhuh bibi pasihanta |  
saklangkung anuhun |  
botên wontên pakèwêtnya |  
nanging mangke kula kèdah anglampahi |

pitêdahe rakanta ||

6. Inggih anggèr kula anjurungi |  
botên langkung ing pamuji kula |  
dinugèkna sakarsane |  
rinêksa ing Hyang Agung |  
ingapura sadosanèki |  
tinêbihna ing bahya |  
pandamêl kang luput |  
muhung èngêt kanthinira |  
Mas Cêbolang tumungkul nuwun turnèki |  
nyi wisma malih nabda ||

Jilid 4 - Kaca : 211

7. Sarta miwah barang sasaming |  
kang tumitip nèng ulun punika |  
kabêkta-a sadayane |  
Cêbolang mèsêm matur |  
kathah-kathah kangge punapi |  
tiwas adadya bêktan |  
ulun mëndhêt namung |  
sacêkapipun kewala |  
sakantune kula aturakên nyai |  
sumangga ing sakarsa ||
8. Nurwitri ngling prayogi lumaris |  
pajar gidib supadya ywa wikan |  
warog jathil myang sanèse |  
Ki Subadya panuju |  
gya Nurwitri mring pondhoknèki |  
Saloka Kartipala |  
Palakarti sampun |  
samêkta alon-alonan |  
mring pandhapa datan ana kang udani |  
wus nunggil Mas Cêbolang ||
9. Rasulan gya dinongan Basuki |  
paragate donga sarêng nadhah |  
dumugi cinarikake |  
pajar gidib awallu |  
Mas Cêbolang sarencangnèki |  
sami asalaman |  
miwah rencang catur |  
dyan winêling marganira |  
ngalor ngetan tandya bidhal sadayèki |  
manapak patalunan ||
10. Êmprit gantil munya kawlasasih |  
pindhanira nyandhêt kang lèlana |  
kolik tuhu nêmênake |  
bêluk acêluk-cêluk |  
maring rowang kacêr srigunting |  
sikatan cocak thilang |  
jalakurèn pênyu |  
kalamun bisa-a ngucap |

payo kanca ngurmati swara kang nyaring |  
supaya kang umentar ||

11. Inggaring tyas kang samya lumaris |  
kang sinung ling rahab samya munya |  
sata anggantêr kluruke |  
garèng ngèrèng animbrung |  
kinjêng tangis ngiyêng ngayêngi |  
lir koncatan katrêsnan |  
mêrak munya ngungkung |  
bidho darès alap-alap |  
sandhanglawe jakawuru bèthèt slindhit |  
blêgdupuk grindan êngkak ||
12. Ambiyantu munya cêrik-cêrik |  
êngkuk kutut dêrkuku sêpahan |  
dupi myarsa manggung age |  
suwara rêbut bêsus |  
lantas antar cêtha dumêling |  
mèh raina sêmu bang |  
buyar ingkang manuk |  
wurahan andon wohwohan |  
myang mring têngal pêksi kang kulinèng warih |  
mring tlaga jajênêkan ||
13. Sigêg paran ungêling kang pêksi |  
wus raina warog jajathilan |  
wong Sêlaung sadayane |  
amiyarsa kalamun |  
Mas Cêbolang sarencangnèki |  
wau ratri wus linggar |  
saking ing Sêlaung |  
jalu èstri balulungan |  
sami nusul ngetan ngidul ngalèr sami |  
lampahnya gêgancangan ||
14. Kang kapanggya sukane angênting |  
giyak-giyak mêngdhak-mêngdhak lingnya |  
dhumatêng pundi Kêmase |  
de têka nora dhawuh |  
mring dasihe paran wakmami |  
kang dados kalêpatan |  
binêndon wakingsun |  
woting tyas mugi wangsula |  
mring Salaung adalêma wismamami |  
busana boga arta ||
15. Ulun ingkang marnèkkên utawi |  
rintên dalu jagi kasugêngan |  
têbiha ing sangsayane |  
Cêbolang lingira rum |  
iya bangêt panrimamami |  
têmbe sawangsulingwang |  
nglêgani karêpmu |

Jilid 4 - Kaca : 212

- samêngko padha wangsula |  
nora lawas yêkti ingsun bali malih |  
labêt kabyatan trêсна ||
16. Yèn makatên karsanta wong dhandhing |  
ulun miwah sakarsa sadaya |  
tumuntur ing saparane |  
tan ana sêdya mantuk |  
lamun datan sarêng wong (m)jlanthir |  
Cêbolang gung kêmengan |  
locitaning kalbu |  
paran lamun (n)daktulaka |  
ing karêpe milulu saka trêсна sih |  
upama lêstaria ||
17. Padha mèlu wong samono iki |  
gawe ribêt amumurung sêdya |  
ananging ta kaya priye |  
lamun wus karsanipun |  
Inggang murba ing Sahir Kabir |  
iya kinapakêna |  
wasana lingnya rum |  
jalu èstri mitraningwang |  
kang sutrêсна maringwang wong kawlasasih |  
tumuntur ing saparan ||
18. Sru sukèng tyas kang samya sinung ling |  
dhuh Kêmase sampun susah-susah |  
bab nadhahe sadangune |  
tuwin arjaning laku |  
ulun ingkang anguwawèni |  
sarwi agiyak-giyak |  
lajêng lampahipun |  
karsaning Hyang Maha Nasa |  
dènya sami mahawan kasasar maring |  
wana grêng wêrit pringga ||
19. Swara umyung rêh kagiri-giri |  
wrêksa agung sumiyut lir rêbah |  
kumêrot sêmpal êpange |  
prêbatang malang megung |  
pêdhut (n)dhêdhêt amawa tistis |  
ing akasa limengan |  
mêndhung angêndhanu |  
jawah drês thathit liwêran |  
Mas Cêbolang tan pisah lan rencangnèki |  
laju mangalèr ngetan ||
20. Warog jathil sarencangnya sami |  
bilulungan asrêpe kalintang |  
narêthêg sirna kiyate |  
tan uning kang dènênut |  
ngidul ngilèn lampahnya prapti |  
Karangtalun têngalan |  
ing dhusun Sêlaung |



byar anon Hyang Bagaskara |  
lingsir kilèn sadaya samya ngungun ngling |  
ya Allah ngudubilah ||

Jilid 4 - Kaca : 213

21. Nora (n)dipe yèn tumêkèng têngil |  
sukur nora binadhog ampuhan |  
puluh-puluh wus bêgjane |  
tan linilan tutpungkur |  
têtêp kinèn muhung ngêntèni |  
ujare ora lawas |  
jlamprong nuli wangsul |  
iya ing tèmbe kewala |  
lamun wangsul tètèng dhêmpêl ulêr jisim |  
ywa nganti bisa minggat ||
22. Sowang-sowang mantuk maring panti |  
sigêg Slaung kang nandhang kacuwan |  
nahan Cêbolang lampahe |  
pindha kabuncang lesus |  
sumèlèh ing têtèping têngil |  
ing wanci wêktu Ngasar |  
klantih nadhah nginum |  
Palakarti Kartipala |  
Ki Saloka ngalèlèh ngisoring janti |  
Nurwitri Mas Cêbolang ||
23. Rêrêmbagan paran kakang iki |  
bocah katri tan na kêlar glawat |  
kakang kariya ing kene |  
ulun kang marang dhusun |  
papariman uruban bukti |  
miwah mèt toya sêndhang |  
kinarya anginum |  
Nurwitri ririh lingira |  
dipun sabar lah punika wontên kèksi |  
jalma èstri (m)babêkta ||
24. Miyêk-miyêk gêgendhong anyangking |  
wusnya parêg nyi wadon aberag |  
tundhuk atatanya rètèh |  
kêtêmbèn ingong dulu |  
papatute pun anak têtèh |  
rencange sru katoran |  
Cêbolang lingnya rum |  
ingguh (m)bokne kasinggihan |  
ulun saking ing Mantawis badhe maring |  
asramèng ing Majênang ||
25. Sowan maring Sèh Matyasta siddhi |  
duk nèng wana kataman babaya |  
tan uning praptaning ngare |  
rencang tri nir ing bayu |  
manthuk-manthuk nyi wadon sarwi |  
nguculi bubundhêlan |

nigan nyamuk-nyamuk |  
lambe jinèwèr wus abang |  
susur anèng tangan kiwa angêcuwis |  
baguse kalêrêsan ||

26. Ngriki niki ran ing ardi Wilis |  
ing Majênang lah nika katingal |  
enyong puniki rencange |  
Sèh Matyasta linuhung |  
dèrèng lami tyang jalêr lalis |  
dadya ingong wulanjar |  
karanne (m)bok Mawur |  
ingong badhe asung tédha |  
mring kang sami nanêm boga canthèl gagi |  
paringe Sèh Matyasta ||

Jilid 4 - Kaca : 214

27. Rencang(n)dika niku rak kêlantih |  
dawêg niki sêkul gangsal pênak |  
lawan sakêndhi toyane |  
(n)dika tédhakkên gupuh |  
lah kantunna ngantos nèng ngriki |  
yèn êmpun mandum tédha |  
enyong nuntên wangsul |  
sêdhêng niku êmpun kuwat |  
enyong ingkang nglarapakên matur kyai |  
ananging sumêrêpa ||
28. Caranipun lamun sowan kyai |  
kêdah enjang lajêng pinanggiyan |  
mangke dalu prayogine |  
sipêng nèng sudhungulun |  
Mas Cêbolang mèsêm nyagahi |  
sêkule wus tinampan |  
Nyai Mawur laju |  
sarampunge mandum tédha |  
wangsul marang panggonanne kang kalantih |  
wus waluya sadaya ||
29. Wawi sampun kadangon nèng ngriki |  
lumaksana nyi lanjar nèng ngarsa |  
nyampe slendhang lambehane |  
nolah-nolèh mring pungkur |  
praptèng wisma tamunya nganti |  
anèng (n)jawining dhadhah |  
Nyai Mawur gupuh |  
jaga satru ginêlaran |  
sênthong kanan sênthong kering binarêsih |  
dinupan sinêkaran ||
30. Arêratêng nèng tangga sawusing |  
amiranti tinata nèng wisma |  
nyamikan wedang ron cêngkèh |  
liwêt ayam dêmuku |  
sambêl gorèng rêmpele ati |

karupuk kulit ayam |  
winadhahan bumbung |  
Nyai Mawur salin sinjang |  
tuwuhwatu kêmbên bathik orang-arang |  
poncot nêng wonga-wonga ||

31. Klambi sampir lurik kêmbang blimbing |  
bênik tangan sanga nisih êmas |  
jingga-loka rangkêpane |  
pupur (n)jalirit bathuk |  
gêlung gondhèl sinungan sari |  
tongkèng argulo mawar |  
nêngna lanjar Mawur |  
Cêbolang sarencangira |  
kang anganti anèng sajawining kikis |  
cacêngklungan mangantya ||
32. Cêbolang ngling èh kakang Nurwitri |  
iki priye têka nora prapta |  
(m)bok lanjar kang gondrèng-gondrèng |  
Nurwitri mèsêm muwus |  
(m)bokmênawi sawêg ngrarakit |  
sunggata myang sarira |  
radi mambêt kalbu |  
Saloka mangayubagya |  
rèh paduka nami kapotangan yêkti |  
(ng)ge nyaur boya nana ||
33. Kintên-ulun nyai lanjar maksih |  
radi majêng dhatêng mamah-mamah |  
katawis tanduk liringe |  
kuciwane sadumuk |  
sampun radi lungse ing wanci |  
ananging taksih bêrgas |  
manis ngundhung-undhung |  
badan nglênthang sawatara |  
mindhak alus parang jaja gêmuh nyêngkir |  
atut lamun sinêngka ||
34. Bilih klèjêmipun anong-aning |  
lamun sisêmbadan sampun êsah |  
potange (m)bok lanjar bêrèt |  
Mas Cêbolang angguguk |  
apa manèh ingkang pinikir |  
kajaba asrah badan |  
Ki Nurwitri dhaup |  
ya lanjara ya tuwa-a |  
ana apa wong anane amung kuwi |  
wah têtêp kapotangan ||
35. Lanjar Mawur wus dangu angintip |  
myarsakakên kang samya rêrasan |  
rujuka lawan karêpe |  
mêdal sing dhadhah gupuh |

Jilid 4 - Kaca : 215

- ngancarani mring tamunèki |  
lah suwawi lajuwa |  
tumamèng ing sudhung |  
Cêbolang sarencangira |  
pinarnahkên anèng jarambahing panti |  
sangajênging krobongan ||
36. Nyai lanjar bikut angladèni |  
pangudutan panginangan wedang |  
cêngkèh myang nyanyamikane |  
sumangga anak bagus |  
rinahapan sawontènnèki |  
sêgane tiyang arga |  
rencang sêpi samun |  
saèstune (m)botên pakra |  
muhung alumayan jampining kalantih |  
yèn sampun sami nadhah ||
37. Lèlèh-lèlèh ing sênthong prayogi |  
sisi sowang Nurwitri Cêbolang |  
katri nèng (n)jrambah wismane |  
gya rinahapan sampun |  
sasêgahe sawusnya bukti |  
lanjar Mawur kèngêtan |  
sidike kang ulun |  
istipar angudubilah |  
nora eca bêcik daklapur samangkin |  
mangsa wurunga wikan ||
38. Nyumêt obor blarak minggah ardi |  
kawarna-a Sèh Luhung Matyasta |  
pinarak lan sakabate |  
anèng srambining tajug |  
lanjar Mawur marêg wotsari |  
Matyasta mèsêm lingnya |  
babo Nyai Mawur |  
têka sira mandhan rawa |  
amêmacak agêganda burat wangi |  
paran gatine lampah ||
39. Baya sira katamuwan santri |  
mojar saking nagri Ngèksiganda |  
Mas Cêbolang pangarêpe |  
maksih anom binagus |  
kadi calon aoliya di |  
papat rowange iku |  
Nurwitri ya bagus |  
Ki Saloka Kartipala |  
Palakarti anggawa têbang kakalih |  
Nyi lanjar matur nêmbah ||
40. Inggih èstu dhawuh kang kawijil |  
tan nalimpang marma enyong gancang |  
atur uning age-age |  
muhung cumadhong dhawuh |

Sèh Matyasta lingira aris |  
iku tatamunira |  
paran sêdyanipun |  
inggih yun sowan paduka |  
yèn mangkana nuli aturana aglis |  
Cêbolang Gambuh nêmbang ||

Jilid 4 - Kaca : 216

### 305. Gambuh

1. Mundur Nyi lanjar Mawur |  
praptèng wisma panggih tamunipun |  
lingira lon enyong wau atur uning |  
nanging dèrèng ngantos matur |  
pandangunipun cumêplos ||
2. Tan nalimpang sarambut |  
dalam têrbang kakalih winuwus |  
sapunika Kemase sarencang sami |  
kinèn lajêng dhatêng tajug |  
ki dalêm sru ngantos-antos ||
3. Mas Cêbolang andhêku |  
yèn makatên sampun dados kalbu |  
kula dèrèng kinantên sipêng ing ngriki |  
èstunipun namung manut |  
sadhawuhe sang kinaot ||
4. Nyi Mawur manis muwus |  
(m)botên dados punapi ki bagus |  
sampun kerit praptaning surambi masjid |  
lanjar matur lajêng mantuk |  
Cêbolang majêng wotsinom ||
5. Manêmbrama Sèh Luhung |  
padha bêcik kang nêmba katêmu |  
lan ing ngêndi pinangka sinêdyèng kapti |  
miwah sinambating arum |  
lalagon kaya wong kulon ||
6. Cêbolang nêmbah matur |  
kula nami pun Cêbolang èstu |  
tiyang pêkir asal ing nagri Mantawis |  
pasantrèn têbih praja gung |  
rencang sakawan rumojong ||
7. Mênggah ing sêdyaulun |  
saèstune amalulu manut |  
krêntêging tyas wasana sumanggèng kapti |  
(n)dhèrèk sakarsa pukulun |  
pun patik saèstu kothong ||
8. Matyasta mèsêm manthuk |  
insya Allah kang sipat ngalimun |  
yèn sambada sira lèrêpa nèng ngriki |  
yèn wus (n)dungkap mangsanipun |

pupungkasane kalakon ||

9. Ingsun kajibah angsung |  
ing pituduh pancadaning mantuk |  
nanging isih kataman cobaning Widdhi |  
rucahing tingkah mèh asung |  
bilai wit kabasturon ||

Jilid 4 - Kaca : 217

10. Cêbolang duk angrungu |  
suka ing tyas sumungkêming kalbu |  
rencang catur kawistara nayogyani |  
samyane eca manahipun |  
amiyarsa sabda jatos ||
11. Ngling malih sira kulup |  
aso panti apa anèng tajug |  
kang sinung ngling nêmbah aturira aris |  
kawula nyuwun lêstantun |  
wontên ing tajug kemawon ||
12. Matyasta ngling mring wadu |  
hèh Pêngawe mundhuk mongkok rambu |  
mringa wisma nyuwunna kalawan lêmpir |  
lan kêmule kântèl wulung |  
apadene kang susugoh ||
13. Sarapan sabên esuk |  
mangan pindho awan lawan dalu |  
wedang kahwa nyanyamikan aywa kari |  
kinang pangudutanipun |  
saanane kang mirantos ||
14. Pangawe nêmbah mundur |  
wangsul (m)bêkta klasa lêmpir kêmul |  
panginangan pangudutan wedang kopi |  
rampunging panatanipun |  
ki wisma lingira alon ||
15. Kono sambinên kulup |  
saanane suguhe wong gunung |  
Mas Cêbolang sakancane angrahapi |  
rèhne sira padha rapuh |  
bêcik bacut padha aso ||
16. Pangawe sakancamu |  
gilirana kang jaga nèng tajug |  
Sêmang Ganggo Galêndhong Kalênthung Siring |  
Muntap Majêruk Talutur |  
Galêndhèh Ludira Boyong ||
17. Si Jênthur Miling lagu |  
Tukung Sapang nêmbêlas puniku |  
mapat papat gilirane sabên ari |  
sandika kang tampi dhawuh |

sêdhêng payo padha ngaso ||

18. Sèh Matyasta tumurun |  
praptèng wisma lan waela pangguh |  
katri nama Kacandra Rondhon Malatsih |  
Malat awit sesuk-esuk |  
sakabèhe bocah wadon ||
19. Sumêdhang Bondhèt Mandul |  
Gondrèng Rimong Gêndre Cakêt Mangu |  
Lêbêt Sèdhêt Glewang Lobong Titipati |  
gilir sabên ari têlu |  
kang padha ngladèni dhayoh ||
20. Kalawan sasuguhmu |  
ywa kuciwa saananing gunung |  
ni Malatsih sandika wus marintahi |  
mring wadu wadon sadarum |  
kunêng dalu tan rinaos ||
21. Andungkap wanci Subuh |  
Mas Cêbolang lawan santri catur |  
myang pra santri sami ngambil toyastuti |  
Ki Nurwitri adan gupuh |  
swara arum tumalawong ||
22. Matyasta wus mring tajug |  
para santri maca slawat umyung |  
kinêplok an cêp mênêng gya dènkamati |  
paragating waktu Subuh |  
Sèh Matyasta mulang ngaos ||
23. Praptèng pêcak sapuluh |  
bubar ingkang sami ngaji mantuk |  
wêktu Luhur, Ngasar, Magrib, Ngisa, Subki |  
sêmbahyang maring ing tajug |  
bakda Ngisa bakda Luhur ||
24. Manggihi tamunipun |  
sabên ari tan lowong kadyèku |  
myang sasêgah lumintu tan nguciwani |  
Cêbolang takon mring Lagu |  
kakang abdine sang kaot ||
25. Èstri kalawan jalu |  
sami gêndhing niku namanipun |  
Sèh Matyasta rumuhun saking ing pundi |  
Lagu ngling gêndhing prèhipun |  
kula bagus dèrèng ngrêtos ||
26. (n)Jêng Kyai duk rumuhun |  
saking Wirasaba asalipun |  
taksih mambêt santana lan sang dipati |  
nging watêkan (m)botên mathuk |

Jilid 4 - Kaca : 218

nèng riki lajêng dhudhukoh ||

27. Sring criyos duk nèmipun |  
rêmên ngringgit gëndhing gëndhèng baut |  
e la layak kang Lagu ki dalêm wasis |  
sanès talêcêr ing gunung |  
wiryèng praja kang cinèngkok ||
28. Nahên ta laminipun |  
Mas Cêbolang nèng Majênang sampun |  
tigang ari nuju bakdaning Isa-i |  
Sèh Matyasta ngling mring tamu |  
Cêbolang kalamun seos ||
29. Lagon ukara têmbung |  
Sadat Kurès Mantarum lan dhusun |  
manganjali èstunipun botên sami |  
rumuhun ulun winuruk |  
abdidalêm kêtip Winong ||
30. Lêlagon warni catur |  
raras Nênêm Sanga Manyurèku |  
mencok Barang utawi ukaranèki |  
inggih wontên sanèsipun |  
mung sawatawis kemawon ||

Jilid 4 - Kaca : 219

31. Lah mara payo kulup |  
laras Sanga cikmène tiniru |  
para santri bisa-a lalagon nagri |  
kang sinung ngling nêmbah laju |  
Gurisa gantining Gamboh ||

### **306. Girisa**

1. Bismilahir rahmanir-rakim |  
ênawètu angukira |  
bikimatin sadatèni |  
wa ujuban bil ngumuri |  
maharotan wa kidatan |  
parlallilahi tangala |  
niyatingsun ngucapakên |  
ing Sadat kalimah loro ||
2. Kalle awajib sapisan |  
ing dalêm saumuringsun |  
parêlu karena Allah |  
Asdadu Allah ilalah |  
ilalah Assadu anna |  
Muhkamadan Rasullolah |  
ngawruhi ingsun satuhu |  
tan na Pangeran mung Allah ||
3. Lawan angawruhi ingsun |  
satuhu Nabi Muhkamad |  
iku utusaning Allah |



mangka maknane la ila |  
la ilolah iku nyata |  
amot napi lawan ismat |  
mangka kang dèn-napêkakên |  
iku sakèhing Pangeran ||

4. Kang liyan saking Pangran kita |  
mangka kang dèn-ismatakan |  
iku kang Êsa kang tunggal |  
kang nora dinadèkakên |  
andadèkkên alam kabèh |  
yaiku Pangeran kita |  
Kang Agung kang Mahamulya |  
yaiku kang aran Allah ||

5. Mangka têngêse kang aran |  
Allah iku nuduhakên |  
dalêm Date kang Mahluhur |  
ora warna ora rupa |  
ora arah ora ênggon |  
ananging wajib ananya |  
kalawan mokal oranya |  
sing sapa ngucap tuhunya |  
aran Allahu Tangala ||

6. Warna rupa arah ênggon |  
wong iku dadi kupurnya |  
utawa Nabi duta |  
Muhammad iku manungsa |  
ingkang lanang amardika |  
kang akil balèg sanyata |  
kang abagus warnanira |  
kang mancorong cahyanira ||

7. Kadi purnamaning wulan |  
utawa kaya baskara |  
ingkang katurunan wahya |  
kang wajib (n)duwèni sipat |  
Sidik Amanat Tabêlik |  
Sidik bènêr maknanira |  
de Amanat kang pêrcaya |  
Tablik nêkakakên nyata ||

Jilid 4 - Kaca : 220

8. Mokal linyok mokal cidra |  
lan mokal angumpêtêna |  
wênang ngaral bangsa riyah |  
kang ora cinacadakên |  
ing dalêm martabatira |  
bangsa Arab bangsa Kurès |  
bangsa Mim bangsa Muntalib |  
kang rama Radèn Ngabdullah ||

9. Kang ibu Dèwi Aminah |  
kang pinutrakakên Mèkah |

- ing wulan Rabingulawal |  
ing tanggal kaping rowêlas |  
malêm Sênèn ing tahun Dal |  
waktu saur wancinira |  
swiji kaol antaranya |  
wanci Mahrib lawan Ngisa ||
10. Inggang tanggal kaping wolu |  
utawane yuswanira |  
(n)Jêng Nabi Muhkamad iku |  
kawandasa taun dènnya |  
ngalih marang ing Madinah |  
yuswa ticalikur taun |  
utawi malih yuswanya |  
(n)Jêng Nabi Muhkamad ika ||
11. Pan sawidak tigang warsa |  
seda ana ing Madinah |  
sinarèkkên astananya |  
ing Madinah wulannira |  
Rabingulawal ing tanggal |  
ping rolas ing dina Sênèn |  
ing taun Dal wêktu Luka |  
mangka ta inggang angucap ||
12. (n)Jêng Muhkamad Rasullolah |  
kalimahira Sahadat |  
animpên angèstokakên |  
barang kang dèntèkakakên |  
dening Kangjêng Rasullolah |  
salahu nglahi wassalam |  
salahu nglahi wassalam |  
salahu nglahi wassalam ||
13. Allahuma salingala |  
Sayiddina ya Muhkamad |  
Allahuma salingala |  
Sayiddina ya Muhkamad |  
Allahuma salingala |  
Sayiddina ya Muhkamad |  
iya wa ngala alihi |  
wa sahbihi wa ngalimi ||
14. Tamat gya sa-takaballa |  
lahu minkum sêsauran |  
mina wa minkul takabal |  
ya karim rêmpeg swaranya |  
Sèh Matyasta mèsêm lingnya |  
èh pra santri sadaya |  
sabên sakbakdaning Ngisa |  
bècik padha sinauwa ||
15. Sadat Kurès lagu praja |  
supayane padha lèbda |  
pra santri matur sandika |

gya sami mantuk sadaya |  
kantun sakawan kang jaga |  
Mas Cêbolang ngaras pada |  
ulun matur saèstunya |  
wit sinau ngaos amba ||

16. Ngantos dumugi samangkya |  
winulang tuwin miyarsa |  
Sadat kalimah kalihnya |  
namung makatên kewala |  
duk ulun kulinèng praja |  
supêkêt kêtîp ngulama |  
kamipurun matur tanya |  
raos tumancêp ing nala ||

25 Mas Cêbolang sasantrinipun nglagokakên Sadat Kurès cara Mântawis, katiru dening santri ing Majênang. Isinipun bab tauhid tuwin karasulanipun Nabi Muhamad ...  
kaca 221-223

Jilid 4 - Kaca : 221

17. Datan wontên ingkang karsa |  
namung gumujêng kewala |  
kang kaparêng angandika |  
iku bae rasakêna |  
têmbe yèn wus tinarbuka |  
sayêkti sira uninga |  
wasana ngantos samangkya |  
tambah kandêl kijapira ||
18. Tangèh lamun karaosa |  
malah ura ngayawara |  
wontên wawênganing nala |  
èstu dhawahing Kang Kwasana |  
tarlèn muhung (n)Jêng paduka |  
kang badhe nêmbadanana |  
raosing manah kawula |  
kang tumanêm salaminya ||
19. Kawula sumanggèng karsa |  
mugi-mugi kaparênga |  
paring barkahing minulya |  
sarencang-ulun sadaya |  
mangèstu pada paduka |  
Sèh Matyasta duk miyarsa |  
atur panuwun ngrarêpa |  
kang lir madu pinasthika ||
20. Rumêntah sih wêlasira |  
pantèn bènêr ciptanira |  
sayêktine pancèn ana |  
kêploke kaya èsthinta |  
ananging mungguh manira |  
walahu alam wong liya |  
pirabara condhong karsa |

antuk idayat sanyata ||

21. Besuk malêm Jumngah ngarsa |  
pantèn sarencang sawarda |  
ulunwêdhari karsanta |  
lamun jêntus lan wêktunya |  
sira padha tinarbuka |  
Cêbolang sarencangira |  
sukèng tyas marwata suta |  
matur sandika sadaya ||
22. Matyasta malih ngandika |  
nadyan wus kêrêp miyarsa |  
reyang carita kinarya |  
ngêntèni (m)bliyuting mata |  
bab mring wadon lan wong liya |  
sukur sigit raosira |  
nêmbah suka marang karsa |  
Matyasta duduk wêdharnya ||

### **307. Mêgatruih**

1. Ana umat sawiji amandêng wahyu |  
saking sangêt dènnya miskin |  
tatapa wus patang taun |  
antuk Laelatulkadri |  
nuli tutur mring kang wadon ||
2. Laelatulkadri rupa watu têtêlu |  
sasmita kang kapiyarsi |  
watu têtêlu puniku |  
dènumbulna gênti-gênti |  
apa karêpe ing kono ||
3. Wus tinêkan barang kang sanêdyèng kalbu |  
apan nora mindho kardi |  
(n)jaluka sagunung-gunung |  
êmas sosotya pan dadi |  
tinêkan sêdyane kono ||
4. Lan rabine sêdyane arêbut ducung |  
kang wadon mung nêdya sugih |  
ingkang lanang karêpipun |  
dènsinggih dadi bupati |  
duwe nagri sarta gêdhong ||
5. Inggang wadon (n)jaluk nagara tan rêmbug |  
nganggur bae dènasugih |  
maras mênèk kinawayuh |  
payo (n)jaluk sugih-sugih |  
duweya mas pitung gêdhong ||
6. Sadangune pradondi durung karêmbug |  
watune tininggil-tinggil |  
karsa dènumbulkên iku |

Jilid 4 - Kaca : 222

- anjaluk duwe nagari |  
sarta dènaduwe gêdhong ||
7. Mèh dènuncalakên kang wadon angrêbut |  
ywa (n)jaluk dadi priyayi |  
dadi sugih bae nganggur |  
bupati sugih kuwatir |  
enak nganggur bae ingong ||
8. Ingkang lanang saure sarwi asêndhu |  
bêcik wong duwe nagari |  
sarta kang sugih kalangkung |  
angrèh wong rina lan wêngi |  
sugih êmas kongkon uwong ||
9. Ingkang èstri nyêntak aja anjajaluk |  
sugih arta duwe nagri |  
sugiha bala kang iku |  
duwe gêdhong sèwu sami |  
kang lanang mêksa ambêkos ||
10. Amacicil sarwi ngumbulakên watu |  
lagi watune sawiji |  
unine pan konthol sèwu |  
katlicut nyêntak kang èstri |  
nuli awake bak konthol ||
11. Konthol sèwu jêjêl anèng awakipun |  
arêgut ênggon apipit |  
anèng mata wolulikur |  
gulu janggut bathuk pipi |  
ambiyêt kêbak ing konthol ||
12. Sarandunning awak kêbak jêjêl sungsun |  
abêntêt tindhih-tinindhih |  
gumêdêr pating gurandhul |  
ingkang èstri anangisi |  
kang lanang gêgêtun (n)jomblong ||
13. Mau-mau angguguwa rêmbugingsun |  
sayêktine nuli sugih |  
ngarêpakên gêdhong sèwu |  
isi mas barana adi |  
ujêr kowe dhewe wangkot ||
14. Anauri kang lanang mênênga iku |  
watu kari loro iki |  
kang siji ngong arsa (n)jaluk |  
ilange saking wak mami |  
kabèh sarupaning konthol ||
15. Dene siji ngengeyan ngong karya (n)jaluk |  
nurut sira (n)jaluk sugih |  
aduweya gêdhong sèwu |

- ngumbulakên watu malih |  
srya sru dènnya wiraos ||
16. Konthol kabèh lunga-a saka wakingsun |  
nora nganggo dènwalêri |  
konthole kang lawas katut |  
pating parêsat tan kêri |  
konthol lawas mèlu coplok ||
17. Pan sumêbrung têkan dakare kêlayu |  
sawab Laelatulkadri |  
dadi sapangucapipun |  
kalalèn konthole lami |  
karayut kêna wiraos ||
18. Dèn-gagapi konthole dhèwè wus suwung |  
têkan dakare malêncing |  
aniba gumulung adhuh |  
adhuh lae kontholmami |  
rinapu marang kang wadon ||
19. Wis mênênga pan (n)dilalah durung kuntung |  
nora kudu sugah-sugih |  
muliya bae kontholmu |  
watu iki kari siji |  
gawenên angundang konthol ||
20. Gya ngumbulkên watune kang siji kantun |  
konthole kang kinèn bali |  
tan asuwe nuli wangsul |  
têtêp nèng (ng)gonnira lami |  
bèn niyate tan kalakon ||
21. Mas Cêbolang sarencang sru gujêngipun |  
êngêt lalakon kang uwis |  
ngandika malih Sèh Luhung |  
wong wadon iku sayêkti |  
tinitahakên Hyang Manon ||
22. Apan namung dadi ganjaran satuhu |  
datan kêna dadi kardi |  
kaênas ing para jambur |  
kang nêrak arang basuki |  
wit Nabi Adam kinaot ||
23. Ingêdhunkên (n)tuk babêndu saking luhur |  
purwèng garwa kang (n)jalari |  
sapiturut durung antuk |  
bakdaning Rasullolahi |  
têkèng êntèk kari yêktos ||
24. Nora kêna lamun tinêraka iku |  
jaba yèn nêdya bilai |  
akèh pra pandhita wurung |

kuwalène saking èstri |  
sêdya wicaksana kaot ||

26 Sèh Matyasta nyariosakên satunggaling tiyang mlarat, nglampahi tapa 4 taun, lajêng angsal laelatulkadri rupi sela 3 iji. Bilih sela wau kaumbulakên gêntos-gêntos kanthi panyuwun, yêkti kadumugèn panyuwunipun. Tiyang wau sulaya kalihan semahipun bab drajat lan kasugihan ingkang kasuwun, wasana kamosolên, kalèntu panyuwunipun saengga sela wau dados tanpa gina. Sèh Matyasta nyariosakên bab adil lan loma. Kasbut ing Sêrat Tajusalatin, adil punika ingkang sapalih wontên ing Prabu Nursiwan Sultan Madayin. Sapalihipun wontên ing ratu sangalam-donya. Makatên ugi loma kabagi dados kalih. Sapalih wontên ratu sangalam donya, sapalihipun wontên ing satunggaling tiyang Arab Tayi nama pun Katim. Para raja sami karoban pawarta bab lomanipun Katim Tayi. Wongsal-wangsul kacobi, tansah kacihna lila-lêgawanipun. Ngantos badhe dipunpêjahi, nyawanipun dipun ulungakên saengga ingkang badhe mêjahi Katim murungakên niatipun. Sarêng pêjah kuburanipun kabanjiran, kapanggih jasadipun Katim Tayi wêtah kadodene tiyang tilêm ...  
kaca 224-233

Jilid 4 - Kaca : 224

25. Dadi kumprung kang sêdya wirya saèstu |  
dadi rusak anêmahi |  
ingkang anêdya rahayu |  
têmah amanggih bilai |  
jalaran saka ing wadon ||

26. Mas Cêbolang matur paran criyosipun |  
tiyang kang loma nglangkungi |  
pantèn carita kasêbut |  
padha nêng Tajusalatin |  
lêgawa manis kinaot ||

### **308. Dhandhanggula**

1. Kalih prakara ingkang binagi |  
kang pinaro adil lawan loma |  
ingkang saparo adile |  
pinarêngakên sampun |  
mring Nusirwan Sultan Madayin |  
saparo dinum samya |  
para ratu-ratu |  
ing ngalamdonya sadaya |  
kang saparo mung ginadhuh ratu siji |  
Sultan adil Nusirwan ||
2. Kang loloman ya pinarakalih |  
kang saparo dinum wong sajagad |  
saparo wong siji bae |  
tur iku dudu ratu |  
kang pinaring loman sapalih |  
wong cilik tur mardika |  
nênggih wadyanipun |  
sri naranata ing Arab |  
nama Katim iya kang abangsa Tahyi |

nênggih ing pehak Ngarab ||

3. Assakiyu kabibulah nênggih |  
wal kabilu amanngaluolah |  
rapal puniku têngêse |  
nênggih wong loma iku |  
pan kêkasihira Hyang Widdhi |  
wong kumêt satruning Hyang |  
pinanci dosa gung |  
mutamat para pandhita |  
dosa loro alane wong kumêt siji |  
lan bêcike wong loma ||
4. Lamun ana wong loma ing bumi |  
atas angên-angêne sampurna |  
sinungan bènêr tatane |  
saking murah tyasipun |  
nadyan dudu kang dênlomani |  
yêkti mèlu manpangat |  
saking bumi luhur |  
wong kumêt budine andhap |  
ya sanadyan duduwa kang dênkumêti |  
tan wande mèlu mada ||
5. Sêbêl purêt wahyuning Hyang Widdhi |  
kamisasat akèh kang amada |  
dene kanisthan budine |  
jro kitab Sitrul-muluk |  
kocap wontên ratu sawiji |  
anama Sultan Bahram |  
ratu gung pinunjul |  
sawapatira mamêkas |  
mring kang putra besuk yèn ingsun ngêmasi |  
sira gumantya ring wang ||
6. Lamun ana abdine narpati |  
wani muni anèng ngarsanira |  
angalêmbana yêktine |  
lawan sabênêripun |  
mungguh tindakira narpati |  
anuli paringana |  
arta dipun agung |  
sajênênge anèng donya |  
aywa kongsi mangan artane pribadi |  
maksiya artanira ||
7. Iku wite karaton sayêkti |  
mratelakkên ing wahyu kang prapta |  
ngundurakên tyasira (ng)gèr |  
solahira kang dudu |  
yêkti sira wirang nindaki |  
pratingkahe kanisthan |  
sabab wus ginunggung |  
yèku wong magêri nistha |

Jilid 4 - Kaca : 225



- wontên malih jro kitab Adabu salin |  
ratu kang winicara ||
8. Kang ngilangkên pamujining dasih |  
ratu kumêt tan ana utama |  
sagung pandhita pujine |  
ratu loma puniku |  
nadyan nora nana kang muji |  
aja nganggo pandhita |  
darajate luhur |  
tinêkan barang sinêdya |  
iya dene sasat nampani pribadi |  
duwèk anèng potangan ||
9. Nguni kang dadi ojating bumi |  
Katim Tayi kang apehak Ngarab |  
ngêsorkên ratu lomane |  
dadya ratu têtêlu |  
kang miyarsa bramantya sami |  
dene andina-dina |  
sagung wadyanipun |  
tan nana malih dènucep |  
amung Katim Tahyi lomane ngliwati |  
tan ana kasumbaga ||
10. Sultan ing Rum nalika sumiwi |  
Prabu Kaesarungi ngandika |  
marang sagung punggawane |  
wira gujalanipun |  
ingkang aran si Katim Tayi |  
pira gêdhonge baya |  
isi artanipun |  
dene lomane kalintang |  
ingkang padha narpati angrèh nagari |  
nora sida diloka ||
11. Lan wong apa lungguhe si Katim |  
apa lubalang apa satriya |  
apa ya juru gêdhonge |  
mring kangjêng kakang prabu |  
narapati Bandarngulami |  
punggawa matur samya |  
punika pukulun |  
tiyang nganggulan kewala |  
bangsa Tahyi ing pehak Ngarab pun Katim |  
mung inggih amardika ||
12. Sultan ing Rum angandika malih |  
ya pagene angluwihi raja |  
si Katim Tahyi lomane |  
apa dènannggo iku |  
dene nora tampi ubêkti |  
nora angrèh nagara |  
bisane kadyèku |  
apa bisa gawe êmas |

aturipun inggih samya tan andugi |  
mungguhing takdirolah ||

Jilid 4 - Kaca : 226

13. Sultan ing Rum angandika malih |  
dene ingsun iki ratu murah |  
têka tan ana lokane |  
iya sapa kang ngrungu |  
ing samêngko iki si Katim |  
kadhêmênane apa |  
kang dadya tyasipun |  
punggawa matur tur sêmbah |  
wardinipun samangke rêmên turanggi |  
arêgi tigang lêksa ||
14. Sakalangkung (ng)gènnira ngrêmêni |  
tangèh lawan turangga ngakathah |  
gêng luhur miwah ulêse |  
sanadyan para ratu |  
datan darbe ingkang ngèmpêri |  
kadi turangganira |  
pun Katim pukulun |  
gêdhogan tinunggilendra |  
inggih saking tan kenging pisah pun Katim |  
dènnya sih mring kudanya ||
15. Sultan ing Rum angandika malih |  
wong tatêlu mantri acaosa |  
si Katim ingsun cobane |  
parakna layangingsun |  
lan paparingingsun puniki |  
si Katim duwe kuda |  
iku ingsun pundhut |  
duta sigra lumaksana |  
tiga mantri datan kawarna ing margi |  
praptèng jajahan Ngarab ||
16. Wanci wêktu Ngasar praptanèki |  
pun Katim mêngtas atatamuwan |  
pan sadina susugune |  
saking gunging tatamu |  
ngêngting (ng)gènnya anyugatani |  
langkung suka tyasira |  
sabubaring tamu |  
dutane rajèng Rum prapta |  
wêktu Ngasar mêngdhunge angliliwati |  
prapta udan sok-sokan ||
17. Kadi banjir saking ing wiyati |  
awor ampuhan kagila-gila |  
Ki Katim lawan tamune |  
pan sami kabêr kukut |  
dènnya gênging jawah lan angin |  
nalika iku datan |  
ana wong kang mêtù |

saking jrih udan ampuhan |  
pan pun Katim arsa susuguh ing tami |  
kèwèdan dening udan ||

18. Kirang warnane ulamirèki |  
dening jawah tan kêna wong mentar |  
ngupaya sangêt jawahe |  
dadya turangganipun |  
sinambêlèh kang dènremêni |  
ingolah warna-warna |  
sinêgahkên tamu |  
Ki Katim suka tyasira |  
tatamune kacukup dènnira bukti |  
maca Alkamdulilah ||
19. Samya ngungun ecane abukti |  
tamu ngraos lamun kapotangan |  
kanikmatan ing suguhe |  
arip netra ing (n)daluh |  
enjingane samya alinggih |  
munggèng made antara |  
kapat lawan tamu |  
caraka ing Rum anulya |  
maringakên surat saking narapati |  
mring Ki Katim tinampan ||
20. Nulya dutèng Rum amuwus aris |  
lah punika yayi gustiningwang |  
akikirim paparinge |  
Sri Prabu minulyèng Rum |  
Katim (n)dhêku amaos tulis |  
punika (n)jroning surat |  
mundhut kudanipun |  
Katim wusnya maos surat |  
netra pucêt aclum ngungunnya kêpati |  
sènès wadanaira ||
21. Carakèng Rum miyat marang Katim |  
sawusira amaos kang sêrat |  
têka aclum wadanane |  
sarta bangêt anjêtung |  
kadya nênggak ing waspanèki |  
dutèng Rum têrkanira |  
sangêt awratipun |  
pinundhut turangganira |  
carakèng Rum palimarma angling ririh |  
mila yayi andika ||
22. Sasampunira maos kang tulis |  
cahyanira yayi sangêt biyas |  
saingga maras ing tyase |  
aywa ta wancak-kalbu |  
lamun maksih sira rêmêni |  
ingsun kang ananggunga |

Jilid 4 - Kaca : 227

dukane sang prabu |  
kuda maksih anèng sira |  
sira Katim mèsêm dènnira nauri |  
taha yèn makatènna ||

23. Pun kakang kula têtah sakêdhik |  
wingi-wingi nalikane prapta |  
têka (m)botên (n)dhawuhake |  
dadya mangke katrucut |  
cuwa karsanira sang aji |  
dene kula punika |  
kang arsa pinundhut |  
taksiya gêsang upama |  
yêkti katur sumangga ing siyang ratri |  
ing gusti sri narendra ||
24. Sampun mênggahing punika malih |  
kinarsakkên ing Prabu Kaesa |  
yêkti lêstari karsane |  
tan pae anggêpingsun |  
lan kang rayi sang natèng riki |  
Sultan Bandar ngulama |  
sami gustiningsun |  
dadya ing mangke kawula |  
tan kadugi inggih ngupadosi malih |  
ingkang mirip punika ||
25. Ingkang kasêmbêlèh wau ratri |  
kinarya sêgahing (n)dika samya |  
kirang ulam-ulamane |  
kasaput jawah agung |  
mila datan kêna wong ngili |  
inggih ngupaya ulam |  
mila manah nglampus |  
turangga dadya kapragat |  
karya ulam ingabukti wau ratri |  
dutèng Rum duk miyarsa ||
26. Rinangkul gapyuk sigra pun Katim |  
iya dene nora kaya sira |  
ingsun kainan wingine |  
duta sigra mit mantuk |  
tan ingucap lampahing margi |  
prapta nagarinira |  
marêk ing sang prabu |  
katur solahing dinuta |  
wiwitannya prapta wismane Ki Katim |  
malah praptèng wasana ||
27. Katur sasolah bawaning Katim |  
Prabu Kaesan ruming ngandika |  
Ki Katim paribawane |  
kagyat gumujêng (ng)guguk |  
goyang waktra angêmbat wêntis |

bênêr dadiya loka |  
si Katim puniku |  
liwat saking lêgawèng tyas |  
kunêng prabu ing Ngêrum gantya winarni |  
sri naranatèng Ngêsam ||

28. Amiyarsa yèn kabare Katim |  
kang abangsa Tahyi pehak Ngarab |  
kaonang-onang lokane |  
kasuwur kamisuwur |  
warta malah katur para ji |  
gya sri bupati Ngêsam |  
pan arsa angutus |  
amundhut kang ora-ora |  
anyênnyoba ing bêrbudine ki Katim |  
rakyate natèng Ngarab ||
29. Nata ing Sam pan arsa ngayoni |  
mantri kakalih ingkang dinuta |  
amundhut kang anèh-anèh |  
amundhut unta satu |  
tur kang dawa wulune sami |  
kang irêng-irêng samya |  
mata kalhipun |  
kang rangkung-rangkung dèdègnya |  
duta mèsat datan kawarna ing margi |  
prapta ing tanah Ngarab ||
30. Panggih lawan sira Katim Tayi |  
dhinawuhakên timbalannira |  
Sultan ing Sam pamundhute |  
langkung anèh puniku |  
kaya nora kêna pinikir |  
Katim (n)dhêku tur sêmbah |  
sandika wakingsun |  
sanajan inggih langka-a |  
dêrmi-dêrmi yèn maksih sihing Hyang Widdhi |  
dhatêng sang prabu ing Sam ||
31. Lamun maksih dinamêl narpati |  
natèng ing Sam dening Kang Amurba |  
mokal tan antuka mangke |  
duta sinêgah sampun |  
Katim sigra dènnya ngulati |  
marang ing padhukuhan |  
urut gunung-gunung |  
sanak-sanake sadaya |  
binobotan samya tumut angulati |  
yèn binudi ing majat ||
32. Ngêndi olèh unta kang kadyèki |  
parandene takdiring Hyang Suksma |  
datan alami antuke |  
pêpêk kang unta satu |  
duta Ngêsam ngungun ningali |

Katim pasrah ing duta |  
sumangga puniku |  
sami andika pariksa |  
bakmanawi wontên kang siwah satunggil |  
wêlinge prabu ing Sam ||

Jilid 4 - Kaca : 229

33. Tinitènan sadaya sayêkti |  
kadi pundhutane prabu ing Sam |  
caraka mit sinungake |  
mangu-manguna laku |  
pira-pira Katim nyangoni |  
unta satus binêkta |  
tan kawarnêng ênu |  
nagari ing Ngêsam prapta |  
katur marang sang prabu unta sing Katim |  
ngungun sang natêng Ngêsam ||
34. Sarwi (n)jêtung angandika aris |  
èstu lamun si Katim balaba |  
iku ingsun coba bae |  
agawok têmên ingsun |  
dudu ratu bisa ngulati |  
unta kang langka-langka |  
kapotangan ingsun |  
ing jaman iki tan ana |  
kaya Katim kinon amangsulna malih |  
sarta mot rajabrana ||
35. Paparinge natêng Sam mring Katim |  
unta satus kawratan barana |  
pèni-pèni paparinge |  
datan kaparêng ngênu |  
duta ing Sam samana prapti |  
ing Tahyi pehak Ngarab |  
lan Katim wus têtumu |  
dhinawuhakên sadaya |  
unta wangsul sarta winotan paparing |  
pèni mas rajabrana ||
36. Sira Katim andhêku nampèni |  
ingundhakan sanak-sanakira |  
kang anduwe unta kabèh |  
prapta sadaya sinung |  
Katim datan arsa angambil |  
ing pangaji sadinar |  
Êpon tan amundhut |  
pangaji sakêthi ana |  
pan sadaya anak putune Ki Katim |  
sugih sami sakala ||
37. Carakèng Sam eram apan maksih |  
dene Katim tan arsa angalap |  
ing barana paparinge |  
lajêng mring anak putu |

duta ing Sam pan sampun pamit |  
prapta ing nagari Sam |  
katur ing sang prabu |  
têtêkone Katim mulya |  
prabu ing Sam têtêp mawongsanak Katim |  
saking kayungyun myarsa ||

38. Kunêng Sultan ing Ngêsam winarni |  
prabu ing Yahman duk sêdhêngira |  
miyarsa Katim wartane |  
duka yayah manêbut |  
sru ngandika mring para mantri |  
ya ngêndi ana kumpra |  
angluwihi ratu |  
si Katim pan wong alasan |  
sajinise angon wêdhus datan malih |  
lawan wong angon unta ||

39. Pira kadare wong kang angon kambing |  
(n)dadak duwe pamêtu salêksa |  
apa kang dènломakake |  
wong bingung anut umyung |  
ingkang padha ngêlêm si Katim |  
ingsun sèwu sadina |  
pan sidêkahingsun |  
mring pêkir miskin katiman |  
parandene tan ana ingkang amuji |  
kasaru wontên duta ||

Jilid 4 - Kaca : 230

40. Dutanira Sultan ing Mahribi |  
atur surat anunuwun warta |  
saking Mahribi lokane |  
ana wong bangsa dhukuh |  
lomanira anglêliwati |  
ngêsorkên para raja |  
nênggih ojatipun |  
saking Mahribi kapyarsa |  
pehak Ngarab kang abangsa Katim Tahyi |  
loma kagila-gila ||

41. Samyarsanya surat sing Mahribi |  
natèng Yahman sumungku miyarsa |  
latu latung bang jajane |  
asru dènnira muwus |  
mring pandhega kang saba wêngi |  
lumakuwa ing Ngarab |  
wonge kakang prabu |  
patènana dipun enggal |  
kang anama si Katim kang bangsa Tahyi |  
cangkingên ingkang murda ||

42. Ya mulane iku sunpatèni |  
aja kongsi iya tiba sasar |  
kakèhan tanpa pujine |

dene wong durung wêruh |  
wus anggunggung marang si Katim |  
karana ingsun wênang |  
matèni wong iku |  
yèn kalakon karyanira |  
ingsun ganjar apa ing sakarsanèki |  
yèn wus yuda kanaka ||

### 309. Pangkur

1. Baduwi tur sêmbah mêsat |  
sarta kuda binêktan pêdhang kalih |  
kagunganira sang prabu |  
kang tate bangkit karya |  
cinacahkên ing wêsi sawêntis rampung |  
wus lêpas ing lampahira |  
ing marga datan winarni ||
2. Wus prapta jajahan Ngarab |  
praptèng dhukuh wismane Katim Tahyi |  
Baduwi sayah angaub |  
Katim anuju mêdal |  
atatanya mring Baduwi kang angaub |  
paman ing wong pundi (n)dika |  
lan ingkang sinêdyèng kapti ||
3. Baduwi alon saurnya |  
kula anak saking Yahman nagari |  
sêdyaning driya nakingsun |  
ingutus ngambil unta |  
Katim angling paman yèn (n)dika panuju |  
kandêla wisma kawula |  
mucang anginuma warih ||
4. Bêgja yèn manggiya paman |  
panêkulan inggih sae abukti |  
gampil yèn sampun atuwuk |  
lajênga alêlampah |  
sukur sèwu lajênga ing wismaningsun |  
Baduwi lêga tyasira |  
rêsêp ing manah nuruti ||
5. Praptèng wisma sinunggata |  
pan sinuba-suba samya abukti |  
gumatinira kalangkung |  
malah supe ing lampah |  
kongsi dalu tan pêgat sugatanipun |  
nyamikan inum-inuman |  
sadalu lêkêt ing bukti ||
6. Angraos kapiutangan |  
Katim mojar paman lamun suwawi |  
jangkêpa ing pitung (n)daluh |  
wontên wisma kawula |  
anglêgakna pun paman ing manahipun |

Jilid 4 - Kaca : 231



- Baduwi lon saurira |  
yèn sampuna ngudur inggih ||
7. Asangêt ngudure anak |  
dede-dede lampah ingkang agampil |  
luwih sangêt luwih ewuh |  
anak dede kinantha |  
Katim angling paman kawula ayun wruh |  
manawi inggih pun anak |  
sagêd angapèn-apèni ||
8. Ing susahipun pun paman |  
pintên banggi kula ngawat-awati |  
yèn paman pracayèng kalbu |  
sampun ta walangdriya |  
wong Baduwi acipta kayapa iku |  
panggawe kang nora gampang |  
iya lakuningsun iki ||
9. Anak manira awêca |  
pan manira dinuta ing sang aji |  
kinèn angulati ingsun |  
mring sang prabu ing Yahman |  
wong kang aran Katim Tahyi bangsanipun |  
ingsun kinèn mējahana |  
murdane kinèn anyangking ||
10. Sang nata arsa uninga |  
mring murdane kang aran Katim Tahyi |  
Ki Katim dupi angrungu |  
gumuyu sarwi mojar |  
(m)botên angèl paman kalamun puniku |  
manira paman kang sagah |  
mirantèni amrih kêni ||
11. Kadi pêjahe kang mina |  
ingkang sampun manjing anèng piranti |  
kantun amithês anglêthus |  
ing sajatine paman |  
tunggil dhusun kang aran Katim puniku |  
ing dhukuh punika uga |  
nanging tanggung sapuniki ||
12. Ing benjing-enjing kewala |  
karana pun Katim sabên enjing |  
amêng-amêng anèng (n)dhukuh |  
inggih kidul punika |  
ngandhap wukir sangisoring gurda agung |  
yèn prapta mudhun sing kuda |  
lajêng anginum abukti ||
13. Turangganipun cinancang |  
lan pun Katim inggih nuli aguling |  
kawula andira turut |  
paman tan wande kêna |

sampun ngantos ngëntosi kula dènesuk |  
karana yèn kongsi awan |  
kasêlak kesah pun Katim ||

Jilid 4 - Kaca : 232

14. Lah paman punika pêdhang |  
luwih landhêp anggonên mêdhang benjing |  
ri sêdhêng turu akukup |  
sampun dadi kang rêmbag |  
eling-eling sawêngi wuwusên esuk |  
Baduwi nulya lumampah |  
sawêlinging Katim Tahyi ||
15. Saksana Baduwi mangkat |  
Katim Tahyi sigra dènya kakambil |  
anyilip ing marganipun |  
turangganira nyongklang |  
pasthi dhingin praptanira anèng dhukuh |  
mudhun saking ing kudanya |  
cinancang munggèng waringin ||
16. Katim sigra api nendra |  
sarwi kukup kadya guling sakenjing |  
Baduwi tan dangu rawuh |  
mulat kuda cinancang |  
angling aris nyata tèmên tuduhipun |  
si anak kang duwe wisma |  
lah ika ana wong guling ||
17. Sigra wau pinêrpêkan |  
kang aguling sigra pêdhang tinarik |  
ingikal mèh tibanipun |  
nulya (ng)graitèng nala |  
ingsun iki apan utusaning ratu |  
yèn nuli ingsun pêdhanga |  
kalle durung wruh ing warni ||
18. sayêkti agawe nistha |  
ingsun untkabane raine dhingin |  
sigra binuka kang kukup |  
kagyat samya anjola |  
angrungkêbi sukune anjrit anguwuh |  
dhuh anak kadi punapa |  
polah mêkatên puniki ||
19. Panggawe kang botên layak |  
dènlakoni ambuwang lara pati |  
Katim tangi sarwi muwus |  
paman kadi punapa |  
jêr kawula sampun sanggup wau dalu |  
angilangkên susah (n)dika |  
(ng)gih kula kang aran Katim ||
20. Aran (n)dika wong dinuta |  
mring ratu anyangking sirah-mami |

lan paran karsanirèku |  
paman wong kula lila |  
(n)dika paman aywa kongsi antuk rêngu |  
wong suwita ing narendra |  
abot yèn tan anglakoni ||

Jilid 4 - Kaca : 233

21. Baduwi aris mangrêpa |  
nadyan silih dinukan awakmami |  
ingsun matur bae (m)besuk |  
ing gusti rajèng Yahman |  
ingsun pamit sigra mêsat lampahipun |  
sinangonan kangge marga |  
sabarang dening pun Katim ||
22. Ing marga datan ingucap |  
praptèng Yaman marêk ing sri bupati |  
Baduwi tur sêmbah matur |  
sasolah tingkahira |  
Katim lila loman saking ngumuripun |  
wus tinutur sadayanya |  
miwiti malah mêkasi ||
23. Prabu Yahman duk miyarsa |  
langkung suka (ng)guguk angandika ris |  
bênêr wong akèh puniku |  
kang padha ngalêmbana |  
durung tumon loma têka umuripun |  
lah iya karêpe uga |  
wis aja sirapatèni ||
24. Kunêng kocap jroning kitab |  
mashur lamun balapa Katim Tahyi |  
akathah mèt misilipun |  
kang para raja-raja |  
wontên warah yèn agung mupangatipun |  
nênggih sajrone ing kitab |  
Jawa-hiral Amaryati ||
25. Ing jaman wuri kawruhan |  
nênggih kuburipun Ki Katim Tayi |  
ana turun ping sapuluh |  
ing anak putunira |  
Katim Tayi kabanjiran kuburipun |  
astana kandhah ing toya |  
jisime arsa dènêlih ||
26. Jisime wutuh kewala |  
nora bosok tinon kadya wong guling |  
yèn mungguh ahli tasawub |  
tiwas tan bisa ilang |  
dene mungguh ing jaman Ngarab ing riku |  
tan kêna ingaran tiwas |  
karana uwiting bêcik ||

27. Dadalan sasukanira |  
 sasênênge tan kêna dènwançèni |  
 ilanga katona iku |  
 sah tan antuk cinacat |  
 yèn ing tanah Jawa mangkono abusuk |  
 wong mati katon tan ana |  
 yèn katon sayêkti eblis ||
28. Mung iku kinarya tandha |  
 tandha lamun wong loma iku bêcik |  
 wong kang kumêt iku antuk |  
 nama busuk lan ala |  
 uwis tamat Katim Tayi critanipun |  
 sadaya kang sami myarsa |  
 sukèng tyas nahên wus wanci ||

27 Ing têngah dalu Sèh Matyasta nêrangakên dhatêng Mas Cêbolang sasantripun maknaning Sahadat kalih sarta pikukuhing Islam warni gangsal. Ugi katêrangakên maknanipun bab keblat badan kasar, keblating ngèlmu, keblating rasa tuwin keblating ruh. Katrangan bab alam sakawan, anasir sakawan, bab dhikir sakawan pantha, martabat pitu, ruh sangar, badan alus sakawan, sadaya wau kêdah katampèn kanthi patitis. Sakèndêlipun bêdhug lajêng kèndhuri ...  
 kaca 234-235

Jilid 4 - Kaca : 234

29. Têngah dalu Sèh Matyasta |  
 maring panti kang kari lajêng guling |  
 saarinya tan cinatur |  
 malêmipun Jumuwah |  
 wus samêkta lalêmbaran sêkul wuduk |  
 gorèngan krupuk dhêkêman |  
 sarêm lombok kêncêng abrit ||
30. Dupi paragat binêkta |  
 maring srambi sabakdanira Isa-i |  
 santri sêpuh datan mantuk |  
 anèng sarambi aglar |  
 Sèh Matyasta munggèng pangimanan lungguh |  
 Cêbolang sarencangira |  
 nèng ngarsa samya nyêpêngi ||
31. Astane têngên Matyasta |  
 angling riri reyang iki mung darmi |  
 nuduhakên mring darbèkmu |  
 lah mara tampanana |  
 gya Sahadat kalimah roro rumuhun |  
 Assadu alla ilaha |  
 ilalah gya dènwêrdèni ||
32. Tamating kalimah ngarsa |  
 gya kalimah kang kaping kalih nênggih |  
 winêdhar sawêrdinipun |  
 Assadu anna Muhka |  
 -maddan rasullolah wus tamat kinumpul |

kalimah kalih Sahadat |  
titiga anjingirèki ||

33. Gya mêdhar pikukuh Islam |  
pan lilima Sahadat kang rumiyin |  
Salat kaping kalihipun |  
ping tiganipun Jakat |  
kang kaping pat Pasa kaping gangsalipun |  
Kaji lilima winêdhar |  
wêrdine sawiji-wiji ||
34. Manèh iki kawruhana |  
keblat iku ana catur prakawis |  
dene ta ingkang rumuhun |  
keblate badan kasar |  
kang kapindho puniku keblating ngèlmu |  
keblating roh kaping tiga |  
keblating rahsa mungkasi ||
35. Winardèn sajuga-juga |  
iki alam catur wajib ngawruhi |  
kang rumuhun alam Nasut |  
Malakut kapindhonya |  
kaping têlu yaiku ngalam Jabarut |  
Lahut jangkêpe sakawan |  
sawêrdinira wus ramping ||
36. Anasir kawikanana |  
uga papat Bumi ingkang rumiyin |  
Gêni kaping kalihipun |  
Angin katiganira |  
ping pat Banyu gya winardèn lungguhipun |  
anjing miwah wardènira |  
tamating anasir dhikir ||
37. Pan: La ilaha ilallah |  
rambah ping tri ing sarambahanèki |  
winardèn sajuru-juru |  
kalawan lungguhira |  
gya kinumpul ing gandhèng-gandhènganipun |  
dumadya sakawan pantha |  
jumênêng manungsa jati ||
38. Lah iki Martabat Sapta |  
kawruhana lungguh lan kurubnèki |  
apa dene nêptunipun |  
rumuhun Akadiyat |  
kadwi Wahdat Wakidiyat katrinipun |  
Kadim-ajali-abadya |  
gya Arwah kacaturnèki ||
39. Minsal ingkang kaping lima |  
Aj-san kanêm kasapta Insankamil |  
mring Anyar ingkang kacatur |

Jilid 4 - Kaca : 235

wêrdine wus kawêdhar |  
wusing tamat surasa lan anjingipun |  
pantèn malih kawruhana |  
Roh sasanga wêrdinèki ||

40. Rabbani ingkang kapisan |  
dwi Nurani Rahmani kang kaping tri |  
badan Ilapi ping catur |  
Nabadi kang kalima |  
kanêm Kiyawani Tamiyis kapitu |  
Kewani ing asthanira |  
jangkêp ping sanga Kulupi ||
41. Mungguh Êroh kang sasanga |  
pan kawêngku karèh ing Roh Ilapi |  
kawruhana manèh kulup |  
badan alus sakawan |  
Adam Roh-rokani myang badan Roh-kanu |  
Roh-kudus jangkêp sakawan |  
ngalêmpak ing ati siri ||
42. Kabèh sawuse katampan |  
patitise tuwajuh ingkang ati |  
tumêkane rahsanipun |  
iku dudu srasehan |  
nora kêna dibêdhagal èstunipun |  
tumampêg ing Rasa Mulya |  
gumantung Hidayatjati ||
43. Amung iki mukaranah |  
kudu bisa iya sawêngi iki |  
kanggo sabên mapan turu |  
lah padha tampanana |  
gya winêdhar wus sagêd sadayanipun |  
cinatur wit bakda Ngisa |  
bêdhug kèndêl gya kandhuri ||
44. Minulyakkên Nabi duta |  
paragating pandonga gya binagi |  
wus samya nadhah pikantuk |  
barêkat binuntêlan |  
para santri sadaya wus samya mantuk |  
mung kari catur kang jaga |  
sarêng tilêm nèng surambi ||

28 Enjingipun abdi pun Pangawe kadhawuhan suluk janturan padhalangan Prabu Ngamarta dalah para kadang Pandhawa kanthi katrangan têngesing nama sarta watakipun piyambak-piyambak. Kasambêt janturan Prabu Mandura, lajêng Prabu Ngastina, Dwarawati akhiripun janturan Hyang Girinata, sadaya jangkêp tuwin runtut. Kasambêt jêjuluking nata ingkang kangge Wijjêr tuwin ada-ada nata ngadhaton ...  
kaca 236-249

45. Sèh Matyasta Mas Cêbolang |  
sarewangnya wangsul mring tajug malih |  
tumêkane bêdhug têlu |  
antuk palaling Suksma |  
sadaya wus cumêplong raosing kalbu |  
kantun nglanjèhakên marang |  
tindake Tanajul-tarki ||
46. Sèh Matyasta lon lingira |  
lah bubarana gya ngambil toyastuti |  
nulya samya salat Subuh |  
kadi ing saban-saban |  
malêm Jumungah tan ana nendra puniku |  
kang sami tampi nugraha |  
ing siyang pantara ratri ||
47. Kang ginita saraseyan |  
Mas Cêbolang kalayan Ki Nurwitri |  
wus srêg rasaning kang kalbu |  
cahya wênês sumunar |  
Sèh Matyasta sukèng tyas mèsêm lingnya rum |  
dhuh pantèn Alkamdulillah |  
ananging dèn-ngati-ati ||
48. Isih kurang saangkatan |  
tindak rucah kang ayun koklakoni |  
nanging tan ngapa-a iku |  
Cêbolang matur nêmbah |  
tarlèn muhung nyuwun pangèstu pukulun |  
rinêksa-a ing Pangeran |  
tawêkal èngêt basuki ||
49. Sigêg kyai wusing mulang |  
Sèh Matyasta pinarak nèng pandhapi |  
Pangawe madhêp mangayun |  
myang dasih sawatara |  
Mas Cêbolang Nurwitri sarencangipun |  
tumurun marang pandhapa |  
kanthi lagu sêmang-miling ||

### **310. Kinanthi**

1. Sèh Matyasta ngawe gupuh |  
(m)bacuta marene kaki |  
Cêbolang wus munggèng ngarsa |  
babasan kapasang yogi |  
Pangawe ku tilas dhalang |  
wit bocah dhêmên angringgit ||
2. Lawas nèng nagri Mantarum |  
suwita Ki Panjangrukmi |  
kang ginilut jajanturan |  
blêjag-blêjag rada apil |  
duk maksih nèng Wirasaba |  
nganti tumêkèng samangkin ||

3. Dhalang bang-wetan sadarum |  
padha pruwita ananging |  
wènèhan cêkak-cêkakan |  
pantèn duk anèng Mantawis |  
apa wus têtung kalawan |  
Kyai dhalang Panjangrukmi ||
4. Inggih ulun sampun têtung |  
kulina Ki Panjangrukmi |  
saking rêmèn dhatêng wayang |  
sabên ki dhalang angringgit |  
ulun tumut cêlak kothak |  
anyumping wontên ing kering ||
5. Jajanturaning kadhatun |  
èstunipun (m)botên apil |  
lamun upami miyarsa |  
dhalang kang (n)jantur upami |  
pakêcapanipun lêpat |  
lêrêsipun ulun uning ||
6. Sukèng tyas mèsêm lingnya rum |  
Pangawe lèkasa aglis |  
janturane Prabu Krêsna |  
ana kang ko(k)sarasèhi |  
Pangawe sêmbah sandika |  
dadya macak amiwiti ||
7. Swara tètèh buntas arum |  
nênggih nêgari ing pundi |  
kang kaeka adi dasa |  
purwa eka mring sawiji |  
adi maring luwih endah |  
dasa sapuluh jinarwi ||
8. Purwa kawitan puniku |  
wênang ingucapkên yêkti |  
titahing Hyang Girinata |  
sanadyan kathaha ugi |  
kang kunglulan ing ngakasa |  
kang kasangga ing pratiwi ||
9. Kang kapit ing samodra gung |  
tan wontên kadi nagari |  
Dwarawati nagri panjang |  
apunjung mila kadyèki |  
panjang mring ing adawa |  
wus pranyata ing nagari ||
10. Adawa pocapanipun |  
atêbih kuncaranèki |  
punjung mring luhur pranyata |  
nagara luhur nglangkungi |  
datan ana kang amadha |

Jilid 4 - Kaca : 237



kluhuraning karaton-di ||

11. Tur nagari pasir gunung |  
iya nagri loh jinawi |  
basa pasir de nagara |  
angajêngkên muara-di |  
anêngênkên bandar arga |  
basa nagara kawukir ||
12. Dene ngungkurakên gunung |  
basa nagara loh dening |  
kaapit ing pasabinan |  
basa nagri ajinawi |  
de nagara tulus ingkang |  
sarwa tinandur lêstari ||
13. Murah kang sarwa tinuku |  
tur murah sandhang lan bukti |  
wadya alit datan ana |  
kang dènkalarakkên sami |  
nagri karta tur raharja |  
apratandha wadya alit ||
14. Myang wadya tan na kang ngingu |  
maenda maingsa sapi |  
menthok bèbèk miwah ayam |  
raintên praptaning ratri |  
aglar wontên ing pangonan |  
datan wontên dènkandhangi ||
15. Saking tan na dursilèku |  
nangkoda kang dagang (ng)gili |  
kang layar tan na pèdhotnya |  
pramila ingaran nagri |  
raharja mangka pratandha |  
wadyabala agêng alit ||
16. Ngèstokkên prentahing ratu |  
tan wontên cêngil-cinêngil |  
tur ratu gêdhe obornya |  
adhuwur kukussirèki |  
miwah adoh kuncaranya |  
tan ngêmungkên tanah Jawi ||
17. Ing tanah sabrang misuwur |  
maring sakèhing nagari |  
kaungkulan kasusilan |  
-ning ratu ing Dwarawati |  
babasan manglung kang têbah |  
kang prak tumiyung ngastuti ||
18. Ing bulubêktine tamtu |  
sabên taun asrah warni |  
glondhong pangarêng-arêngnya |

Jilid 4 - Kaca : 238

asung pupundhutan nagri |  
sapa jujuluking nata |  
Sri Bathara Krêsna tuwin ||

19. Maraja Padmanabèku |  
Maraja Kesawasiddhi |  
ya Maraja Danardana |  
ya Maraja Arimurti |  
milane kadang manungsa |  
pinunjung binathara di ||
20. Pranyata titising Wisnu |  
sirnaning Hyang Wisnumurti |  
Bathara Krêsna kang ana |  
sirnaning Krêsna narpati |  
Bathara Wisnu kang ana |  
upama lir suruh yêkti ||
21. Lumah lawan kurêpipun |  
dinulu seje kang warni |  
ginigit tunggil rasanya |  
Krês marang irênginèki |  
na iku maring papadhang |  
pranyata Sri Dwarawati ||
22. Ratu irêng mulus têrus |  
têkan bêbalungirèki |  
yèn ayama cêmani ka |  
Bathara Wisnu ing uni |  
kêna ginawe sarana |  
nadyan Prabu Dwarawati ||
23. Samani samana jumbuh |  
kêna ginawe srananing |  
(m)besuk aprang Bratayuda |  
sapa kang dèn bêbotohi |  
marang Sri Bathara Krêsna |  
sayêkti unggul ing jurit ||
24. Na: padhang pranyata ratu |  
padhang paningalirèki |  
têrus datan kêsamaran |  
tur wruh durunge jinarwi |  
mila juluk Padmanaba |  
ratu de (ng)gadhahi sari ||
25. Wijayakusuma luhung |  
panguripaning kang jalmi |  
mati kang mawa kabranan |  
pramila jujuluknèki |  
nênggih Maraja Kesawa |  
dene ratu ingkang bangkit ||

Jilid 4 - Kaca : 239

26. Triwikrama ingkang langkung |  
pranyata Sri Dwarawati |  
sagêd amancala putra |  
bangkit amancala putri |  
mila parab Danardana |  
pranyata sri narapati ||
27. Titising Bathara Wisnu |  
ananging namung sapalih |  
pama gêni lan urupnya |  
lir sêkar lan sarinèki |  
gênine Sri Danardana |  
urupe Radyan Prêmadi ||
28. Cangkoke Krêsna sang prabu |  
sarine Arya Jahnawi |  
ya lir satu lan rimbagan |  
mila parap Arimurti |  
Murti antêng Ari mudha |  
pranyata Sri Dwarawati ||
29. Titising Bathara Wisnu |  
dados anèm tur nulusi |  
ing kajatmikani miwah |  
munjuli ngapapak tuwin |  
mrojoling akêrêp lawan |  
loma naha bathara di ||
30. Pratandha pirsas saèstu |  
saosike kang wadya ji |  
nêting tyas tan kasamaran |  
awon saening pangèsthi |  
sadaya wus kauningan |  
ingupamakkên sang aji ||
31. Bangkit angilani mênthung |  
bisa anjaringi angin |  
tur siniyan ing jawata |  
kinêmulan widadari |  
kinacèk samining nata |  
tuwin lalabuhannèki ||
32. Ratu Dwarawati èstu |  
ngupadosan soring langit |  
dasa tan antuk satunggal |  
sanyut tan-tuk sadasèki |  
ngobori kang papêtêngan |  
(m)babadi kang sukêt singit ||
33. Ratyambêg palamarta nung |  
awèh pangan wong kalantih |  
awèh sandhang wong kawudan |  
awèh kudhung wong kang lagi |  
kapanasan miwah suka |

34. Wèh têtên wong klunyon laku |  
Sri luhur tan na ngungkuli |  
ratu andhap tan kungkulan |  
sasaming narapati |  
sri miguna ing aguna |  
tan ngêndhak gunaning jalmi ||
35. yêkti ginunggung sang prabu |  
kawibawaning narpati |  
lan lalabuhaning nata |  
sadalu pantarèng ratri |  
datan wontên pêdhotira |  
pinunggêl kang murwèng kawi ||
36. Ratu Dwarawati nuju |  
miyos siniwakèng mungging |  
sitinggil binata-rata |  
ginarbêg ing wanodya di |  
kang sami anggararas |  
alênggah ing dhampar rukmi ||
37. Pinatik nawa rêtna rum |  
pinalipit ing sotyadi |  
alêlèmèk tundha sapta |  
kasur babut prangwêdani |  
sirna kamanungsanira |  
lir Bathara Wisnumurti ||
38. Anganglang jagad sawêgung |  
ginarbêg ing widadari |  
salênggahirèng dhadhampar |  
sang Prabu Dwarawati |  
wadya kang sowan sadaya |  
têka lèrêp sirêp sami ||
39. Sidhêm pramanêm sadarum |  
nir bawaning walang slisik |  
gogodhongan tanpa mobah |  
angin tan purun lumaris |  
mung abdi kang nambutkarya |  
kêmasan pandhe myang gendhing ||
40. Kang taksih sami anambut |  
pandamêlaning narpati |  
cat kapyarsa ing cat ora |  
kalawan swaraning pêksi |  
êngkuk kang mencok ing gurda |  
puniku kang kapiyarsi ||
41. Saking paglaran satuhu |  
têka mêmahi wingiting |  
pasewakan pagêlaran |

Pangawe kèndêl turnya ris |  
èngêt kula mung punika |  
Lonhang janturan ngaringgit ||

### 311. Lonhang

1. Cêbolang ngling kados wus turut sadaya |  
datan wontên tumpangso-ning kang ukara |  
nanging lamun jêjêr ratu ing Ngamarta ||
2. Èngetulun radi wontên sanèsira |  
Pangawe ngling lèrês ingkang pangandika |  
wawatoning jajanturan nata purwa ||
3. wontên catur Dwarawati wus kawahywa |  
ing Ngamarta Madura lawan Ngastina |  
wontên malih janturan Hyang Girinata ||
4. Lamun jêjêr sanèse gangsal punika |  
kêdah mirit saking ing salah sajuga |  
mêndhêt saking pambêganing naranata ||
5. Myang ya mirit gêng alite kratonira |  
kantun ngêlih ing pundi aranning praja |  
lan paraping kang dadya jêjêring nata ||
6. Sèh Matyasta sukèng tyas bêcik bacutna |  
kang minangka wawaton janturan ika |  
Ki Pangawe manêmbah matur sandika ||
7. Sapunika janturannya Sri Ngamarta |  
wit anênggih dumugi kapit samodra |  
cap-ucapan punika sami kewala ||
8. Lajêngipun tan wontên kados nagara |  
ing Batanakawarsa iya Ngamarta |  
pranyata loh ajinawi tur nagara ||
9. Gêmah ripah nagara karta raharja |  
pramilanya ingaran lohe nagara |  
kaapit ing pasabinan antuk toya ||
10. Ajênawi tulus kang samya tinanja |  
mirah ingkang sarwa tinumbas sadaya |  
tur amirah sandhang lawan tédhanira ||
11. Wadya lit sapraja Batanakawarsa |  
tan wontên kang dipun karilakkên miwah |  
ingaranan nagara gêmah satata ||
12. Langkung kathahing wadya lit kang gêgriya |  
ingkang saking nêgari ing manca praja |  
pramilanya aripah mangka pratandha ||

Jilid 4 - Kaca : 241

13. Wadya alit kang samya dagang tan ana |  
kèndêlira raintên dalu tan pègat |  
datan wontên dènastaani(?) punika ||
14. Pramilanya winastan nagara karta |  
apratandha wadya lit tani kang samya |  
ingon-ingon kêbo sapi bèbèk sata ||
15. Siyang dalu aglar nèng panggonan samya |  
botên wontên kang kinandhangkên mring wisma |  
awit saking kalising juti dursila ||
16. Pramilanya winastan nagri raharja |  
apratandha kawula bala sadaya |  
anuhoni ngèstokkên parentah nata ||
17. Datan wontên ingkang sulaya budinya |  
wadyabala sabiyantu abipraya |  
tur ratu agêdhe murup oborira ||
18. Dhuwur ingkang kukuse doh kuncaranya |  
pae nagri kang kathah-kathah punika |  
kang ginunggung kawibawanning narendra ||

Jilid 4 - Kaca : 242

19. Lan agênging nagari sasaminira |  
yèn ing praja Ngamarta Cintakapura |  
tan mangkana kang dèn-gunggung labuhannya ||
20. Naradipa lawan pambêkaning nata |  
ngupadosa sawêngkoning ngarcapada |  
cacah satus pan datan angsal sajuga ||
21. Cacah sèwu èstu tan angsal sadasa |  
ambêg paramarta pandhita kalihnya |  
tur ta ratu darana sadana boga ||
22. Ambabadi kang asukêt asung padhang |  
angobori kang pêtêng wèh kudhung marang |  
uwong ingkang kapanasên sartinira ||
23. Awèh payung uwong kodanan punika |  
awèh têtên wong kalunyon awèh têtêha |  
wong kaluwèn wèh sandhang uwong kawudan ||
24. Abotêna Pandhawa punika gangsal |  
sami gadhah watak priyangga-priyangga |  
pambêgane ratu Ngamarta punika ||
25. Wong sajadad dènaku sanak sadaya |  
wong sajadad gêng alit padha warata |  
êndaklakonane larane sadaya ||
26. Wong sajadad padha suka asugiha |  
aku ingkang anglakoni sêngkêlira |

pambêgane Radèn Arya Wrêkodara ||

27. Sapa ala ya (n)dakalani pasaja |  
sapa bêcik ya (n)dakbêciki sanyata |  
mangkya pambêkane panêngah Pandhawa ||
28. Radyan Arya Janaka anyamirana |  
nyarambahi kang dhuwur kang êndhèk ika |  
ingkang agêng kang alit kang cêlak têbih ||
29. Kasrambahan sadaya mring Dyan Janaka |  
miwah prawan wulanjar tanapi randha |  
myang somahan dènakên bojo sadaya ||
30. Bojomu ja bojoku aja pêpeka |  
de bojoku bojoku dhèwè wruhanta |  
pambêkane Radèn Nangkula Sadewa ||
31. Dyan Nangkula ala-alamu priyangga |  
Dyan Sadewa ala tèmbe bêcik benjang |  
lah punika pambêkane kang Pandhawa ||
32. Sintên jululuking ratu ing Ngamarta |  
Prabu Puntadewa Prabu Darmaputra |  
Darmawangsa Prabu Guna-talikrama ||
33. Prabu Darmakusuma Sri Yudhisthira |  
pramilanya ajujuluk Puntadewa |  
apranyata luwih andhap asorira ||
34. Tur ta gêdhe apurane pramilanya |  
ajujuluk Darmaputra pranyatanya |  
de pinutra maring sang Bathara Darma ||
35. Milanya ajujuluk Prabu Darmawangsa |  
wus pranyata jênênge sri naranata |  
angaubi ring kulawarga sadaya ||
36. Mila parab Prabu Guna-talikrama |  
ucul saking tatakramaning narendra |  
pambêkannya ingkang kaloka ing jagad ||
37. Tan angêndhak gunaning sasama-sama |  
mila parab sang Prabu Darmakusuma |  
nyata nglulusakên ing saciptanira ||
38. Sakathahing ingkang lampah kapênêdan |  
pramilanya parab Prabu Yudhisthira |  
kang kacipta rahayunira bawana ||
39. Tur narendra kang siniyan ing jawata |  
kinamulèn widadari myang bineda |  
sasaming ratu yèn ta ginunggungga ||

Jilid 4 - Kaca : 243

40. Lalabuhanira ratu ing Ngamarta |  
ing sadalu mangsa wontên pêdhotira |  
pan pinunggêl kewala kang purwakanya ||
41. Sang aprabu nuju miyos sinewaka |  
nênggih wontên sitinggil binatarata |  
ginarêbêg dyah kang sami angganararas ||
42. Alênggah ing dhampar kêncana minulya |  
pinatik ing mirah jumrut nawarêtna |  
pinalipit sosotya-di mawa praba ||
43. Alêlèmèk kasur babut prangwêdani |  
sirna kamanungsane kadi jawata |  
Sang Hyang Darma tumêdhak nganglang bawana ||
44. Lênggahira ing dhampar Prabu Ngamarta |  
salajêngnya lan janturan Dwarawatya |  
cap-ucapan sami kewala asmara ||

### 312. Asmaradana

1. Mangkya ta janturannèki |  
ratu Madura winarna |  
awit anênggih prajane |  
kapit ing samodra samya |  
lajênge datan ana |  
kados nagri Madurèku |  
babasan nagri panjang ||
2. Punjung ngantu nagri pasir |  
awukir loh ajinarwya |  
nagri gêmah aripahe |  
nagri karta tur raharja |  
basa nagara panjang |  
mring adawa pranyatèku |  
nagri dawa pocapannya ||
3. Basa nagri punjung maring |  
ing aluhur wus pranyata |  
luhur tan na ngasorake |  
kaluhuraning karatyan |  
tur nagri pasir apan |  
ngajêngakên muarèku |  
anêngênkên bandar arda ||
4. Ana basa nagri wukir |  
de ngungkurkên parêdènya |  
apa basa nagri êloh |  
de nagri kapit sabinan |  
nagri ajinawi ka |  
tulus kang sarwa tinandur |  
murah kang sarwa tinumbas ||

Jilid 4 - Kaca : 244



5. Tur murah kang sandhang bukti |  
wadya alit datan ana |  
kang kinaranglakkên rêke |  
apa basa nagri karta |  
tandha wadya lit miwah |  
wadya tani kang angingu |  
kêbo sapi bèbèk ayam ||
6. Raina pantara ratri |  
angglar wontên ing pangènan |  
tan wontên kinandhangake |  
saking kalis ing dursila |  
kang sami dagang layar |  
raintên pantarèng dalu |  
datan kèndêl ing pakarya ||
7. Basa nagri karta nênggih |  
apratandha wadyabala |  
saking ing nagari sanès |  
kathah kang lajêng gagriya |  
basa nagri raharja |  
pratandha wadyabala gung |  
tan wontên salayèng budya ||
8. Sumungkêm prentahing aji |  
tan ana kang cacêngilan |  
tur ratu gêdhe obore |  
sarta duwur kukusira |  
atêbah kuncaranya |  
babasan kang cêrak manglung |  
kang adoh tumiyung samya ||
9. Ing bulubêktinirèki |  
sabên taun atur asrah |  
glondhong pangarêng-arênge |  
miwah asung pupundhutan |  
lalabuhanning nata |  
padosa ngarcapadèku |  
satus tan angsal satunggal ||
10. Sèwu sadasa tan manggih |  
(m)babadi kang sukêt miwah |  
ngobori kang pêtêng rêke |  
awèh sandhang wong kawudan |  
wèh songsong wong kodanan |  
wèh têtên wong klunyon laku |  
wèh kudhung wong kapanasan ||
11. Awèh pangan wong kalantih |  
sapa jujuluking nata |  
Sri Kakrasana parabe |  
iya Prabu Jaladara |  
ya Prabu Baladewa |  
Kusumawalikitèku |

mila parab Kakrasana ||

12. Pranyata sri narapati |  
wus gagadhangane karsa |  
pramilanya jujuluke |  
sang Aprabu Jaladara |  
tatkalanirèng tapa |  
kwasana ngambah mega pingul |  
mila parab Baladewa ||
13. Pranyata sinung wawangi |  
marang Sang Hyang Girinata |  
kalane ngarak kramane |  
ingiring marang jawata |  
pramila apêparab |  
Kusumawalikitèku |  
pranyata titising mudha ||
14. Ning dadya sêpuh tur maksih |  
anêtêpi taklimira |  
marang kang rayi pamase |  
tur sri siniyan jawata |  
kinamulèn wranggana |  
kinacèk samining ratu |  
manawa ta ginunggungana ||
15. Kawibawaning narpati |  
sadalu tan na pêdhotnya |  
pinunggêl kang murwèng criyos |  
nuju miyos sinewaka |  
wontên ing siti bêntar |  
binaturata pinatut |  
ingayap para wanodya ||
16. Binusanan sêsotya di |  
kang sami angganararas |  
ilang ing kamanungsane |  
kadya Hyang Bathara Brahma |  
têdhak anganglang jagad |  
ginarêbêg para arum |  
lênggah ing dhampar kancana ||
17. Pinatik nawarêtna-di |  
pinalipit ing sosotya |  
salênggahira sang katong |  
lajêngnya sami kewala |  
lan janturaning Krêsna |  
sampun tamat mangkya ulun |  
mêdhar janturan Ngastina ||
18. Wiwit anênggih dumugi |  
kapit ing samodra samya |  
makatên ing salajêngne |  
botên wontên kados praja |

Jilid 4 - Kaca : 245

Ngastina ya Wastina |  
ya nagri Gajahoyèku |  
nagri panjang apunjungan ||

19. Tur nagri pasir awukir |  
loh jinawi gêmah ripah |  
nagri karta raharja |  
ana basa nagri panjang |  
panjang marang adawa |  
pranyata nagri kacêluk |  
adawa pocapannira ||
20. Basa nagri punjung maring |  
ngaluhur pranyata praja |  
luhur tan ana padhane |  
kaluhuraning karatyan |  
pasir madhêp muwara |  
anêngênakên bandar agung |  
basa awukir de praja ||
21. Ngungkurkên parêdèn asri |  
basa êloh dene praja |  
kapit ing pasabinane |  
ajinawi tulus ingkang |  
sarwa tinandur dadya |  
murah kang sarwa tinuku |  
tur murah sandhang lan pangan ||
22. De gêmah pratandha jalmi |  
kathah kang sami gagriya |  
basa aripah tandhane |  
dadya kang sami adagang |  
rintên dalu tan kêndhat |  
datan wontên kèndêlipun |  
basa nagara akarta ||
23. Wadya alit wadya tani |  
ingkang sami ingah-ingah |  
kêbo sapi ayam bèbèk |  
rintên dalu glar pangonan |  
tan wontên kinandhangan |  
saking kalis ing jalma dur |  
basa kang nagri raharja ||
24. Wadyabala agung alit |  
nir kang salaya ing budya |  
mituhu parentahe rajèng |  
tan ana kang cacêngilan |  
tur gri gêdhe obornya |  
miwah dhuwur kukusipun |  
adoh ing kuncaranira ||
25. Basan kang prak manglung tuwin |  
kang adoh tumiyung samya |

Jilid 4 - Kaca : 246

- atur ing bulubêktine |  
 sabên ing sataun asrah |  
 glondhong arêng arêngan |  
 asung pupundhutannipun |  
 tan tanah Jawi kewala ||
26. Nadyan tanah sabrang sami |  
 ngaturi bulubêktinya |  
 ing sabên kala mangsane |  
 lan lalabuhane nata |  
 narendra ing Ngastina |  
 ngupados ngarcapadèstu |  
 satu tan angsal satunggal ||
27. Sèwu sadasa tan olih |  
 (m)babadi kang sukêt miwah |  
 ngobori kang pêtêng rêke |  
 awèh payung wong kodanan |  
 wèh têng wong kalunyyan |  
 kapanasên sinung tudhung |  
 awèh sandhang wong kawudan ||
28. Awèh boga wong kalantih |  
 sintên jujuluking nata |  
 Jayapitana pamase |  
 ya Prabu Gandariputra |  
 ya Prabu Kurupatya |  
 ya Sri Duryudana iku |  
 lire Sri Jayapitana ||
29. Nata kalilan-ing Widdhi |  
 apa ing sapanêdhanya |  
 mila jujuluk sang katong |  
 Prabu Anggêndariputra |  
 pranyata ingkang putra |  
 Dèwi Anggêndari tuhu |  
 mila parab Kurupatya ||
30. Pranyata ratunirèki |  
 Kurawa satu sêlapan |  
 mila malih jujuluke |  
 Sri Narendra Duryudana |  
 nyata suyut sadaya |  
 wadyabala kadangipun |  
 saking kaungkulan dana ||
31. Ratu kinasiyan dening |  
 jawata kinamulènan |  
 wranggana widadarine |  
 kinacèk samining nata |  
 lamun ta ginunggunga |  
 ing kawibawaning ratu |  
 sadalu tan na pêdhote ||

32. Pinunggêl kang murwèng kawi |  
nuju miyos sinewaka |  
nèng sitinggil binature |  
ginarêbêg ing wanodya |  
kang samya (ng)ganararas |  
pinarak dhampar masta tur |  
pinatik ing nawarêtna ||

Jilid 4 - Kaca : 247

33. Pinalipit ing sotya di |  
ilang kamanungsanira |  
lir Hyang Bayu tatkalane |  
tumêdhak anganglang jagad |  
ginarêbêg waranggana |  
salênggahing dhampar prabu |  
ing salajêngipun samya ||

34. Apan kadi janturaning |  
narendra ing Dwarawatya |  
Mas Cêbolang lingira lon |  
lêrês turut sadayanya |  
sampuning pasewakan |  
kocap kang nèng ngarsa prabu |  
salisir-ipun ki dhalang ||

### 313. Salisir

1. Sèh Matyasta lon lingira |  
hèh Pêngawe wêdharêna |  
janturane Hyang Prawata |  
manêmbah matur sandika ||
2. Anênggih pundi ingkang ka |  
-eka adi dasa purwa |  
eka mring sawiji nyata |  
adi mring luwih punika ||
3. Dasa sapuluh wêrdinya |  
purwa wiwitan jinarwa |  
mangke ta ing Suralaya |  
ingkang kinarya bubuka ||
4. Iya ing Jonggringsalaka |  
iya ing Papagyawarna |  
pae ratu marcapada |  
kang ginunggung wibawanya ||
5. Lan pambêganing narendra |  
sugihe jajahan lawan |  
agênging ing nagararja |  
ing Suralaya ta boya ||
6. Namung ing wisesanira |  
awênang lamun misesa |  
tan wênang yèn winasesa |

awênang lamun amurba ||

7. Datan wênang yèn dènpurba |  
wênang ayoga tan wênang |  
lamun yèn dèn-yogyakêna |  
sartane wênang akarya ||
8. Datan wênang yèn kinarya |  
sapa jujuluking jawata |  
kang ngadhaton Jonggringslaka |  
ya Bathara Girinata ||
9. Bathara Siwahabuja |  
ya Bathara Nilakantha |  
ya Bathara Gurutama |  
mila parab Girinata ||
10. Giri dhuwur wêrdinira |  
nata ratu dhasar nyata |  
ratu kang luhur pribadya |  
pramila jujulukira ||
11. Bathara Siwahabuja |  
nyata astane sakawan |  
mila parab Nilakantha |  
apranyata ciri (ng)gènnya ||
12. Ing tênggoke bêlang seta |  
pramila bêlang kalanya |  
ngunjuk toya clêkuthana |  
mila jujuluk Bathara ||
13. Guru nyata gurunira |  
para jawata sadaya |  
kalamun tan ginunggungan |  
kluhuran lan wisesanya ||
14. Sadalu tan na pêdhotnya |  
pinunggêl kang murwèng kawya |  
Bathara Siwababuja |  
nuju miyos sinewaka ||
15. Munggèng bale Martyukundha |  
siniwèng para jawata |  
lawan para rêsi samya |  
wiku nèng ngarsane nata ||
16. Sampun tamat mung punika |  
janturan Hyang Girinata |  
Matyasta malih ngandika |  
jujuluking para nata ||
17. bêcik sira wêdharêna |  
kang kanggo jêjêr kewala |

Jilid 4 - Kaca : 248

- mupung ana sêksinira |  
Pangawe nêmbah sandika ||
18. Narendra nagri Wiratha |  
Sri Basukêthi wêrdinya |  
pratandha ratu kang bisa |  
gawe swara pamicara ||
19. Sri nata ing Durgandana |  
ewuh yèn ginawe ala |  
iya Prabu Masyahpatya |  
tandha tan wêdi palastra ||
20. Sri narendra ing Madura |  
Sang Aprabu Kunthibuja |  
tandha sri bêtah nastapa |  
Sri Basudewa Madura ||
21. Tandha sri lwih wicaranya |  
Prabu Bismaka Kumbina |  
tandha ratu kang nganggya |  
gêm-agêmaning pandhita ||
22. Sri narendra Nglesanpura |  
Prabu Satyajit parabnya |  
pratandha sri naranata |  
sêtya tuhu ciptanira ||
23. Maha prabu Ugrasena |  
ratu amêngku wêrdinya |  
de nata Cêmpalarêja |  
jujuluk Prabu Sucitra ||
24. Ratu lwih sêsêratannya |  
paparap Ratu Drupada |  
pratandha sri naradipa |  
tan prayoga watêsira ||
25. Sri narendra Mandaraka |  
Sang Aprabu Narasoma |  
pratandha ratu kang sonya |  
jujuluk Narpati Salwa ||
26. Apratandha ratu ingkang |  
gèsèh punika wêrdinya |  
nuwun sampun mung punika |  
lêpat lèrêse sumangga ||
27. Cêbolang alon lingira |  
saking ing pangraoskula |  
pan sampun lèrês sadaya |  
Sèh Matyasta angandika ||

Jilid 4 - Kaca : 249

28. Pangawe lah wêdharêna |  
ada-adane sri nata |  
ngadhaton kandhêg gapura |  
manêmbah matur sandika ||
29. Lumiyating kawiryawan |  
kadhaton pindha kaswargan |  
gapura lir merutula |  
pattyaka manik dumilah ||
30. Sênênning kumala muncar |  
kasorotan ing raditya |  
inêping gapura gêdhah |  
rineka jalma pasihan ||
31. Lumiyat wêrdi ningali |  
de ing kawiryan têngêsnya |  
kawiryaning kraton ika |  
lir ingga tumrun kang swarga ||
32. Wêrdi kadhatone kaya |  
swarga ngalih ngarcapada |  
gapura lir merutula |  
têgêse rikang gapura ||
33. Yèn sinawang kadi arga |  
mahamèru gêng inggilnya |  
patyaka manik dumilah |  
kasorotan ing raditya ||
34. Wêrdi pucaking gapura |  
manik agêng kang kinarya |  
dumilah mancorong ika |  
amadhangi kasorotan ||
35. Dening Hyang Pratanggapatya |  
pama lir surya tumiba |  
kasangga pucak gapura |  
inêping gapura endah ||
36. Wêrdi inêpe gapura |  
kaca kang digawe ika |  
rineka jalma pasihan |  
wêrdi inêping gapura ||
37. Kaca dèntulis sujalma |  
jalu kalawan wanudya |  
lamun minêp kadi lagya |  
papasihan de yèn mênga ||
38. Kadi jalma sasêmayan |  
nahan ta kaya mangkana |  
upa-rêngganing gapura |  
tлити pan namung punika ||



39. Cêbolang mèsêm lingira |  
sampun kacêkap punika |  
angling malih Sèh Matyasta |  
Pangawe kalamun sira ||
40. Kaelingan janturane |  
ratu ing wayang gêdhoge |  
nuwun kathah ingkang supe |  
awit botên nate kangge ||
41. Cêbolang matur manawi |  
punika kakang Nurwitri |  
apil ing sadayanèki |  
wit rêmênira nglangkungi ||

29 Gêntos Nurwitri kadhawuhan mbèbèr janturan ringgit gêdhog jêjêr Janggala. Lajêng kadhawuhan nêrangakên asmaning para ratu dalah patihipun, wiwit ratu ing Mèdhangkamulan, Majapait, Janggala, Ngurawan, Singasari ... kaca 249-260

Jilid 4 - Kaca : 250

42. Kita durung tau krungu |  
apa kèh bedane iku |  
karo kang kawêdhar mau |  
kathah kaote saèstu ||
43. Ringgit gêdhog langkung panjang |  
bubukanya Ilahèngan |  
Nurwitri pamintaningwang |  
wêdharêna aja wangwang ||
44. Lagon pelog tandya buka |  
Hong ilahèng awigêna |  
mastu namas-siddhi ana |  
aratu langkung sudibya ||
45. Prangatèng rat pramuditya |  
lila sêkaring buwana |  
amastutiyèng jawata |  
ing Sang Hyang Wisesa linang ||
46. Cana-cana mastutiyèng |  
jawata Sang Hyang Wisesa |  
ya hong swasana pratistha |  
makutha kathung kasiya ||
47. Ya hong swasana pratistha |  
makutha kathung kalapi |  
iya wong witning musthika |  
sari durung mantra-mantra ||
48. Wetan angêndhanu kulon |  
tatkala Ki Dhalang-jati |  
nyritakake Sukma-jati |

anangsir rupa nir rupa ||

49. Anggronjal sinung mayoga |  
kawikannana dènnira |  
ing satuhu-tuhunira |  
kang amurbèng rat kapuja ||
50. Bubukane dènnya nêdhak |  
nukil Srat Kalimasada |  
pan katêdhak ing dalancang |  
dados ringgit bèbèr nama ||
51. Kalampahan jaman purwa |  
kang dados kalangênannya |  
ingkang amêngku nagara |  
ila-ilane punika ||
52. Anggêmahakên ing desa |  
barêkat mupakat barkat |  
ing ratu tumrah sapraja |  
babon maninjak(?) katêdhak ||
53. Rontal dados ringgit purwa |  
taksih lalampahannira |  
jaman purwa inggih dadya |  
kalangênannira ingkang ||
54. Amêngku nagara Jawa |  
ila-ilane punika |  
angarjakakên nagara |  
babonne maninjan(?) nulya ||
55. Pan katêdhak ing wacucal |  
dumadya kang ringgit purwa |  
lampahan ing jaman purwa |  
inggih dadya kalangênan ||
56. Inkang mêngku nagri Jawi |  
ila-ilane mêwahi |  
kartaning jaman sayêkti |  
babonne maninjan(?) -jati ||
57. Katêdhak wacucal malih |  
santun wangunaning ringgit |  
ringgit gêdhog wasthanèki |  
lêlampahanning narpati ||
58. Akêkadang sami aji |  
atut rukun dènnya sami |  
akêkadang sri bupati |  
(ng)gih dados klangênannèki ||
59. Kang amêngku nagri Jawi |  
ila-ilane mêwahi |

Jilid 4 - Kaca : 251

- rarasing nagari Jawi |  
babonne maninjan(?) -jati ||
60. Katêdhak ing kajêng miring |  
dados ringgit krucil nami |  
utawi klithik namèki |  
lampahannya ratu èstri ||
61. Ing Majalangu kang nagri |  
(ng)gih dados klangênannèki |  
kang mêngku nagri Jawi |  
ila-ilane mêwahi ||
62. Sangkêpe lalangên tumrah |  
sawadyabala sadaya |  
têlas têpa palupinya |  
anênggih kang dhalang Jawa ||
63. Ing sangkane ana jalma |  
ngêdhog dongèng nopèng ika |  
ingkang kinarya lampahan |  
Panji kalawan Kirana ||
64. Na wong tuwa nini-nini |  
andongèngke putunèki |  
ingkang anêmbe dumadi |  
pangantèn anyar supadi ||
65. Gêlis atut kang kinarya |  
lalampahan datan liya |  
Panji kalawan Kirana |  
sigêg gya mocung Sèbêt byar ||

### **314. Pocung**

1. Katalika mangke wontên kapanuju |  
kinarya bubuka |  
anênggih nagri ing pundi |  
kang kaeka ingkang adi dasa purwa ||
2. Eka maring, sawiji adi mring luhung |  
dasa ya sadasa |  
purwa wiwitan sayêkti |  
pan wênange ngucapêna titahing Hyang ||
3. Girinata, sanadyan kathaha iku |  
kang sami kasangga |  
pratiwi kungkulan langit |  
miwah ingkang kaapit-apit samodra ||
4. botên wontên, kadi nagri ing Jênggala |  
pramila ing praja |  
Jênggala pinurwèng kawi |  
dènirèstu nagri panjang apunjungan ||

5. Tur nagari pasir awukir satuhu |  
loh jinawe miwah |  
nagri gêmah ripah tuwin |  
karta harja punapa abêbasannya ||
6. Winastanan nagari panjang puniku |  
panjang mring adawa |  
adawa pocapannèki |  
de bêbasan winastan nagri punjungan ||
7. Wardinipun, punjung maring ingaluhur |  
de ngaluhur datan |  
wontên ingkang angungkuli |  
ing kaluhuranne nagari Jênggala ||
8. Nagri pasir basa pasir samodra gung |  
ngajêngkên muara |  
nêngênkên bandar mawêrdi |  
de nagari awukir ngungkurkên arga ||
9. Winastanan nagri êloh wardinipun |  
loh mring pasawahan |  
kang tinandur tulus dadi |  
tur amurah tinumbas sandhang lan pangan ||
10. Wadya alit botên wontên ingkang dipun |  
karanglakkên dèn ta |  
gêmah ing akathah yêkti |  
titiyang kang sami gagriya angrêdda ||
11. Nèng sajroning nagara bëntêt pinatut |  
winastan aripah |  
tiyang kang sami gêgrami |  
siyang dalu lumêbêt sajroning praja ||
12. Anglur sêlur datan wontên pêdhotipun |  
saking nagri manca |  
awit tan wontên kuwatir |  
ingkang dipun-sangsayakakên ing marga ||
13. De winastan nagari karta punika |  
marang kasantosan |  
de wadya lit wadya tani |  
ingkang sami ngon-ingon lêmbu maesa ||
14. Miwah bèbèk ayam ing raintên dalu |  
aglar nêng pangonan |  
datan wontên dipun-giring |  
kinandhangan saking kalis ing dursila ||
15. Winastanan nagari harja puniku |  
marang kapênêdan |  
de abdidalêm kang sami |  
mlampah damêl sabiyantu ring kabudya ||

16. Tur angèstokakên parentahing ratu |  
 jrih asih mring nata |  
 tur nata gung obornèki |  
 myang aluhur kukuse doh kuncaranya ||
17. Basaning kang pêrak mayuk doh tumêlung |  
 ing bulubêktinya |  
 sabên kalamangsa prapti |  
 asrah glondhong pangarêng-arêng kalawan ||
18. Angaturi ing sapatundhutanipun |  
 lan lalabuhannya |  
 Brawijaya narapati |  
 ngupadosa sajroning kang madyapada ||
19. Satus datan antuk satunggal yèn sèwu |  
 tan angsal sadasa |  
 (m)babati kang sukêt tuwin |  
 angobori kang pêtêng wèh sandhang marang ||
20. Wong kawudan wèh pangan kang klantih asung |  
 kudhung kapanasan |  
 awèh payung wong kariris |  
 awèh têkên wong kalunyon amrih harja ||
21. Tur ta ratu sinihan mring jawata gung |  
 kinamulèn para |  
 widadara widadari |  
 kinacèk ing sasaminira narendra ||
22. Pan sadalu botên wontên pêdhotipun |  
 mangke pinunggêl kang |  
 amurwa mêdhar kakawin |  
 wus tartamtu wong agung ing jaman kuna ||
23. Yèn amiyos siniwaka tarlèn amung |  
 ri Soma Rêspatya |  
 mangke nuju ri Rêspati |  
 pêpak wadyabala kang sami sumewa ||
24. Bo agêlar wontên pasowanannipun |  
 piyambak-piyambak |  
 kang sowan nêng sripanganti |  
 iya para bupati gêdhong kaparak ||
25. Sakaliwon panèwu myang mantrinipun |  
 kapdhak sakrakyana |  
 jagabaya ingkang sami |  
 têngga kori ing regol ing sripangantya ||
26. Ambèr dugi kori kamandhunganipun |  
 ya abdi kaparak |  
 pinilih kanoman nênggih |

Jilid 4 - Kaca : 253

asisihan kalawan wong patrayuda ||

27. Bo amèr ing sajawine kori mandhung |  
sintèn kang asowan |  
(n)jawining mandhungan kori |  
didalèm kaparak miji tanuastra ||
28. Bo amblèbèr dumugi salèbêtipun |  
kori brajanala |  
sintèn kang sowan sajroning |  
brajanala ya abdidalèm kaparak ||
29. Singamarta kalawan Kartiyasèku |  
ambèr sajawinya |  
kori brajanala nênggih |  
kang asowan sajawining brajanala ||
30. Abdidalèm kaparak wiryabrajèku |  
lawan Brajanala |  
dumugi ing Sitiinggil |  
sapa sintèn kang sowan ing sitibèntar ||
31. Abdidalèm panèkèt panalawèku |  
kabayan kaparak |  
nirbaya nirbita tuwin |  
jodhipati saragni wisapracandha ||
32. Wadya nyutra astra nangga jagapurun |  
mandhung maudara |  
ambèr mangalèr dumugi |  
saklerring kang kagungandalèm witana ||
33. Sintèn kang asowan ya wadya kêtanggung |  
ing gandhok kalawan |  
gandhok mantri anom tuwin |  
abdidalèm niyaga lawan majêgan ||
34. Kadi dhoyong pancaksuji sitiluhur |  
kalèndhèhan bala |  
kang sowan ambèr dumugi |  
sangandhaping sitinggil sintèn kang sowan ||
35. Kiwa têngên (n)dhak-undhakan sitiluhur |  
didalèm kaparak |  
Martalulut singanagri |  
lawan wadya ngupacara priyantaka ||
36. Kang angampil songsong bawating kaprabon |  
lan waos sanjata |  
ulêsan sangkêlat abrit |  
jurudêmung bo ambèr ing pagêlaran ||

Jilid 4 - Kaca : 254

### **315. Jurudêmung**

1. Sapa sintên kang asowan |  
 nêng ing pagêlaran nênggih |  
 sira mantriwisesa nung |  
 Kyai Patih Kudanawarsa |  
 myang pra punggawa tumênggung |  
 sinang arya pandêlêgan |  
 kandhusuwan kiwanipun ||
  
2. Andhaloi pêcattandha |  
 dêmang rangga ngabèi iku |  
 jajar lan para putra nung |  
 miwah kang para santana |  
 aglar ing paglaran wimbuh |  
 warna-warna busananya |  
 surêm sang Hyang Rawi kusut ||
  
3. Kasênênanning busana |  
 bo ambèr sajuru-juru |  
 maring pakapalannipun |  
 pra mantri kang sami sowan |  
 sampun tartamtu wong agung |  
 ing jaman kina yèn arsa |  
 miyosi siniwakèku ||
  
4. Ngungêlkên sanjata inggar |  
 ambal kaping tiga namung |  
 kang nyulêt bageyannipun |  
 para nyai narantaka |  
 punapa antawisipun |  
 tangara mungêl sapisan |  
 apratandha yèn sang prabu ||
  
5. Arsa miyos siniwaka |  
 obah ingkang para wadu |  
 ingkang (ng)gadhahi puniku |  
 kawajiban cacêpêngan |  
 ngudhunkên cêpênganipun |  
 panah gandhewa sanjata |  
 waos tamèng towok tulup ||
  
6. Yèn têngara mungêl ingkang |  
 ping kalih obah sadarum |  
 kawula wadyabalèku |  
 mirantos panggenannira |  
 rakit ing sajuru-juru |  
 yèn amungêl kaping tiga |  
 obah bupati tumênggung ||
  
7. Myang mantri kang sami sowan |  
 kang leyangandhagèku |  
 ngundurkên gèndhaganipun |  
 kang leyangandhagèku |  
 angundurkên êpokipun |  
 kang lênggah ing lante samya |

Jilid 4 - Kaca : 255

angundurkên lantenipun ||

8. Pratandha yèn Brawijaya |  
wus tédhak saking kadhatun |  
mangke kang gathita têrus |  
mungêl kang sanjata linggar |  
salêbête kadhaton gung |  
orêg kawula sadaya |  
kang samya sowan sadarum ||
9. I prikanca amêndhaka |  
sila braja makidhupuh |  
aja awor aja campur |  
têngaradalêm wus munya |  
arsa umiyos wong agung |  
kawula kang samya darbya |  
cacêpêngannya sadarum ||
10. Angudhunkên cacêpêngan |  
mungêl kalih têngarèku |  
kang sanyata linggar gur |  
orêg bala kwula wadya |  
priyayi kanca dene sru |  
têngaradalêm rinambah |  
arsa umiyos wong agung ||
11. Sakèhe kawula bala |  
kang sami jajar ing ngayun |  
amirantos prênahipun |  
sowang-sowang rakit tata |  
Patih Kudanawarsèku |  
kakang Mênggung pangêncanan |  
wontên punapa nindya-nung ||
12. Pêkênira pirsakakang |  
kang sun-jajari sadarum |  
tinata-a manggènipun |  
ywa kalèru panggênannya |  
pan arsa miyos wong agung |  
inggih ki lurah sandika |  
dhawuh punapi wus atus ||
13. Ênggèh nuli kapisra-a |  
kanca kabayan sadarum |  
prênahna kang padha ayun |  
anjajari manggonnira |  
aja na nganti kalèru |  
panggonanne kadi saban |  
mungêl malih têngara gur ||
14. Obah kwula wadyabala |  
kang leyang gèndhagèku |  
ngundurkên gèndhaganipun |  
kang leyang êpoknya |

Jilid 4 - Kaca : 256



- ngundurkên êpokipun |  
kang lênggah ing lantonya |  
angundurkên lantenipun ||
15. Tan antara kang para dyah |  
kakalih anyothe dhuwung |  
mudhun saking sitiluhur |  
(n)dhawuhkên timbalan nata |  
praptèng ngarsaning nindya nung |  
Ki Patih Kudanawarsa |  
dhawuh dalêm sang aprabu ||
16. Ijêngandika ngandikan |  
(ng)gèh sandika aturipun |  
bocah kapatiyan mêdhung |  
lajêng sarta mamêndhapan |  
kapêthuk ing pra gustiku |  
kerit minggah sitibêntar |  
miyos siniwaka prabu ||
17. Brawijaya ing Jênggala |  
wontên siti inggil binatur |  
rana ginarbêg sadarum |  
kang sami angganararas |  
lênggah ing dhampar mas murub |  
pinatik ing nawa rêtna |  
tinarètès sosotya-nung ||
18. Ujwala pindha sudama |  
alêlèmèk kasur alus |  
babut prang wêdani luhung |  
têka nir kamanungsannya |  
kadya Hyang Cakra tumurun |  
nganglang jagad ginarbêg dyah |  
widadari kang linangkung ||
19. Salênggahira dhêdhampar |  
Brawijaya sang Aprabu |  
ingkang sewaka sadarum |  
têka lêrêp sirêp samya |  
tidhêm pramanêm mabukuh |  
botên wontên prabawanya |  
walang salisik tan purun ||
20. Gigodhongan tan obah |  
samirana tan lumaku |  
tan wontên swara karungu |  
saking ing paglaran tan lyan |  
swaraning abdi kang nambut |  
-karya ya abdi kêmasan |  
gêndhing pandhe cat karungu ||
21. Kadhang cat botên kapirsa |  
lawan swaraning pêksi êngkuk |

Jilid 4 - Kaca : 257

- myang kang paksi jalak-pênyu |  
kang mencok nèng kajêng gurda |  
têka amêwahi mungguh |  
wingiting kang pasewakan |  
sintên jujulukipun ||
22. Ajujuluk Brawijaya |  
iya Lêmbu Amiluhur |  
Brawijaya Jayèngpupuh |  
Anjayèngpati pêparab |  
ya Andewakusumèku |  
têgêse kang Brawijaya |  
kang basa Bra têtêsipun ||
23. Anyarambahi ing kathah |  
têgêse wi luwih langkung |  
jaya mênang wardinipun |  
wêrdinipun Brawijaya |  
ratu linuwih satuhu |  
kathah kawicaksanannya |  
tuwin kadikdayanipun ||
24. Lêmbu Amiluhur ika |  
lêmbu kang kuwasa mabur |  
angambah ing madya luhur |  
têgêse Anjayèngrana |  
asring mênang ing apupuh |  
Anjayèngpati wêrdinya |  
kang digdaya ing apupuh ||
25. Tur mênang arêbat pêjah |  
de Andewakusumèku |  
basa dewa pan linangkung |  
kusuma sêkar kang warna |  
adi gandanira arum |  
mila miyos siniwaka |  
Sang Prabu Brawijayèku ||
26. wontên kang ginalih mila |  
animbali sang nindya nung |  
minggah maring sitiluhur |  
pinandêng ing tingal dadya |  
tumungkul amarikêlu |  
kaya konjêm ing pratala |  
wadanane sang nindya nung ||
27. Nurwitri alon lingira |  
mung samantên èngêtulun |  
Matyasta suka lingipun |  
apa ana bedanira |  
janturanne angêdhatun |  
wayang gêdhog lawan purwa |  
inggih wontên sanèsipun ||

28. Kalamun sira kèngêtan |  
kadhatonan gêdhog jantur |  
iya saeling-elingmu |  
reyang kapengin miyarsa |  
Nurwitri anulya (n)jantur |  
awit jêngkar angadhatyan |  
dumugi ing kèndêlipun ||
29. Sabdaning pandhita nyata |  
pangandikaning sang prabu |  
tan kêna amindho wuwus |  
barang kang dènandikakna |  
sapisan tan kenging wangsul |  
têdhak saking ing dhêdhampar |  
arsa kondur angêdhatun ||
30. Sinongsongan kêrtas jênar |  
mubyar pinarada êbyur |  
para biyada gumuruh |  
kang sami ngampil pacara |  
talêmpak landheyan wargu |  
sinulam kancana mulya |  
myang waos agêm sang prabu ||
31. Kang ngampil capuri jajar |  
lawan gandhèk anèng ngayun |  
lawan pangunjukanipun |  
kêndhi pratata kancana |  
nèng bokor kancana murub |  
lan dhampar kancana mulya |  
kêbut lar manyura luhung ||
32. Munggèng kering miwah kanan |  
pantês tan na wingwang tuhu |  
Brawijaya Janggalèku |  
ayun kondur angêdhatyan |  
lampahé lir macan angluh |  
lembahan korakan kontal |  
riyakan gajah aliwung ||
33. Ginarêbêg ing badhaya |  
kawan lajur sisihipun |  
pra wanudya ayu-ayu |  
kang sami endah warnanya |  
sajari tlapakanipun |  
kang samêkan têngahira |  
payudara mandul-mandul ||
34. Kang mlok-mêlok wadananya |  
rompyoh-rompyoh sinomipun |  
ngampil upacara prabu |  
sap-asta mas banyakdhalang |  
kukuthuk sababonipun |  
sawunggaling rêndhi-kidang |

liman ardawalikèku ||

35. Lantaran sopal kancana |  
pakêcohan rukmi murub |  
kang cakêt ing ngarsa prabu |  
têka nir kamanungsannya |  
kaya jawata tumurun |  
amilanglang ing bawana |  
widadari grêbêg pungkur ||
36. Kèndêl ing pundi sri nata |  
dènnira arsa ngadhatun |  
kèndêl wontên madyanipun |  
ingkang bale sokasana |  
ajumênêng sartanipun |  
leyangan lare wujul myang |  
nolèh kiwa têngènipun ||
37. Sapa sintên kang atampa |  
sêdu malêm sang aprabu |  
iya nimbok Sêpêtmadu |  
myang (m)bok Madu-pinasthika |  
nêmbah gya lumajêng gupuh |  
dhatêng ing wana Pucangan |  
angaturi ing wong agung ||
38. Guruning putri wus tamat |  
samantên kèngêtanulun |  
ya Nur saka pangrasaku |  
cukup turut kang ukara |  
priye Pangawe sirèku |  
lah (m)bok iya angapalna |  
têmbe yèn ana kang ngangsu ||
39. Pangawe nêmbah turira |  
kajawi wontên kalaku |  
wêgah saking panjangipun |  
Sèh Matyasta malih mojar |  
Nurwitri yèn sira emut |  
jujuluking para nata |  
lawan patih Gambuh-ipun ||

### **316. Gambuh**

1. Nurwitri nêmbah matur |  
saking rêmên dadya maksih emut |  
jujuluking ratu jêjêring kang ringgit |  
gêdhog mênggah para ratu |  
umpak-umpakaning katong ||
2. Brawijaya rumuhun |  
de wêrdinya wus kasêbut ngayun |  
lajêngipun punika namining aji |  
Mêndhangkamulan rumuhun |

Jilid 4 - Kaca : 259

Jayalêngkara sang katong ||

3. Wardi sangêt satuhu |  
nganggit tingkah kapênêdan luhung |  
ratu Majapait kang sêpuh winarni |  
Teja-alêngkara prabu |  
wêrdi nguningani yêktos ||
4. Panganggit tingkah tanduk |  
kapênêdan Sri Tejangkarèku |  
têmbung wancah wardinipun sami ugi |  
ing Janggala Amiluhur |  
ing wau sampun kacriyos ||
5. Sri Kadhiri winuwus |  
Lêmbu Amijaya têngêsipun |  
lêmbu ingkang mêjahi samining sapi |  
ya Jayanagara èstu |  
lalananging nagri yêktos ||
6. Sri Ngurawan winuwus |  
Lêmbu Amisani têngêsipun |  
lêmbu ingkang amisesa ya sang aji |  
Lêmbu Sangara pan lêmbu |  
sagêd ngambah ing toya rob ||
7. I Jayasana prabu |  
sagêd manggènakên sliranipun |  
mangkya jujuluking ratu Singasari |  
Lêmbu Mangarang sang prabu |  
lêmbu kang sagêd basa wong ||
8. Ya Lêmbu Amêrdadu |  
wêrdi lêmbu kang lêmês kang alus |  
ya Sri Anjawantaka têngèsnèki |  
kang digdaya ing prang pupuh |  
mangkya para patih gumantos ||
9. Ing Janggala prajagung |  
Kya Kudanawarsa têngêsipun |  
kuda aran titihan na awêning |  
warsa tuduh ingkang jawuh |  
pikir lir dhawah ing jawoh ||
10. Tur padhang rosa pêngkuh |  
gantya patih Kadhiri winuwus |  
nindyamantri Jayabadra têngèsnèki |  
kasagêdan pindhaniipun |  
padhanging wulan mênecorong ||
11. Ngurawan patihipun |  
Jayasinga mênggah wêrdinipun |  
jaya mênang singa macan kajêgnèki |  
sagêd tur mênang apêngkuh |

Jilid 4 - Kaca : 260

ing Ngurawan winiraos ||

12. Jayakacêmba èstu |  
winardènan bangkit awor lêmbut |  
miwah kasap tilas namanipun patih |  
Ki Matyasta manthuk-manthuk |  
wasana ngandika alon ||
13. Pangrunguku wus dangu |  
unine kang bêdhug iku mau |  
wus sêdhênge wêktu sêmbahyang Luhur-i |  
prayoga ngasoa kulup |  
nadhah banjur wêktu Lohor ||
14. Inggang kinèn wus mundur |  
maring tajug nadhah tuwin wêktu |  
tan cinatur ratrinya lir sabênèki |  
enjinge sawusnya muruk |  
samyà nèng pandhapa (n)jagong ||
15. Matyasta lingira sun |  
nutugake wingi kang kacatur |  
janturanne wayang gêdhog waduaji |  
akèh kang nora kasêbut |  
kang padha sumiwèng katong ||

30 Sèh Matyasta ngandika bilih ing janturan wayang gêdhog, kathah para waduaji inggang sami ngabyantara nata, nanging botên kasêbut. Lajêng katêrangakên isinipun Sêrat Waduaji utawi Raja Kapa-kapa bab wadya punggawa tuwin prajuriting nata, sêsêbutanipun tuwin kêwajibanipun piyambak-piyambak. Mas Cêbolang tuwin para santrinipun kadhawuhan nglajêngakên lampah dhatêng Wirasaba ...  
kaca 260-273

Jilid 4 - Kaca : 261

16. Cêbolang lon umatur |  
sawêg nêmbè ing pamyarsaulun |  
pangandika kang winastan waduaji |  
pancèn waduaji iku |  
sagotrah pra wadya katong ||
17. Ing jamannira dangu |  
nganggo winardèn lir kang kasêbut |  
layang Raja Kapa-kapa arannèki |  
Mas Cêbolang nêmbah matur |  
prayogi bilih kawiyos ||
18. Pantèn ing pamintamu |  
atut anging mung saelingingsun |  
blêjat-blêjat lungguh lan wêrdinirèki |  
lohung kanggo cagak lungguh |  
timbang nyatur alaning wong ||
19. Patih inggang karuhun |  
wêrdi parentah iya puniku |

- ingkang wênang parentah pra wadya tuwin |  
ingkang kapasrahan tuhu |  
pangawasa ing sang katong ||
20. Nyampurnakakên dhawuh |  
saolahing pranata prajèku |  
mangkya adipati wêrdi panggêdhening |  
parentah iya puniku |  
kang winênang ing sang katong ||
21. Tampi dhawuhing ratu |  
utawa kang kasèrènan iku |  
panguwasaning patih parentahkên yêkti |  
patraping satuhunipun |  
bêbênêran kang sayêktos ||
22. Senapati winuwus |  
wêrdi amangku parentah tuhu |  
ingkang wênang anggadhuh pangwasa aji |  
pinasrahan angrèh wadu |  
para prajuriting katong ||
23. Mariksani wira nung |  
ingêr gêlaring kang aprang pupuh |  
anganglangi pringgabayaning ajurit |  
wênang lawan mokalipun |  
mangkya bupati rinaos ||
24. Dene ta wêrdinipun |  
bawahaning parentah puniku |  
iya iku kang winênang marentahi |  
bawahing pribadinipun |  
lawan kang bêbênêr sayêktos ||
25. Nampani prentahipun |  
saking papatihnya sang aprabu |  
mangkya adipati kupu wêrdinèki |  
adipati mardikèku |  
madanani wadu katong ||
26. Pradikan para wiku |  
pan winênang marentahkên tuhu |  
saolahing pranata ingkang agami |  
dene ta pakaryanipun |  
anglakoni kudu jegos ||
27. Sakridhaning puniku |  
laki-rabi apa mêsthinipun |  
lan bêcike têtêng sampunaning jisim |  
wasis mutusi pamandum |  
têtinggalaning kang layon ||
28. Waskithèng karya rampung |  
ing prakara talak wasiatu |

Jilid 4 - Kaca : 262

- rukun waris wah trap tutulak sêsakit |  
amumulang amumuruk |  
lakuning agamaningong ||
29. Nupiksa sakèhipun |  
papan kamuksan sakaliripun |  
patilasan atanapi candhi-candhi |  
dene kawajibanipun |  
kudu mangêrti gumathok ||
30. Lumastarining wadu |  
angèstokkên ring agamanipun |  
istijrating nagara kudu mêruhi |  
sakèh agama kawêngku |  
bangkit nêgêsi nyuraos ||
31. Sakridhaning kang têmbung |  
ekal-ekal ing sajuru-juru |  
tinartamtu singid wardining narpati |  
de tumênggung wêrdinipun |  
dhênggung twin tatindhah yêktos ||
32. Ingkang winênang tuhu |  
mariksani samubarangipun |  
ing lèlakon ayahaning narapati |  
miwah kabubuhan iku |  
olah gagaman kang dados ||
33. Agêming sang aprabu |  
lawan winajiban tinartamtu |  
nanggung ala ambêke kancanirèki |  
wadana mangkya winuwus |  
wêrdining kang winiraos ||
34. Rai tuwin pangayun |  
kang winênang dadi ulu-ulu |  
patraping kang panggaweyan sarta wajib |  
dadi pangayuning laku |  
sadhengah pakaryèng katong ||
35. Mangkya nayaka iku |  
wêrdi pangirit tuwin panunggul |  
dene dadi pangêdhene wadya aji |  
winênang matah karyèku |  
karèrèhannya pribados ||
36. Punggawa wêrdinipun |  
pangayap myang pangawinan(?) iku |  
lawan têngêse manèh iku pangampil |  
dumadi titindhahipun |  
ngampil pacarèng kaprabon ||
37. Myang ngampil prentahipun |  
myang papatih warangkaning ratu |

Jilid 4 - Kaca : 263



mangkya pangkat ariya ingkang winarni |  
wêrdi padhang miwah luhur |  
yèku santananing katong ||

38. Inkang winênang campur |  
panggaweyan lan pra wadanèki |  
utawa pra wadana kang santana-ji |  
wênang sinêbut aryèku |  
Gurisa salinne pupoh ||

### 317. Girisa

1. Sinang-arya wêrdinira |  
sinêbut luhur sanyata |  
iya iku punggawa kang |  
winênang nunggal pakaryan |  
kalawan para santana |  
mangkya panji wêrdinira |  
tutunggul yèku santana |  
ingkang winênangkên dadya ||
2. Pangarêpe kang prawira |  
mangkya prameya wêrdinya |  
bangsa linuwih sanyata |  
iku bangsane kang para |  
gêdhe kang winênang dadya |  
susulih alumaksana |  
panggaweane punggawa |  
ngampil kapraboning nata ||
3. Mangkya kaliwon wêrdinya |  
kapiji dene winênang |  
tampa prentahing bupatiya |  
utawa malih têngêsnya |  
kalih ewon pan kagawa |  
saka lungguhe duk kuna |  
bumi loro-èwu karya |  
gantya panèwu wêrdinya ||
4. Golongan dènwînênang |  
anampèni parentahan |  
saking ing kaliwonnira |  
dyan kadhawuhakên marang |  
golonganne pribadya |  
utawa maning têngêsnya |  
panewon kagawa saka |  
lungguh bumi sèwu karya ||
5. De Mantri-wêrda wardinya |  
mantri-tuwa iya ika |  
kang winênang nyêntèg dadya |  
panèwu kawajibannya |  
anampèni dhawuh saka |  
kapanewon samubarang |  
prentah saking kabupatyan |

6. Gantya mantri wardinira |  
apan linuwih utawa |  
sapocapan de winênang |  
imbal wacana kalawan |  
para luhur pra satriya |  
sarta luwiha waskitha |  
laku kang têtung prakara |  
dhingin kang ingaran nistha ||
7. Bisa anyinggahi patrap |  
ing laku kang tibèng nistha |  
de kang kapindhone madya |  
bisa anêtêpi patrap |  
ing laku kang tibèng madya |  
kaping têtune utama |  
bisa angantêpi patrap |  
laku kang tiba utama ||
8. Layang Raja Kapa-kapa |  
mangkene wiwijangannya |  
man luwih de tri têtiga |  
linuwih têtung prakara |  
ingkang dhingin iku sêtya |  
de têtên pangawulanya |  
alabuh lara pralaya |  
arumêksa ing sungkawa ||
9. Lawan wirange gustinya |  
kapindho sadu de bisa |  
nyarèhkên adrênging nala |  
gêrètèhing kang wicara |  
wêdi andhingini karsa |  
jrih mêtihar kêkêran nata |  
ping tri tau de uninga |  
sakarêtênging gustinya ||
10. Tan kasangsaya sadaya |  
ing karsa lumuh manawa |  
rumangsa andarbènana |  
pangawasanya priyangga |  
amung ngèsthi angantêpi |  
kasaguhan lawan janji |  
gumantya arya-papati |  
wadana prentah kang wêrdi ||
11. Yèku ingkang pinitaya |  
anampani kang dhadhawah |  
anglakokakên parentah |  
de arya-tiron wêrdinya |  
wadana pangulat yèka |  
kang pinitayèng wuwulang |  
laku utama utawa |

tinartamtu kabutuhan ||

12. Matrapake sakathahnya |  
pakaryan kang bènêr iku |  
lawan kang winênang jaga |  
ing panggawe mungsuh nata |  
de arya-leka wêrdinya |  
pan wadana pananggalan |  
yèku ingkang pinitaya |  
anglurahi para wadya ||
13. Kang ahli petung myang palak |  
pananggalan sasasinya |  
de arya-jamba wêrdinya |  
wadana pasucèn yèka |  
pinitayèng (ng)lurahana |  
pra wadya pangulu toya |  
kang rêrêsik jroning pura |  
ngrêsiki siraman nata ||
14. Apadene pakaryanya |  
(m)bêciki sajroning praja |  
ngrawat ngrêukti sabarang |  
ing sajroning dhatulaya |  
kang mangka kuwajibannya |  
atabêri amariksa |  
sarta tinartamtu bisa |  
napsir (ng)gal lawasing karya ||
15. Bisa ngrarakit ngrarêngga |  
bangkit mrantèni sunggata |  
wêruh aranne kang karsa |  
lumadi kanggo sunggata |  
kang tan tumpang-so urutnya |  
amamardi maring rasa |  
dhadharan sasaminira |  
ywa nganti nguciwanana ||
16. Arya-sanguri wêrdinya |  
pan wadana pangudharan |  
yèku ingkang pinitaya |  
nglurahi kang wadya jaksa |  
wênang ngudhari krampungan |  
kang durung bènêr sanyata |  
kuwajiban amrayoga |  
ing lakune kang prakara ||
17. Apadene amêmangkat |  
patraping wisesèng praja |  
de Arya-niti wêrdinya |  
wadana sêtya yaika |  
ingkang tuhu pinitaya |  
anglurahi para wadya |  
gêdhong myang winênangêna |

Jilid 4 - Kaca : 265

(ng)gêmèni kagungan nata ||

18. Kalawan amamariksa |  
panggaweyane kang para |  
among tani sasaminya |  
gawene nampani ika |  
pamêtuning desa-desa |  
pajêg kang dadya sanggannya |  
lan ngrawati kang pramatya |  
mêruhi lêbu mêtunya ||
19. Pangrukti pandum lan tadhah |  
dene ta kuwajibannya |  
amurih ing undhakira |  
pajêg pamêtuning desa |  
kang nora lawan rêkasa |  
tuwin tan gawe pituna |  
ing parentah lan uninga |  
cacah glaring bumi desa ||
20. Apadene kang pratama |  
panimbang etung widagda |  
anggêmèni kang tan nistha |  
de arya-kandha wêrdinya |  
wadana dagang yaika |  
ingkang kapitayèng praja |  
anglurahi para wadya |  
sudagar de wajibannya ||
21. Amariksani kang samya |  
anglakokkên gêgramènyana |  
kang mêtu saka nagara |  
utawa ing lêbunira |  
gramèn saking manca praja |  
de Patya-tandha winarni |  
wêrdi amarintah tandha |  
yèku ingkang pinitaya ||
22. Madanani pra pabeyan |  
-ning bandar dharat sadaya |  
dene kawajibannira |  
anyêkêl kang panguwasa |  
pasar sapanunggalannya |  
pêcat-tandha wêrdinira |  
mêcat tandhaning baita |  
yèku ingkang pinitaya ||
23. Amadanani pabeyan |  
ing bandar laut sadaya |  
kawajibannya angasta |  
panguwasaning muwara |  
sagara sapanunggalannya |  
tandha-mantri wêrdinira |  
mantri tandha yèku ingkang |

Jilid 4 - Kaca : 266

pinitaya juru dadya ||

24. Pamupu beyaning pasar |  
de tandhamohi wêrdinya |  
pangkating pangolah ika |  
kabutuhan amêmangkat |  
lakuning pakaryan ingkang |  
pancèn olah ing pakaryan |  
lêmbut utawa kang agal |  
pinatah pakaryanira ||
25. Mangkya jaksa kang winarna |  
wêrdi jêjênêng yaika |  
wadya ingkang binubuhan |  
angrampungî bêtênêran |  
samoaning kang prakara |  
tartamtu iku karyanya |  
mungguhing kuwajibannya |  
ngèstokakên anggêr sarta ||
26. Kiyajating kang nagara |  
myang rumêksa pangadilan |  
gandhènganne gunggungannya |  
karya nampani prakara |  
wajib mangèstokkên marang |  
parentah kang wus tan owah |  
lan murina marang praja |  
tunggalanne marga-tama ||
27. Gawene (m)bêciki marga |  
krêtêg angkruk sasaminya |  
kuwajibanne ywa ngantya |  
kêsèta tabêri karya |  
nahên gantya kang winarna |  
jamba-leka wêrdinira |  
padhang bulan iya ika |  
ingkang kabubuhan dadya ||
28. Juru mriksani sabarang |  
myang abot mêngku wisesa |  
marang prakaraning jalma |  
olah wisaya (ng)gaota |  
amisaya iwak toya |  
mangkya pujangga wêrdinya |  
mangolah mamêsu raga |  
yèku ingkang kabubuhan ||
29. Anganggit carita mawa |  
tinêmbangkên kwajibannya |  
mantês uruting ukara |  
lawan amatrapkên tata |  
-kramaning layang kiriman |  
ingkang bisa ngrakêtêna |  
ing arênggang sasaminya |

Jilid 4 - Kaca : 267

- miluta nyês krasèng nala ||
30. Mangrèh carik karyanira |  
nulis etung kang palastha |  
kuwajibane uninga |  
unggah-ungguhing têmbung myang |  
sumurup paramasastra |  
sarta ngêkêr wadi ingkang |  
tumrap ana ing mustaka |  
padha anandhang supata ||
31. Kalihe rêksa-pustaka |  
karyane rawat rumêksa |  
layang kang pêrlu sadaya |  
kwajibane mêngêti myang |  
nyêkêl radatan kang kanggya |  
ana ing sajroning praja |  
sarta mingit wadi samya |  
Carik anandhang supata ||
32. Katri aran among-siswa |  
gawene mardi kagunan |  
kasusastran sasaminya |  
dene ta kuwajibannya |  
amardi kawruh kang mawa |  
cinorèk ing papan ika |  
anggambar sasaminira |  
sigêg gantya kang winarna ||
33. Panjang-jiwa winardènan |  
lidhah panjang yèka ingkang |  
(n)dhawuhakên parentahan |  
de ulubalang wêrdinya |  
pangajênging kang pacalang |  
yèku ingkang kabubuhan |  
dadya juru (ng)lakokkên srat |  
marang ing manca nagara ||
34. Anggandhèk nyandhik wêrdinya |  
yèku kang tinuduh ngêmban |  
timbanganira sri nata |  
utawa kang kabubuhan |  
ngrukti pranti pagantènan |  
mangkya kabayan wêrdinya |  
lantaran yaiku ingkang |  
andhawuhkên parentahan ||
35. Dene ngabèi wêrdinya |  
angimpuni dene nyata |  
narambahi sakèh karya |  
mangkya dêmang wêrdinira |  
cêcêkêlan bêbundhêlan |  
yèku ingkang kabubuhan |  
nyêkêl bawah padesan |

utawèku kapitaya ||

36. Myang winênang mêmantêsa |  
panganggone para wadya |  
mangkya rangga wêrdinira |  
wawêngku tawa pangrêngga |  
yèku ingkang kabubuhan |  
(m)bêciki wêngkon bawahan |  
ing praja miwah padesan |  
wêwêngkonne sowang-sowang ||

Jilid 4 - Kaca : 268

37. Amêmangun pan winênang |  
sisikoning padamêlan |  
ing sajêroning kadhatyan |  
miwah ngrakit pasanggrahan |  
gantya mangke kandhuruwan |  
de wêrdine sasèrènan |  
yèku ingkang kasèrènan |  
dhawah nampurnakkên prentah ||

38. Mangkya pasêpan wêrdinya |  
têtêlik kang pinitaya |  
dadi juru wowor ganda |  
angingsêp-ingsêp sabarang |  
gantya pamotan wêrdinya |  
pangêmotan iya ika |  
kang ingandêl pinitaya |  
amingit wadining nata ||

39. Karêrêngan wardinira |  
kawingitan iya ika |  
ingkang pinitaya dadya |  
juru panganglang jro pura |  
kajinêman wardinira |  
kasidhêman iya ika |  
ingkang kabubuhan dadya |  
juru nganglang durmèng praja ||

### **318. Durma**

1. Mangkya gantya pandêlêgan wardinira |  
panêngkêlan utawi |  
panênungan ika |  
kang kabubuhan dadya |  
juru ténung miwah dadi |  
juru nujuman |  
myang bangsa petung bincil ||
2. mangkya panglimpingan wêrdi pêrlambangan |  
kang pinitaya dadi |  
anjuru pralambang |  
olah jangkaning praja |  
pangsingsingan wêrdinèki |  
pan sabarangan |

kang winênangkên yêkti ||

3. Ambawahkên pra wadya kriya sadaya |  
êmpu pandhe maranggi |  
pangukir pakriyan |  
kêmasan myang panatah |  
tapêl sayang gêmblak gêndhing |  
puntu iyaga |  
tluk gêbyar wlantên gêrji ||
4. Tukang corèk panyungging lan adiwarna |  
mataya anung uni |  
gamêl lan panêgar |  
dene pakaryanira |  
bangkit amrantèn-mrantèni |  
sarta rumêksa |  
lawan bangkit nandang ||
5. Kwajibanne wruh ing tangguh lan sikutan |  
dhapur lan waja wêsi |  
pamor bêcik ala |  
wangunan kang sampurna |  
maniti sakèhing kardi |  
tan kaliwatan |  
turanggan Rajanari ||
6. Wruh ing ukur pratamèng agêndhing raras |  
mataya amumpuni |  
wasis têmbang-têmbang |  
lêbda ing cacengkokan |  
sakèhe kang analisis |  
tan mawi wangwang |  
mancèni apatitis ||
7. Arumêksa gêmi mring wadi sadaya |  
de salingsingan wardi |  
apan salisiban |  
utawa salisiran |  
iku kang winênang nênggih |  
(m)bawahkên wadya |  
anon-anon sanagri ||
8. De panunggul utawa ran pakuluban |  
pamagangan kang wêrdi |  
yèku kang winênang |  
ngrèh wadya pamagangan |  
pangalasan wêrdinèki |  
juru wawanan |  
yèku kang dènubuhi ||
9. Amundhuti kayu marang alas-alas |  
tuwaburu winarni |  
wêrdinira tukang |  
(m)bêburu iya iku |

Jilid 4 - Kaca : 269



- kabubuhan amèt rêndhi |  
myang satowana |  
gantya grêma winarni ||
10. Wardi-gêni kawajiban (n)jupuk wrêksa |  
obong myang mirantèni |  
gêni nèng jro wana |  
kirata wêrdinira |  
pangêtêr kêwajibannèki |  
ngêtêr jro wana |  
madik kang bangsa singit ||
11. Lawan madik anane kang satowana |  
pragosa kang winarni |  
kêthèk iya ika |  
golongan abdi kalang |  
de kalang-kamplong winarni |  
wêrdine kalang |  
anggantung manggonnèki ||
12. Winajibkên ana ing wana kewala |  
wisma rêranggon kadi |  
gubug munggèng wrêksa |  
kang agung singit nyata |  
kwajibanne tuduh margi |  
kang gampang miwah |  
pancèn gawat myang sungil ||
13. Iku kalang-kamplong kang asung katrangan |  
wijanging têmbung iki |  
kalang ubêng ika |  
kamplong tela gumantung |  
de kalangbrèt wêrdinèki |  
kalang sênibrat |  
tan dumunung (ng)gyannèki ||
14. Sak (ng)gon-ênggon anunggal ing satowana |  
kawajibannirèki |  
kalamun sang nata |  
yun numpu satowana |  
kalangbrèt kang asung uning |  
panggonannira |  
kanang satowanadri ||
15. Mangkya wuruk kusir pèdhati wêrdinya |  
yèku kang dènubuhi |  
rumêksa titiyan |  
pèdhati sasaminya |  
yèn sri paparèng wanadri |  
wuruk pinacak |  
datan kaparêng kari ||
16. Kanang mantri-manglima de wêrdinira |  
mantri manca limèki |

- yèku panggêdhenya |  
mantri manca padesan |  
alungguh panèwu-mantri |  
tumbal winarna |  
pupundhèn wardinèki ||
17. Iya iku kang dadi wadananira |  
wong padesan alinggih |  
mantri-panatusnya |  
de bubuyut jinarwa |  
panuwa yèku kang dadi |  
kamituwanya |  
wong padedesan sami ||
18. Lungguh mantri-panèkêt gantya winarna |  
adèn-adèn jinarwi |  
kaluwihan yèka |  
kang dadya guru miwah |  
pangulune uwong cilik |  
ing padedesan |  
lungguh panglawe-mantri ||
19. Mangkya lurah wêrdi ulu-ulu lawan |  
kapala wêrdi malih |  
pangarêping unggyan |  
yaiku kang winênang |  
dadi sisirahing kuli |  
lungguh paronya |  
mantri-panglawe nênggih ||
20. Kang partinggi wêrdi pamangkat yaiku |  
kang winênangkên mamrih |  
mamangkat pakaryan |  
wong cilik padedesan |  
lungguh saparonirèki |  
apangkat lurah |  
mangkya bèkêl winarni ||
21. Wardi ancêr-ancêr tunggul miwah têngga |  
kang winênangkên (m)bagi |  
bêcik alanira |  
jroning karang padesan |  
lungguh saparo patinggi |  
mangkya paragak |  
wêrdi tunggu utawi ||
22. Pakaryèku kabubuhan (m)bênêrana |  
prakarane wong cilik |  
sajroning padesan |  
lungguhe saparonya |  
bèkêl kang kasêbut ngarsi |  
sikêp winarna |  
parinti wêrdinèki ||

23. Iya iku wong cilik kang nyangga karya |  
 lungguh mung saparone |  
 kalawan paragak |  
 de karaman wêrdinya |  
 janma arahan utawi |  
 anjrahan yèka |  
 wong cilik kang tan nyanggi ||
24. Ing pakaryan mung ngandhung nyagak sakawan |  
 kararahan jinarwi |  
 wong rena yaiku |  
 tan manggon tanpa wisma |  
 myang tanpa canthèlan kardi |  
 uwuh basanya |  
 de nglambrang wêrdinèki ||
25. Wong ngambara yèku jalma ingkang lunga |  
 saparan nyambutkardi |  
 de wong ngulandara |  
 wêrdi ngawulèng tawang |  
 tanpa canthèlan lawan nir |  
 tambang pranteyan |  
 myang dumunungirèki ||

Jilid 4 - Kaca : 271

26. Kajabèku iya ana panunggalnya |  
 golongan wadu-aji |  
 pantèn aywa eram |  
 mring sasurupaningwang |  
 samono iku kalaning |  
 reyang duk bocah |  
 anèng nagri Mantawis ||
27. Mèlu ipe suwita nèng Janapuran |  
 kaabdèkakên carik |  
 sabên ari sowan |  
 reyang sawuse bisa |  
 maca atanapi nulis |  
 kinèn rêrewang |  
 wijile kang pakarti ||

### **319. Mijil**

1. Têmah uning wacan warni-warni |  
 kang dadya tyasingong |  
 reyang nêdhak saana-anane |  
 wusing akil balèk reyang bali |  
 ma mring wutahrahmami |  
 wuwuh trêsnanipun ||
2. Rinakêt ing risang adipati |  
 pinaringan jodho |  
 lambat-lambat isih sêntanane |  
 saya kandêl pangawulamami |  
 wah sang adipati |

wuwuh trêsnanipun ||

3. Reyang aningali saking batin |  
bangêt nora cocok |  
ing sabarang kang dadi karsane |  
reyang bebèl matur malimpingi |  
minangka palupi |  
carita ing dangu ||
4. Nistha madya utama dumadi |  
nanging tan rinaos |  
nora enak tême lêngêtane |  
mula reyang banjur nyuwun pamit |  
mahas ing asêpi |  
anjurungi kayun ||
5. Anyênnyadhang apurane Widdhi |  
kèhing dosaningong |  
daklakoni anèng gunung kene |  
Mas Cêbolang sawusira dêling |  
nêmbah turira ris |  
botên pisan (ng)gunggung ||
6. Namung ngungun taksih tharik-tharik |  
tan wontên kang mrojol |  
sitingangkah sampun tan ginawe |  
Sèh Matyasta mèsêm lingira ris |  
palaling Hyang Widdhi |  
sadêrma katèngsun ||
7. Dènbanjurkên kang tumrap ing jilid |  
ingkang kacariyos |  
layang Raja Kapa-kapa rêke |  
panji-handaka wêrdinirèki |  
tungguling(n)jajawi |  
yèku lurahipun ||
8. Kang dadya sorsoran pangayuning |  
prajuriting katong |  
nahan wirencana de wêrdine |  
pan prajurit anglingan sayêkti |  
yèku mirawiji |  
gantya kang winuwus ||
9. Wirajaya dene wêrdinèki |  
wirakrajan manggon |  
iya iku prajurit (n)jêrone |  
gantya wirasinga wêrdinèki |  
pan iya prajurit |  
pikuwat satuhu ||
10. Iya iku parajurit (n)jawi |  
gantya winiraos |  
singasari dene ta wêrdine |

Jilid 4 - Kaca : 272

- singabarong yaiku prajurit |  
kang rumêksa putri |  
biyadaning ratu ||
11. Mangkya suratani kang winarni |  
wêrdine rinaos |  
de kakêndêlaning ati rêke |  
kang prajurit desa kang pimilih |  
Wirajanu sami |  
lan wirancanèku ||
12. Galèthèke amung iku kaki |  
iya kawruhingngong |  
lah wis wanci lingsire têngange |  
sêdhêng banjur sêmbahyang Luhur-i |  
nêmbah kang sinung ling |  
alon aturipun ||
13. Dhuh sang luhung amba atur jati |  
barkahing kinaot |  
raosing tyas ulun ing samangke |  
wusing tampi ing pitutur jati |  
sumèlèh ing pasthi |  
narimèng tumuwuh ||
14. Sèh Matyasta waspadèng pangèksi |  
mèsêm lingira lon |  
waktu iki apan wus sêdhênge |  
pantèn maring Wirasaba nagri |  
lèrèha wismaning |  
Jamal ki pangulu ||
15. Ewadene pantèn lamun maksih |  
sênêng nèng wismèngong |  
iya nora nana pakewuhe |  
Mas Cêbolang nêmbah turira ris |  
yèn parênga galih |  
mangke bakda Subuh ||
16. Ulun lajêng pangkat saking ngriki |  
miturut sadhawoh |  
muhung nyuwun pangèstu harjane |  
Sèh Matyasta manthuk lingira ris |  
Alkamdulilahi |  
rabil ngalaminu ||
17. Reyang jumurung myang sung pamuji |  
ayuning lalakon |  
kang sinung ling sru nuwun ature |  
Mas Cêbolang miwah catur santri |  
samyang angabêkti |  
wus linilan mundur ||

18. Hèh Pangawe lan kancanirèki |  
sesuk bubar Suboh |  
lamun kang ana kang sarju atine |  
ngatêrake reyang anglilali |  
ngiras tuduh margi |  
nanging yèn wus tutug ||
19. Talatahing Cêpaka wanadri |  
baliya ing kono |  
apan uwis narênthêng dalanne |  
nora gawe bingunging lumaris |  
nêmbah para santri |  
sandika turipun ||
20. Pancèn badhe nyuwun lilah sami |  
ngatêrkên praptèng (n)don |  
wit katarik saking trêсна sihe |  
rèhning wontên dhawuhe sang yogi |  
klilan mung dumugi |  
Capaka gya wangsul ||
21. Tan cinatur siyang praptèng ratri |  
sak bakdane Suboh |  
para santri kang yun ngatêrake |  
wus samakta nèng srambining masjid |  
Nurwitri gya mijil |  
lan tri rencangipun ||
22. Asung tilaran mring para santri |  
warata nyakêton |  
lawan maring pawèstri kang ladèn |  
winantu ring mamanis malatsih |  
suka kang nampèni |  
pujine gumrumung ||
23. Mas Cêbolang sarencangirèki |  
wusnya pamit bodhol |  
gumarubyug lir ngarak pangantèn |  
ing samargi-margi kang udani |  
tumutur umiring |  
èstri miwah jalu ||
24. Yèn kadalon sinipêngkên maring |  
dhusun tuwin dhukoh |  
wus rinakit pondhok sugatane |  
bakda Subuh gya lumaris malih |  
laminya nèng margi |  
nahan tan cinatur ||
25. Praptaning kang Capaka wanadri |  
ing wanci sadhawoh |  
samya kèndêl angling Ki Pangawe |  
punika (ng)gèr ingkang dènwastani |  
Capaka wanadri |

ngalèr ngetan laju ||

26. Dumugine Wirasaba nagri |  
andum karahayon |  
mugi-mugi ing tèmbe Kemase |  
kampir malih dhatêng ardi Wilis |  
Cêbolang ling aris |  
sakalangkung nuwun ||
27. Pinarênga de Sang Amurbèng Sih |  
sagêda kalakon |  
botên langkung ulun sadayane |  
sami atur salam pangabêkti |  
kature sang yogi |  
sumangga sakayun ||
28. Ki Pangawe sarencangirèki |  
sasalaman gupoh |  
ganti-ganti tan ana kang cèwèt |  
tandya mangkat mangidul kang mulih |  
sigêg tan winarni |  
nênggih kang cinatur ||

31 V. Ing Wirasaba têrbanganipun Mas Cêbolang damêl kayungyunipun tiyang jalêr èstri. Pinuju puputan putranipun sang bupati kaul nanggap Mas Cêbolang.  
Mas Cêbolang dalah para santrinipun dumugi ing Wirasaba njujug ing pêkên agêng. Sêsadayan sakalangkung pêpak, wiwit sandhang, pangan, sayur, wowohan bumbu, pirantos pawon lan balegriya ngantos balunganing griya, wêlit lss, andhèr kadhasarakên kapantha-pantha. Ing pêkên kathah tiyang èstri kapencut Mas Cêbolang. Saking pêkên lajêng lèrêm ing srambining mèsjid ... kaca 274-278

Jilid 4 - Kaca : 274

29. Mas Cêbolang miwah catur santri |  
(n)dédêr ngetan ngalor |  
lumaksana nurut marga gêdhe |  
datan nana sangsyaning margi |  
laminya lumaris |  
apan tan winuwus ||
30. Praptèng kikis kitha wanci enjing |  
pasaran tumawon |  
kumaruwuk rame kumandhange |  
sinêngkakkên dènnira lumaris |  
praptèng pêkên pipit |  
mèh tan bisa (m)laku ||
31. Kagyat suka duk miyat pawèstri |  
anom tuwa kêmping |  
amaratah samya ngangge-angge |  
suwêng kalung gêlang gêlang sikil |  
pupuran (n)jalirit |  
amung anèng bathuk ||

32. Kêmarange dènêmban kinardi |  
wawadhah tutukon |  
Mas Cêbolang lan catur rewange |  
midêr pasar umiyat kang sami |  
dhadhasar panarik |  
gagandhèngannipun ||

### **320. Kinanthi**

1. Kang awade arum-arum |  
konyoh sêkar lisah wangi |  
adhaliyah anggrèk-wulan |  
andong andul okrak ikrik |  
argulobang jênar pêthak |  
noja nala nagasari ||
2. Calakêt cènggèr bang wungu |  
capaka cuwis cêpiring |  
rukêm ragina rêjasa |  
kalak kanigara kapi |  
kênikir kênanga krandhang |  
kalilika kêkamuning ||
3. Kasturi dalima dadu |  
druju drèngès dongong tuwin |  
dalongop dialêm dangan |  
tunjung trate tlutur tluki |  
tongkèng tanjung sumarsana |  
sundêl-malêm sêdhêp sruni ||
4. Sungsang soka sulastrèku |  
srigadhing wungu warsiki |  
wara-wari lara-kêndhat |  
lara-wudhu landêp kuning |  
pacar-kuku pacar-cina |  
pacar banyu purbanagri ||
5. Pudhak pancasuda pulu |  
pancal pandul pandhan-wangi |  
dhawe dhadhap dhuru jlamprang |  
jangglêng janti mênur mlathi |  
mandhakaki maya-maya |  
gadhung gandapura gambir ||
6. Bakung blanggrèng thêkêr pupur |  
pilis parêm wêdhak mangir |  
lênga-tuwa ratus mênyan |  
jêruk-purut mawi warih |  
sapetak malih woh-wohan |  
jêruk kêprok kuwik bali ||
7. Pacitan adas gumulung |  
pêlêm lêngis pakèl kwèni |  
jambu kaluthuk dêrsana |  
klampok galar lumut-putih |

Jilid 4 - Kaca : 275



- klampok-arum lègèn-klapa |  
bohèl mathokal karikil ||
8. Pijêtan kokosan dhuku |  
langsêp sêmak kleca manggis |  
mundhu kêcapi bêsaran |  
gowok sawo salak blimbing |  
dhuwêt kalayu siwalan |  
gêdhondhong bogêm talodhing ||
9. Pundhung crême blimbing-wuluh |  
nam-naman kamlaka slastri |  
kêtos katès gandaria |  
durèn nangka bëndha kluwih |  
sarangan gayam kalathak |  
dêgan krandhing kolang-kaling ||
10. Pisang raja kusta talun |  
raja-sèwu mas bécici |  
kluthuk gabu maraseba |  
ambon wulan raja-wlingi |  
pulut garaita saba |  
cêmpa êbyar kêpok kêpik ||
11. Sinambungan wade timun |  
wuku watang wulan krai |  
bêstru ceme pareayam |  
ula belungan waloh tlik |  
bokor bligo labu lawan |  
sêmangka jingga myang putih ||
12. Silah kang wade bêsusu |  
têbu gêmbara gêmabili |  
linjik bëntul widarapas |  
uwi-lêgi abang kulit |  
bêras wilus cacing ula |  
randha-sluku mamayangi ||
13. Glêpung kêtan kunir têmu |  
uwi-alas padha warni |  
kacang-pëndhêm kênthang tela |  
bale rante blitung putih |  
gêndhurak sênggani jingga |  
jara mênthik kunir konyit ||
14. Kimpul bëntil bêton arum |  
centhang lêmpuyanan pari |  
jambon bêtêt bêlo gagak |  
laosan tambra garigit |  
garut gadhung walur suwak |  
pohung sukuning mungkasi ||
15. Kinang rokok kang sumambung |  
wade crakèn anggi-anggi |  
jampi parêm rêracikan |

sadhêg gandum dènbungkusi |  
myang kantun nguyup kewala |  
bras kêncur jram-pêcêl kuning ||

16. Êmpon-êmponing tinêpung |  
têmu glènyèh irêng lathi |  
êpoh giring puyang gajah |  
kapur êmprit jae sunthi |  
dlingo kunir putih rêta |  
bêngle laos kêncur kunci ||
17. Gêgodhongan uyup-uyup |  
tapêl bobok pupuk pilis |  
lisah klêntik lawan jarak |  
bumbon trasi cêmêng abrit |  
sarêm asêm brambang bawang |  
salam kalapa kêmiri ||
18. Kaluwak krècèk karupuk |  
tigan ayam bèbèk brati |  
têrik kênyit cêmêng pêthak |  
grèh pèthèk gatêl têngiri |  
wadal gêmbung tongkol sêlar |  
bandêng balur kutuk itik ||
19. Lombok cangak tampar krupuk |  
wudêl jêmprit ijo abrit |  
kapri kacang buncis kara |  
terong-kopèk terong-glathik |  
mlinjo kroto ucêng miwah |  
êso slèdri lobak kobis ||
20. Jalegor kangkung lêmbyung |  
bayêm kêmbang klenthang turi |  
kêmangi cambah thokolan |  
dhêle gudhe kacang ruji |  
êbung pêtung bung bèkakak |  
pête pêtêt jingkol pêtir ||
21. Wosèn tlasih wijèk cabuk |  
tempe bosok dhêle bungkil |  
sampêt ron kang kukuluban |  
wade bêras anambungi |  
pêthak kobêr abrit cêmpa |  
kêtan pêthak cêmêng mênir ||
22. Gabah têpu dhêdhak katul |  
pari ginèdhèng mawarni |  
kêtan cêmêng pêthak rêta |  
otèk canthêl pêthak abrit |  
jêwawut jèpèn myang boga |  
onggok pathi warni-warni ||

Jilid 4 - Kaca : 276

23. Gya wade grabah klênthing jun |  
gênthong wajan dandang kwali |  
kêkêp pêngaron jêmbangan |  
cuwo cowèk lèmpèr kèndhil |  
layan krên anglo padasan |  
layah cêcèlèngan kèndhi ||
24. Sinambungan wade tumbu |  
tenggok kêba pithi cêthing |  
erok-erok tenong tampah |  
garibigan kalo irig |  
ulêg-ulêg irus tepas |  
siwur susuk sajèn sapit ||
25. Kukusan gawangan bandhul |  
pikat kurungan mawarni |  
gribig sèsèr ilir iyan |  
anco jala krakat jaring |  
lawung ambèn galar lincak |  
kepang gèdhèg patangaring ||
26. Alang-alang wêlit kayu |  
-obong rèncèk arêng sambu |  
godhong pisang jati plasa |  
wuluh êpring rampal ori |  
apus pêtung wulung dênta |  
myang kayu balungan panti ||
27. Kang wade iwèn sumambung |  
ayam banyak bèbèk brati |  
menthok myang sade suku-pat |  
maenda maesa sapi |  
kapal mawi tinumpakan |  
kidul wetan amungkasi ||
28. Wangsul ngalèr kang sêdya wruh |  
myat ing para bakul rukmi |  
wade cundhuk kalung sêngkang |  
timbang slepe bènèk pènding |  
ali-ali kroncong gèlang |  
wade lèlêmês nambungi ||
29. Cindhe plangi gunung-guntur |  
solok limar polos dringin |  
wadayan sawitan wiyar |  
ikêt kêmbên sarung bathik |  
gya kang wade lèlurikan |  
wiyar ciut bakal klambi ||
30. Sêmbagi dril kipêr kacu |  
ètèh gula bubuk kopi |  
gya kang sami kalithikan |  
myang dolanan rarya alit |  
saking daluwang suwèkan |

Jilid 4 - Kaca : 277

lêmpung kayu randhu êpring ||

31. Gya wade sêtagèn bêngkung |  
kuningan miwah têmbaga |  
kêndhi cèrèt kêndhil dandang |  
pangaron jun kèncèng klênthing |  
bokor tapsirih kêcohan |  
cêpuk gênta carat beri ||
32. Pangratusan canthing siwur |  
cakêt lawan tukang patri |  
tukang kulit wade lapak |  
sarungan ambên camêthi |  
sinambungan balapêcah |  
cakêt lan tukang dondomi ||
33. Mranggi pangukir sumambung |  
tukang landheyan maranggi |  
lêt marga lit pamanukan |  
wade pêksi warni-warni |  
sumambung wade ratêngan |  
papanganan amêpêki ||
34. Jagal mengsa menda lêmbu |  
wade cangkokan myang wiji |  
miwah wade tingi soga |  
nila ênjêt gamping jobin |  
sela kijing ompak lumpang |  
wungkal pamipisan gandhik ||
35. Jantra pangantih panênun |  
gya piranti amongtani |  
linggis pacul cucuk dhandhang |  
bêndho arit kudhi wangkil |  
pêthèl wadung pangot gobang |  
garu waluku mungkasi ||
36. Pandheyan têbih lêtipun |  
Mas Cêbolang catur santri |  
kèndêl ana ing pandheyan |  
myarsakkên gunêmirèki |  
ki pandhe lan jalma ingkang |  
ayun nyêpuhankên kêris ||
37. Dina iki tan pakantuk |  
nyêpuhi gaman saliring |  
lawan amacak ukiran |  
apadene anyarungi |  
kudu milih dina ingkang |  
prayoga dimèn lêstari ||
38. Rahayu sadayanipun |  
agung paedahirèki |  
pikantuk daulat bêgja |

- sandhang rêjêkine mintir |  
tumrap kang ngangge kang (ng)garap |  
dene dina kang prayogi ||
39. Mung ana lima panuju |  
Slasa Paing Rêbo Paing |  
Rêbo Pon Kêmis Paing |  
Kêmis Pon padha prayogi |  
mungguh kang prayoga dhawah |  
ing dina Salasa Paing ||
40. Nahan ana ari catur |  
poma aja wani-wani |  
nyêpuhi nyarungi macak |  
dina iki Sênèn Lêgi |  
sedane Pangeran Sêndhang |  
Rêbo Kliwon amarêngi ||
41. Sedane Pangran Sêdayu |  
Sêtu Wage amarêngi |  
sedane Pangeran Wêlang |  
jangkêpe caturing ari |  
Akat Wage sedanira |  
Pangran Cindheamoh kaki ||
42. Dina sesuk luwih atut |  
nuju ari Slasa Paing |  
sigêg kang samya raosan |  
nahan ta ingkang winarni |  
Mas Cêbolang sarencangnya |  
salêbêtira kuliling ||
43. Kathah jalma kang kapencut |  
maring Cêbolang Nurwitri |  
kang arsa samya têtumbas |  
kalepyan samya tutwuri |  
dene kang samya dhadhasar |  
tinumbasan tan pinikir ||
44. Ninggal dhadhasarannipun |  
têmah ribêt kang lumaris |  
saking uyêle kang jalma |  
Cêbolang sarencangnèki |  
nilap nora kawistara |  
kèndêl nèng srambining masjid ||
45. Kang anglut pating bilulung |  
tita wus datan kaèksi |  
sami wangsul sowang-sowang |  
ngonggo-onggo angacêmil |  
marang êndi ika baya |  
lèrèhe wong bagus sigit ||
46. Namun kang nèm rayatipun |  
Kyai Pangulu Jamali |

ingkang nora katilapan |  
kinodhol saparannèki |  
wus tètela dènnya raryan |  
anèng surambining masjid ||

47. Gêgancangan asung wêruh |  
marang ing lakinirèki |  
kyai ulun atur wikan |  
wontên dhatêngan ki santri |  
cacahipun tiyang gangsal |  
ambêkta tarêbang kalih ||
48. Sêmunipun santri nglangut |  
saking tanah kilèn kyai |  
sakêlangkung mêlasarsa |  
sami nèng srambining masjid |  
kajawi karsa sampeyan |  
prayogi dipunpanggihi ||

32 Pêngulu Ki Jamal manggihi Mas Cêbolang sasantrinipun sami kaajak dhatêng griyanipun, lajêng dipunsukani pondhokan ing griya alit cêlak regol. Sasampunipun kêmbul nêdha kalêbêt semahipun Ki Pêngulu kalih pisan, Mas Cêbolang lajêng nyukani angsal-angsal sarêm plêtuk, trasi gèsèk, dhorang, gêrèh layur, tigan pasir lss. Adamêl gumunipun nyai pêngulu jalaran dhatêngipun botên katingal nyangking punapa-punapa ...  
kaca 279-282

Jilid 4 - Kaca : 279

49. Pintên bangga yèn sarêju |  
mondhok nèng pangulon wajib |  
kiyai tan kenging selak |  
mancêrêng Kyai Jamali |  
sira iku tanpa etung |  
durung tamtu (n)tuk lih-ulih ||
50. Kelangane wus tartamtu |  
rêkasa kanggo (m)baoni |  
cikbèn sakarone ika |  
Nyi Jamali angling malih |  
kyai saking pamyarsèngwang |  
cariyose dalêm Kadis ||
51. (n)Jêng Nabi Brahim kalangkung |  
asih ngormati têtami |  
(m)botên mawi mawang jalma |  
utawi kula miyarsi |  
gotèking tyang sambiwara |  
niku santri ing Mantawis ||
52. Kasagêdanira mashur |  
rapal makna murad wasis |  
dhatêng raos wus sampurna |  
gêndhing-gêndhing amumpuni |  
ngèlmu singkir wus nêlas |

kathah kang sampun udani ||

53. Criyose nalikanipun |  
wontên kajoran utawi |  
wontên krajan Paricara |  
talatah ing Wanagiri |  
angêdalakên mangunah |  
langkung ajaib-ajaib ||
54. Lawan sintên tiyangipun |  
ingkang kanggenan gus santri |  
wus dilalah karsa Allah |  
andhatêngakên rêjêki |  
kados pados pasugihan |  
mila kang sampun miyarsi ||
55. Ngucali pating bilulung |  
pinrih aso wismanèki |  
Ki Jamali duk miyarsa |  
ulat ajèr wacana ris |  
(m)bokne prakara katunan |  
iku nora dadi ati ||
56. Uwis dadi kwajibanku |  
kudu (m)bêciki têtami |  
sukèng tyas ling wau mila |  
kiyai kula-aturi |  
nuntên-nuntên manggihana |  
iya (m)bokne dimiranti ||
57. Saanane susuguhmu |  
mung ywa nganti nguciwani |  
ki pangulu gya tumindak |  
mring masjid agung dèniring |  
santri tri (m)bêkta padudan |  
(m)bêkta epok kang sawiji ||
58. Duk prapta taritisipun |  
surambi pangulu myat ing |  
warnanira Mas Cêbolang |  
ngunandika jroning ati |  
dudu santri sabarangan |  
warnane bagus rêspati ||
59. Lawan cahyane sumunu |  
gya minggah srambi murugi |  
tundhuk samya sasalaman |  
ki pangulu lingira ris |  
anak kula nilakrami |  
dhumatêng sang anom pêkik ||

Jilid 4 - Kaca : 280

### 321. Sinom

1. (ng)Gèr sintên ingkang sinambat |  
miwah kawijilan nguni |

- tanapi sêdyaning karsa |  
 [...] |  
 Cêbolang namamami |  
 dene rencangulun catur |  
 Nurwitri Ki Saloka |  
 Kartipala Palakarti |  
 asal saking dhusun kabawah Mantaram ||
2. Sakawit èsthining manah |  
 yun ngaos mring Pranaragi |  
 nanging marga dèrèng wikan |  
 têtamah kasasar dumugi |  
 Pacitan pantog tasik |  
 dumadya tyasulun liwung |  
 manut krêdyating manah |  
 tumindak ing suku kalih |  
 tanpa sêdya pindha katiup maruta ||
3. Tan ketang bayaning marga |  
 palaling Hyang Maha Sêkci |  
 têtêping asih kasiyan |  
 lami-lami praptèng ngriki |  
 kyai pangulu mami |  
 linêpatna saru-siku |  
 sarèhning katambêtan |  
 kamipurun nilakrami |  
 sinambating kang sih tuwin kalênggahan ||
4. Ki pangulu langkung eram |  
 miyarsa têtambung mrakati |  
 manis amamalating tyas |  
 wasana alon dènnya ngling |  
 ulun Kyai Jamali |  
 pangulu satlatahipun |  
 nagari Wirasaba |  
 kinasih sang adipati |  
 bilih wontên ruwêt rêntênging wardaya ||
5. Ulun kagêm sarasehan |  
 sinorohan kang wawadi |  
 (n)dilalah karsaning Allah |  
 punapa saaturmami |  
 kagêm sagêd mudhari |  
 rupêg rêntênging tyas giyuh |  
 dhuh ênggèr yèn sambada |  
 sadayanya ulunpurih |  
 kaparênga lèrèh wontên wismaningwang ||
6. Cêbolang mèsêm lingira |  
 dhuh kyai pandoming nagri |  
 saking ajrih bilih dadya |  
 rêrêgêd ribêting galih |  
 têtumahan antuk sarik |  
 tangèh lamun damêl sarju |  
 mila panuwuningwang |



kaparênga ing panggali |  
ulun lèrèh wontên ing srambi kewala ||

Jilid 4 - Kaca : 281

7. Têkèng dalu enjang bidhal |  
pangulu datan nauri |  
Mas Cêbolang gya cinandhak |  
kinanthi tandya lumaris |  
rencang catur tutwuri |  
praptèng pangulon jumujug |  
pandhapa wus ginlaran |  
klasa batu miwah lampit |  
Nyi Jamali kang mudha ngrakit sunggata ||
8. Pangulu myang tamunira |  
wus pinarak ing pandhapi |  
lumadi kang pangudutan |  
pamucangan gantèn wangi |  
tinungka wêdang kopi |  
gêndhis têbu prêsan wêdhus |  
nyanyamikan mawarna |  
ki pangulu ngancarani |  
lah sumangga (ng)gèr sakawontênannira ||
9. Sunggatanipun ki bapa |  
prayogi dipunrahabi |  
mucang êsês gya gugurah |  
waja lajêng minum kopi |  
nyamikane sinambi |  
Cêbolang sarencangipun |  
ngrahabi pasunggata |  
kyai pangulu ngling malih |  
sêrêp ulun saking êmbok jêngandika ||
10. Nyaiulun ingkang mudha |  
cariyosipun taksih |  
nalika wontên Kajoran |  
sarta wontên Wanagiri |  
saking kang sampun uning |  
para sambiwara bakul |  
Cêbolang mèsêm lingnya |  
sampun pitados pawarti |  
èstonipun ulun santri punggung laka ||
11. Dayaipun mung pariman |  
ki pangulu anyêblèki |  
iyah kok sing ora-ora |  
èstune ulun wus myarsi |  
tanapi sang dipati |  
sring raosan maring ulun |  
sangêt ayun uninga |  
dhatêng santri ingkang nami |  
Ki Nurwitri lawan Kimase Cêbolang ||

12. Saking adrênging kang karsa |  
 Gusti Allah anjurungi |  
 mangke sabakdaning Ngisa |  
 ingsun sowan atur uning |  
 Cêbolang lingira ris |  
 ulun sumangga sakayun |  
 kadi angganing ulam |  
 kang wus tinata nèng piring |  
 badanulun sakanca (n)dhèrèk kewala ||
13. Pangulu nolèh mring wisma |  
 èh rubiyah lamun uwis |  
 (ng)gonmu ngrukti suguh nadhah |  
 mara ladèkna pribadi |  
 nyi pangulu gya mijil |  
 kang tuwa ambêkta bucu |  
 kang ênèm (m)bêkta ajang |  
 [...] |  
 nyamikan lan wedang sumingkir nganan ||
14. Rampung panataning nadhah |  
 pangulu angling mring rabi |  
 karo padha bagèkêna |  
 marang anakmu ki santri |  
 ywa taha-taha sami |  
 sanadyan nêmbè katêmu |  
 rasaning manahingwang |  
 wus kadi kulina lami |  
 kang sinung ling ganti-ganti sung pambagya ||
15. Warata sarencangira |  
 nuwun kang sinung pambagi |  
 nyi padha mèlua nadhah |  
 ngiras pantès angladèni |  
 wawi (ng)gèr awêwanting |  
 nadhah ing sawontênipun |  
 (n)dhêku kang sinung sabda |  
 pakantuk kang samya bukti |  
 nyi pangulu mudha nora kobêr nêdha ||
16. Uthi (ng)ladèni Cêbolang |  
 kalèjême mambu ati |  
 wus dumugi cinarikan |  
 sinungkên mring catur santri |  
 pangulu angling aris |  
 prayogi ngaso nak bagus |  
 punapi mondhok langgar |  
 punapi mondhok wismalit |  
 kidul langgar kidul regol mèpèt dhadhah ||
17. Cêbolang alon lingira |  
 bilih kyai amarêngi |  
 wontên wisma lit kewala |  
 (ng)gih ênggèr langkung prayogi |

Jilid 4 - Kaca : 282

èh nyai dènabêcik |  
piranti lan susuguhmu |  
esuk wedang sarapan |  
suguh nadhah siyang ratri |  
nyi pangulu mudha ngling sampun samêkta ||

18. Ah sukur Alkamdullilah |  
lah mara iritên nyai |  
Cêbolang sarencangira |  
wus mundur saking pandhapi |  
praptèng pondhok nyukani |  
angsal-angsal sarêm plêtuk |  
têrasi gèsèk dhorang |  
gêrèh layur tigan pasir |  
ayam ati nèng bumbung myang dhèndhèng sangsam ||
19. Limang kêba jinaitan |  
nyi pangulu wus nampèni |  
santri gangsal wus ambêkta |  
sisi kêba angisèni |  
pangulu duknampèni |  
langkung ajaibing kalbu |  
sukèng tyas ngudarasa |  
têkane tanpa nyênyangking |  
nora cidra ujure wong sambiwara ||
20. Iki wujud mangunah |  
baya kanggo têlung sasi |  
nora tuku iwak uyah |  
nahan wancine ngabêkti |  
Luhur Ngasar Mahribi |  
atanapi Ngisanipun |  
Cêbolang sarencangira |  
amung anut Ki Jamali |  
bakda Ngisa sowan marang kabupatyan ||
21. Sang adipati alênggah |  
nèng pojok kilèn pandhapi |  
pangulu marêk manêmbah |  
ngandika sang adipati |  
dene ta bêngi-bêngi |  
kaya wigati seabamu |  
pangulu matur nêmbah |  
gusti amba atur uning |  
wau siang abdidalêm katamuan ||
22. Santri anama Cêbolang |  
sakawan rencange santri |  
wus katur purwa wasana |  
ngandika sang adipati |  
rêksanên kang abêcik |  
ywa kuciwa susuguhmu |  
lah wis sira mundura |  
nêmbah matur Ki Jamali |  
nuwun inggih sandika lèngsèr sing ngarsa ||

33 Para santri sami asih dhatêng Mas Cêbolang lan sami maguru ngaos kitab sarta sinau ngêntrung. Kathah têtayang kaul nanggap Mas Cêbolang. Pêngantèn ingkang dèrèng atut, sasampunipun katanggapakên kêntrung lajêng sami lulut. Tiyang èstri sami gandrung dhatêng Mas Cêbolang, tiyang jalêr ugi kapiluyu. Angsal-angsalaning tanggapan, sapalih kacaosakên nyi pêngulu, sapalihipun kaêdum waradin dhatêng para santri ... kaca 282-283

Jilid 4 - Kaca : 283

23. Sapraptanira ing wisma |  
awarta mring rabi kalih |  
ing dhawuhe sang dipatya |  
myang (ng)gunggung tamunirèki |  
têngah ratri aguling |  
pajar gidib samya Subuh |  
mring masjid lan tamunya |  
atanapi para santri |  
kacarita (ng)gènnya anèng Wirasaba ||
24. Wus lami antaranira |  
nanging dèrèng waktunèki |  
tinimbangan sang dipatya |  
sakèh santri trêсна asih |  
srasehan surasaning |  
kitab myang maguru ngêntrung |  
laguning tarêbangan |  
rênês cangkêm-karut mintir |  
asring-asring kinarya ing pakaulan ||
25. Kalamun ana pangantyan |  
lami tan kêpadhaning sih |  
kaul nanggap Mas Cêbolang |  
kathah santri kang umaring |  
(n)dilalah gya lulut sih |  
lawan kaul sanèsipun |  
wus kajuwarèng prapat |  
dadya kakêmbanging lathi |  
lamun ana kang ananggap Mas Cêbolang ||
26. Lakon saratri sadina |  
asal miyarsa ningali |  
mantuke mring pakauman |  
tamtu kininthil pra santri |  
kang samya nahên brangti |  
sênajan jalu kalayu |  
sajèn tindhih binagya |  
sapalih katur ing panti |  
kang sapalih dèndum marang santri kathah ||
27. Nahên garwaning dipatya |  
(ng)garbini wus sangang sasi |  
karaos ngêdalkên toya |  
tigang ari tigang ratri |  
ki jabang dèrèng mijil |

jinaga sakèhing dhukun |  
iyêg lamun ambabar |  
raharja ibu myang siwi |  
puputannya animbali Mas Cêbolang ||

28. Dipati mangayubagya |  
jabangbayi nulya lair |  
raharja sadayanira |  
marma puputan nimbali |  
Ki Cêbolang Nurwitri |  
lawan santrinya sadarum |  
siyang ing kabupatyan |  
gêlakan anambutkardi |  
mangke ratri wêdhare amangun suka ||

29. Anuju wulan purnama |  
lir raina padhangnèki |  
badhe nèng wetan pandhapa |  
ênggèning ananggap singir |  
pêpak sajèn mawarni |  
sêkar konyoh lawan kutug |  
sêkul tumpêng mêngana |  
warna pasar amêpêki |  
salawate nèng sajèn salawe reyal ||

34 Garwanipun kangjêng bupati anggarbini sampun lèkipun lan sampun ngêdalakên toya tigang dintên tigang dalu, nanging jabang bayi dèrèng lair. Kathah dhukun ingkang anjagi, sadaya sarujuk kaul, nanggap Mas Cêbolang bilih jabangbayi lair lan ibunipun sami wilujêng. Sang adipati nayogyani. Botên dangu jabangbayi lair lan ibunipun wilujêng. Mila ing dintên puputanipun siyaga ngadani kêntrungan Mas Cêbolang dalah para santrinipun ... kaca 283-285

Jilid 4 - Kaca : 284

30. Rolas wadhah samya dhulang |  
liya ancak lawan cêthing |  
miwah bokor gêlas talam |  
sadaya dipunsasabi |  
sinjang sêkaran tuwin |  
bathik lurik lawan wulung |  
mangkya rukub kurungan |  
kang sinjang awarni-warni |  
padhang bulan binantonan obor samya ||

31. Myang kang saos palataran |  
pati mantri lan prajurit |  
pandam ting tharik tinata |  
dènnya lênggah sang dipati |  
(ng)gêdhangkrang anèng kursi |  
pinggir pandhapi (ng)gènipun |  
canela kinêmbang mas |  
pantês ngagêm nyamping bathik |  
nagasari jinêmbangan latar pêthak ||

32. Paningsêt cindhe jobara |  
 rasukan blah bantên asri |  
 sêmbagya lus kapuranta |  
 corèke kêmbang pinêthik |  
 kotang kancing mirah brit |  
 paniti jangga intên byur |  
 dhuwung ganja tinatah |  
 ing-intên mirah tulyasri |  
 kuluk cêmêng baludru ingrenda êmas ||
33. Gumbalanya kakêtogan |  
 sumping sêkar hèn rinukmi |  
 abagus pupuk sêmbada |  
 lir kalana angêjawi |  
 ingayap para cèthi |  
 busanendah ayu-ayu |  
 kênya randha wulanjar |  
 andhèr marêk sang dipati |  
 awibawa tinarab para biyada ||
34. Miwah sasaosannira |  
 ki adipati nêng ngarsi |  
 kênap myang bangku cancingan |  
 sinêrbèt putih tulyasri |  
 ingkang angladèni |  
 pawèstri samya yu luhung |  
 wedang tèh mêmanisan |  
 powan roti wedang kopi |  
 anèng ngêkan sêmuwa isining meja ||
35. Sacaraning lah-olahan |  
 gugurihan manis-manis |  
 pêpak di-adi ingêlah |  
 miwah woh-wohan mawarni |  
 samya rumat cumawis |  
 latar ginêlaran sampun |  
 lampit agêng apanjang |  
 (ng)gonne panjak dèn-gêlari |  
 klasa alus ya ta ing wau samana ||
36. Mas Cêbolang ingandikan |  
 Ki Jamali kang angirit |  
 busanane Mas Cêbolang |  
 baju kotang kêsting abrit |  
 pinggir rinenda alit |  
 nyampingira kasa wulung |  
 sabuk putih rong kilan |  
 kuluke bathokan sêrail |  
 dhêstaripun jêplakan putih rinenda ||
37. Adhuwung kêmalon abang |  
 gayaman landheyan miling |  
 tulange ulam minatan |  
 mirah agênge saranti |

santrine kabèh ngiring |  
gêdhe cilik luwih satus |  
wong nonton pan atusan |  
klêbu abdine dipati |  
nadyan jalma padesan kenging kewala ||

38. Pan parentah sang dipatya |  
bukakna manahing alit |  
marma wong nonton akapang |  
jalu èstri pipit-pipit |  
kinênthêng dènjagani |  
winatês ywa maju-maju |  
pan wus pêpak sadaya |  
sajèn sasaminirèki |  
saprabote Kimas (ng)gènnya badhe nyulap ||

39. Pan wus dhawuh kinèn lêkas |  
sandika kang dèndhawuhi |  
anulya nyandhak tarêbang |  
sapolahira rêspati |  
dhasar radi kinardi |  
apacak têrbang pinangku |  
ing dhêngkul (n)dhangak ladak |  
(m)banyarak anggunungsari |  
adan lêkas sêkar Jawi gèndhing Lèmpang ||

